МАХ ДУГ

Чубайс кæддæр философон дзымандытыл схæцыд, ахæм рæвдз приватизаци, дам, иу бæстæйы дæр никуыма уыд О, афтæ у æцæгæй Ахæм идиоттæ дунейыл никуы уыд Æвæстиатæй айуæрстой, Уæрæсейы цы æвæджиауы хъæздыгдзинæдтæ ис, уыдон – нефть, хуызджын згъæртæ, æвзалы, куыстуæттæ Бæстæ астыгътой фæдзæлы онг

АЛЕКСАНДР СОЛЖЕНИЦЫН

12

2008

НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Ответств.секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2008

МАХ ДУГ

12
'08

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ЦÆДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2008

НОМЫРЫ ИС:

ИЛАС ÆРНИГОН: 120 АЗЫ

Поэты тыххæй дзурынц *Тыбылты Алыксандр, Нафи, Малиты Васо, Джыккайты Шамил, Дзесты Куыдзæг, Тебиаты Юри, Хаджеты Таймураз, Мамыкъаты Хъазбег, Хъодзаты Æхсар* 6

БЕДЖЫЗАТЫ ЧЕРМЕН: 110 АЗЫ

БЕДЖЫЗАТЫ Чермен. **Æмдзæвгæтæ, таурæгъ** 16

КЪОДОТЫ Олег. **Шофыр.** Уацау. Кæрон 22

ХÆМЫЦАТЫ Албег. **Амайын мæ мæсыг.** Æмдзæвгæтæ 66

ГИБИЗТЫ Руслан. **Мерет.** Радзырд 77

ГАФЕЗ: 95 АЗЫ

ХЪАЗИТЫ Мелитон. **Гафезы драматургийы тыххæй** 86

АЛЕКСАНДР СОЛЖЕНИЦЫН: 90 АЗЫ

Александр СОЛЖЕНИЦЫН. **Къаннæг радзырдтæ** 106

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ. *Михаил Шемякины куыстытæ* 113

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

МУРАСТЫ Эльбрус. **Сур зæххыл ленк кæнæн нæй...** 123

УИДÆГТÆ

ТМЕНАТЫ Дзерассæ. **Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ** 131

ДЗАТТИАТЫ Руслан. **Дæргъæвсы сусæгтæ** 139

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Aслæнбег. **Факультативон ахуыртæ «Нарты кадджытæй».** 145

ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ 157

2008 азы «Мах дуг» ныммыхуыр кодта 167

ТÆФÆРФÆС

Мæрзойты Сергей 174

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы

ИЛАС ÆРНИГОН: 120 АЗЫ

* * *

Рог, рæсугъд æвзагæй нæ фысджытæй стæм аййафдзæн Илас Æрнигоны.

ТЫБЫЛТЫ Алыксандр

* * *

Ирон литературæйы фæдисонтæ кæй рахуыдтам, уыдонæй иууыл курдиатджындæр, чи зоны, уыдис Илас Æрнигон. Уымæн йе стих афтæ æнæлаз, афтæ дæсны арæзт у, цыма раст гуыргæ дæр поэтикон уацмыстæ фыссынæн ракодта. Нæй йе стихты сконды иу дзырд дæр уæлдай, нæй сæ иу ритмикон къуыхцы дæр. Куы сæ кæсай, уæд дæм афтæ зыны, цыма сæ автор, хуымæтæджы «уæрæйдæ» куы базарай, уыйау иу сулæфтæн разарыд æмæ абоны онг дæр нæры уыцы нæртон зарæг Иры хæхты.

НАФИ

* * *

Илас Æрнигоны уацмыстæн сæ фылдæр хай фыст æрцыди революцийы размæ. Уыдон искуы-иутæй фæстæмæ мыхуыргонд уыдысты 1915 азы журнал «Чырыстон цард»-ы. Сæ ныффыссыны рæстæг бæрæг нæу. Æрнигоны фыццаг æмдзæвгæтæй цалдæр бахæссæн ис сывæллæтты литературæмæ: «Ахуысс, цæй», «Тузар», «Арфæ», «Дидинæг», «Сабитæ», «Сидзæр». Ацы уацмысты мидис дæр иппæрд нæу рæстæджы нысæнттæ æмæ царды социалон уавæртæй. Фæлæ уыдон тыххæй комкоммæ нæ дзуры Илас Æрнигон: фылдæр хатт заман базонæм, æмдзæвгæтæ нын нæ зæрдæйы цы æнкъарæн равзæрын кæнынц, уымæй. Поэт цин кæны сывæллæттыл, фæнды йæ, амонджын куыд уой, Фыдыбæстæйæн лæгтæн куыд бæззой:

Æд хызын мæ цурты
Сывæллон æруад...
Æфсæдæд дæ хуртæй,
Дæ цинтæй дæ мад.

Дæ фæдыл мæ рады
Цы зæгъон ныр æз?
Дæ фыдæн, дæ мадæн,
Ды Ирæн ысбæзз.

(«Арфæ»)

Исчи бафæрсдзæн: «Цы ис ам бæлвырд рæстæг æвдисæг нысæнттæй?». Ницы, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд нæ азымы ничи бадардзæн. Фæлæ ма иу хатт лæмбынæг бакæсæм æмдзæвгæ. Цас цин дзы ис! Æмæ цæуыл цин кæны автор? Йæ рæзты сывæллон æд хызын кæй æруади, ууыл. Уый сси авторæн стыр цау, уымæн æмæ уыцы рæстæджы скъоладзаутæ бирæ нæ уыдысты. Фæлæ уыди æндæр сабитæ дæр. Æмæ уыдон хъысмæтыл, уыдон цардыл дзургæйæ æндæр уыди йæ зæрдæйыуаг поэтæн: «Саби сидзæрæй, Ныр цы бауыдзæн? — Кæд фыдæбæттæй Цард уæззау уыдзæн». Æмæ ноджы тæригъæддагдæр ныв: «Й' амонд куыйтимæ Дуармæ ссардзæни. Цард ын дзаг фынгæй Стæг æппардзæни» («Сидзæр»). Æнкъард æмæ тæригъæддаг куыд не сты, сабитæн сæ хъысмæт фыдкъухæй кæй сныв кодта, уыцы царды нывтæ. Зæрдæ сæ ныккæрзы, ай-гъай, фæлæ уыдон, уыцы нывтæ сæйраг не сты æмдзæвгæйы, — сабийы фидæнбон æртхъирæн кæны ноджы стырдæр бæллæхæй: «Кæд нæ фесæфа, Кæд фæхъомыл уа, Сидзæр адæмæн хорз цæй номыл уа? Уæдæ афтæ: адæмæй хорз чи нæ федта, уымæ хорзмæ мачи 'нхъæлмæ кæсæд. Ацы мотив къуырмагæнæг хъæрæй райхъуыст Æрнигоны æндæр æмдзæвгæйы («Фыд йæ фыртæн фæдзæхсы»):

Хъæддаг сырдæй, мæ хур, зæххон лæг нæу
Нырма зынгæ уæлдæр йæ цардæй,
Фæлæ йæ ныхмæ фидар лæуу
Мæнау æд топп, æд кардæй.

Ам ныхас хицæн адæймаджы хъысмæтыл нæ цæуы — æппæт адæмы цардыл. Фыццаг бакастæй афтæ зыны, цыма йæ хъуыды дард лæууы «Сидзæр»-ы мидисмæ. Фæлæ уый афтæ нæу. Мад æмæ фыд кæмæн ис, уымæн дæр йæ цардвæндаг бирæ 'нцондæр нæ уыдзæн сидзæры цардвæндагæй, уымæн æмæ хъæддаг сырдæй бирæ хуыздæр нæу зæххон лæг. Æмдзæвгæ «Сидзæр»-ы ацы хъуыды загъд у æндæр хуызы, фæлмæндæр: «Адæм сабимæ Схуыстæй дзурдзысты, Дард æй йе 'мгæрттæ Дуртæй сурдзысты». Ацы дыууæ æмдзæвгæйы фæрцы базонæн ис авторы дунембарынад: адæймаг хъæддаг сырдæй зынгæ уæлдæр кæй нæма у, уымæй цæуынц æнæрастдзинæдтæ, нæ царды зынтæ æмæ бæллæхтæ, хицæн удгоймаджы трагеди. Æрнигон Илас ацы æмдзæвгætæ куы фыста, уæд уыди усгур лæппуйы кары. Фæлæ уый фæстæ царды стыр фæндагыл куы рацыди, æндæр адæмтæ,

æндæр бæстæтæ куы федта, уæд цымæ йæ зондахаст раивта? Æнхъæл нæ дæн. Адæймаг цæмæй адæймаг уа, уый тыххæй фæццаджы-фыццаг уарзын хъæуы Райгуырæн бæстæ. Ацы хъуыды зæрдæйы тыхджын тæлфтимæ цæры Æрнигоны æппæт æмдзæвгæты дæр, кæд арæх комкоммæ загъд не 'рцæуы, уæддæр. Лæг фыдыбæстæмæ цы стыр уарзондзинад дары, уый фæрцы 'рлæудзæн хъаймæты стыр фыдты ныхмæ дæр, уый фæрцы ссыгъдæг кæндзæн йæ уд, уый фæрцы сисдзæн бæрзонд йæ ном. Лæгау цæрынæн æндæр фæрæз нæ зоны поэт, æндæр ницæмæй баст у цардыл. Уыцы стыр уарзондзинадæй райгуырд йæ поэзийы сæйраг æууæл — тарф æрхуым. Æмæ йæ Ирыстонæй лидзын куы бахъуыд, уæд фыста цæссыгкалгæ:

Цæуын, цæуын, æрмæст, дæ-да-дæй,
Мæ хæхтæй дард цы у мæ цард?

(«Хæрзбон»)

Фæрыстæн дæ мæстæй,
Фæкуыддæр мæ цард.
Дæ фæрцы нæ бæстæй
Фæлыгъдтæн æз дард.
Цæй тыхст у дæ хъæрзын,
Цæй арф у дæ низ?

(«Æнамонд Ирыстон»)

Илас Æрнигон революцийы размæ кæй ныффыста, уыдон сæ мотивтæм гæсгæ дæр, сæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæм гæсгæ дæр ницæмæй хицæн кæнынц, дард Скæсæны цæргæйæ, стæй Советон Ирыстоны кæй ныффыста, уыцы æмдзæвгæтæй. Уый дзуры стыр ахсджиаг хъуыддагыл: поэт зынаргъ хæзнайау йæ хуыз нæ ивта мæлæты азарæй дæр хъалон фидын нæ бакуымдта конъюнктурæйæн.

МАЛИТЫ Васо

* * *

Адæмы фæндиæгтæ иууыл арфдæр фæлгъауы Илас Æрнигоны лирикон шедевр «Арфæ ракæн». Æмдзæвгæ мыхуыры фæзынд 1917 азы сентябры. Йæ хъуыдытæ æвзæрынц фæллойгæнджыты æнусон бæллицтæй. Йæ мидис уымæн дæр у куывд (молитва). Поэт нæ кувы бæлвырд бардуагмæ, фæлæ арвмæ — уый йын у æппæт хуыцæутты иугонд ном. Æрнигоны

лирикон хъайтар у муртак, йæ куывд нæу арвмæ хъæр, уый у арвимæ зæрдæйæ зæрдæмæ ныхас. Афтæ зыны, цыма кувæг йæ хъуыдытæ ныхæстæй нæ дзуры, фæлæ сæ сулæфы йæ риуы арфæй. Улæфтæн мырты алæмæты аллитераци дæтты магион тых.

Арфæ ракæн, арв, нæ бæстæн,
Арф дæ фарнæй бамбæрз мах.
Арв, нæ бæстæм, арв, нæ фæзтæм
Амонд арæхдæр ыздах.

Бæстæ æмæ адæмы иумæйаг бæллицтæй поэт рахизы зæхкусæджы бæлвырд фæндиæгтæм. Гæзæмæ ивы мырты аллитерауцион зæлынад, фæзыны дзы мидрифмæтæ, сæ зæлты иудзинад (фос-хос-хор) гуырын кæны бæллицты логикон иудзинад.

Цардæй бафсад, арв, нæ Иры,
Ратт нæ бæстæн, арв, бæркад.
Арв, нæ Иры фос уæд бирæ,
Хос уæд арæх, хор уæд зад.

Поэт бæлвырдæй-бæлвырддæр кæны йæ фæндиæгтæ, йæ идеалтæ. Адæм тырнынц хъæздыг цардмæ, фæлæ уый фаг нæу фарн æмæ амондæн — уыдонæн исбонæй уæлдай хъæуы рухс æмæ бæрзонд намыс. Рухс ирон поэзийы у зонд, ахуырад æмæ сæрибары символ. Фæлæ уыцы миниуджытимæ адæймаджы йæ номы аккаг скæны æппæты уаздæр æнкъарæн — патриотизм.

Тав дæ хурæй, арв, нæ хæхты,
Рухс дæ рухсæй уæд нæ ком.
Кæн нæ хæхты, кæн нæ рæгъты
Ирæн уарзон ды сæ ном.

Æмдзæвгæйæн ис тæлывæрд композици: кæронæй фæлхатгонд цæуы фыццаг строфа. Уыцы строфайы æвæрд сты уацмысы сæйраг хъуыдытæ æмбырдгондæй. Автор сын дыккаг æмæ æртыккаг строфаты райхæлдта сæ мидис æмæ та финалы ногæй сулæфыд йæ ахсджиаг фæндон. Уацмыс сæнтыст патриоты уæздан æнкъарæнтæй, рухс у куырыхон зондæй.

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

* * *

1935 азы Газакк кусын райдыдта Цæгат Ирыстоны облæстон чиныгуадзæны. Ратæлмац кодта иуцалдæр чиныджы: политахуырады чиныг (политкъордтæн), Д. Дефойы «Робинзон Крузо», Сетон Томпсоны уацмыстæ æмæ æндæртæ.

Уыцы иу рæстæджы Газакк цæттæ кодта йæ уацмысты æмбырдгонд рауадзынмæ. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ йын 1960 азы цы чиныг рацыд (ома йæхæдæг æгас куы нал уыд, уæд), уыцы æмбырдгонды не сты йæ уацмыстæ æххæстæй. Æниу чиныгараздджытæ ницы аххосджын сты — сæ къухы æндæр ницы бафтыд. Уыцы чиныджы Газаккæн ис æрмæст иунæг радзырд «Челе». Фыццаг хатт мыхуыры фæзынд 1915 азы æмæ йын фесæфынæй нал уыд тас. Фæлæ-ма йын æз кастæн, æппындæр мыхуыры чи нæма уыд, ахæм дыууæ радзырды æмæ, куыд зонын, афтæмæй, абон дæр ма никæцæй зынынц. Æз сæ кастæн тетрады фыстæй, чиныгуадзæны иу уаты куы куыстам, уыцы рæстæджы. Хъуыды ма кæнын сæ дыууæйæн дæр сæ мидис, æмæ сыл цæмæй исчи фæхæст уа, уый тыххæй æмбæлы сæ кой ракæнын.

Йæ кой дардыл кæмæн айхъуыст, ахæм æвзыгъд хуыснæг æрхаста ус, æмæ уæды онг кæй никуыма федта, ахæм диссæгтæ цæуын байдыдтой йæ хæдзары. Æмæхсæвæджы æрбамидæг кæны йæ æхгæд кæрты давæггаг фос, бæхтæ, стуртæ. Дуæрттæ хорз сæхгæны, фæлæ мæнæ диссаг: давд фосæй сæумæрайсом кæрты кæнæ скъæтты иу дæр нал аззайы, æхсæвы æрбацыдæр вæййынц. Исдугмæ афтæ хъуыды кодта, кæд сæ иу йæхи хуызæн уæндон хуыснæг адавы. Фæлæ уæд уынджы кæнæ хъæугæрон искуы цæмæн разынынц? Æнæхицауæй?

Иуцалдæр æхсæвы бабадти хъахъхъæнæг, фæлæ ницы раиртæста. Уыцы æхсæвты-иу йæ фосыл ницы 'рцыд. Иу æхсæв фынæйæфсон скодта йæхи йæ хуыссæны. Йæ ног ус æнæкъæрццæй сыстад хуыссæнæй, рацыд кæртмæ, кулдуар бакодта æмæ, йæ лæг цы фос радавта, уыдон кæртæй феддæдуар кодта. Йæхæдæг æрбаздæхт, ныххатыр кæ, зæгъгæ, ма загъта йæхинымæр æмæ та æнæкъæрццæй йæхи æруагъта йæ лæджы фарсмæ.

Лæппуйы зæрдæмæ тынг бахъардта йæ усы рæстзæрдæ ми æмæ уæдæй фæстæмæ ныууагъта йæ хуыснæгдзинад.

Иннæ радзырд та — йæ сæр, æнхъæлдæн, «Афтæ дзур!» — арæзт уыд ирон адæмон æмбисонды кæнæ анекдоты бындурыл. Иу чъынды лæг схаста хорз тохъхъыл. Йæ сыхаг æм бацыд æмæ йын амоны:

— Бавдæл æмæ афтæ айхъуысын кæн: мæ тохъхъыл мын адавд.

— Уый та цæмæн?

— Аргæвд æй æмæ йæ дæхæдæг бахæр, кæннод сыхæгтæй дæр лæг æфсæрмы фæкæны...

— Мæ тохъхъыл мын мæхицæй давын цæмæн хъæуы?

— Дæхицæн нæ, фæлæ адæмæн афтæ дзур: мæ тохъхъыл мын адавд...

Æхсæвы уыцы зондамонæг сыхаг йæхæдæг адавта уыцы тохъхъыл. Йæ райсомы йæм йæ сыхаг фæдисы фæуад:

— Дысон мын мæ тохъхъыл адавдæуыд...

— Гъе, гъе, афтæ дзур!

— Зæххардыстæн, æцæг мын æй адавдæуыд...

— Гъе, гъе, алкæмæн дæр афтæ дзур...

Уый та дыккаг радзырды мидис. Чи зоны ма йæм æндæр радзырдтæ дæр уыдаид кæнæ æмдзæвгæтæ, мыхуыргонд чи нæ уыд, ахæмтæ. Хъуыды ма кæнын, йæ зæрды уыд ирон адæмон аргъæуттæй дзæбæх вазыгджындæр æмæ цымыдисондæр чи у, ахæм æмдзæвгæтæй ныффыссын сывæллæттæн. Кæд мыййаг уый дæр фыст æрцыд? Чи зоны ма искæцæй разыной...

ДЗЕСТЫ Куыдзæг

* * *

1936 азы 4 сентябры «Пролетарий Осетии» ныммыхуыр кодта анонимон уацхъуыд «Троцкисты зондахастыл хæцджытæ тард æрцыдысты Фысджыты цæдисæй», 9 сентябры та Бесаты Тазе æмæ Епхиты Тæтæрийы æрмæг «Троцкисты хъуыдытæ кæрæй-кæронмæ хурмæ ракалын хъæуы литературон фронты». Кæд дзы иу ран дæр номхуындæй Тогуызты Иласы фырт Газаччы (йæ аргъуыды ном — Василий Ильяйы фырт) кой нæ уыд, уæддæр æй 1936 азы 10 сентябры Мидхъуыддæгты адæмон комиссарадты кусджытæ бацагуырдтой. Зынгæ ирон фыссæджы ахсты ордерыл йæ къух æрæвæрдта Цæгат Ирыстоны прокуроры фыццаг хæдивæг Хъулаты Хъуыбады: уый бæрны уыдысты Паддзахадон политикон управленийы хайады — Мидхъуыддæгты адæмон комиссарадты — сæрмагонд хъуыддæгтæ.

1937 азы 24 декабрь. «Социалистическая Осетия», ССР Цæдисы Сæйраг Советы Нацийы Советы депутат Хъулаты Хъуыбадыйы уацхъуыд «Райгуырæн бæстæйы тыххæй мæ цард дæр ратдзынæн», зæгъгæ, уырдыгæй скъуыддзаг: «Парти мæ сахуыр кодта знæгты æнцонæй иртасын, троцкисттæ, бухаринонтæ, буржуазон националисттæ æмæ тугдзых фашизмы æндæр ахæм фæдысмудджыты

ныхмæ тохы æгъатыр уæвын... Амæй фæстæмæ дæр æз, мæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, тох кæндзынæн парти æмæ адæмы знæгтимæ, фашизмы æлгъаг троцкистон-бухаринон æлхæд лæгтæ æмæ буржуазон-националистон фæдысмудджытимæ, знаггадгæнджытæ, диверсанттæ, уæйгæнджытæ æмæ æндæр ахæм æнаккæгтимæ. Уыцы фашистон æрдонгты æнаккаг митæ æгъатырæй хурмæ калдзынæн, советон зæххæй бындзарæй тондзынæн æмæ гæныстон кæндзынæн æлгъаг хилджыты, смаггæнаг куыйты, адæмы фыддæрты».

Ацы уацхъуыды автор уæд куыста Цæгат Ирыстоны партийы обкомы дыккаг секретарæй.

...Авд мæйы æмæ æрдæджы фæстæ ахæстоны Æрнигон йæ зылынгæнæн гæххæттытæй иуы чъылдымыл кърандасæй ныффысдзæн: «Хæдарцаты Агуыбейы (хæххон-мет. техникумы ахуырдзау) нымыгъдмæ гæсгæ ахст æрцыдтæн. Уый æмæ Бутайыфырт (йе 'мбал) Къосырайы-фыртимæ иумæ сæйраг æвдисæнтæ сты мæ базылын кæныны хъуыддаджы». /.../

27 августы Мидхъуыддæгты адæмон комиссарадты «Æртæйы» уынаффæмæ гæсгæ æхст æрцыд Къосираты Уырысбийы фырт Сæрмæт (сраст æй кодтой 1956 азы 9 октябры), 1937 азы 8 октябры «Æртæйы» уынаффæмæ гæсгæ фехстой Къубалты Захары фырт Алыксандры дæр (реабилитацигонд æрцыд 1955 азы 6 декабры), 1937 азы 4 декабры «Æртæ» 10 азы ахæсты тæрхон рахаста Малиты Гæдойы фырт Георгийæн (1956 азы 10 апрелы ма йæ бæргæ сраст кодтой, фæлæ поэт уый нал æрæййæфта), Дзесты Габрелы фырт Куыдзæджы ахæстоны сбадын кодтой 5 азы æмгъуыдмæ.

Баззадысты ма Фæрнион Къоста æмæ Æрнигон Илас. Шестаковы уацхъуыд куы рацыд, уымæй раст иу къуырийы фæстæ— 1937 азы 28 декабры — Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты адæмон комиссарадты «Æртæ» сæ дыууæйæн дæр (стæй ма семæ — Дзуццаты Асæге æмæ Цомайты Хадзырæт) æхсыны тæрхон рахаста.

Къоста, Асæге æмæ Хадзырæты фехстой дыууæ боны фæстæ, 30 декабры, Æрнигоны — 1938 азы 5 январы. 49-аздзыдæй.

ТЕБИАТЫ Юри

ИЛАС ÆРНИГОНЫ МОНОЛОГ

(Дард Хурыскæсæны. 1913)

Ам ме 'нусон катай мæ риуы нæ цæуы, —
Мæ уд мын æлвасы мæ хъуырæй...
Мæ хæстдзагъд Ирыстон, фæцæуын, æрцæуын
Æмæ та дæ ссарын мæгуырæй...

Цы хорзмæ бæллыди уæвгæйæ дæ фæдон?
Хæтæнхуаг — йæ исæй, йæ бонæй,
Уæддæр, дам, фæтæха зæрин саг — йæ фæндон
Дунемæ фыдыбæсты номæй!..

Мæ тых дын хъызт бонты нæ уыди уæлæфтау,
Нæ истон дæ ирд ном хæлынæн...
Тæхуды, йæ райгуырæн зæххы сæрвæлтау
Кæмæн фæци фадат мæлынæн!..

ХАДЖЕТЫ Таймураз

ИЛАС ÆРНИГОНИ МЕДХЪУРДОХÆН

Æхгæнуй мин мæ хъуртæ æрхун,
Рæхуайуй мин мæ уод æ циргъæй.
Ниуазуй мин мæ тог,
Мæ зæрдæ мин хуæруй
И æрхунти æрхун — хъæрццигъа.
Гæр, æдта, ескуцæй ниви хай
Уорс пъæсту турусайау æрцо.
Ниммæ уадзæ, фæсмони цæрддзо!.
Иристонмæ! Нæхемæ!
Оххай...
Лæгæвзарæн дуйней мæ къæсæр
Агоргæ 'ма нæ ергæ иссæй...
Сау æндаргау тæхуй кумæдæр...
Кæд уодзæй?.

МАМУКЪАТИ Хъазбег

ЦÆМÆН МА ЗДÆХТÆН ИРМÆ?

Æрцæудзæн искуы... дард мæ мард.
Илас Æрнигон[1]

Сæттын, пехуымпар-лæг нæ уыдтæн:
мæ ныхас не 'рцыди, фæмæнг.
Мæ ныхас не 'рцыди — æрцыдтæн
мæхæдæг. О, фæлæ цæмæн?

Цæмæн? Цы ма мын баззад Иры?
Адзал! Ирон адзал?
Хæрзбон!
Мæ туг мын сау хæлуарæг цъиры.
Æрцыд кæрон.
Æрцыд кæрон...

Уæддæр... цæмæ ма цыдтæн ардæм,
цæмæ, цæмæ?
Куыдзау бæргæ фæхастон дардмæ
мæ мард; æрхастон æй фæстæмæ
хъæмæ.

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

[1] Поэт Илас Æрнигон 1910 азы æнæбары фæхауæггаг йæ Ирыстонæй, йæ царды 'мбис арвыста Дард Хурыскæсæны, æвирхъау удхæрттæ æвзаргæйæ. Йæ бæстæм ма бæргæ æрыздæхти, фæлæ йын дзы бирæ ацæрын нал бантысти: Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады кусджытæ йæ æрцахстой æмæ йæ 1938 азы 5 январы амардтой. Йæ къухфыстытæ йын иууылдæр фесæфтой.

БЕДЖЫЗАТЫ Чермен

ÆМДЗÆВГÆТÆ, ТАУРÆГЪ

ХÆХТЫ МАСТ

Уадултыл сæ цæссыг уайы
Хæхты мæгуыртæн æдзух.
Бонджынтæн сæ зæрдæ райы,
Ницæмæй æййафынц цух.

Мæгуырты хуымгæнд у лæсæн —
Дуртæй цæндтæ сты рæдзæгъд.
Бонджынтæн сæ зæхх, сæ цæрæн —
Гауызтау рæсугъд æвæрд.

Мæгуыртыл цæугæдон ниуы,
Хох сыл згъалы 'дзух цæссыг.
Бонджынтæн сæ цард нæ ивы,
Раджыйау кæнынц хъæздыг.

09.04.1917 аз
Калак

МÆ ХОХЫ ЦАРД — МÆ ЦАРД

Лæгъзцъитийы цонгыл æз бадтæн æнкъардæй.
Тызмæг фæндтæ сæры зылдысты уæззау.
Æнæуынгæ 'нгасæй æз кастæн æмдзастæй
Лæгъзцъитимæ. Мастджын нæ уыди мæнау.

Мæй касти. Цæхæрау йæ тынтæм æрттывта
Йæ урс худ мæ хохæн — йæ зæронд сæрыл.
Æз хъуыстон: йæ риуы уый зарæг хъырныдта, —
Æнхъæлдтон, æгъгъæд у йæ цардæй зæххыл.

Дзырдтон æм: «Тæхуды, дæ уæззау æнцойад
Нæ хæлы нæ тыхæй, нæ мастджын фæндтæй.
Мæнæн та мæ буар, мæ зæрдæ ныффæллад, —
Тæхуды, æрулæф фыд тохы цæфтæй».

Æвиппайды тымыгъ кæцæйдæр æрбатахт,
Нынниудта, ныууасыд, йæ урсхъуын сæрыл
Кæцæйдæр Лæгъзцъитийыл сау мигъ æрбабадт,
Фæйнæрдæм нытътъæпæн йæ айнæг фæрстыл.

Лæгъзцъити ныхъхъæрзы, йæ цæссыг æркалди,
Йæ рухс цард æрбатар, мæ маст тынг ысфыхт.
Хъуыдыты ныххаудтæн, мæ зæрдæ нæ ради,
Мæ райгуырæн хох уыд уæззау æмæ тыхст.

Мæ хохы цард афтæ мæхи цардыл барстон;
Дыууæйæ æрхæндæг, æфхæрд æмæ маст.
Йæ хъæбысы мастæй мæ рыст сæр æруагътон,
Мæйрухс æхсæв коммæ ыскодтам нæ каст.

Фæлæуут уал афтæ, ды, сау мигъ, ды, тымыгъ,
Нæ хурыл рæстæгмæ уæ цъаммар къух — хæст.
Сæрибар ыскæндзæн, ныссæтдзæн уæ тæрных
Æмæ уæ мыггагмæ фæкæндзæн бынсæфт.

1918 аз
Едыс

ТУДЖЫ ФÆДЫЛ

Раджы адæмы царды мидæг туджы хъуыддагæй æнамонддæр хъуыддаг ницы уыди. Ныр дæр ма дзы хъæрзынц нæ хохы адæм. Уæд та туг ноджы тыхджындæр уыди æмæ-иу дыууæ мыггаджы куы фæтудждджын сты, уæд сæ алчи дæр æрæмбырд уыдаид мыггаджы хистæры хæдзармæ, мыггаджы уынаффæйы, батæрхонтæ-иу кодтаид мыггаг, стæй кæмдæриддæр уыдаид, арвы кæрон куы уыдаид уыцы мыггагæй, уæддæр æм фервыстаиккой: «Уæй, уыцы æмæ уыцы мыггаджимæ туджы хъуыддаджы бацыдыстæм, дæ сæр хиз æмæ дæ туг ис», — зæгъгæ. Тугæн-иу

йæ кæрон нал скъуыди, хызти фыдæй-фыртмæ, цалынмæ мыггаг мыггаджы ныццагътаид, кæнæ сæ фæрныг адæм бафидауын кодтаиккой, уалынмæ.

Ахæм туджы хъуыддаг ахаста дыууæ мыггаджы — Æлбегатæ æмæ Кобеты 'хсæн, кæддæр, незаманы, æмæ йын кæрон нал уыди. Цалдæр фæлтæры раивта, фæлæ уæддæр ницы кæрон ссардтой сæ тугæн дыууæ мыггаджы. Ныр дæр ма фырдаргъ истæмæй куы фæзæгъынц а бæсты, уæд афтæ фæкæнынц: «Æлбегаты æмæ Кобеты туджы дæргъæн ныцци», — зæгъгæ. Æмбисондæн баззад адæмы 'хсæн сæ туджы хъуыддаг дыууæ мыггагæн.

Æмæ истæуыл дæр куы уыдаид, исты ахæм куы фæтудж-джын уыдаиккой Æлбегатæ æмæ Кобетæ, уæддæр ма цы нæ вæййы, адæмы зæрдæмæ сын цыдаид, фæлæ зыбыты ницæуыл рауад хъуыддаг. Кæддæр уыди дыууæ мыггагæн дзырддаг дыууæ мæкъуылуат уыгæрдæн, раст Мæсгуыты хъæуы тæккæ арæныл хъæды бæстастæу иу чысыл æрдуз фæци, æмæ уый. Уыгæрдæн цæй уыгæрдæн уыди, æхсæны сæрвæтæй иу гæппæл, фæлæ йæ иу аз, Кобетæй иу æдылыгомау уыди, уый æркарста. Дыккаг аз та йæ, Æлбегатæй иу кæрæф лæг уыди, уый æркарста æмæ ма йыл гæрæн дæр æрцарæзта, цæмæй йæм хъæуы рæгъауы фос ма хызтаиккой. Зæхх кæм æххæст адæмыл, æмæ алчи зæххы гæппæлыл мæлæтмæ цыди, уæдæ цы. Адæм ын загътой, зæгъгæ, сæрвæтмæ ма агай, æхсæны сæрвæт у, æмæ дын чи ныууадздзæн æрдуз, фæлæ абон, а сом кодта Æлбеджы-фырт, гæрæн нæ фехæлдта.

Уалынмæ дын æртыккаг аз куы æрцыди, уæд æм кæрдынмæ рацыд уыцы гæппæлмæ Кобейы-фырт дæр æмæ Æлбеджы-фырт дæр. Цыдæр фыдбылызтæ сæ уыцы иу бон рацæуын кодтой, æвæццæгæн, ын, кæрæдзийæ тæрсгæйæ, рацыдысты æзраздæронæй хосмæдзæуæнбон, æмæ хæрхæмбæлд фесты кæрæдзийыл æрдузы.

— Хæрæг, Кобейы-фырт, — хъæр кæны Æлбеджы-фырт, — ам дæ цы хъæуы мæ уыгæрдæны?

— Хæрæджы фырт дæр дæ æмæ куыдзы фырт дæр, дæу цы хъæуы ам, æз æй куы 'ркарстон фыццаджы, уæд? — хъæр кæны Кобейы-фырт дæр.

— О, куыннæ стæй, дæ хорз фыдæй дын баззад æмæ дзы дæ цæвæг æрсадздзынæ! Айс дæхи æнæ фыдбылызæй, гаццайæ

гуырд цыдæр! — загъд кæны, тæрсын кæны Кобейы-фырты Ælбеджы-фырт.

Дзырд дзырды фæдыл, æлгъыст æлгъысты фæдыл, афтæмæй дын загъд асайдта дыууæ лæгæн. Иргъæвæг дæр сæ цæй иргъæвæг фæцадаид уыцы хибар ран, афтæмæй дын Кобейы-фырт, цæвæгæй ныххафон, куыд загъта, афтæ йæм Ælбеджы-фырт фæраздæр æмæ йын йæ гуыбыны хъама фæцавта, сау лæджы цæф ын ныккодта. Лæг атылд, уæдæ цы уыдаид. Ælбеджы-фырт та йæ хæдзармæ бафардæг, фыд хосмæдзыд фæци.

Кобетæ сæ лæджы æрцагуырдтой æмæ йæ æрдæгмардæй уыцы æнамонды æрдузы ссардтой. Бахастой йæ, уæдæ цы, йæ хæдзармæ, фæзылдысты ма йæм, фæлæ лæг нал ссæрæн æмæ иу дыууæ къуырийы фæстæ амарди. Баныгæдтой сæ марды Кобетæ. Адæм ссыдысты, æмæ æрдузы цы гæрæн уыди, уый фехæлдтой, абон дæр ма уыцы гæппæл æхсæны сæрвæтæй баззад, дыууæ мыггаджы та туджджын фесты.

Кæрæдзимæ ма дард комæгтæ куы фæтуджджын вæййынц, науæд дыууæ æндæр æмæ æндæр хъæуккаджы, уæддæр ма фæразгæ у исчердыгон хъуыддаг, кæрæдзийæ иппæрд вæййынц, кæрæдзи уындæй сæ цæсты фиутæ нæ фæтайы, кæрæдзи цæсты сындзбадæн нæ фæкæнынц. Фæлæ судзгæ замана, иу хъæуы мидæг дыууæ мыггаджы куы фæтуджджын вæййынц, уæд уый вæййы. Ницыуал сын адæм фæфæразынц сæ иргъæвынæн, нал сæ хъæубæстæ арынц æрынцой. Ту акæнынмæ та, уæй фæдис, уæлæ кæрæдзи фæцагътой, зæгъгæ, æмæ та, уайгæ иргъæвынмæ, куыст дæр фæуадз æмæ хъуыддаг дæр. Нал дæр сæхæдæг фæфæразынц, уыцы æнамонд хъуыддаг кæуыл сæмбæлы, уыцы мыггæгтæ. Афтæмæй ноджы фыдцъылыс уыдысты дыууæ мыггаджы дæр æмæ ницы кæрæдзийæн фæрæзтой, ницы фидауынæн, ницыуал сæ хъæубæстæ фæрæзтой, хъуырмæ систы.

Скæсут-ма, мæ хуртæ, уæлæ рындзыл уый Ælбегаты мæсыг æмæ цæрæнуæтты хæлдтæ сты, сæ бакомкоммæ та топпæхсты фалдæрæн доны сæрмæ, уæртæ хъæды сынæгыл уый Кобеты мæсыг æмæ цæрæнуæттæ. Ныр дыууæтæй хъырттызмæлæг дæр нал ис. Комкоммæ кæрæдзимæ кæсынц дыууæ мæсыджы.

Куы фæтуджджын сты, уæд фыццаг азты дæргъы æдзух хæст цыди дыууæ мыггаджы 'хсæн, æнæ 'рынцайгæ хæст. Мæсгуыты бацыдысты, афтæмæй бон-изæрмæ сæ хæсты къæдзил нæ аскъуыдаид, æмæ-иу дыууæ мæсгуытыл топпы фæздæг мигъау сбадти.

Ныр дæр ма куы фенат Кобеты мæсыджы ных, уæд тыгуыр нуæстæ сты йæ дуртæ. Уый Æлбегаты нæмгуытæй сты афтæ нуæстæ. Æлбегатæн сæхи мæсыг дæр афтæ нуæстæ уыди Кобеты нæмгуытæй, фæлæ ныр нал ис йæ бындзарæй дарддæр. Уырысы æфсæдтæ йæ ныккалдтой, Хъуды абырджытимæ куы хæцыдысты, уæд.

Афтæ фæхæцыдысты дыууæ мыггаджы, уæдæ цы. Фæлæ азтæ цыдысты, афтæмæй бафидауынæн ницы фæрæзтой, æмæ сæ хъæубæстæ дæр сфæлмæцыдысты. Бирæ хæттыты сфæлвæрдтой адæмы хæрзгæнджытæ, бирæ хæттыты бацыдысты се 'хсæн, фæлæ ницæмæ æрдардтой дыууæ мыггаджы дæр адæмы курдиат æмæ уынаффæтæ, æмæ сæ адæм дæр ныууагътой сæ адыл.

Фæстагмæ хъуыддаг уымæты æрцыд, æмæ-иу дыууæ мыггагæй исчи искæй куы амардта æмæ та-иу дыууæ мæсыджы топпы фæздæджы бын куы фесты, уæд-иу сыл адæм худтысты æмæ-иу дзырдтой: «Уæй, кæсут, уæлæ та Æлбегатæ æмæ Кобетæ дуры гуыбынмæ кæрæдзи цæгъдынмæ æрхъавыдысты». Æмæ сыл куыннæ худтаиккой адæм дæр, мæсгуыты хуылфмæ кæрæдзийæн цы ракодтаиккой, æнæ комкоммæ бабырсгæйæ, дзæгъæлы топпыхос хардз кодтой, æндæр. Æмæ-иу сæ хæст куы банцад, уæд-иу сывæллæттæ цыдысты æмæ дыууæ мæсыджы 'хсæн зды уыгътой.

Бынтон сыл сæхи атигъ кодтой дыууæ мыггагыл адæм иу æбуалгъ хъуыддаджы фæстæ. Цæвиттон, нæ фыдæлтæм уыд иу æгъдау. Мыггаг-иу мæсыгмæ куы бацыди, уæд йе хойрагæй цух кодта, йе донæй. Уæд-иу сылгоймæгты рарвыстой. Сылгоймаг мæсыгмæ йе хойраг, йе дон хæссы, зæгъгæ, — фæцагайæн æм нæ уыд. Уый æгъдауæн уыди адæмы 'хсæн. Стæй æнæуый дæр сылгоймаджы тугмæ ничи мардта, худинаг уыди, æнæгъдау нæ фыдæлтæм. Афтæмæй иуахæмы та дыууæ мыггаджы дзæвгар куы фесты сæ мæсгуыты, уæд рарвыстой сылгоймæгты, — Æлбегатæ донмæ, Кобетæ та хойрагмæ, — фæйнæ сылгоймаджы. Уæд Кобетæй чидæр бахъавыд æмæ, Æлбегаты сылгоймаг дон куыд æргъæвта мæсыгмæ донисæн къæйыл, афтæ йæ фехста æмæ сылгоймаг йæ бынаты æрхауд, фæмард ис. Æлбегатæ дæр айтæ-уыйтæ нал, фæлæ æрбадæнг кодтой Кобеты сылгоймаджы, хойраг куыд фæцæйхаста мæсыгмæ, афтæ æмæ йæ амардтой. Адæммæ æбуалгъ куыннæ фæкаст ахæм æбуалгъ хъуыддаг, нытту сыл кодтой æмæ сæ ныуагътой: «Кæрæдзи фæцæгъдут, æгъдаухал æнаккæгтæ», — зæгъгæ.

Кобетæй иу Радзам, зæгъгæ, хъæздыг лæг, йæ сæр фидауынмæ нæ хаста æмæ йæ мыггагыл дæр зыгъуыммæ базыртæ уый басагъта. Æфтаг уыди Гуырдзыстонмæ Радзам æмæ гуырдзиагау дæр чысыл цыдæртæ æмбæрста.

Рацæй-рабон, афтæмæй иу хатт куы уыди, уæд æрыхъуысти, цæйдæр тыхгæнæг, дам, Хады комыл æрбабырсы Арагвийы дондон æмæ бæстæ сафы. Фарс, дам, æй хонынц, Гуырдзыстоны дæр, дам, бабын кодта. Уæд Радзам йæ бæхыл бабадт æмæ цæхгæр фæндагыл ацыд Хъелæн фалейæ фарсы размæ. Уалынмæ та нæуæгæй æрыхъуысти чысыл фæстæдæр, фарс, дам, рабырсы Хъелы Мæсгуыты бæстæм, Радзам дæр, дам, семæ ис, афтæмæй. Хъæды сыфтæртæй фылдæр уыдысты кæмдæр фарсы æфсад. Уæд адæм ныххæррæтт кодтой, æмæ, цы уыдысты, уымæй бацыдысты гæнæхты, фидæртты æмæ мæсгуыты хæстæввонгæй. Фарсæн Хъелы фæстæ йæ фыццаг æрæфтæн Мæсгуыты бæстæ уыди.

Уалынмæ, æцæг, уæлæ лыстæг æрдузæй æрзынди дунейы æфсад, сæ разæй сæ фæтæг йæ цъæх бæхыл. Мæсгуыты хъæумæ сæ иу хай разæй æрирвæзт æмæ уадидæгæн хæдзæрттыл арт бафтыдтой, афтæмæй сыл хъæуы адæм ралæууыдысты мæсгуытæй. Барсæгатæй иу номдзыд топпæхсæг уыд, уый дын мæсыджы сæрæй акаст фарсы фæтæгмæ, ахъуыды кодта, стæй йæ топпы дывæр ифтыгъд ауагъта, афтæмæй уæлæ уæлбылмæ фехста фарсы фæтæджы. Уый йæ бæхæй расхъиудта. Фарс дын уый куы ауыдтой, уæд джихæй баззадысты, цыдæртæ сапп-упп кодтой сæхирдыгонау, мардыл фæхæцыдысты æмæ лидзынмæ фесты. Чи ма сæ фæмард, уыдон дæр фæуагътой, уадидæгæн Хъелæн фæфале сты.

Фарсы фæстæ дын, мæ хуртæ, адæм æрæмбырд сты, æгас Мæсгуыты бæстæйы адæм. Рауынаффæтæ-бауынаффæты фæстæ загътой, зæгъгæ, ай нæм Радзам æркодта æцæгæлон знаджы, афтæмæй хъæудзырд-хъоды бакодтой Радзамыл æмæ йæ фæтардтой æд хæдзарвæндаг. Радзам йæ сæр кæдæмдæр фесæфта.

Радзам куы нæуал уыд Кобеты 'хсæн, уæд сын уый фæци æвдадзы хос. Бирæ нæ рацыди фарсы фæлыгъдæй, афтæ дын адæмы коммæ æркастысты æмæ ныффидыдтой Æлбегатимæ.

Ахæм фыдбылызы æгъдау уыди туг. Туджджын-иу йæ масты фæдыл æцæгæлон знаджы дæр æрхуыдта, адæмы хæрамæй дæр-иу нал фефсæрмы.

КЪОДОТЫ Олег

ШОФЫР[1]

Уацау

* * *

Уыдоны бафæдзæхста уæлдай дзырдæй, фæлæ йæхи та... Бамбарын кæнын хъуыд алцыдæр Муратæн. Стæй сæ ныр фæтагъддæр кæнын дæр хъуыд. Фыццаг уыциу цыдæй хъавыд сæхимæ, фæлæ Мураты афтæ дæр куыд ныууагътаид?..

Нæ, ахъуыды кæнын æй хъуыд дзæбæх искуы иунæгæй. Кæм бафысым кодтой, уырдыгæй иу километр дарддæр калдис чысыл æмæ сабыр цæугæдон. Фæндаг æм зын ссарæн нæ уыд, æмæ уал уый былмæ айста йæхи. Чи зоны, йæхи дæр нырнайа уым, æмæ йын фенцондæр уа йе 'нæнхъæлæджы цæфимæ тох кæнын.

Ныр дон чи у, уый та кæд хуынд «Горькая балка». Афтæ йæ бакаст хиды раз, стыр фæндагæй йæм куы рахызт, уæд. Æмæ та йæ сæр банкъуыста, йæ мастæй дзаг зæрдæмæ дæр та куы ныккаст, уæд.

— Масты хос у иууылдæр цард, масты æнæхъæн денджыз! — бакодта хъæрæй.

Цæй найын æмæ цæй æндæр, йæ уынын дæр æм нал цыд ахæм номимæ. Фæлæ ахæм уæддæр дон-дон, иу сæдæ метры бæрц дæлдæр цы бæлæсты къох зынд, уырдæм йæхи ныйиста.

[1] Райдайæн «Мах дуджы» 11-æм номыры.

Хур нæма анығуылд, фæлæ тынг тæвд дæр нæ уыд, æмæ бæлæстæн се стырдæры бын æруагъта йæхи нæууыл.

Йæ зæрдæ срыст. Æмæ, цыма зæйы бынæй рабырыд, уыйау ныууæззау йæ буар. Фæлæ ма уым, мидæгæй, зæрдæйæ дæр арфдæр, вæййы иу цыдæр лæджы... Уд. Æмæ, хæйрæг йæ зонæг, цæуыл ма фæхæцы иуæй-иу хатт лæгæн йæ уд! Зæрдæ скъуыййын дæр зоны, ныллæууын, æмæ цал æмæ цал хатты уыд разы Доме фæстаг азты дæргъы ууыл. Кæнæ туг дæр бæргæ ныццæвы иуæй-иу амондджынтæн сæ сæрмæ, æмæ уыциу ирвæзт фæкæнынц сæ ницæйаг цардæй! Фæлæ ахæм амонд дæр нæ кæсы лæгмæ, нæ...

Кæсыс — æмæ та цæрыс. Æмæ цы уæлдай у — куыд?!. Нæмыс зæхх æмæ нæмыс...

Æниу, ницы у рагæй дæр адæймаг. Æмæ йæ хъуыддæгтæ дæр ницы. Фæлæ ма дзы куыд ахæсса йæ сæр аццы цардæй лæг хуызæнæн? Кæд ма уый не снывонд кодта йæ цард йæ бинонты къордæн, кæд ма уый нæ цæры сæ цардæй! Фæлæ йын дзы ницыуал уайы!.. Æмæ ацу æмæ дæхи дæр багæрах кæн..

Йæхи багæрах кæнын та йæ бон у. Æмæ йæ фæндгæ дæр фæкæны. Арæх дæр ма. Мæнæ йæ ныр куыд фæнды, афтæ. Ис æм хæцæнгарз дæр. Уæлæ ныр дæр йæ «КАМАЗ»-ы дамбаца æмбæхст. Кæддæр уарзта цуаны цæуын, равдæлд-иу уæд лæджы ахæмтæм дæр. Æмæ йæм ис хæдзары дзæбæх дыууæхстон дæр. Ис æм автомат æмæ гранаттæ дæр ма, æркодтой йæ сæ балхæнынмæ ног царды диссæгтæ.

Йæ бынатæй фестад Доме æмæ уым дæлæмæ афардæг бæрзонд былгæрæтты. Цыд æмæ цыд, стæй та-иу æрлæууыд æмæ йæ сæр додойгæнæгау фенкъуыста иу цасдæр. Кæнæ та-иу йæ къухтæ кæрæдзиуыл æрхоста.

Æмæ дзы цы нæ бавзæрста йæ сæр, цымæ! Дыууæ бон æмæ 'хсæвы сæ тæккæ 'ввахсдæр сыхаг адæмимæ хæсты рæстæджы нæмгуыты бын фæлæууыд арæнтыл. Стæй уæд иу зæрондгомау «БТР» самал кодтой цалдæр лæппуйæ æмæ дыууæ бон та ууыл фæратæх-батæх кодтой цалдæр хъæуы 'хсæн. Йæ къухтæ дæр ма схаудтой йæ зæронд пулеметимæ архайгæйæ. Æниу, уартæ кæд æмæ кæд уыд æфсады, æмæ нал арæхст рæстмæ, æндæр афтæ æдзæллаг дæр кæм уыдаид. Фæлæ йæм стыр диссаг каст, куыд систой сæ кæрæдзимæ сæ къух æмæ, цытæ кодтой, уыдæттæ. Цал æмæ цал ногарæзт хæдзары ныппырх ластой æмæ фæхастой фæсивæд сæ фыртæвдæй æмæ цас адæмы ныццагътаиккой, сæ туг

куы скуыста, уæд. Æниу, иууылдæр нæ фæлыгъдысты, æмæ дзы маргæ дæр бирæты акодтой, кæд уый фæстæ ахæм цыдæртæ хъæр дæр нæ раисты рæстмæ, уæддæр.

Æрмæст — цы уыд уый?!. Цæмæ 'рхаудта йæ сæр уымæн, фондз сывæллоны фыдæн. Æмæ кæм?!. Знон дæр ма гъæйттæй «коммунизм, коммунизм» чи хъæр кодта æнæхъæн дунейыл, уыцы паддзахады?.. Уæллæй, цыма исты фыдфын уыны, кæнæ кино, афтæ дæр ма-иу æм æркаст.

Стæй уый фæстæ та?.. Æнæхъæн Уæрæсейыл æрзылд йæ «КАМАЗ»-ыл, æмæ дзы цы нæ федта?! Æгуыст, нуæзтыл хæст мæгуыр адæм, сæфт чызджытæ æмæ сылгоймæгтæ, фæйнæрдæм хаст колхозтæ æмæ совхозтæ, æрдæгарæзтæй уагъд агъуыстытæ горæтты. Æмæ базартæ та?.. Уыдон диссаг уыдысты сæхæдæг, уæлдайдæр та фыццаг дæс азы бæрц. Рæвдз нæ фæлæууыдтæ, зæгъгæ, уæд дæ чи фæсайдзæн æмæ астигъдзæн, уымæн бæрæг дæр нæ уыд. Иууылдæр хицæуттæ, иууылдæр хъуыддагыл хæст адæм, иууылдæр стигъджытæ, фæлитойтæ. Рэкъет-мекъет, къиллер-миллер...

Цалдæр аз фæдфæдыл Мæскуымæ фæласта водкæ. Æмæ стыр диссаг у йæхæдæг, йæ сæр дæр ма дзы кæй рахаста, уый. Маст та? Маст та фагæй фылдæр. Куы-иу се 'хцатæ 'æрæмбырд кæнынæн нал уыдысты йæ зонгæ æлхæнджытæ, куы-иу сæ фæллой бынтондæр фесæфт, æнæзонгæ адæмимæ-иу куы сбæндæн сты, уæд, куы-иу сыл цы 'рцыд, куы цы. Æмæ милицæ та? Иу хатт сæ цалдæр боны кæмдæр горæтгæрон фæдардтой æмæ фестыгътой цалдæр машинæйæ.

Никуы йæ ферох уыдзæн милицæйы кусджытæй иу. Æрыгон дæр нæ уыд, коса цы рахаста æндæр, фæлæ, æвæццæгæн, милицæйы æрæджы райдыдта кусын, æмæ уымæ бакæсын диссаг уыд. Йæхи ардхорд кодта Домеимæ æмæ йын фыццаг афтæ:

— Ды искуы раст ментыл фембæлдтæ?

— Нæ, раст зæгъгæйæ, — бакодта Доме, йæ худын дæр ма нæ баурæдта, афтæмæй æргом.

— Мæнæ дын æз — раст милицæйы кусæг, закъоныл хæст, — æмæ йæ коса уадултæ расырх сты. Доме та йæм бирæ фæкаст, стæй йын афтæ:

— Æмæ дæ цæрæнбон бирæ. Æгайтдæрма ахæмтæ дæр ис. Раст адæймаг дæ, уæд хорз адæймаг дæ. Уæд нæ хъуыддаг дæр бынтон сæфт нæу. Бауырнæд дæ: мах дæр хорз лæппутæ стæм,

цард ахæм сси, æндæр. Алкæй дæр цæрын хъæуы, йæ бинонты дарын. Æндæр дзы ницы ис.

Æмæ йын ахæцыд ахæмтæй йæ зæрдæ 'лхæныныл. Уый дæр æм хъусы уæзданæй, дзæбæх ныхæстæ йын акæны, стæй та бахахх кæны:

— Нæ, закъон закъон у. Уæ водкæ у æнæ акцизтæй, æмæ дзуапп хъуамæ радтат, куыд æмбæлы, афтæ.

Ныр сæ милицæйы хайадмæ дæр нæ тæрынц. Дыууæ машинæйыл уыдысты иу фондзæй æмæ дыууæрдæм кæнынц, æхцайы кой кæнын сæ нæ уадзынц, афтæмæй сын сæ машинæты кабинæтæ сфæлдæхтой, хæцæнгарз агургæйæ. Уыцы «раст» та сын хистæргонд уыдис, кæд гæртам исыныл нæма сахуыр, уæддæр, æмæ куы машинæйы бабыры, куы та фæзыны æмæ исты раст ныхæстæ акæны, уыцы сырхуадулæй. Домемæ та байсы йæхи, куыд фæзæгъынц, Бабуцайы ныхæстæ йын акæны, цард кæй фехæлд, æмæ сæ уый дæр кæй æмбары, уыдæттæ.

Уый фæстæ та машинæйы сбадт йе 'мбæлттæн сæ тæккæ налатдæримæ, цæуылдæр фæныхæстæ кодтой цасдæр. Стæй уæд налат рахызт, уый та йæ «мерседесыл» афардæг. Талынг кæнын райдыдта, афтæ афардæг сты иннæтæ дæр. Сæ гæххæттытæ сын аластой.

Дыккаг бон сæм фæссихор фæзынд уыцы налат йæ дыууæ 'мбалимæ. Æмæ та ракæ-бакæтæ ногæй. Æрмæст æхцайыл ныхас кæнынмæ 'рцыд ныр хъуыддаг, æмæ базыртæ кæм нæ разад Домеитыл дæр. Фæзынд уæдмæ йæ «раст» æрдхордгонд дæр. Фæлæ ныр Домейæ йæхи иуварс ласы, расырх та вæййы, афтæмæй. Стæй та афардæг.

Цыбырдзырдæй, дуне 'хца сæ байстой, афтæмæй сæ ауагътой изæрырдæм. Ныр сæ иу расыг, æмæ ма сæм куы радзурид машинæйæ:

— Аланы они, осетины... нохчи-чехи, таджики... Все вы чернозадые, одним хреном сделанные. Перестрелять бы вас!

Ницы у цард!.. Æмæ йæ рагæй зоны уый, бæргæ. Иу дыууæ хатты та йæ маргæ фæцæйкодтой фæндагыл. Фондз азы размæ тамакотæ ласта иунæгæй. Дард ласын дæр сæ нæ хъуыд Дзæуджыхъæуæй, фæлæ йæ размæ бабадтысты. Æнхъæлдтой, æвæццæгæн, зæгъгæ, водкæ ласы дард искуыдæм æмæ йæм бирæ 'хца уыдзæн.

Ныр талынг дæр нæма уыд, æмæ бæрæг уыд, машинæ рогæн кæй цæуы, уый, фæлæ сыл цæй сæртæ ис ныры ног джиппы

уагъд абырджытыл! Ӕмӕ йӕм дамбацатӕ ныддардтой дыууӕрдыгӕй — сӕ иу йӕхирдыгӕй схизӕны тӕрхӕггондыл алӕууыд — ӕмӕ йӕ фӕндагӕй иуварс базилын кодтой, уартӕ, дам, хъӕдырдӕм скъӕр, зӕгъгӕ.

— Тамакотӕ ласын мӕнӕ хӕстӕгмӕ, ницы ’хца мӕм ис... — загъта сын, фӕлӕ йӕм чи хъусы!.. Бацӕфтӕ йӕ ластой фӕйнӕрдыгӕй, рӕвдздӕр кӕн, зӕгъгӕ. Ӕмӕ уӕд уый дӕр, машинӕ куыд ахуысса, афтӕ бакодта. Ӕрлӕууыд, стӕй та йӕ скусын кодта, иу цасдӕр ахӕцыд размӕ, ӕмӕ та фӕоцани.

Ӕмӕ йӕ фӕлтау куы амардтаиккой уӕд. Кӕнӕ та уый размӕ. Самарӕйы уыд уӕд та, раздӕры Куйбышевы... ӕви Калинин — Тверы?.. Цыбыр дзырдӕй, йӕ ном кӕмӕн аивтой ӕмӕ уыйадыл амондджындӕр кӕмӕн фесты йӕ цӕрджытӕ, уыцы горӕттӕй иуы харбыз уӕй кодтой. Ӕмӕ та-иу сӕм куы чи ’рбасхъӕл ӕхцадомӕг, куы чи. Ӕмӕ дзы иутимӕ куы схыл уаид харбызы хицау, иу ногъайаг лӕппулӕг. Хъуыддаг изӕрӕй уыд, анызтытӕ дзы кодта уӕдмӕ. Ӕмӕ къӕссавӕлдӕхт фӕцис лӕг, кӕд ӕрвонгӕй ӕгӕр сабыр дӕр ма уыдис ӕмӕ ӕгӕр уӕздан ахӕм куыстӕн, уӕддӕр. Доме дӕр йӕ сӕрыл куыд нӕ рагӕпп ласта!

Ӕрӕмбырд сыл сты адӕм, милицӕйы кусджытӕ. Ӕмӕ ахъуытты сты лӕппутӕ ӕртхъирӕнтӕгӕнгӕ. Куы здӕхтысты, уӕд дын сӕ размӕ куы бабадиккой. Горӕтӕй иу дӕс километры дӕр нӕма рацыдысты, афтӕ дын кӕсы Доме, ӕмӕ сӕ иу чидӕр уромы, милицӕйы формӕйы. Баурӕдта йын, афтидӕй та нӕ цас хъуамӕ байса, зӕгъгӕ.

Куыддӕр Доме йӕ «КАМАЗ» баурӕдта ӕмӕ йӕм рахызт, афтӕ дын иу «ладӕ» куы ’ртӕхид, дзыхълӕуд куы фӕкӕнид сӕ цуры. Рагӕппытӕ дзы ластой дыууӕйӕ, сӕ иу ӕй дзы фӕрсы:

— Цӕй, куыд у, базыдтай нӕ? Ӕрхӕццӕ стут ныр.

Цас сӕ фӕтарстаид фӕндагыл, кӕд ыл афтӕ арӕх дӕр нӕ цыдысты машинӕтӕ, уӕддӕр. Фӕлӕ йӕ къухы дӕр ницы, ӕмӕ хъуыды кӕны, куыд хуыздӕр акӕна, ууыл.

Милицӕйы формӕйы чи уыд, уымӕ бакаст, фӕлӕ уый уӕдмӕ абадт машинӕйы ӕмӕ йӕм уырдыгӕй дамбаца ныддардта, загъта:

— Ӕнӕ уӕлдай митӕй!.. Сбад мӕнӕ мӕ цуры ӕмӕ сабыр у!

Ныр уӕдмӕ ногъайаг дӕр ӕргӕпп ласта зӕхмӕ, ӕрмӕст иу къахдзӕф дӕр нӕма ракодта сердӕм, афтӕ йыл дыууӕйӕ ралӕууыдысты къахӕй-къухӕй. Ӕртыккаг та чысыл фалдӕр лӕууы, ӕмӕ йӕ къухы уымӕн дӕр «макаркӕ».

Цыфæнды дæр дзур ахæмтæн! Иуы сæ схойгæ акодта иуварс, иннæйы та фыццаг къахæй сцавта, стæй йын тымбыл къухæй йæ тæккæ ’фсæр ныддæнг ласта. Æмæ лыгъд радта йæ «КАМАЗ»-мæ.

Уырдыгæй рагæпп ласта æд монтировкæ мæцъисгонд æмæ наган.

— Ма фехс, ма фехс! Милицæйы формæ кæуыл уыд, уый фæудаист. — Цæуæм, цæуæм!

— Мах æхца нæ хъæуы, фæтæрсын кæнынмæ уæ хъавыдыстæм, æндæр, — йæ хуыз фæцыд, афтæмæй дзуры иннæ дыууæйæ дæр иу, æмæ уыдон дæр сæ машинæмæ сæхи исынц.

Ныр, ногъайаджы чи надта, уыдонæй та уæдæй нырмæ æндæр ницы хъуысы:

— Æхца, æхца рахæсс, куыдзы фырт!

Айстой сæхи.

Кæм ма уыд кæрон йæ цин, йæ дис æмæ йæ бузныгтæн ногъайаг лæппулæг Ренатæн. Тынг æй фæнадтой, йæ къæхтыл ма тыххæй слæууыд, фæлæ ма йæ уый дæр кæм æндæвта стæй куыд нæ цин кæна, кæд æмæ йе ’хцатæ йæхимæ баззадысты: Доме йын сæ цæуыны размæ, алцæуыл дæр ахуырæй, арф бамбæхста. Æмæ та-иу срæуæг:

— Лæг дæ ды!.. Ме ’фсымæр дæ ды амæй фæстæмæ!

Стъараполы крайы æмæ Дагестаны иу хайы æппæты тæвддæрыл нымад сты Ногъайы быдыртæ. Ис сæ цалдæр хъæуы, сæрдыгон къæвда уаргæ дæр кæм нал фæкæны, ахæмтæ. Æмæ амыты рагæй дæр кæнынц харбызы куыст. Советон рæстæджыты, колхозтæ æмæ ма совхозтæ сæ тæккæ тыхыл куы уыдысты, уæд уыцы куыстыл хæст уыдысты къарецæгтæ. Бынæттон адæм та фосы куыст кодтой, фылдæр фысвосы.

Стæй уыцы цард æрбайхæлд. Æрбайхæлдтой хæдзæрттæ, ныппырх ластой уæтæртæ, хъомдæттæ æд ног скъæттæ 'мæ алыхуызон комплекстæ, дур сæ дурыл нал ныууагътой. Фос та уæй æрбакодтой. Æмæ адæм æгуыстæй аззадысты. Цыдæр зæххы гæппæлтæ сæм æрхауд бирæтæм. Фæлæ сæ ацу æмæ ды бакус уартæ кæмдæр мæрдты бæсты тыгъд быдыры æнæ техникæ æнæ æндæрæй. Æмæ сын сæ æбæрæг чидæр пайда кодта. Уыдон та ног æмæ æдых хæдзарадæй зæххытæ ’лхæнын райдыдтой туджы аргъæй æмæ харбызы куыстыл систы...

Уыдис ын æфсымæр, кæстæр æмæ уарзон. Æмæ, кæд Домейæн

йæхицæй уæлдай æхца æгæр бирæ уарзта æмæ æгæр кадыл мард уыдис, уæддæр ног царды йæ тæккæ бынаты разынд. Фæцис хъæууон хæдзардон институт каст. Зоотехникæй куыста. Бирæ фос дардта хæдзары дæр æмæ-иу базары дæр йæхæдæг балæууыд семæ, нæ зивæг зыдта, нæ уæлдай æфсæрмытæ.

Стæй уæд райдыдта базарцард. Æмæ йæм цыдæр æхцатæ кæм бамбырд уæдмæ, уым дзы ссардта йæ бынат. Акодта ма водкæйы куыст дæр, стæй уæд фæсарæнтæй рог машинæтæ тæрын райдыдта. Æмæ йæм йе 'хцатæ фаг куы фæкастысты, уæд байгом кодта кооператив, зæхх балхæдта дыууæ ран горæты æмæ сыл стыр дуканитæ аразын райдыдта. Мæлæты хорз цыдысты цалдæр азы йæ хъуыддæгтæ. Уæд адæммæ хуымæтæджы фæсарæйнаг бæгæны, тамакотæ æмæ сникерстæ-йедтæ стыр диссаг кастысты, æмæ — куыд æй фæзæгъынц фæрсырдыгæй кæсæг адæм, — æхцайы бын фæцис.

Фæлæ æгæр хæларзæрдæ тыхст хиуæттæ æмæ хæстæджытæ та сын бирæ, æмæ дуне фæлæвæрдта адæмæн хæсы. Стæй æгæр егъау дукани ныззылдта горæты астæу. Æмæ стыр хæсты бацыд йæхæдæг дæр, уæддæр йæ хъуыддаг кодта.

Дуканитæ сарæх сты уæдмæ, къаддæр хауын æм райдыдта. Фæлæ та фæцарæхст.

Стæй...

Иу изæр æй йæ ус ваннæйы мардæй баййæфта.

Æмæ уый фæстæ ацу æмæ ды ныккæс Домейы зæрдæмæ. Цыппар аз рацыд, фæлæ ссудзы ныр дæр ма æмæ нал фæхуыссы йæ масты цæхæр, дымгæйау ыл мысинæгтæ куы радымынц, уæд...

Æфсымæры зианыл афæдзæй чысыл фылдæр рауадаид, афтæ дын йæ кæстæр чызг чындзы цæуынвæнд куы скæнид. Дыууæ хистæры сæрты, æмæ йæ кæм уагъта Доме. Ноджы иуæй, — университет дæр нæма фæцис каст, иннæмæй та йæ курæг лæппу ахуыр дæр никуы скодта æмæ кусгæ дæр никуы кæны. Бирæ ис ныр ахæмтæ: дæ ныййарджыты æккой бад æмæ дæхи амалджын лæг кæн.

Уæддæр атардта чызг йæхи фæнд, кæд йæ мады дæр нæ фæндыд, уæддæр. Æмæ бады ныр сæ хæдзары дæлæ æд сывæллон, ахæм æрратæ кæуыл кодта, уыцы лæппуйы кой скæнын сæ уадзгæ дæр нал кæны. Æцæг æй иу хатт атардта Доме йæ лæгмæ, фæлæ сæм цалдæр боны фæстæ æрхæццæ фæстæмæ.

Бадынц сæ хæдзары йæ хистæр чызджытæ дæр. Куыд тынг

æй фæндыд Домейы, ахуыргæнджытæ сæ рауайа, уый. Фæлæ дын ахæмтæ хæссынц ныр сæ сæрмæ фæсивæд! Ноджы ма сæ мад дæр сæ сæрыл рахæцыд, æмæ сæ «баппæрста» уæд Доме дæр университетмæ, дунейы 'хца сыл ныккалдта. Æмæ ныр уыдон та бизнес-ледитæй агæпп ластой сæ экономисты ахуыримæ, сæкæр æмæ ссад ласынц æмæ уыдон уæй кæнынц, сæ хæдзармæ бацæуын дæр æй нал фæфæнды алы ран амад голджыты тыххæй.

Уый дын йæ бинонты хъуыддæгтæ. Æмæ ма нырмæ кæйдæр æмæ цæйдæрты æфсон кодта уыдæттæ. Кæм кæстæртæн сæхи аххос, кæм сæ мады, кæм царды, кæм уарзондзинады...

Фæлæ ныр та?.. Йæ лæппу афтæ царды кæй фæкалд, уым кæмдæр уыд йæхи аххос дæр. Æмæ йæ уый мардта ныр бынтон Домейы. Нæ йæ бауадздзæн уый ницæй тыххæй ахæстонмæ, судмæ дæр ма йын не 'руадздзæн йæ хъуыддаг, кæд ма истæмæн у, уæд.

Ехх, Сос, Сос!.. Нæ йæ 'мбары, нæ йæм хъары, йæ зондджын фыртыл ахæм рæдыд куыд æрцыд, уый. Нуазгæ кæд бакодтаид, æмæ йæм уымæй дæр йæ зæрдæ никуы 'хсайдта. Æниу, лæппутæ куы баиу вæййынц, уæд...

— Цæй цард у ай?!.

Схæццæ уæдмæ æрдæбоны бæласы бынмæ Доме æмæ йын йæ зæнгмæ баппæрста йæхи, цыма æххуысæнхъæл, уыйау ыл банцой кодта. Фæлæ йын цы йæ бон уыд уымæн дæр, ауон ын цы кодта, æндæр?.. Хæрдмæ фæцыд йæхицæн æмæ сæрдыгон хуры тынтæй йæхи æфсæста дард зымæджы фæстæ, йæ уидæгтæ та хъарм донæй.

Афтæ ма алæууыд иу цасдæр, стæй ныууагъта бæлас йæхи адыл æмæ рафардæг сæ рæстæгмæ цæрæн бынатмæ йæ ирвæзынгæнæг «КАМАЗ»-мæ. Тынг хорз æм куы базылд, æмæ йæ кæд хæццæ кæнид æнæсайдæй сæхимæ, йæ уарзон фыртмæ.

Ныййарджытæй арæх схауы, зæгъгæ, мæ сывæллætты иууылдæр æмхуызон уарзын — цы уæлдай, дам, у лæгæн, йæ къухы 'нгуылдзтæй кæцы срисса, уый... Фæлæ уыдон æрмæст ныхæстæ вæййынц. Никуы бауырндзæн Домейы, фондз нæ, фæлæ дыууæ сывæллонмæ дæр æмхуызон зæрдæ дарæн кæй ис, уый. Сывæллæттæн дæр сæ ныййарджыты иухуызон уарзын куыд нæу сæ бон, афтæ.

Домейæн йæ зæрдæ йæ фондз сывæллонæй æппæты тынгдæр

ссардта йæ хистæр Сослан. Афтæмæй та йын кæстæр, Алан уыд адджындæр... Зын бамбарæн у уый, ноджы зындæр та йæ искæмæн бамбарын кæнын у, фæлæ сæ никæй уарзта уый хуызæн... Æппын кæд ницы, уæддæр ын сæ уымæй æввахсдæр ничи уыд.

Фырт фырт у, æмæ, йæхи куыд фæндыд Домейæн, афтæ хъомыл кодта Сослан. Хорз ахуыр кæна, уый йæ фæндыд, æмæ тынг хорз дæр ахуыр кодта. Æнæниз уа, уый йæ фæндыд, æмæ тынг æнæниз дæр хаста. Дæс азы йыл куы сæххæст æмæ хорз куы ахуыр кодта, уæд ын загъта, æнæ спортæй дзы кæй ницы рауайдзæн, æмæ йæ бафарста, кæдæм æй фæнды, уымæй. Футболмæ йын загъта, æмæ йæ горæты футболы хуыздæр секцитæй иумæ радта. Фæлæ, кæд йæхæдæг дæр футбол бирæ уарзта, уæддæр æй спорты æндæр хуыз равзара, уый фæндыд, иунæгæй кæм вæййы лæг æмæ йæхæдæг кæм сахуыр вæййы йæ хъарутæ æмæ йæ зонд, йæ ныфсæй пайда кæнын, ахæм. Æмæ йын зæгъгæ дæр ницы кодта, афтæмæй дыууæ азы фæстæ фыццаг боксы секцимæ рацыд, стæй та уæд каратейы. Æмæ уым баззад, цалынмæ скъола нæ фæцис каст, уæдмæ.

Фæлæ дзы спортсмен рауайа, уый йæ нæ фæндыд. Æмæ дзы нæ рауад, кæд ын цалдæр ерысы рамбулын бантыст, уæддæр. Йæхицæй фæбæрзонддæр уæдмæ, тых æм уыд, йæ сæр сæрмæ хаста — æмæ уал уый дæр фаг.

Уæзданæй та уæздан уыд, æмбаргæ, хиуылхæст æмæ уæзбын. Æмæ йæм стыр диссаг каст Домемæ, царды йæхицæн цы фæндаг равзардзæн, уый. Ам дæр æй йæхи бар бауагъта, кæд æй, дзæбæх дохтыр дзы рауайа, уымæй тынгдæр ницы фæндыд, уæддæр. Афтæмæй та йæхæдæг иу бон дæр ницы хуызы бакуыстаид дохтырæй. Фæлæ йæ бар йæхи, куы ма ис зæрдæзæгъгæ æндæр куыстытæ дæр.

Æрмæст мын экономикон факультеты кой ма скæн, — загъта йын, фыццаг хатт сæм ахæм ныхас куы рауад, уæд. Æмæ йын ахæм мæгуырхуыз уыд, æвæццæгæн, уыцы рæстæджы, æмæ ма Сос йæ худын дæр нæ баурæдта.

Æмæ мæ кæд юрист суæвын фæнды, уæд та? — бафарста йæ стæй.

— Фæуæд юрист дæр, æрмæст дæ ахуыр фæхуыздæр кæн. Æмæ йæ зон, мæ фæстаг хæлаф дæр ауæй кæндзынæн, фæлæ ды хъуамæ ахуыр кæнай. Фæлæ бæстон ахъуыды кæн, куыннæ фæрæдийай, афтæ. Мæн, мединститутмæ куы бацæуис, уый фæнды...

— Нæ, мединституты кой мын ма кæнут. Нæй мæ туджы уый.

«Мæ туджы куыд нæй, афтæ,» — ахъуыды кодта Доме, стæй ма йæ афарста:

— Кæддæр та дæ журналист суæвын куы фæндыд?..

— Чи зоны... Хъуыды кæндзыстæм.

Æмæ йæм мæлæты хорз фæкаст Домемæ уыцы «хъуыды кæндзыстæм».

Нал аивта йæ фæнд лæппу, æмæ фарон ссис Университеты юридикон факультеты студент. Нæдæр æй йæ хæлаф уæй кæнын бахъуыд, нæдæр йæ «КАМАЗ» Домейы, афтæмæй. Æцæг æхцайыл фæтыхст. Æмæ уæд æрбауæй кодта сæ зæрондгомау «шестеркæ», дæс æмæ ссæдз мины та йæ фыдыфсымæры лæппу Русланæй райста.

Стыр бæллæх у нæ рæстæджы хæстæ дарын.

Æмбаргæ лæппу хаста Сослан, æндæвта йæ йæ фыды мæт. Æмæ дын ын уалдзæджы тæккæ райдайæны афтæ:

— Уæд та харбызы куыст акæнин ацы сæрд?.. Ме 'мбалы фыд иу цалдæр аз кæны уыцы куыст Стъараполы крайы, æмæ, дам, дзæбæх æхцатæ бакусы...

— Æмæ дæ ахуыр та?

— Фæлварæнтæ раздæр ратдзынæн!

Ныццæхгæр лæппу ууыл. Æмæ уæд Домейæн йæ зæрдыл æрбалæууыд йæ хорз зонгæ Ренат. Уый уæдмæ харбызы куыст ныууагъта, балхæдта «Газель», дукани байгом кодта сæхи хъæуы æмæ уый фæрцы дардта йæ бинонты. О, æмæ йæм цалдæр азы фæкаст Доме йæ харбыз фæласын æмæ ауæй кæнынмæ, æмæ афтæмæй фердхорд сты. Æмæ йæм ныр кæд фæкæсид йæ фыртæн зæххытæ райсынмæ дæр æмæ сын йе 'мбæлттимæ цæрæнбынат ссарынмæ дæр. Æмæ иуахæмы йæ фæндаг Ренаты хъæуыл ракодта. Ссардта йæ æмæ йын хъуыддаг бамбарын кодта. Æндæр хъæуы, Ренат кæм цард, уымæй ссæдз километры дарддæр бафтыд сæ къухы фондз гектар райсын. Стæй йын фидарæй загъта, зæгъгæ, фæкæсæг дæр уыдзæн лæппутæм, æмæ сын цæрæнбынат дæр ссардзæн се 'рцыдмæ.

Æмæ æцæг капеччытыл æрцæрын кодта Ренат Сосланы йе 'мбæлттимæ йæ дард хæстæджытæм. Кусын райдыдтой.

Æмæ ныр ахæм хабар Сосланæй.

«Нæ йæ хъуыд уадзын», — зæгъгæ ма хордта йæхи, фæлæ — байрæджы.

— Исты ’взæр хабар, Доме? — фембæрста хъуыддаг Мурат, куыддæр æй ауыдта, афтæ. Фæлæ йæ фæнд аивта уый уæдмæ, нæ йын бамбарын кодта хъуыддаг кæронмæ, уый ма та цы мæтаг кæнон уæлдай хатт, зæгъгæ.

— Бинонты цард дæхæдæг зоныс, Мурат: куы сын цы нæ фаг кæны, куы цы, куы сыл цы ’рцæуы. Мæ лæппу æнæнхъæлæджы фæрынчын. Æмæ ныр дæр де ’фсæрмæй, æндæр афонмæ дæр ахæцыдаин нæхимæ.

— Райсом цæудзыстæм, Доме.

Æрталынг уæдмæ, æмæ йæм иу афон, йæ машинæйы куыд бадт, афтæ йæхи æрбайста, кæимæ ардхорд уый размæ, ахæм лæг — Валодя. Бæгæныйы тасаг дынджыр авг йæ къухты. Бар дзы ракуырдта æмæ схызт уæлæмæ, йæ фарсмæ æрбадт. Шофыр лæг уыд уый дæр, æмæ-иу ссардтой, цæуыл аныхæстæ кæной, уый. Стæй æнæуый дæр дзæбæх адæймаг уыд, æмбаргæ, æмæ-иу ын æхсызгон уыд йæ уынд.

— Куыд сты уæ хъуыддæгтæ? — бафарста йæ Валодя.

— Ницы сын у... Дæхимæ фен.

— Афтæ, цæрæм — æмæ уый дæр хорз.

— Пенсимæ ма дæ бирæ хъæуы?

— Дыууæ азы. Æмæ ма сæ кæд исты амалæй фæцæрин.

— Фæцæрдзынæ сæ.

— Æз дæр афтæ хъуыды кæнын. Фæлæ цы ис уым дæр хорзæй?.. Капеччытæ исдзынæн, æмæ мын цардыуаджы хæрдзты фаг дæр нæ кæндзысты. Алы бон дæр хизынц уæлæмæ, адæм сæ сæ сæрæн нал сты. Цыдæр капеччытæ бафтауынц пенсимæ. Æмæ, цалынмæ сæ кой фæкæнынц, уæдмæ æргътæ та дыууæ хатты фæфылдæр вæййынц. Цæй, истытæ кæндзыстæм. Мæнæ уал фæйнæ бæгæныйы бануазæм.

— Мæнæн нуазæн нæй, цæуын мæ хъæуы райсом, дæхицæн хæлар, — загъта йын Доме æмæ йын агуывзæ æрæвæрдта йæ разы.

— Иу бæгæны уæддæр бануаз мемæ, ницы дын уыдзæн уымæй, Уæлдайдæр ардыгæй райсоммæ, загъта Валодя.

— Нæ, нæ...

Уæдæ æз дæр агуывзæйæ цы кæнын, зæгъгæ, авджы раст æмбис йæ хъуырæй банызта. Стæй чысылгай хуыпп кодта. Æмæ йын цардæй хъаст кæныныл схæцыд. Нуæзтджын адæймагмæ хъусын зын у тынг, уæлдайдæр та, дæхимæ дзы куынæ хæццæ кæна, уæд. Æмæ дзы тыхсын райдыдта иу афон Доме. Уæддæр

ын быхста æфсæрмæй, хуыссæг æм æмгæрæтты кæм нæ цыд, уым.

Иу афон ын дзуттæгты кой кæнын райдыдта Валодя.

— Уыдон иууылдæр дзуттæгты хъуыддæгтæ сты, — загъта. — Уыдонæй цæуынц æппæт бæллæхтæ дæр зæххы цъарыл!

— Дзуттæгтæ ома куыд аххосджын сты? — нæ йæм фæлæуу-уыд ныр Доме дæр, кæд æй йæхæдæг дæр зыдта, стыр æхцатæ кæм уа, уым дзуттаджы фындз кæй рахъил уыдзæн фыццаг, уый, уæддæр.

— Дзуттæгтæ змæнтынц адæмы цæрæнбонты. Уыдон ахæм бæллæхы адæм сты, æмæ... Цæгъдын та сæ хъæуы, æндæр хос сын нæй!

Фæлæ йæ æгæр хорз дæр ма зыдта Доме, уымæй куы уæн-дид Валодя, кæнæ йæ рагон æрдхæрдты ’хсæн куы уаид, уæд ма «сауты» дæр кæй кæниккой аххосджын сæ бæллæхты. Æмæ та йæ фырты увæрæй йæ зæрдæ ауынгæг, стæй йæ маст скуыста, æмæ афтæ зæгъы:

— Дзуттæгтæ æхцайыл мард сты рагæй дæр. Уый алчидæр зоны. Æмæ уым хорзæй ницы ис. Фæлæ дын цы зæгъдзынæн, уый зоныс?.. Æмæ уæ цы тылдта сымах, стыр Уæрæсейы адæ-мы, цæмæн бауагътат уæхи сайын?..

Чи дыл цыд тыхæй дæуыл, зæгъæм, коммунистты ныхмæ куы цыдтæ хъæлæс кæнынмæ, уæд?..

Кæд хъæлæс кодтон сæ ныхмæ!.. Никуы хъæлæс кодтон æз Ельциныл!.. Æмæ мæ бауадз ныр, уæд æй ныртæккæ дæр багæ-рах кæнин. Æмæ уый хуызætты иууылдæр. Фæлæ фыццаджы дæр Горбачевы, уый сцагъта бæстæ иууылдæр фаджысæй, — фæцырд лæг. Фæлæ тагъд æруазал, æмæ йæ уыдта Доме, кæмдæр ын рæстытæ кæй дзурынц, уый йæм кæй хъары.

Абадт ма иуцасдæр, стæй йын Валодя хæрзбон загъта æмæ айста йæхи.

Доме нæ бафынæй рæстмæ уыцы ’хсæв. Бонæй, цалынмæ Мурат фæйнæг æвгæдта, уæдмæ абанайы фæнадта йæхи уазал-гомау донæй. Стæй, куыддæр фæйнæг æвгæд фесты, æмæ йæ гæххæттытæ барæвдз кодта, афтæ рахæцыдысты.

Йæ хъуыдытæ Сылапиме уыдысты. Газеттæ кæсын бирæ уарзы рагæй дæр Доме. Æмæ-иу ын дуне газеттæ балхæдта Сослан йе ’рцыдмæ. Æртæ чызджы йын уыд уымæй хистæртæ, фæлæ сæ иуы сæр дæр никуы ’рцахста ахæм хъуыддаг. Хæдзармæ кæй истой,

уыдон дæр ма-иу цыдæр æрбаисты йæ ныццыдмæ. Футбол бирæ уарзынц сæ дыууæ дæр, æмæ-иу ын æнæмæнгæй балхæдта бирæсыфджын газет «Футбол» дæр. Рауадзынц ын уæлæмхасæн номыр дæр исты зындгонд клубы тыххæй. Ай размæ куы ныццыд сæхимæ, уæд дæр та йæ сынтæджы раз рудзынджы тæрхæгыл иннæ газетты 'хсæн уыд, йæ уарзон клуб «Интер»-ы тыххæй æрмæджытимæ.

Фæзынд уæдмæ Сос дæр университетæй æмæ йæм суад уæлæмæ дыккаг уæладзыгмæ. Сæ кæрæдзийы къухтæ райстой, стæй æрбадтысты.

— Куыд сты дæ хъуыддæгтæ, Сос?

— Афтæ... Æвзæр дæр не сты. Фæлæ бакастæ «Интер»-ы тыххæй?

— Бакастæн. Уый итайлаг футбол у!

— Ныр та французæгтæ сты раззæгтæ. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, бразилийæгтæ.

— Æцæг дæр.

— Æмæ зæххыл æппæты хуыздæр та чи хъазыд?

— Пеле, кæй зæгъын æй хъæуы.

— Æмæ Софи Лоренæй хуыздæр артисткæ дæр никуы уыд, нæ?

— Софи Лорен канд, æмбал кæмæн нæй, ахæм артисткæ нæу, фæлæ ма у æппæты хуыздæр сылгоймаг дæр. Æмæ, Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ уый куы амæла мæ разæй, уæд мæнæй дæр цыдæр амæлдзæн.

— Уарзгæ йæ ма кæнай?..

— О. Вæййы ахæм уарзондзинад дæр.

Ахæм ныхас. Æмæ хæйрæг йæ зонæг, фæстаг ныхæстæ дзы цæмæн схаудысты, уымæн. Фæлæ йæ уарзон фыртимæ ныхас кодта æмæ...

Ехх, ныр æй фен! Фæлæ...

Срæхуыста йæ зæрдæ. Баздæхт йæ фæндаггон æмбалмæ:

— Стыр амондджын дæ, Мурат, дæ сывæллæттæ нырма гыццылтæ кæй сты, уымæй. И?

— Цы сæ уæлдай ис?.. Куыддæр æй куы фæзæгъынц... О, гыццыл сывæллæттæ, дам, гыццыл бæллæх, стыр сывæллæттæ та — стыр бæллæх. Дарын сæ хъæуы сæ дыууæты дæр. Фæлæ æнæ бинонтæй, æнæ цотæй дæр лæджы цард циу?

— Кæддæр-иу гыццылæй афтæ бакодтам, зæгъгæ, «гакки, гукки — гæлæбу, дукки, дакки — чъырттым цъиу». Афтæ куыддæр у адæймаджы цард дæр.

Мæлæты хорз фæкастысты Муратмæ уыцы ныхæстæ. Æмæ та-иу рæстæгæй-рæстæгмæ афтæ бакодта:

— Цы у цард, зæгъыс, Доме?.. «Гакки, гукки — гæлæбу, дакки, дукки — чъырттым цъиу?» Уæллæй, цыдæр ис дæ ныхæсты растæй...

Лыстæг къæвда уарын райдыдта, сæхимæ куыд æввахсдæр кæнынц, афтæ тынгæй-тынгдæр тыхсы йæхи мидæг: куыд у, цы хабар хъусдзæн йæ фыртæй?.. Афонмæ сæм йæ дыууæ 'мбалы ныййарджытæ уыдысты, æмæ, уæд та, цы нæ вæййы. Чи зоны, сæхимæ дæр ма ис Сослан афонмæ... Уæвгæ, уый йæ нæ уырны. Цæй æхцатæ сæм ис, стæй зын у ахæм рæстæджы милицæимæ дзурын. Арæхсын дæр ма дзы фæхъæуы, æхца дæм куы уа, уæддæр. Нæ йæ уырны, фыццаг цæф та дзы йæхиуыл ма 'рцæуа, уый дæр. Милицæ-фæндаггæгтæ сæ фæурæдтой. Мурат сæм ахызт. Уартæ сын мæсты ныхас дæр ма бацайдагъ. Гаийы кусджытæй иу дæр æддæмæ нæ рахызт уарынмæ. Ныр сæ иу æд автомат рагæпп ласта æмæ цыдæр æртхъирæнтæ кæны. Мурат дæр æм ныллæууыд, æмæ сæм рахызт уæд Доме дæр, фæраст сæм.

— Кæс ма ды адонмæ, куыдз дæр сæм нæ фæлæудзæн!.. Нæ цæсгом зонынц, нæ иу, нæ иннæ! — хыл кæны Мурат, афтæмæй сæ фæуагъта. Фæлæ йæ гæххæттытæ райсгæ дæр нæ федта Доме æмæ йæ фæрсы:

— Цы у, дæ гæххæттытæ цæмæннæ райстай?

— Нал мæ хъæуы ницы! — хуымæтæджы фыхт нæ ракодта уый. — Сбад ма машинæйы.

Ахæм рæстæджы та дзы лæджы йæ рохтыл фæхæцын хъæуы, стæй дзы тагъд кæнын дæр нæ фæхъæуы. Уавæр дæр бамбарын хъуыд хуыздæр, æмæ раздæхт Доме дæр фæстæмæ, схызтысты сæ бынæттæм.

— Куыдзы фырттæ! — нæ сабыр кæны Мурат. — Рабадтысты машинæты æмæ сæ мады кас хæрынц. Æз та къæвдамæ лæууын!

— Тыхсгæ дæр ма ма кæн. Ахæмтæ мах бирæ федтам, — бакодта Доме. Æмæ æнхъæлмæ кæсы, лæг кæд æрсабыр уыдзæн, уымæ. Лæг ма кæрдзынæй дæр тыхсы фæлладæй, дард фæндагыл та уыйбæрц свæййынц гаийы кусджытæ, æмæ лæг æндæр уынгæ дæр ницыуал фæкæны, йæ уды удхæссæг дæр ма сæ суыны. Кæд ма уыдæттæ не 'мбæрста Доме!

— Цæуон сæм æз, — загъта иу афон.

— Нæ сæм хъæуы цæуын. Абадæм ма иу гыццыл, стæй ахæц размæ. Постмæ сæ ласдзысты сæхæдæг гæххæттытæ.

— Нæ сæ раласдзысты. Расурдзысты нæ æмæ сызмæнтдзысты хъуыддаг бынтондæр. Милицæйы хайадмæ нæ тæрдзысты фæстæмæ.

— Æмæ нын цы кæндзысты уым дæр?.. Асламдæрæй дæр ма раирвæздзыстæм.

— Æмæ артаджы хæрдзтæ та?.. Стæй сæм цъус ис ахæмтæ: æндæр искæй нын рарвитдзысты нæ размæ.

Иу цасдæр ма куы абадтысты æнæ сныхасæй, уæд сæм Доме йæхæдæг фæцæуæг.

— Уе 'хсæвтæ хорз, лæппутæ! — бадзырдта мидæгæй чи рабадт, уыдонмæ, сæ машинæйы дуар сын бакæнгæйæ. — Цы хабар у?.. Хыл кæнын нæ хъæуы. Сымахæн дæр уæ куыст ахæм у, æмæ махæн дæр. Æндæр ацафон лæг хъуамæ йæ хъарм хуыссæны хуыссид йæ сылгоймаджы фарсмæ.

— Æмæ мах уымæ бирæ нал хъæуы. Фæлæ сымах ныртæккæ мæнæ нæ машинæйы фæдыл хайады смидæг уыдзыстут, æмæ, де 'мбал ахæм зондджын кæм у, уым фендзыстут, цы дзы рауайдзæн, уый, — радзырдта йæм æввахсдæр бадæг.

— Мах хайады ницы хъуыддаг ис. Кæрæдзи 'мбарын хъæуы. Лæппуйæн 'хца нал фаг кæны, стæй йæ фырт рынчын у, æмæ йæхицæн бынат дæр нал ары, æндæр йæ хъуыддаг хорз зоны. Йæ гæххæттытæ дæр раст вæййынц кæддæриддæр æмæ чъынды дæр нæу...

— Мах нæ уынæм уый. Чъынды лæг та дыууæ хатт фæфиды...

Доме сын сæ машинæйы дуар бахгæдта æмæ фæстæмæ рацыд: уынæнт æй, кæй сæ ницæмæй тæрсынц æмæ тагъд дæр кæй никуыдæм кæнынц, уый.

Абадтысты ма афтæ дыууæтæ дæр сæ машинæты иу дæс минуты бæрц. Æмæ сæ уыцы рæстæджы исчи Домейы зæрдæмæ куы ныккастаид: ныддаргъ ыл сты дæс сахатау. Фæлæ та мæнæ 'рхызт йæ бынатæй зæхмæ æмæ сындæггай байста йæхи, машинæйы æнæмæтæй чи бадт, уыдонмæ. Дзурын дæр æм нал цыд семæ, афтæмæй та сын сæ машинæйы дуар бакодта æмæ сæм цы 'мбæлд, уый бадаргъ кодта талынджы. Фæлæ уыдон ныр рухс ссыгътой æмæ 'хцатæм æркастысты, æмæ ма сæм уæд Доме фондз туман уæлдай дæр бафтыдта, цæмæй мауал сызмæнтой.

— Гæххæттытæ ралæвæрдтой æмæ сæхиуыл дуар ахгæдтой.

Мурат ныхъхъус мæстыйæ. Æмæ уæд йæхæдæг схæцыд ныхæстæ кæнынæл хуыздæрæн:

— Уый æмæ дын раздæр! Уæд ахæм зыд нæма уыдысты, уæд ма

сæм цыдæр уыд адæймагæй. Æрбацæудзæн дæ размæ, æмæ йæм спичкæйы къоппы æртæ сомы авæр, кæнæ фондз, рейсмæ гæсгæ. Ныр тæрсгæ дæр ницæмæй уал кæнынц, æфсис нал зонынц.

— Æмæ кæмæй тæрсой? — рафыхт та Мураты маст. — Халон халоны цæст нæ къахы! Цард æркодта æмæ ахæм куыйтæн. Мафийæ фыддæр сты. Стæй ахæм фыдгæнджыты къорд нæй, æвæццæгæн, æмæ милицæйы кусджытæй ма у се 'хсæн. Нæ сын фæхъусыс сæ хабæрттæм?

— Фæхъусын æмæ фæкæсын. Фæлæ нæ хъуыстай æрæджы уæллæгтæм?.. Тагъд уыдæттæн кæрон скæндзысты, бадæтдзысты сæм дзы ныр!

Ноджы фыддæр фæуыдзысты æмæ мæнгарддæр! Уыдон иууылдæр ныхæстæ сты. Фылдæр дæр ма сæм райдайдзæн хауын, бахъуыды мын кæн мæ ныхæстæ! Уый бæсты сæ фæндæгтæй куы айсиккой бынтондæр. Цы пайда сæ ис? Кусын нæ уадзынц адæмы, сæрра сæ кодтой, сæхæдæг иномаркæтыл ратæх-батæх кæнынц мæлæты лæгтау. Стæй дзы ахæмтæ вæййы, æмæ лæгæн бинонтæ даринаг нæй, зæгъгæ, уæд сыл лæг марынæй дæр нæ бацауæрдид.

— Марæн дæр сын нæй, стæй сын фæндæгтæй исæн дæр нæй, — загъта Доме, кæд сæ йæхи маст фылдæр уыд, уæддæр. — Уæд бынтон сæфт.

Алкæмæн дæр йæхи хъысмæт ис а зæххыл. Адæймаг æмæ йæхи хуызæн сконд бирæгъ, рувас, калм хурæй цæрынц, уый бын райгуырдысты, кæд сыл не 'ххæссы 'мæ сæ йæ сæр дæр ма бамбæхсы 'хсæв, уæддæр. Уыдонæн, хæхтæн та се знаг у хур, скъуыдтæ кæнынц, пырх сæ айнæг фæрстæ йæ тæвд тынтæм. Фæлæ йæм 'ввхасдæр сты æмæ зонынц быхсын æмæ барын се знагæн. Лæууынц сæхицæн æдзæмæй, хъусæй.

Æрмæст райсомæй раджы куы сыстай æмæ сæм куы скæсай, уæд сæ æнæмæнг фехъусдзынæ, сæр дыл куы уа, уæд:

— Чи иу ран лæууы æмæ æнæ уæлдай бæр-бæрæй быхсы йæ хъысмæтæн, чи та йæ хъæры бын бæстæ скодта, афтæмæй дыууæрдæм кæны. Дæхæдæг равзæрстай фæстаг хъысмæт, адæймаг, æмæ, уæдæ, рафт-бафт кæн!.. Мах уал алæудзыстæм.

Дæлæ уый та Терк фæндаджы иуварс бынæй. Æмæ уымæн дæр йæхи цард ис, йæхи хæстæ æмæ нысан. Æрмæст, кæд ахъуырхъуыр кæнын дæр зоны æмæ ахыл кæнын дæр, уæддæр дыууæрдæмтæ кæнын нæ уарзы. Нæ йæ раздахдзынæ фæстæмæ. Хæссы йæ тагъд дон денджызмæ æмæ уым æрсабыр уыдзæн.

Йæ былгæрон схъомыл Доме Теркæн. Æмæ йыл цал хатты аленк кодта иннæрдæм, цал хатты йыл æрталынг уым хъазгæ-худгæ æмæ æдылы, фыдуаг митæгæнгæ. Ныр дзы лæг фæлладæй ныххауд, зæгъгæ, уæд æй дуртыл фæхоид, фæласид æй. Æмæ æвзæр нæ уаид Терчы хъæбысы ссарын мæлæт... Фæзынд ма йæм-иу уый размæ дæр ахæм хъуыдытæ, фæлæ йæхи хæстæ куы ис уымæн дæр, Домейæн дæр йæ царды, æмæ сæ куыд фæлидза тæппудæй.

* * *

Сæхимæ куы ныххæццæ сты, уæд Доме кæртмæ Мураты разæй фæцис. Рауад уæдмæ йæ размæ йæ бинойнаг, æмæ йын Доме къухæй бамбарын кодта, зæгъгæ, нæ зоны Мурат Сосланы хабар, æмæ уæ дзыхтыл хæцут. Фæлæ Мурат мидæмæ нæ бакуымдта:

— Мæнмæ хæдзары æнхъæлмæ кæсынц.

— Дæ фæйнæджытæм дæ зæрдæ ма ’хсайæд. Æрмæст, райсом æз ам куынæ уон, уæд иу дæхæдæг истытæ кæн. Машинæйæн йæ дæгъæлтæ дæр æмæ йæ гæххæттытæ дæр ам уыдзысты, æмæ дæм чи фæкæса, уый дæр дзы разындзæн.

— Хорз, хорз. Истытæ кæндзыстæм ныр. Цæй, фенынмæ уал, — бахудт æм Мурат æмæ фæцæуæг.

Йæ бинойнаг ын хабæрттæ дзурынмæ фæцис уайтагъд:

— Знон нæм Геор уыд, Ирбеджы фыд, æмæ ма уыдон æвдакат дæр баххуырстой ногъайаджы фыдимæ.

— Цавæр æвдакат у уый? — рамæсты Доме. — Æмæ уæд хъуыддаг тæрхондонмæ цæуы, уый сæ сæр нæ ахсы?! Стæй ногъайаджы фыд та кæй хонут?

Куыд рабæрæг, афтæмæй Сослан æмæ йе ’мбæлттæй иу, Ирбег, се ’ртыккаг æмбал Артуримæ не ’рцыдысты ахст, фæлæ цавæрдæр ногъайаг лæппуимæ. Уый дæр кодта харбызы куыст.

— Æмæ Светлокумсчы та цы арæзтой, цæуыл тох кодтой милицæимæ?

— Чи сын цы зоны... Æвдисгæ дæр сын сæ нæ ракодтой Георитæн. Цыма лæг амардтой, уыйау сæ стыр фыдгæнджытыл нымайынц, — загъта йæ бинойнаг Домейæн. Цайдан æрæвæрдта фынгыл æмæ æрбадт йæхæдæг дæр.

— Стыр æхцатæ агурдзысты ныр, уыдонæн сæ къухты бахау, æндæр — чи сын нæ зоны сæ хъуыддæгтæ! Цæуын хъæуы йæхи! Доме æнæхъæн сахаты бæрц бафæстиат йæхи найгæйæ — фæсвæндаг уымæй хуыздæр цы уа!

— Цæуыл худыс? — афарста йæ йæ бинойнаг Азæ, фынджы уæлхъус æхсæвæр кæнынмæ куы ’рбадтысты, уæд.

— Мæнæ цардыл хъуыдытæ кодтон, ваннæйы хуысгæйæ, адæм куыд аивтой, уыдæттыл. Æмæ мæ зæрдыл æрбалæууыд, иухатт мæ мидæг советон адæймаджы куыд мардтон, уый.

— А-а-а, — бакодта сылгоймаг æмæ уый дæр йæ мидбылты бахудт кæдæй-уæдæй.

Хъуыддаг та рауад афтæ. Доме кæмæйдæр æхца афоныл нæ райста, æмæ-иу æй кæд хъуыдысты, уæддæр æм æфсæрмы кодта æри зæгъын. Стæй фæцыд лæгмæ æмæ сæ райста, цалдæр бон æм фæдфæдыл фæхатыны фæстæ.

Æмæ дын æй уый фæстæ Азæ кæсæны раз куы баййафид мæстыйæ. Лæууы Доме æмæ йæхимæ кæсы кæсæнмæ, стæй та рахиз тымбыл къухæй галиуы арм æрцæвы, бацæвы йæ размæвæрд роцъо дæр.

— Цы ми кæныс уый? — кæсгæйæ йæм аззад сылгоймаг.

Доме йын афтæ:

— Мæнæ мæ мидæг советон адæймаджы марын.

— Тынг раст ын кæныс: хъыгдарыны хос йеддæмæ ницы у уый нæ рæстæджы.

Фæлæ кæуылты зын куыст у уый бирæтæн — дæ цæсгом бахæр. Æрмæст — бирæтæн та тынг дзæбæхдæр æнтыст. Æмæ-иу æм стыр диссаг каст уый.

Ныр ницæуылуал дис кæны.

— Зоныс, куыд зын у æнæ Сосæй? — афарста йæ бинойнаг, йæ къæбæр йæ хъуыры нæ быры, афтæмæй.

— Охх, па!.. Уый, уый... Нæ зонын... Æхсæв бонмæ фынæй нæ кæнæм, — фæцырд йæ чызджыты кæстæр.

— Зонын æй, зонын. Мæнæ ам дæр æвзæр у, — йæ зæрдæмæ бацамыдта Доме. — Фæлæ фынæй кæнын дæр хъæуы æмæ цæрын дæр. Бахауы æвзæрдæр уавæрты дæр лæг.

— Цы ма уа уымæй æвзæрдæр: дæ хъæбул ахæстоны бадæд!..

Абадт ма иу цасдæр фæсхæрд Доме бинонты ’хсæн, фæлæ уыдоны сæ Сосланы мæт йедтæмæ ницы уыд.

— Нæ хæдзар дæр ауæй кæндзыстæм, фæлæ нæ лæппуйы хъуамæ ссыгъдæг кæнæм, — ныр та къустæ ’хсыныл фæкодта сылгоймаг йæхи, фæлæ йын уыдоны хъæр дæр нæ бынæй кæны йæ фындзы сыллыппытæ.

— Ницы ссардтай? — афарста йæ Доме.

— Кæм, Доме?.. Æхцайы кой скæн адæмæн, æмæ сæ амардтай.

Бирæ фæрафт-бафт кодта йæ сынтæджы, стæй иу афон афынæй. Хорз, æмæ хъал афоныл рацис. Фестад йæ фæдыл йæ бинойнаг дæр.

— Цы скæндзынæ дæ уæлæ? — бафарста йæ.

— Мæ дзæбæх костюм. Æмæ галстук дæр бабæтдзынæн, — загъта. — Къурткæйы уарзта цæуын, бæргæ, фæлæ зæрондгомау уыд йæ рогдæр къурткæ æгæр, стæй йæм афтæ хуыздæр фæкаст. Уæдæ йыл фидаугæ дæр кæны, йæ чызджыты загъдау, министры хуызæн дзы свæййы костюмы.

Йæ кæстæр фырт Алан хуысгæ дæр нæ бакодта, телевизоры ныхмæ диваныл афынæй æд дзаумæттæ. Æмæ хъавгæ бакодта Доме ваннæйы дуар, фæлæ фехъал лæппу уæддæр æмæ фестад.

— Афон у, па?

— Ахуысс ма, раджы у нырма, æз дæ райхъал кæндзынæн, — загъта йын. Фæлæ уый йе уæнгтæ аивæзтытæ кодта, стæй телевизор скусын кодта.

Нæ уарзта тагъд кæнын фæндаджы размæ, æмæ ныр дæр, рагацау кæм сыстад, уым йæхи булкъдаст æркодта æмæ æнæхъæн цасдæр та йæ сæр фæфаста. Раздæры хуызæн бæзджын ма кæм у йæ сæрыхъуын, фæлæ лæгуын дæр нæма кæны йæ сæр, æмæ афтæмæй уарзы — бæстон фастæй. Иугай урсытæ дзы кæй сарæх сты, уый та... Афон дæр сын у.

«Азтæ сæхиуон исынц. Æмæ царды мæт», ахъуыды кодта. Аланы иувæрсты куы фæцæйхызт йæ дзаумæттæ кæнынмæ, уæд æй йæ уæхскæй бакъуырдта хъазгæйæ. Стæй йæм фæстæмæ радзырдта:

— Тыхсгæ ма мын ма кæн! Æрмæст ахуыр кæн хорз.

Йæ усы цæстытæ доны зылдæй куы ауыдта, уæд ын хъыг уыд уый куыддæр.

— Дæ цæссыгтæ ма дæхимæ дар! Фæндагыл цæуын...

— Фæйнæ цайы ацымут, — загъта Азæ, фынг авæрдта уæдмæ.

— Цал хатты дын загътон: ма мын хæрын кæн зетийыл конд хæринаг, уæлдайдæр та хъайла, зæгъгæ, — рамæсты Доме æнæнхъæлæджы, тæвд хъайлайы тæф йæ фындзыл куы ауад, уæд.

— Омæ уым холестерин къаддæр ис! — фæкодта Алан.

— Уыдон иууылдæр сты рекламæйы митæ æмæ сайæн ныхæстæ. Мингай азтæ цæрынц адæм, æмæ ахæм цыдæртæ никуы зыдтой. Мæнæн мæ фыды раз, æмæ мæ фыдыфыды раз

дæр, стæй уый фыды раз дæр æвæрдтой нæлхæ æмæ царвыл конд хæринаг. Æмæ дæс хатты æнæниздæр уыдысты ныры хехынатæй. Тынг дзæбæх дæр сын тадысты æмæ сын тых дæр сæ фаг лæвæрдтой. Сахуыр сыл сты сæ ахсæнтæ æнусæй æнусмæ. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ махæн дæр хъуамæ тайой. Сæ пайдайы кой кæнгæ дæр нæ кæнын. Канд туг нæ хæссы лæг йæ фыдæлтæй, фæлæ ма сконд дæр. Уыимæ ахсæны сконд дæр. Æмæ мæнæн дæр мæ разы мæ фыд æмæ дæ фыд, уыдоны ныййарджытæ цы хордтой, уый æвæрут! Бирæ куынæ у уый.

Ахæм лекци. Æмæ йæ куы слæхурдта, уæд йæхæдæг дæр хорзау нал фæци. Никуы уыди хæринагыл дзураг, йæ разы йын цы ’вæрдтой, уый хордта, исты ма ’рбаймысæд æмæ йæ ма скæнын кæнæд, æндæр. Фæлæ Алан дæр афтæ:

— Омæ зетийæ дæр никуы ничи амард! Стæй нæ фæтчы хыл кæнын фæндаджы размæ.

— Æмæ æмбары уыдæттæ, — радзырдта йæ мад дæр ныллæг, тæргай хъæлæсæй.

— Æмбарын æз алцыдæр, мæ зынæргътæ. Фæлæ тыхсын мæхи мидæг, æмæ мæн дæр æмбарын хъæуы. Стæй йæ мады дæр никæмæн ралгъыстон. Сымах цæмæннæ цымут фæйнæ цайы?

— Раджы у нырма. Стæй мах ам уыдзыстæм, ды та фæндагыл цæуыс.

— Ницы дæ ферох? — бафарста Азæ.

— Цы мæ хъуамæ ферох уа?.. Мæ сæр у — æмæ мыл уæз кæны Хуыцауы фæрцы. Ме ’взаг дæр, уæдæ, йæ бынаты ис: дæхæдæг æм хъуыстай. Фæлæ ма дзы иу æркæн мæнæн, æмæ ахæцыдтæн æз.

Азæ æрбадт уæдмæ йæ акомкоммæ æмæ йæм æдзынæг фæкаст, фæкаст, стæй афтæ:

— Нæ фырт махæй зондджындæр у, и?

— О, зондджын сты уыдон, сæ зонд сæ сæрты мидæг цæугæ дæр нал кæны. Иутæ та дзы уæлæ дыккаг уæладзыджы хуыссынц — нæ зæд чызджытæ... — уыдон дæу сты, мæ хур, æмæ уæ бар уæхи. Мæ фырттæн æз истытæ кæндзынæн. Сæйрагдæр, нæ цæсгæмттæ нæхицæн хъуамæ уой сыгъдæг. Адæмы раз дæр, нæ сывæллæтты раз дæр æмæ нæхи раз дæр. Афтæ. Ацыдтæн æз ууыл, — сыстад фынджы уæлхъусæй Доме.

— Бедрайы донимæ дыл амбæлон?.. Цæттæ мын у.

— Нæ мæ хъæуыс бедрайы нæ, фæлæ боцкъайы дзаг

донимæ дæр. Алан мыл амбæлдзæн, ды уæлæ дæ чызджытæм кæс.

— Æмæ уыдон, дæумæ гæсгæ, фынæй сты?.. Сæ къах дын куынæ фæбæзза, уымæй тæрсынц, æндæр... Сæхи куы бахордтой.

— Æз уый кой нæ кæнын.

Алан уæдмæ уынгмæ ахызт. Æмæ Азæ йæ фæстæ, афтæмæй кулдуармæ куы бахæццæ Доме, уæд æм адзырдта:

— Дуна уым никуыцæй зыны?

— Цавæр у? — фæцырд сылгоймаг. — Фондз сахаты дæр куынæ у нырма.

— Лæджы, дам, бас куы басудза, уæд фу кæны йæ доныл дæр, — загъта Доме æмæ рахызт уынгмæ уый дæр.

— Фæндараст! — амбæлд ыл Алан, æмæ йын йе 'уæхск æрхоста Доме, загъта:

— Ацæут æмæ фынæй кæнут. Алцыдæр хорз уыдзæн. Кæд уæм нал фæзынон, уæд-иу мæ коммунистыл нымайут!..

Æмæ сæ ныууагъта йæ фæдыл кæсгæ.

Уынджы та змæлæг дæр нæй, æмæ уал уый дæр хорз.

Цæвиттон, Домейы куы бафæрсай, цал азы йыл цæуы, уымæй, уæд дын зæгъдзæн, зæгъгæ, зæронд дæн æз, мæ кармæ адæмы хуыздæртæ цæргæ дæр нæ кæнынц. Æмæ кæм нæ федта царды цыдæртæ дæр. Райдыдта дзы æууæндын дæр цæуылдæрты, азæй азмæ фæндæгтыл уæвгæйæ, кæд ма йæхæдæг дæр бадис кæны йæхиуыл уый тыххæй, уæддæр.

Хуыцауыл æууæндын — уый æндæр хъуыддаг у. Уый зæгъынæй нæу, кæнæ цæстмæ митæй. Цæй диныл хæст лæг дзы ис. Кæд æй уый не 'рымысыд æмæ йæ ныхмæ тох кæнын дæр уымæ нæ кæсы, уæддæр. Кæд ма ирон лæг не скувы йæ Хуыцаумæ. Йæ кæрдзынты раз уæддæр. Æрмæст — искуы-иу хатт хæрдмæ скæс æмæ йын, цины, арæхдæр та мæгуыры бон, йæ ном æрбаймыс, уый Хуыцауыл æууæндын нæ хуыйны. Кæд ахæмтæ искуы ис, уæд сæ цæрæнбон бирæ. Фæлæ уыдонæн дæр сæ цард фыццаджыдæр сæхи фæндиаг уæд. Æндæр хъуыддаг сты мæнæ ахæм ныхæстæ: «Хуыцау — уый уарзондзинад у..!» Уыдон цæуынц йæ зæрдæмæ.

Фæлæ азæй-азмæ афтæ рауад, æмæ искæй къух æмæ къах кæй зонынц, ууыл æууæндын райдыдта куыддæр. Æмæ æрдæбон Дунайы кой дæр бынтон хъазгæйæ не скодта.

Дуна, уый сæ сыхæгты сылгоймаг у. Æмæ йæм бакæс, уæд йæхицæй сабырдæр æмæ уæздандæр сылгоймагæн скæнæн дæр

нæй, йæхицæй æгъдауджындæр. Фæлæ бынтон хиуарзон у æмæ бынтыкæсæг, стæй, бахъуыд, уæд «сурæй дæр чи дасы», ахæм. Дзæбæх пенси исы, ноджы фылдæр та йæ лæджы пенси. Иунæг фырт сын ис, æмæ уый та сойджын бынат ахсы горæты администрацийы. Пайдаджын ран кусы уæдæ сæ чындз дæр.

Цыбырдзырдæй, æрæджиау чи схъæздыг, ахæм бинонты хицау. Хицауæй та сын хицау у, уымæн æмæ йæ лæг, зæронд ахуыргæнæг, фысы дзыхæй хал дæр чи нæ райсдзæн, ахæмтæй у. Йæ чындзы та хæрдмæ скæсын дæр нæ уадзы, æцæг æнæсхыл, æнæ схъæрæй, йæхирдыгон — бынты кæсгæйæ. Æмæ кæсыс — æмæ та уæртæ Дуна сæумæцъæхæй сæ хæдзары раз мæрзы, алырдæм уæздан саламтæ уаргæйæ. Слæудзæн æмæ зæды къæртт фестдзæн дæ разы. Йæхи мидæг та, цыма, иууылдæр уыдонмæ ныккастысты æмæ сæм стыр хæлæг кæнынц, афтæ æнхъæлы.

Фæлæ дыл амбæлд фæндаджы сæрыл, уæд ницы хуызы фæфæндараст уыдзынæ. Æмæ афтæ раджы дæр тарст кæмдæр иу чысыл, куы йыл амбæла, уымæй. Бырæттæ дæр йæхæдæг фæкалы, æмæ кæсыс — æмæ та уæртæ афтид бедра тилгæ æрцæуы бырондонæй.

Ныр райсом та хорз. Бæрæг у, хур кæй скæсдзæн. Æмæ ихæнгому кæм у нырма, уым къæхтæ сæхæдæг хæссынц лæджы размæ. Цæуын та йæ афтæ æввахс дæр нæ хъæуы стыр уынгмæ, машинætæ кæм цæуынц арæхдæр, уырдæм. Æцæг автобустæ æмæ маршруткæтæн раджы у нырма, фæлæ йын исчи фæуромдзæн. Нæй, уæд фистæгæй дæр фæцæудзæн автовагзалмæ, тынг дард дæр нæу. Рæстæг та йын ис уый фаг.

Фæлæ бирæ дæр нæ ауад, афтæ йын фæурæдта цавæрдæр маршруткæ. Æвæццæгæн, йæ куысты бынатмæ чи цыд, ахæм. Номыр ыл нæ уыд, æмæ йæ афарста:

— Автовагзалыл цæудзынæ? — æмæ йын, о, зæгъгæ, куы загъта, уæд ын бафæдзæхста, цæмæй йын уым фæурома. Йæхи зæрдыл та, ус куыд ракуырдта, уый æрбалæууыд — цæмæн, уый та æрмæст Хуыцау зоны.

Цы йæ сусæг кæна — рæсугъд лæппу уыд йæ рæстæджы Доме. Рæстæмбисæй чысыл бæрзонддæр, бæзæрхыг æмæ хъаруджын, уынддæжын. Университеты фæстаг курсы куы ахуыр кодта, уæд иу чызджы уарзта, цыма, фæлæ сæ хъуыддагæй ницы рауад. Æмæ, кæд тынг цыд чызджыты зæрдæмæ, уæддæр ын иу цалдæр азы дæргъы ус ракурын нал æнтыст. Стæй тынг дæр нæ тагъд кодта,

царды йæхицæн зæрдæмæдзæугæ бынат кæм нæ ардта, уым.

Фæлæ йын уыд дзæбæх хæлар, Аслан, ныр дæр арæх кæимæ æмбæлынц,ахæм. Æмæ дын иу бон сæхимæ бадынц æмæ та йæ баййардта:

— Ус курынвæд кæныс, лæппу, æви нæ?

Ныр йæ мад дæр уым Домейæн. Æмæ йæ фыд дæр, фæлæ-иу æй уый та бынтон арæх скъуыммæ кодта фæстаг аз, хъуыддаг бакæн, зæгъгæ. Æмæ ныр Асланæн æвдисы, дæ дзыхыл хæц, зæгъгæ. Фæлæ кæм!.. Дзуры дарддæр хивæндæй:

— Æмæ кæдмæ родтæм цæудзыстæм, уæдæ, нæ дыууæ дæр, мæнæ дæ мад бахатыр кæнæд, фæлæ... Зæронд у уый ныр, æмæ...

— Дæхи мад зæронд! — фæцырд Домейы мад. Уый дæр растдæр Асланæн йæхи хуызæн æргом ныхас. Фæлæ ма Аслан хъазæн ныхас дæр æмбæрста, хъæлдзæг уæвгæйæ, æмæ ’фсоны схъиуд фæкодта:

— Кæс-ма, амæ!.. Æз та уый мæт кодтон. Хорз, дам, ма скæн, æмæ æвзæр ма ссарай. Ма ракур ус, Доме, æмæ æз дæр нал курын.

Фæлæ уый фæстæ куы хицæн кодтой, уæд та йын афтæ:

— Хъазын хъазын у, фæлæ нæ ракурын хъæуы устытæ. Фыд мын нæй, дæхæдæг æй зоныс, æмæ мæ мад зæронд кæны. Иннæ ахæм та мæ мæ хотæ дæр нал уадзынц, æмæ нæ исты æрымысын хъæуы.

— Омæ, ракур, Аслан! Мæ бон цы уа, уымæй дæм фæкæсдзынæн.

— Фæкæсдзынæ, уæдæ, цы фæуыдзынæ. Фæлæ ды дæр бакæнай хъуыддаг, уый мæ фæнды.

— Ничи мын ис ахæм.

— Уыдон ныхæстæ сты!.. Чызджытæй фылдæр цы и. Нæ сæ хъæуы лыстæгæй равзар-бавзар кæнын.

— Ницы равзар-бавзар кæнын. Чи мæм фæкæса мæ амонд, уый кургæ дæр ракæндзынæн.

Уæд дын ын Аслан афтæ:

— Доме, иу мæйы фæстæ æз чызг скъæфын! Æмæ ууыл мæй куы рацæуа, уæд та дæ рад у. Кæннод дæуæн дæр мæхæдæг скъæфын.

— Цæй, фенæм, — загъта Доме. — Дæ кой уал бакæнæм, стæй хъуыддаг йæхи амондзæн...

Æмæ дын раст иу мæйы фæстæ æмбисæхсæвмæ ’ввахс сæ дуармæ машинæйы хъæр куы ссæуид.

Ракаст рудзынгæй æмæ дæлæ Аслан лæууы, дзуры йæм:
— Æддæмæ ма ракæс, мæнæ дæ чындзы исты фæкæнæм!
Чызг æнæ уæлдай митæй бакуымдта мидæмæ цæуын Дометæм. Стæй йæ дыууæ боны фæстæ Аслантæм аластой.
Азæ та йæ мады хоты сыхаг уыд. Рагæй йын æй амыдтой, æмæ, кæд се 'хсæн никуы ницы уыд, уæддæр йæ зæрдæмæ цыд. Куыддæр-иу ын куы ской ластой, ус ракур, зæгъгæ, уæд-иу цæмæндæр Азæйы аив гуыр æмæ сау цæстытæ ауадысты йæ цæстытыл фыццаджыдæр.
Æмæ фæцыд Доме дæр йæ мады хомæ, хъуыддаг ын бамбарын кодта. Азæ та скъолайы фæстæ ахуырмæ нæ бахауд дыууæ аз фæдфæдыл æмæ сæ хæдзары бадт. Æмæ фембæлдысты иу изæр.
— Тынг тагъд кæныс уæхимæ? — бафарста йæ. Уый та тагъд цæуаг уыд уæд.
— Ницы тагъд кæнын, фæлæ уынгты дæр цы лекка кæнон.
— Леккайæн нæ зонын, фæлæ Терчы был куы атезгъо кæниккам иумæ, уæд æвзæр нæ уаид. Замманай бон.
— Æвзæр нæ уаид, фæлæ...
— Афтæ нæ загътай, никуыдæм тагъд кæнын, зæгъгæ?
Сразы йæ кодта киномæ бацæуын.
Фембæлдысты ма цалдæр хатты æмæ йын иуахæмы загъта:
— Мæ зæрдæмæ цæуыс, Азæ. Æмæ дæм минæвæрттæ 'рвитдзынæн, уый зон.
— Уый та куыд?! — йæ зæрдæ æрбауынгæг чызгæн.
— Æмæ мæн... Мæн ахуыр кæнын хъæуы... — æмæ уæртæ фæтæхы.
Æмæ мæнæ ныр фондз сывæллоны мадæй агæпп ласта. Хъæбулы хъæбулы ад дæр ма базыдта, кæд æм сæ мастæй дæр хæццæ кæны, уæддæр.

* * *

Автобусы бадгæйæ æрлæууыд сæ зæрдыл...
Дæсæм къласы куы ахуыр кодта Сослан, уæд æй æрфæндыд журналист суæвын. Æмæ дын иу бон йæ разы абадт æмæ йын афтæ:
— Папæ, интервью дæ райсин уæд та?
— Бар дæхи, — загъта йын, — кæд дын ахæмтæн бæззын, уæд.
— Бæззыс, бæззыс! Зæгъ-ма, цы у сæйрагдæр царды?
— Дæ бынат дзы куы ссарай, уæд уый.
— Æмæ амонд та цы у, уæд? — фæрсы та йæ. Æмæ хъуыдыты кæм нæ аныгъуылд Доме. Ферох дзы, цы фæнымайынц Сосланы

кары амондыл, уый. Йæхæдæг та, йæ фырт йæ ныхмæ кæй бады ахæм æнæниз æмæ разæнгардæй, уымæй æгæр амондджын дæр ма каст йæхимæ уыцы уысм. Уæддæр загъта:

— Дæ фыццаг фарсты дзуапп. Æмæ ма, æнæниз куы уай æмæ дæ сæры зонд, куы уа, уæд уый.

— Хорз... Æмæ дæм куыстытæй та кæцы хуыздæр кæсы?

— Рынчын куы вæййын, уæд — дохтыр. Æнæнизæй та — ахуыргæнæг. Æмæ ма лæппуйæн аразæг, кæнæ архитекторы куыст.

— Уый дæр хорз. Æмæ уæд аивæдтæй, сфæлдыстадон куыстытæй та дæм кæцы хуыздæр кæсы?

— Куыст, æви цы фылдæр уарзын?

— Куыст, куыст! Цы уарзыс, уыдæттæ зонын рагæй.

— Музыкæ. Цы ма уа дзæбæх цагъд æрымысынæй хуыздæр!

— Уагæр ма зарын куы зонис, папæ, — фæрæхуыста йæ фæлмæн мидбылхудтимæ йæ фырт. Фæлæ раст уыд: нæ йын уыд хорз хъæлæс.

— Уый хыгъд зарæгмæ хъусын уарзын. Стæй, цæмæн зæгъыс, иу-дыууæ куы ануазын, уæд тынг хорз дæр фæзарын.

— Фæуæд афтæ дæр. Фæлæ дæм фысджытæй та чи хуыздæр кæсы?.. Æртæйы мын зæгъ.

— Æртæйы? Джек Лондон... Бальзак... æмæ ма Драйзер.

— Æмæ уырыссæгтæй та?

— Уырыссæгтæй?.. Кæй ма ’вдæлы чингуытæм... Фæлæ уæддæр Гоголь, Чехов æмæ... Шолохов.

Поэттæй дæр æртæ хуыздæры ранымай. Ома дæумæ гæсгæ...

— Æрмæст та æртæйы? Гете, Роберт Бернс æмæ... Есенин, Къоста, Пушкин...

— Æмæ Лермонтов, Маяковский, Гейне, нæ?

— Бирæ хорз поэттæ ис, æмæ мын, уæдæ цы кæнын кæныс?

— Аргæвстон дæ нæ. Фæлæ ма фæстаг фарст, па... Зæххы цъарыл цыдæриддæр хъуыстгонд адæм орд, уыдонæй дæ кæимæ фæндид абадын æмæ фæныхæстæ кæнын?

Æмæ бирæ фæхъуыды кодта Доме, стæй афтæ:

— Сервантесимæ. Æрмæст нын Гете æмдзæвгæтæ куыд кæса, Бетховен нын музыкæ куыд цæгъда æмæ нæ Рембрандт та ныв куыд кæна, афтæ.

Æмæ йын бузныг зæгъгæ, йæ къух дæр ма нылхъывта Сослан зæрдиагæй. Æмæ уæдæй фæстæмæ феввахсдæр сты кæрæдзимæ. Сæ хæдзарвæндаджы фидæн уыимæ райдыдта бæттын, æмæ йын

ныр куыд хъуамæ бауадза йæ цард фехалын?.. Нæ уыдзæн уый!..

Светлокумсчы милицæйы хайады йын загътой:

— Уыцы хъуыддаг Людмилæ Николаевнæмæ ис, кæд æй судмæ нæ радта афонмæ, уæд. Дыккаг уæладзыгмæ схиз. Æртыккаг дуар галиуырдыгæй.

Мæнæ, йæ бинонты дарддæры цард кæмæй аразгæ у, уыцы слестгæнæджы кабинет. Йæ разы та ничи, æмæ дзы мидæгæй дæр ныхас нæ цæуы. Фæлæ йын йæ мыггаг бакаст сылгоймагæн, йæ ном æмæ йæ фыды ном хуыздæр бахъуыды кодта. Уыимæ сабыр кæны йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп дæр.

Шофыр лæг, æдзух фæндæгтыл, стæй, раст зæгъгæйæ, сылгоймæгты уарзгæ дæр кæны, æмæ уыдоны зæрдæмæ дæр цæуы. Æмæ йын æхсызгон у, сылгоймаджы къухты кæй ис йæ лæппуиты хъуыддаг, уый. Иннæмæй та йын нæлгоймагимæ цыма æнцондæр уыдаид бафидауын...

Дуар бахоста, фæлæ йæ мидæмæ хонæг нæй. Бакаст, æмæ мидæгæй ничи разынд. Иуварс балæууыд.

Ныддаргъ та йыл рæстæг, фæлæ мæнæ иу афон сылгоймæгты дзурын ссыд. Дыууæ сылгоймаджы. Домейырдæм бакæстытæ кодтой, стæй, чи йæ хъуыд, уыцы кабинетмæ бахызтысты. Сæ иу хистæр, иннæ кæстæр, фæлæ сæ дыууæйыл дæр æнæуи дзаумæттæ.

Æнхъæлмæ та каст Доме, уыдон дæр æнæкæрон ныхæстæ кæнынц сæхицæн. Æмæ уæд дуар бахоста, бахызт мидæмæ æмæ загъта:

— Людмилæ Николаевнæ, дæумæ ’рбацыдтæн æз.

— Минут ма, иу минут, фæвæййæм, — радзырдта йæм хистæр. Уый ныр бадт стъолы уæлхъус дуары ныхмæ рудзынджы раз. Æмæ рахгæдта дуар Доме, æнхъæлмæ та кæсы. Фæлæ рахызт мæнæ æрыгон æмæ йын загъта:

— Бацæут...

Слестгæнæг рудзынджы раз лæууыд æмæ тамако дымдта. Нæ дзы зæгъдзынæ рæсугъд, фæлæ хæрзуынд, хæрзконд, йæхимæ зилын чи зоны, ахæм. Нæ йыл цæуы, хъуамæ, цыппор азæй фылдæр.

Фæлæ дуары рахиз фарс рагъæныл милицæйы кусæджы дарæс ауыгъдæй куы ауыдта, уæд, цыма калмы цъар ауыдта, афтæ фæцис. Æмæ йæм сылгоймаг ныр, цы уыд, уымæй фыдуынддæр фæкаст. Ноджы уыцы тамако. Нуæзт цы фæнды дæр фæуæд, фæлæ йæ уды удхæссæг уыны сылгоймагæн тамако дымынæй. Уæддæр æм йæ мидбылты бахудт æмæ йын комкоммæ йæ цæстытæм бакаст.

— Сбад, хъусын дæм, — дзуры йæм уый æмæ йын бандонмæ амоны. Æмæ 'рбадынмæ хъавыд Доме, фæлæ фездæхт сылгоймагмæ æмæ йæм йæ къух бадаргъ кодта.

— Нæ, дæ къух дын хъуамæ райсон, — загъта.

Æмæ йæ иу æрфыг хæрдмæ фæцыд уымæн, стæй тамако хуыссынкæнынмæ фæцис. Радта йæм уый фæстæ йæ нарæг къух, йæ мидбылхудт дæр ма нæ баурæдта.

— Ныр ныхас дæр кæндзыстæм, — загъта Доме æмæ стъолы цурæй рацыд, æмæ бандоныл æрбадт. Йæхи бацамыдта.

— Бамбæрстон æй, чи дæ, уый, фæлæ куыд æрæгмæ цыдтæ?

— Нæхимæ нæ уыдтæн... Фæлæ уæм иннæ дыууæйы ныййарджытæ куы уыдысты.

— Уыдысты, фæлæ, куыд хъæуы, афтæ нæ ныхæстæ кодтой. Мæнæн та æртæ суткæйæ фылдæр дарæн нæй хъуыддаг мæхимæ...

— Æмæ сымахмæ нал ис? — фæтарст Доме.

— Ис ма...

— Уæдæ — хорз. Уæдæ ныхас кæндзыстæм, — талынг уатмæ цыма хуры тынтæ æрбаирвæзтысты искуыцæй, афтæ фæцис Доме.

— Аныхас кæнæм, — æрбакæстытæ йæм кодта сылгоймаг, стæй ныккаст кæдæмдæр.

— Дæ зæрдæ уал дын алхæнон фыццаг, Людмилæ Николаевнæ. Сылгоймаг сылгоймаг у уæддæр, æмæ мын тынг æхсызгон у, мæ фырты хъуыддаг дæумæ кæй ис, уый. Шофыр дæн, æмæ рейсы уыдтæн, æндæр...

— Шофыр, дæн, зæгъгæ, куы загъта, уæд та йæм бакæстытæ кодта слестгæнæг.

— Мæхи «Камаз» мæм ис...

— Æз та, зæгъын, кæд исты бизнесмен дæ, кæнæ хицау, гъе та спортивон тренер, адвакат...

— Сывæллæттæ дын ис, Людмилæ Николаевнæ?...

— Ис, дыууæ...

— Æмæ мæ, уæдæ, бамбардзынæ. Тынг фæрæдыдысты нæ лæппутæ, фæлæ...

— Рæдыд цы хоныс?.. Милицæйы кусджыты фæнæм, уый рæдыд у?!

— Æмæ сыл формæ уыд?

— Нæ сыл уыд. Фæлæ, формæ кæуыл нæй, уыдон иууылдæр нæмын хъæуы?.. Стæй сын æй загътой, се 'вдисæндартæ дæр сæм равдыстой. ОМОН дæр ма сæм æрбакодтой æмæ уыдонмæ дæр лæбурдтой.

— Бабæрæг сæ кæндзынæн милицæйы кусджыты, ныхас дæр ыл нæй. Фæлæ, Людмилæ Николаевнæ, куыд мæхи хо, афтæ дæ курын: ма фехалæм уыцы æвзонг лæппуты цард. Цыппар сывæллоны ма мын ис... Сослан сæ хистæр у æмæ хорз лæппу у тынг, фæлæ... Æз хъуыддагæн зонгæ дæр ницы кæнын рæстмæ. Фæлæ йæ зонын, куынæ йæм дзы хæццæ кодтаид, уæд ницы хуызы схыл уыдаид... Æмæ ма нуазгæ дæр куы кæнид!.. Нæ зонын... Мæнæ бæллæх!.. Ахуыр кæны, юристыл æмæ...

Æмæ мæнæн афтæ куы загъта, экономистыл, дам, ахуыр кæнын уæ университеты.

— Æмæ цы уæлдай у?.. Людмилæ Николаевнæ, фæкæсут нæм...

Никуы дын ферох кæндзынæн уый. Стæй зноны сывæллон нæ дæн æз, æмæ йæ зонын, хъуыддаг зын кæй у æмæ айдагъ дæуæй аразгæ дæр кæй нæу. Стæй мын æй зæгъ æргом, цы æмæ нын куыд гæнгæ у, уый.

Сылгоймаг йæ амонæн æнгуылдз йæ былтыл авæрдта, афтæмæй йæм æнæдзургæйæ фæкаст. Стæй афтæ:

— Вазыгджын хъуыддаг у уый.

— Зонын æй.

Æмæ уæд сылгоймаг гæххæтты цыппæрдигъон гæбазыл цыдæр ныффыста, Домемæ йæ равдыста: 150.

— Хорз, — сразы Доме. — Æрмæст ма ауадз хъуыддаг дæхицæй, Людмилæ Николаевнæ.

— Абон цыппæрæм... Къуырисæры дæм изæрмæ æнхъæлмæ кæсын. Стæй дыццæджы хъуыддаг суды уыдзæн. Мæхи тæрын кæнын мæ куыстæй, фæлæ... Ныййарæг ныййарæг у. Ныхас та ныхас у.

— Æууæндыл уыл æз. Фæлæ... Рынчындоны чи хуыссы, уыдоныл дæр ахъуыды кодтон...

— Бабæрæг сæ хъæуы, сæ иу æвзæр у тынг. Семæ бафидаут. Уыцы ран уын мæ бон ницы бауыдзæн...

— Цæй, хорз. Къуырисæр æз ам уыдзынæн, цыфæндыйæ дæр, Доме сыстад æмæ та слестгæнæджы уæлæдарæсмæ фæкомкоммæ. Майоры стъалытæ йæ пъагæттыл. Æмæ ахъуыды кодта: «Базæронд дæн, æмæ мын фыццаг хатт у æхсызгон милицæйы формæ уынын. Хорз, æмæ йæ уæлæ нæй».

Нæ, кæддæр ма ракаст йæ цæстытæй милицæйы кусджытæй. Лæппуйы бонты чызгимæ ’мбæлд, иу изæр æй ресторанмæ фæхуыдта. Фæбадтысты дзæбæх, фæкафыдысты, стæй йæ сæхимæ бахæццæ кодта.

Куыд здæхт фæстæмæ, афтæ дын æваст куы айхъусид:

— Фæлæуу-ма, фæлæуу, лæппу!.. Дæ дзыппытæ дын уæз кæнынц, æнхъæлдæн.

Æрлæууыд Доме, хъæлæсмæ разылд. Кæсы — æмæ иу бæрзæндтæ, фæлæ къæсхуыртæ лæппу йæ разы. Иунæгæй. Æмæ дзы цас фæтарст, кæд хылыл нæ уыд, уæддæр. Фæлæ ма мæнæ талынг кæртæй дыууæйæ рагæппытæ кодтой, æмæ сæ иу афтæ:

— Мæхи бар ма мын æй уадзут. Ды кæй хойæ хынджылæг кæнынмæ хъавыс?!.

Æмæ Домейы ахсæн бацавта, фыццаг та йын къахæй бадаудта йæ сагæхты æхсæн. Æмæ фæдыдагъ Доме. Стæй афтæ гуыбырæй чызджы ’фсымæры сæрæй размæ ахаста, фæзылд, æмæ йæ къахæй чи сцавта, уымæн йæ тæккæ ’фсæр ныддæнг ласта. Нæ ахауд уый, æмæ ма йæ уæд къахæй смыхъхъ кодта, йæхæдæг æй куыд ныццавта, афтæ. Радта ма йæм дзы къухæй дæр. Фæлæ йыл иннæ дыууæ балæууыдысты уæдмæ дыууæрдыгæй.

Уалынмæ йæ амондæн кæцæйдæр милицæйы машинæ фæзынд æмæ сæ тæккæ цур фæурæдта. Рагæппытæ дзы кодтой æртæйæ æмæ сæ иу зæгъы:

— Мах та абондæргъы, кæй ранæмæм, уый агурæм! — бæрзонд, арсы хуызæн лæппу. Æмæ йæ уæнгтæ дæр ма айтынгтæ ласта, йæ къухтæ æууæрды. Фæлæ уæдмæ лæппутæ лыгъд радтой уым уæлæмæ, æмæ йыл ныр та худæг бахæцыд, бæзджын хъæлæсæй та ныхха-ха кæны. Сургæ дæр сæ нæ акодта. Домейы та сæ иу фæрсы:

— Æртæйæ дæ надтой?

— О.

— Æмæ дæ исты байстой?

— Ницы.

— Уæдæ хорз аирвæзтæ, — загъта дынджыртæ æмæ та ныххудт.

— Æмæ расыг нæ дæ? — фæрсы йæ æртыккаг.

— Ис мæм дзы, — загъта Доме æргом.

— Уæдæ ма мæнæ нæ фарсмæ сбад машинæйы. Мах дыл нæ пълан сæххæст кæнæм, — дынджырæн та йæ мыр-мыр ссыд.

— Æмæ æз та...

— Сбад, сбад! Уæд дзы лидзын хъуыд, федтай зонджынты, сæ къæхты бынæй ма цæхæр дæр калд.

Æмæ бабырыд Доме дæр сæ фæдыл машинæйы, ме ’муд уал

ærцæуон, зæгъгæ, стæй истытæ кæндзынæн. Фæлæ иуцасдæр куы ауадысты, уæд æй машинæтæрæг фæрсы:

— Кæм цæрыс, Ромео?

Кæм цæры, уый загъта. Æмæ дын æй сæхимæ куы ныллæсиккой!..

* * *

Базыртæ йыл разад Домейыл: æртæ бинонтæн уа диссаг бирæ дæр нæ уыдысты сæдæ фæндзай мины. Исты амал кæндзæн йæхи хайæн...

Ныр уал рынчындон агурæг цæуы.

— Рынчындон? — æрлæууыд æм иу дзæбæх сылгоймаг, куы йæ афарста, уæд. — Уæртæ фаллаг фарсмæ ахиз уынгыл æмæ «фыццæгæм» кæнæ «фæндзæм» автобусы сбад, кæнæ та кæцыфæнды маршруткæйы дæр — йæ цурты цæуынц! Милиционертæ хуыссыдысты иу уаты. Мидæгæй дзы райхъуыст хъæлдзæг ныхас, худын. Бахоста сæм, ай бынтон сæфт дæр куынæ у уæ хъуыддаг, зæгъгæ, йæхимидæг ахъуыдыгæнгæйæ.

Лæугæйæ сæ баййæфта дыууæ сылгоймагимæ, æвæццæгæн, сæ устытимæ, рудзынджы раз æвæрд стъолмæ цыдæр хæринæгтæм байстой сæхи. Салам сын радта, æмæ йæ куыддæр ауыдтой, афтæ йæ фембæрстой, чи у, уый. Сæ иу йæ фæрстыл фæхæцыд, иннæ йæ риуыл, æмæ афтæмæй мæгуырхуызæй, куы та ныхъхъæрзгæйæ дæр, сæ сынтæджытæм байстой сæхи, æрбадтысты сыл.

Æцæг уæрæсейаг милицæйы кусджытæ, æмæ æнцонтæй дæр нæ бантысти Домейæн, тæригъæд сын кæй кæны æмæ сæ мæты кæй бацыд, уый равдисын йæ цæсгомыл. Фæлæ ма дзых та цæмæн вæййы, æмæ йын æрбад, зæгъгæ, куы загътой, уæд бандон райста стъолы цурæй æмæ йыл дуармæ ’ввахсдæр æрбадт, загъта:

— Мæнæ бæллæх ацы кæстæртимæ!.. Тынг хъыг мын у, уæ хъуыддаг афтæ кæй рауад, уый.

— Махæн дæр хъыг у. Æмæ ма зын дæр, — базыл йæхи фæстæмæ ауагъта зынтæй, афтæмæй бакодта сæ иу. Иннæмæн йæ цæсгом тынг цъæхтæ, саутæ — хорз æм дзы æрлæвæрдтой.

Иннæ, цæфбæрæг кæуыл нæ уыд, уый загъта:

— Мæ уыргтæ мын ныккалдтой, дыууæ фæрсчы та мæ саст ис. Уымæн та ма йæ иу къах дæр æрдæгсаст, йæ риуы гуыдыр дæр ын фæхостой, æмæ улæфынæн дæр нæу.

— Ӕмæ хостæ куыд зынаргъ сты, уый та? — фæцырд сылгоймæгтæй дæр иу. — Алы бон дæр сæм цæуæм, æмæ ма алы хуын дæр банымайут сымах, æргътæ уæхæдæг дæр зондзыстут.

— Зонын сæ, уæдæ сæ нæ зонын... — йæ сæр банкъуыста Доме.

— Фæлæ лæппутæ æрра фесты, æви?!. Мæнæ бæллæх! — йæ уæраг дæр ма æрцавта. — Иннæ дыууæйы хорз нæ зонын, мæхи лæппу та фыдуаг митæ никуы кодта. Ӕмбаргæ, уæзбын, ахуыр кодта йæхицæн дзæбæх.

— Бырсгæ дæр мæ уый тыххæй æркодта, — сдзырдта дыккаг дæр. — Ӕмæ мæ уæд иннæтæ къахæй фæхостой. Дæхи æнгæсæн у, æз дæ уайтагъд базыдтон.

— Ӕмæ мæнæн дæр мæ фæрсчытæ уый басаста. Каратист цыдæр у... Уымæй дæсны дæр сæ ничи у нæмынмæ.

Хорзау нал фæци Доме уыцы ныхæстæм. Бæрæг уыд, канд æхца ратонынæн кæй не сты, фæлæ ма нырмæ сæ маст дæр кæй не ссыд.

— Махон районы угрозысчы хицау у, æмæ йæ фæстаг куыдзы над фæкодтой! — мæстыйæ смидæг ныхасы дыккаг сылгоймаг дæр. Куыд æй бамбæрста Доме, афтæмæй, тынгдæр кæй фæнадтой, уый ус уыд. Ӕмæ йæхи хуызæн саузæрдæ æмæ марджы каст кодта. Ноджы æгæр къæсхуыртæ æмæ фыдуынд уыд цæсгомæй, æмæ йæм лæджы цæст кæсын дæр нæ куымдта.

Йæ къухтæ фæхæлиу ласта Доме æмæ та йæ сæр банкъуысы, хъуыддаг æхцамæ куыд æркæна æмæ сæ куыд тагъддæр ферваза, ууыл хъуыды кæнгæйæ. Фæлæ уæдмæ фæрсксасты ус райдыдта:

— Кæдæй-уæдæй горæтмæ иумæ раирвæзтыстæм нæхи аирхæфсынмæ. Ӕмæ нын æй нæ фарсæй фæкодтой. Нæ гыццыл чызг дæр немæ уыд æмæ, цас фæкуыдта уый фæстæ, уый та?.. Ӕхсæв дæр ма-иу фехъал тарстæй. Нæхицæн фæцæуæм парчы. Ӕмæ дын уалынмæ къутæртæй куы рагæппытæ кæниккой æртæйæ — уым бадтысты цавæрдæр чызджытимæ. Ӕмæ адоныл, — лæгтæм ацамыдта, — дæнг, дæнг куы ралæууиккой.

— Уæд цæй тыххæй, цæй? — бафарста Доме, куыд никæй сæ уына, ууыл архайгæйæ.

— Ницæй тыххæй!.. Сæ хъæддаг хъæр цыд æнæхъæн паркыл, сæ иу та чызгыл æрзæбул, авг йæ къухы, афтæмæй. Саня нæ фæлæуыд мæнæ, бауайдзæф сын кодта, æмæ йыл сæхи ныццавтой.

— Нуæзтджын уыдысты, нæ? — фæрсы Доме, сылгоймаг кæмæ равдыста, уый.

— Расыг æртæйæ дæр. Фæлæ сын уый сæ азым дывæр дæр ма кæны...

Ахызт иннæрдæм Домейы уыцы дывæры хабар. Ныуулæфыд, йæ сæр банкъуыста æмæ сабыргай загъта:

— Нæ хъæуы масты фæдыл цæуын, лæппутæ. Царды алцыдæр æрцæуы... Мæгуыр мах, ныййарджытæ...

— Хъомыл кæнын сæ фæхъæуы уæд хуыздæр!

— Æмбарын æз алцыдæр, мæ зæрдæмæ мын куы ныккæсиккат... Æмæ уæ хатыр курын сæ бæсты. Фæлæ мах хистæртæ стæм, æмæ нын худинаг уыдзæн, сæ цард сын куы фехалæм, уæд. Сымах мæм æмбаргæ адæмы каст кæнут, æмæ мæ нæ уырны, æхсызгон уын уа мах, сæ ныййарджыты, рыст, уый. Кæрæдзи бамбарæм... Æз мæ фырты хорз зонын, æмæ йын уыцы цалдæр боны дæр фагæй фылдæр сты йæ рæдыд бамбарынæн цæрæнбонтæм. Ныридæгæн дæр зондджындæр уæм. Æмæ уæ Хуыцауæй курæгау курын: райсут уæ курдиæттæ.

— Не стæм ууыл разы! Кæй ныссахъаттæ стæм, кæй фæхудинаг, уый та?!. Алы фæлхасыл ма чи дзуры...

Уый Саня ракарк. Йæ бынатæй дæр ма растад æмæ, йæ фарсыл хæцгæ, стъолмæ байста йæхи. Фæкаст уырдыгæй иуцасдæр рудзынгæй, стæй разылд æмæ ныр та бандоныл æруагъта йæхи. Нæ дзы ферох бахъæрзын, банæтын дæр. Ныххуы кодта йæхи йе 'мбал дæр. Сæ уарзон куыстыл хæст уыдысты, æхца домыныл. Æмæ сын фадат дæр æвзæр кæм фæцис...

— Æмæ уæллæгтæ та? — фæрсы Доме. — Æппæт дæр сæрдинаг...

— Ныхас кæнут уыдонимæ дæр. Уыдон уæ проблемæтæ сты...

— Дзæбæх лæппутæ стут, æмæ, нæ зæгъын, кæд æндæр ничи бахъæуид. Сымах ома уæ курдиæттæ куы райсат, уæд.

— Æмæ фæндзай мины 'хцатæ сты?.. Худæг дæр ма у сæ кой кæнын, — йæ къух дæр ма ауыгъта Саня.

— Æмæ суд, уæдæ, и? — Доме сыстад. Нæ йыл дызæрдыг кодта, цы дзы домдтой, уыцы 'хцатæн се 'рдæгыл дæр кæй уыдзæн балхæнæн тæрхонгæнæджы. Æмæ йæм ахæм хъуыды дæр фæзынд, зæгъгæ, ныр бавдæл æмæ хъуыддаг судмæ 'руадз, уæд дыууæтæ дæр хæлиудзыхæй нæ баззаиккой сæ фырчъындыйæ! Фæлæ та йæхиуыл фæхæцыд.

— Цæй, дзæбæх кæнут. Æмæ йæ уæ зæрдыл дарут: мах иууылдæр Хуыцауы бын цæуæм.

Уынгмæ куы рацыд, уæд сæхимæ адзырдта. Азæ тилифонæй дард нæ цыд, æвæццæгæн, æмæ хæтæл фелвæста.

— Кæд та нæ фесæфиккам, Азæ! Афтæ сæфт дæр нæу сæ хъуыддаг. Фæлæ та нæ сæр бахъуыд, уый зон... Нæхи Русланы ссар, уымæй йеддæмæ мæ никæмæй ис ныфс.

Æвæццæгæн ыл амбырд ысты иннæтæй дæр чидæртæ, «цы дзуры, ма», зæгъгæ, кæйдæр хъæлæс дæр ма айхъуыста Доме чызджытæй. Æмæ сæ басабыр кодта сæ мад, стæй бафарста:

— Бирæ дæ 'рцагуырдтой, Доме?

— Тынг. Фæлæ ма фæтыхс, истытæ кæндзыстæм. Куы ныццæуон, уæд дзурдзыстæм бæстон. Фæлæ дзы махмæ иу сæдæ мины хаудзæн... Уый бæрц, уый бæрц.

— Охх, Доме!.. Чи та йæм бадзурдзæн уымæ? — æрбамæгуыр сылгоймаджы зæрдæ.

— Карды бын «оххытæй» нал вæййы, фæлæ мæм хъусгæ кæн. Мæн ногъайаджы бинонты дæр ссарын хъæуы, се 'ртыккаг æмбалы. Ды та чызджыты Геормæ сæрвит, бамбарын ын кæнæнт хъуыддаг. Рæвдз куы фæлæууæм, уæд нын исты нæхи фæндиаг æнтысдзæн... Цæй уал!

* * *

Цæвиттон, Доме йæ усæн цы Русланы кой кодта, уый йæ фыдыфыды хистæр æфсымæры цоты цотæй уыд. Фæцарæхст йæ рæстæджы, стыр æхцаты фæдыл ацыд æмæ сæ ныр — куыд фæзæгъынц — хъазыд. Хъазгæ та сæ цас кодта, æхцатæ сæхæдæг фæхъаздзысты кæмæйфæнды дæр. Фæлæ таможнæйы куыста фæстаг азты æмæ йæм дзы хаудта.

Домемæ уæлдай дзæбæх зæрдæ дары рагæй дæр, кæд быцæутæ дæр акæнынц, уæддæр.

— Сывæллонæй амонд куынæ уа лæджы, Доме, уæд иннæтæ ницы сты, — загъта йын иу дыууæ азы размæ. — Дæ усимæ дæ цард нæ цæуы, зæгъгæ, уæд æй ныууадз æмæ 'ндæры 'рхæсс. Фæлæ дæ цотæй та цы фæуыдзынæ?.. Дæ туг де стæг сты, æмæ... Ды мæ дурзæрдæ фæхоныс, саузæрдæ, фæлæ афтæ дæр нæу. Æппын кæд ницы, уæддæр мæ чызг æмæ мæ лæппуйы уарзын. Æмæ сæ цы уынын хорзæй?.. Чызджы сахуыр кодтон, ницы цух æй уадзын, машинæ дæр ма йын балхæдтон. Фæлæ никæй хæссы йæ сæрмæ, æмæ дæлæ нæ хæдзары бады. Йæ дæс æмæ ссæдз азы тагъд йæхирдыгæй фæуыдзысты.

— Амонд ссарын дæр мæнæ нæй, Руслан, — загъта йын Доме уæд. Тынг рæсугъд уыд йæ чызг Русланæн. Æцæг зынæрвæссон,

æцæг дзы уæлдай ми дæр никуы райхъуыстаид æмæ уæлдай ныхас дæр. Фæлæ Домемæ дæр диссаг каст, куыд нæ цæуы чындзы, уый.

— Лæппуйы мæт та мæ бынтон бахордта, кодта йæ хъæстытæ дарддæр Руслан. — Скъолайы ахуыр кæнгæйæ дæр нæ тухийæ амардта йæ мадимæ, иудадзыг дæр æм хъус дарын хъуыд. Аттестат дæр ма йын, зæгъæн ис, æмæ æлхæнгæ бакодтон. Стæй йæ мединститутмæ баппæрстон, æмæ йын уый фæуын дæр нал æнтысы. Иу хатт æй уадзгæ ныккодта, иннæ хатт та йæ тæргæ ракодтой. Цæй тыххæй, уый кой дын нæ кæндзынæн, фæлæ та йæ батъыстон фæстæмæ, уæдæ йын цы кодтаин?.. Уадз æмæ уый уæддæр фæуа каст. Фæрæдыд лæг, æмæ æндæр истæуыл ныххæца, уый дæр æм нæ уынын.

Ныр Доме дæр нуæзтджын, чындзæхсæвы бахаудысты иу сабыр кафемæ. Æмæ дын дзы куы схауид:

— Раст хъомыл не сты, Руслан. Ма мæм фæхъыг у, фæлæ сæ æгæр сфыдуаг кодтат. Дæхи аххостæ сты фылдæр. Нæ-иу дын дзырдтон, æхца йеддæмæ ма цыдæртæ дæр кæй ис царды, уый?..

Æмæ ма йын йæхи сывæллæттæй дæр аппæлыд, кæмдæр йæхицæй разыйæ. Лæг ын йæ мæгуыртæ калы, уый та йын зæндтæ амоныныл схæцыд!

Ныр йæхи чызг æд сывæллон сæ хæдзары бады, æмæ иннæ дыууæйæн дæр чындзы фæцæуын нал æнтысы.

Фæлæ йын куыд зын уыдзæн Домейæн Русланмæ æфстаугур бадзурын!..

Ногъай æмæ дагестайнæгтæ цæрынц фылдæр кæдæм æй хъуыд цæуын, уымыты.

— Махмудмæ уæ исчи цæуы? — бафарста таксисты Нефтекумскмæ куы ныхæццæ, уæд.

— Мæнæ æз цæудзынæн Махмудыуылты Тукуймæ, — загъта иу кæсæнцæстджын ацæргæ лæг.

— Æмæ уæд баныхас кодтам: æз дæр уемæ ацæудзынæн. Æрмæст, кæд гæнæн уа, уæд мын-иу раззаг бынат ныууадз. Æз уал газеттæ алхæнон.

Фæлæ гуыбын дæр йæхиуон домдта, æмæ уал хæрæндонмæ бацыд Доме.

Кафейы райста уазал суар донимæ цыдæртæ, æхсызгонæй фæбадт кафейы сатæджы, стæй рацыд æмæ газеттæ балхæдта.

Алы хабæрттæ кодтой йе 'мбæлццæттæ. Æмæ сæ стыхст, уæддæр рæстæг уыдоны фæрцы тагъддæр агæпп ласта. Артуры бынаты

куы баййафид, уæд ма, чи зоны, ахсæв сæхимæ дæр хæццæ кæнид.

Уынг хорз бахъуыды кодта Доме, йæ кой дæр кæмæн нал уыд, уыцы паддзахады «æппæтцæдисон староста» Калинины ном ыл баззад, стæй дард нæ уыд, æмæ хæдзар дæр тагъд ссардта. Фæлæ йæм дзы Сослан куынæ ракæсдзæн, мыййаг, æмæ ма Артур дæр уым куынæ разынд, уæд йæ зæрдæ æрбамæгуыр, афтæмæй бахызт дыууæ ныллæг мæгуырау агъуыстыл дих хæдзары кæртмæ.

Бон тæвд уыд нырма, пиджак йæ къухты фæхаста æмæ дзы стыхст, къулы хост зæгæлыл æй ацауыгъта. Уый фæстæ цæхæрадоны доны кърант ссардта, йæ хæдон феппæрста æмæ астæуæй уæлæмæ йæхи ахсадта. Уый дын — цард!

Дойны дæр ын уыд, фæлæ амы дон зымæг дæр ахæм хъæрмуст вæййы, æмæ лæгæн нæхимæ уазал доны фæстæ æнад вæййы. Æмæ дзы æрмæст цалдæр хуыппы скодта.

Цыбыркъух у нæ рæстæджы лæг æнæ машинæйæ, фæлæ йыл цы бон уыд, æмæ сахатырдæджы фæстæ сосæ фæндагмæ райста йæхи фæстæмæ. Цы бæрæг ын уыд, Артур кæд фæзындзæн, уымæн, æмæ йæм хуыздæр фæкаст Тукуймæ фæцæуын æмæ Ренаты ссарын.

Фæлæ куыддæр фæндагмæ баввахс, афтæ дын Артур йæ размæ куы фæуид урс «Нивæйыл».

— Мæн агурыс, Доме? — æрбаппæрста йæм йæхи лæппу фæндаджы сæрты. Æмæ базыртæ кæм нæ разад уайтагъд лæгыл. Ноджы Артур, бæрзонд, къæсхуыртæ, фæлæ фидæрттæ конд, тынг сæрæн каст кодта, æмæ уый та уæлдай æхсызгон уыд Домейæн.

— Дæу, дæу, фæлæ хорз афон фæдæ, — загъта æмæ лæппуйы тыхджын къух райста, йæ хъæбысы дæр ма йæ акодта. — Куыдтæ дæ ам иунæгæй?

— Мæнæн та цы у, фæлæ... Соситæм мæ зæрдæ æхсайы, нæ сæм уыдтæ?

— Уыдтæн, æмæ алцыдæр хорз хъуамæ уа Хуыцауы фæрцы... Уæ харбызы мæт кæн. Бирæ нал хъæуы йе сцæттæмæ...

— Нæ харбыз хорз у. Дон æм фаг фæуагътам æмæ афоныл, æмæ ныр нæрсы. Ныр мæ фыдыфсымæрæй цæуын, знон дæр уым уыдтæн. Æмæ мæм уый дæр фæкæсдзæн. Кусджытæ та фагæй фылдæр, æндæр куыст сын ницы ис ам, — разæнгардæй загъта Артур, æмæ дзы йæ цæстæй ракаст Доме, æхсызгон ын уыд, ахæм æрдхорд кæй ис Сосланæн, уый.

— О, уыдæттæ фæуæнт, фæлæ куыд сты лæппутæ, федтай сæ? — афарста йæ Артур.

— Нæ сæ федтон, сæ ногъайаг æмбалы ныййарджыты мæ фенын хъæуы æнæмæнг, стæй дæу дæр абæрæг кæнон, зæгъгæ, ардæм ратагъд кодтон. Фæлæ ныр афтæ бакæнæм... О, хæдæгай, Ренат дæ никуы абæрæг кодта?

— О, æрбауад мæм æнæдæрæбон изæрæй. Хорз лæг у.

— Æмæ ногъайаг лæппу та кæм цæры?

— Тукуйы, фæлæ кæм, уымæн ницы зонын.

— Ссардзыстæм æй.

— Æмæ ахæцæм уæдæ Тукуймæ, нæ?

— Ахæцæм!

— Мæнæ та мын Соситæ рацæуой... Иунæгæй мæ хъуыры дæр ницы фæбыры.

— Зындзысты дæм тагъд, кæд ма исты зонын, уæд. Фæлæ хæрын хъæуы, иунæгæй дæр æмæ искæимæ дæр, ахсæнимæ хъазæн нæй. Стыр мардæрцыд у хæлд ахсæн, фæлæ бензины кой бакæнæм, æмæ ма мын æй радзур, цы куыстой уыцы лæппутæ Светлокумсчы æмæ цы тох кæнинаг уыд милицæимæ?

Фæндагыл ын Артур, хъуыддаг куыд рауад — кæй зæгъын æй хъæуы — йе 'мбæлтты расткæнгæйæ, — уый тыххæй йын радзырдта.

— Фæскуыст чысыл ануæзтой. Æмæ Равилы изæрæй сæхимæ куы ластой, уæд фæндагыл йæ сæры фæмидæг, мæ хуыздæр æмбал, дам, ссыд æфсадæй, æмæ, дам, æй райсом горæтмæ цæуын фæнды истытæ алхæнынмæ Гъемæ, дам, мах дæр йемæ ацæуæм, уазал бæгæны, дам, уæддæр фæнуаздзыстæм, кæд æлхæнгæ ницы бакæнæм, уæддæр.

Горæтаг лæппутæн дын уый зæгъай! Стыхстысты хъæуы цард æмæ быдыры зын куыстытæй. Æмæ сразы сты. Æцæг Артур баззад. Цыдæр хъуыддæгтæ ма сæ уыд быдыры, харбызы куыст та уый хуыздæр зыдта. Цæугæ та зононы æфсæддоны «Волгæйæ» акодтой — Цæцæны бакуыста уый фаг æхца...

Горячеводскы базарæй куы рацыдысты фæстæмæ, уæд баздæхтысты кафемæ Светлокумсчы. Кафе та ныр парчы тæккæ астæу. Æмæ фæйнæ дыууæ цыдæр куы аныэтой, уæд сæ зæрдæтæ ахсайдтой чызджытæм. Уыдонæй та цалдæр сæ тæккæ фарсмæ бадт æндæр фынгыл. Æмæ дзы иу афон дыууæйы æрбахуыдтой семæ абадынмæ. Æртæйæ та сын комгæ нæ ракодтой.

Абадтысты семæ, базонгæ сты, хъæбæрæй дæр аныэтой иумæ. Æмæ бынтон бахъæлдзæг сты. Чызджыты 'мбæлттæй ма иуы сæхимæ расайдтой.

Равиль змæнтын райдыдта, дзæгъæл æвнæлд кæны чызджытæм. Бауайдзæф ын кодтой лæпputæ, æмæ æрсабыр уæд уый дæр. Фæлæ чысыл дарддæр дыууæ лæппулæджы дыууæ сылгоймагимæ бадтысты. Сæ иу сылгоймæгты раз йæхи фæлæг кодта æмæ дын лæппуты фынгмæ куы басхъæл уаид. Уайдзæфтæ кæнынил сын схæцыд, сæ паспорттæ дæр ма сын æрдомдта.

Лæппутæ та æвзæрæй ницы кодтой уыцы рæстæг, хъæлдзæгæй цы бадтысты чызджытимæ, æндæр. Æмæ йæм ныр иуылдæр рамæсты сты, ныууадз нæ, зæгъгæ, нæ дæ хъыгдрæм æмæ нæ ма хъыгдар ды дæр. Æмæ сæм уæд уый йæ милицæйы кусæджы æвдисæндар фелвæста. Æрбайста сæм иннæ лæг дæр йæхи. Йæ хæдфæстæ æрбацыдысты сæ устытæ дæр æмæ сæ акодтой, ацы хъæддæгтимæ та цы ныхæстæ кæнут, зæгъгæ. Фæлæ дард дæр нæ ацыдысты. Кафейы кæрты астæу æрлæууыдысты æмæ уым цыдæр сусæг ныхæстæ кæнынц, сæ дзыппыдаргæ телефонтæй кæдæмдæр дзурынц. Сæ уæлхъус та алæууыдысты æмæ та сæ паспорттæ æрдомдтой. Лæппутæ сбыцæу сты семæ. Æмæ сын хылмæ асайдта. Радтой дзы дзæбæх дыууæмæ дæр, фæлæ сæм мæлæты тагъд æрбаппæрста йæхи милицæйы сæрмагонд къорд...

Афтæ фехъуыста хабар Артур Равилы 'мбалæй. Уый йæхæдæг иргъæвæг уыд, æмæ йæ не 'рцахстой.

— Æмæ дæм куыд кæсы ныр дæумæ сæ хабар, Артур?

— Омæ нæ нæ уарзынц мах, саулагъзты, Доме! — ахæм фидарæй загъта стыр мастимæ Артур, цыма йæ кары бацыд æмæ Домейæ къаддæр нæ фæцис алы тæрæнты, уыйау.

— Сæхи аххос уыд лæппутæн, æрмæстдæр сæхи. Æмæ нæй æфсæнттæ уымæн. Цард хъазын нæу, æмæ дзы дæхи дарын хъуамæ зонай. Кæмфæнды дæр æмæ кæдфæнды дæр! Цал æмæ йын цал хатты загътон Сосланæн: «Иу бануæзтай, уæд ды зоныс, дыууæ — уæд та арахъхъ зоны!» Стæй пысылмæттæ нæхи хуызæн не сты. Нæ йыл сты ахуыр нозтыл, æмæ сын нæ хъæуы дарын. Дæ хъуыддаг бакæн, стæй уæд нæхимæ цыфæнды дæр кæн, кæд дзы гæнæн нал ис, уæд. Куы цыдыстут ардæм, уæддæр уын æндæр куы ницы дзырдтон. Ныр дзы цы рауад?!.

Ныхъхъус Артур. Фæлæ йæ уыдта Доме, лæппу йе 'мгæртты тыххæй зæххы скъуыды ныххауынмæ дæр цæттæ кæй у. Æмæ уæд ныхас æндæрырдæм фездæхта.

— Цæй, ныхæстæй ницыуал пайда ис ныр, — загъта, — фæлæ сæрæн лæппуйы каст кæныс, æмæ фидар фæлæуу,

сæр дæ бахъуыд ныр. Дæ фыдыфсымæр Березкины вæййы?

— О.

— Дардгомау у уый, фæлæ-иу æхсæв уым лæуу. Цалынмæ дæм лæппутæ зыной, уæдмæ.

— Æмæ Махмуды хъæуы цæмæй тæрсын?.. Адæмы ’хсæн. Бæндæн æз никæимæ кæнын, нуазгæ иннæ ахæм. Киномæ кæдæм фæцæуай, уый дæр ма дзы нæй, æмæ телевизормæ фæкæсын, магнитофонмæ фæхъусын. Чингуытæ дæр нæм ис, уæдæ, æнæхъæн цасдæр æрхастам библиотекæйæ...

— О, хæдæгай! — æрбаймысыд Доме, машинæйы фæстаг бандоныл кæй баппæрста, уыцы газеттæ. — Мæнæ газеттæ алхæдтон Нефтекумсчы æмæ дын сæ ныууадздзынæн.

Ныххæццæ сты уæдмæ Тукуймæ. Ренат сæхимæ разынд. Равилатæй сæм иу æнахъом лæппу ракаст, Артур кулдуар дзæбæх куы бахостытæ кодта, уæд.

— Равилы æфсымæр дæ ды, æвæццæгæн? — бафарста йæ Доме, лæппу сын, пысылмæтты ахуырмæ гæсгæ, сæ къухтæ дыууæ къухæй исынмæ куы фæцис, уæд.

— О.

— Æмæ дæ фыд та кæм ис?

— Мæнæ хæрз æрæджы хос ласынмæ ацыд нæ сыхæгтимæ. Мидæмæ рахизут, — загъта лæппу æмæ дуар гомæй фæуагъта, йæхæдæг йæ мадмæ дзурынмæ фæцис.

Бахызт Доме кæртмæ, Артур та йæ машинæйы сбадт.

Хæдзары ныхмæ ма, йæ дæллаг кæронмæ ’ввахс разынд зæронддæр æмæ ныллæгдæр амад мæнгагъуыст. Æмæ куыдзы рæйын куы никуыцæй айхъуыста Доме, уæд ауунмæ байста йæхи.

Равилы мад дæр разынд ныллæджытæ æмæ тымбылтæ сылгоймаг. Æппæт дæр æмбаргæйы каст кодта, йæ сыгъдæг дарæс æмæ къæмдзæстыг мидбылхудтæй лæджы зæрдæ æлхæдта. Фидыдтой йыл йæ хæрзфаст сау сæрыхъуынтæ дæр.

— Æвæццæгæн лæппутæй иуы фыд дæ, нæ? — загъта æмæ йæ размæ расанчъех кодта.

— Дæн, дæн, уæ бон хорз! — зæрдиаг салам ын радта Доме.

— Æхсызгон мын у...

— Мæнæн дæр. Æмæ куыдтæ стут?

— Ой, æвзæр! — фæцырд сылгоймаг. — Цæй цард ис махмæ та?!.

— Тынг фæтарстыстут?

— Ой, ма зæгъут!.. Ахæм бæллæх, ахæм бæллæх! Хабæрттæ

— фæстæдæр, ныр уал мидæмæ рахиз. Æз дæр æрдæбон æрхæццæ дæн куыстæй. Седвали та, уый мæ сæры хицау у, хос ласынмæ аивгъуыдта. Иу цай уæддæр бацымут, рахизут мидæмæ.

— Мидæмæ нæй рæстæг, хорз ус, фæлæ ма мын дæ ном зæгъ. Мæхи ном — Доме.

— Æз та Разюк. Хорз нæу къæсæрмæ лæууын. Уый махмæ зæгъгæ афтæ фæкæнынц, цай, зæгъгæ, æндæр алцæмæй дæр...

— Тыхсгæ ма кæн, Разюк, алцы дæр хорз у. Æрмæст афтæ бакæнæм, æмæ лæппуйæн дыууæ бандоны рахæссын кæн мæнæ ардæм сатæгмæ, æмæ дзæбæх аныхæстæ кæнæм. Стæй, кæд гæнæн ис, уæд мын уазал дон дæр...

Дон куы банызта, сæхи фæйнæ бандоныл куы æруагътой, уæд Доме æнæ уæлдай ракæ-бакæйæ загъта:

— Нæй хъуыддагæн судмæ 'руадзæн! Æмæ æз мæ хæдзар дæр ауæй кæндзынæн, фæлæ уый фаг нæ уыдзæн. Ныхас дæр бакодтон цæуылдæртыл, кæимæ æмбæлд, уыдонимæ.

— Æмæ? — йæ цæстæнгас фæтарстхуыз Разюкæн: фембæрста йæ, хъуыддаг æхцамæ кæй цæуы, уый.

— Æмæ нæ бахъæудзæн фæйнæ... Æппын къаддæр фæйнæ цыппарыссæдз мины...

— Афтæ бирæ?! — йæ рустæм фæлæбурдта сылгоймаг.

— Афтæ бирæ. Аххос нæхи у, закъон та закъон у, стæй афтæ 'нцон дæр нæу, кæй фæнадтой, уыдонимæ бафидауын. Бауæнд мыл, судмæ куы 'руадзæм хъуыддаг, уæд нын къаддæр нæ сыстдзæн.

— Ой, æз уыл æууæндын. Фæлæ ахæм æхцатæ, уыйбæрц æхцатæ!..

— Уый хыгъд, къуырисæры уыцы адæмæн се 'хца куы баппарæм, уæд изæрæй нæ лæппутæ сæ хæдзæртты уыдзысты.

— Къуырисæры?.. Охх, цы хорз уаид уый!.. Фæлæ цы чындæуа ныр, цы?..

— Хиуæттæ, хæстæджытæ, сыхæгтæ уын ис, æмæ сæм бакъултæ кæнут уæхи. Фос уæм ис, ис уын харбыз сагъд, æмæ уыл чифæнды дæр бауæнддзæн.

— Куыннæ ныл бауæнддзысты, фæлæ никæмæ ис æхца ныртæккæ! Дуканиты дæр æфстау фæисынц адæм ацафон, харбызы фæстæ уын сæ ратдзыстæм, зæгъгæ. Стæй ма цы баззад къуырисæрмæ?.. Æндæр нæм цыдæртæ ис уæййагæй фосæй дæр. Седвалийы 'фсымæр дæр нын иу уæныг дæтты, фæлæ фыдæнæн фос æлхæнæг дæр нал ис.

— Хаттæн бæрæг дæр нæ вæййы, лæджы къух чи ацараздзæн, уымæн. Уæ ныфс ма асæттæд, æндæр алцыдæр хорз уыдзæн. Къуырисæры мах уыцы лæппуты куынæ суæгъд кæнæм, уæд нæ цард дæр ницы æмæ нæхæдæг дæр, — загъта Доме, кæмдæр йæхи дæр разæнгардгæнгæйæ. Фæлæ йыл уый фæстæ æваст йæ боны фæллад æртæфст, æмæ йæм ныр нал дзурын цыд, нал сылгоймаджы уавæрмæ кæсын. Иу ма хорз, æмæ уый дæр фæныфсджындæр:

— Цæй хорз у, кæй нæм æрцыдтæ, уый!

— Куыд уæм хъуамæ м 'рцыдаин... Ныр та цæуон, — загъта Доме æмæ фестад, йæ бандон фидарæй иуварс æрæвæрдта. — Седвалийæн-иу зæгъ: къуырисæры йæм Светлокумсчы æртæ сахатыл милицæйы хайады раз æнхъæлмæ кæсдзыстæм.

— Æртæ сахатыл?.. Хорз, уым уыдзæн.

— Æхцайы голлагимæ, Разюк, — йæ мидбылты бахудт Доме сылгоймагмæ æмæ уыйадыл кæртæй рахызт. Хæрзбон ма йын загъта æмæ Артуры фарсмæ машинæйы йæ бынат ссардта.

— Ныр комкоммæ Ачикулакмæ, Артур!

Артуры машинæйы бензин ныккодта, балхæдта йын акомдзаггæнинæгтæ æмæ йæ арвыста фæстæмæ. Кæсы æнхъæлмæ. Ничи зынд мæнæу, кæнæ ссадимæ Дзæуджыхъæуырдæм цæуæг, æмæ, сахатæй фылдæр куы фæлæууыд Доме дыууæ фæндаджы тигъыл, уæд йæ фæнд аивта.

Стыр хъæу у Ачикулак. Хорз æй зыдта Доме, Харбызласæн рæстæг куы райдайы, уæд ам æрбамбырд вæййынц алы рæттæй уæзласæн машинæтæ, стæй сæ баххуырсынц харбыз уæйгæнджытæ. Æмæ ардыгæй ласта Доме дæр харбыз егъау бæстæйы алы кæрæттæм.

Ацы хъæуимæ баст уыдис ирон лæппуйы хъысмæт дæр, хæсты рæстæджы чи фæмард, ахæмы. Цыбыртæй йæ мыггаг, уыд пилот, авиацийы лейтанант, ам ын æрæппæрстой немыц йæ хæдтæхæг. Хæсты фæстæ хъæуы астæу парчы сæвæрдтой иумæйаг цыртдзæвæн, хæсты чи фæмард, уыдоны номыл, се 'хсæн Цыбырты лæппуйы мыггаг дæр.

Домейæн йæ цинæн кæрон нал уыдис, парк дæр æмæ хъæуы астæуккаг скъола дæр ирон лæппуйы ном кæй хæссынц, уый куы базыдта, уæд.

Фæлæ цард къассавæлдæхт фæцис, æмæ фæстаг хатт куы бахауд паркмæ Доме, уæд æй нал базыдта: хæмпæлгæрдæг æмæ къутæрты бын фæцис, цыртдзæвæныл та, кæддæр сæ номæй кæмæн цардысты, уыцы адæмæн сæ мыггæгтæ бакæсæн нал уыд рæстмæ, афтæ рагæй йæм нал базылдысты.

Парчы уæллаг кæрон лæууыд Ленины цыртдзæвæн. Æмæ æнæуый дæр сæ хæрзтæй нæ уыд, фæлæ йæм лæджы цæст бакæсын дæр нæ куымдта. Æрлæбырдтæ, къæртгай фæхауд, йæ размæ амонæг къух дæр æрзæбул... Сидзæрæй аззад йæ фарсмæ, кæддæр стыр ныхæстæ кæцæй кодтой, уыцы трибунæ дæр. Сæ фæстæ хъæуы культурæйы хæдзар, æмæ уый дæр цалдæр аз чъырæй цагъд не 'рцыд. Бакæс æм — æмæ культурæйы къона нæ, фæлæ мæрддзыгой хæдзар. Æмæ йын цыма исчи йæ зæрдæйы нытту кодта, уыйау фæлыгъд ацы хатт Доме паркæй.

Ныр йæ дыууæ фарс та паркæн сарæзтой цæхæркалгæ ног дуканитæ. Хъæу та æмтгæй æвæгæсæг, æцæг нырыккон уæрæсейаг хъæу. Кæцæй дын дзы уа уазæгуат дæр. Æмæ уæд Доме дæр сыхаг хъæу Иргаклымæ кæимæдæр абадт. Уым чысыл уазæгуат зыдта. Ссæдз километры йеддæмæ йæм нæ уыд, æмæ уыдон дæр хорз — сæхимæ фæхæстæгдæр уыдзæн уый бæрц...

Дыууæуæладзыгон агъуысты фыццаг уæладзыджы чысыл хæрæндон æмæ буфет, уазджыты уæттæ та дыккаг уæладзыджы. Æмæ уырдæм асинтыл куы схызт Доме, уæд, телевизоры хъæр цы айхъуыста, æндæр иу змæлæг нæ федта.

Бахоста, телевизор кæм куыста, уыцы уаты дуар, æмæ йæм дзы иу ацæргæ сылгоймаг ракаст.

— Бынæттæ уæм ис? — бафарста йæ, салам куы радтой кæрæдзийæн, уæд.

— Бынæттæ — бирæ!

— Уæдæ сæ хуыздæр мæн, — загъта Доме æмæ йæм йæ паспорт радта, стæй та йæ афарста:

— Мæздæгмæ райсомæй раджы куыд хуыздæр ацæуон?

— Мæздæгмæ райсомæй æрæгмæ уыдзæн автобус, дæсмæ 'ввахс. Фæлæ æхсæз сахатыл Курскоймæ вæййы маршруткæ, æмæ уырдыгæй тагъддæр бафтдзынæ Мæздæгмæ.

— Бузныг, — загъта Доме. Бахуыссынмæ раджы уыд нырма, æмæ уал æддæмæ райста йæхи.

Йæ зæрдæмæ рагæй цыд ацы хъæу Домейæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, фæстаг азты уый дæр мæгуыр æмæ æдзæллаг кæнын райдыдта иннæ хъæутау. Фæлæ кæддæр колхозы сæрдар уыд Социалистон Фæллойы дыууæ хатты хъæбатыр, Горбачевы 'рдхорд Терещенко. Æмæ хъæуыл афтæ схæцыд, ахæм кад ын скодта æнæхъæн Стъараполы крайы, æмæ нырмæ дæр уыцы кад æмæ номæй цард кæмдæр, бирæ хъæутæй къаддæр фæцудыдта.

Амард цалдæр азы размæ Терещенко, фæлæ никуы ферох уыдзæн, æвæццæгæн, ацы хъæуы цæрджытæй уыцы диссаджы лæг. Æмæ, хъæуы астæу йæ бюст кæй лæууы, канд уый тыххæй нæ. Æнæуый дæр хорз адæймаг уыд. Стæй йæ куыст дæр хорз зыдта æмæ уарзта.

Фæлæ ма адæмы дæр бирæ уарзта. Уый та кæуылты хъуыддаг у йæхæдæг!.. Ныр ахæмтæ нал ис. О, кусын сæ кодта, иу рæдыд дæр сын нæ барста. Фæлæ сæхи пайдайæн.

Колхоз нæрыд, адæм цардысты, ахæм мызд истой, æмæ уæд Иргаклыйы ’рцæрын Мæскуыйы ’рцæрын æй зындæр дæр ма уыдис.

Ныр ма уыдæттæн баззад сæ кой æрмæстдæр. Фæлæ лæууы йæ бынаты, йæ саразæг сæрыстыр кæмæй уыд, уыцы стадион. Æмæ та йæм кæд искуы раздæхиккой адæм. Ныр сæ уыдæттæм не ’вдæлы. Ныр цы сты, уымæн сæхæдæг дæр ницыуал зонынц, æмæ цæй «ГТО» æмæ цæй футбол. Ныр нозт, тамако, хъылма æмæ æдылы ныхæстæ æмæ сæнттæ сæ хуыздæр хъазæнтæ фæсивæдæн.

Уынджы иунæг адæймагыл дæр не схæцыд Домейы цæст. Дуканитæ нæ уыд йæ алыварс, иунæг газетты киоск дзы лæууыд, æмæ уый дæр æхгæд. Æхгæд Культурæйы Галуаны дуар дæр, почтæ æмæ колхозы къантор, амбулатори йæ фарсмæ.

Фæлæ куыд тагъд аивтой цард æмæ адæм! Æмæ фенкъард, йæ зæрдыл цæмæндæр æрбалæууыдсты, рагæй кæй нал фехъуыста, уыцы зарæджы ныхæстæ:

Что тебе снится, крейсер «Аврора»,
В час, когда утро встает над Невой?..

Парчы кæрон хицæнæй лæууыд иу хæдзар. Доме йын йæ къулыл ауыдта фыст: «Хæдзар уæййаг у». Æмæ йæм диссаг фæкаст, ахæм сабыр æмæ дзæбæх ранæй кæйдæр фæлидзын кæй фæнды, уый. Йæхи йын бауадз, уæд ам æрцæрид æмæ сындæггай æнæмæтæй æрвитид йæ бонтæ.

Æниу, чи цы зоны искæй цардæн. Стæй ма цæй цард ис хъæуты, сæфтмæ сæ æркодтой. Мæскуымæ дæр ма афардæг вæййынц амы хъæутæй бирæтæ кусынмæ. Æмæ сæ уым ныссайынц, лæварæмхасæнты сæ фæкусын кæнынц. Афтæмæй та, кæд ма искæмæй ракæлы æцæг адæймаджы тæф, уæд хъæуы адæмæй.

Нæ фæрæдыд, иу нæ, фæлæ дыууæ дуканийы разынд кæрæдзимæ ’ввахс парчы цур уынджы. Дыууæ дæр абæрæг кодта Доме. Æмæ сæ иуы дзул, цыхт æмæ тахынæг куы райста суар донимæ, уæд йæ сæры фæмидæг хъæбæрæй иу авг райсыны хъуыды.

«Бакуыстон æй абон, — скарста йæхимидæг, — æмæ дзы цы

рауайа, уый рауайæд. Фынæй кæд уæддæр бауин хуыздæр».

Æрæвæрдта уый фæстæ йæ уаты йæхицæн фынг, цыдæртæ ахордта. Уæддæр ма нæ тасыд йæ къух авгмæ. Сылгоймагæн зæгъа, æмæ йæ уый дæр нæ бафæндыд, зæрондгомау æмæ фыдуынд уыд, æцæгæлон куыддæр лæгæн. Æндæр æм никæй змæлын хъуыст уазæгуаты. Кæд ма дзы исчи ис, уæд, райсомæй раджы чи фесты, ахæм шофыртæ, æмæ ацу æмæ уыдонмæ хат...

Æртæ агуывзæйы райста, водкæйæ сæ ранхъæвзта æмæ сæ æрдæгæй чысыл фылдæртæ рауагъта. Стæй уæд йæ Хуыцаумæ скаст хæрдмæ, агуывзæтæй иуæй иннæ дыууæимæ бакъуырцц ласта æмæ йæ анызта, мæ мад дæр мæ иунæгæй куы ныййардта, зæгъгæ.

Тынг дзæбæх дæр ын ацыд, кæд хъарм уыд, уæддæр. Æмæ уæд хæрынмæ дæр хуыздæр февнæлдта. Фæлæ ма иннæ дыууæ дæр куы анызта, уæд йæ сæры уыцы фæлладæй смидæг нуæзт, æмæ та йæм хардзау æркаст, иунæгæй кæй бады æмæ, ныхæстæ кæимæ акæна уæддæр, уый дæр ын кæй нæй. Хуыссæг та йæ нæма ахста.

Йæ тæвд фæсаст бонæн ныр. Арв стъалытæй йæ хуыз скалдта тары. Æмæ та йæ цыды сæр паркмæ скодта Доме. Бæлæсты сыфтæртæй фæрсыгъд уæлдæфæй йæ рæуджытæ бафсада...

Ам ын бæргæ ’нцондæр уыд йæ сæйраг мæт иуварс сурын, фæлæ уый фæстæ,æмбисæхсæвмæ ’ввахс куы схуыссыд, уæд та йæ æрсырдта æхцайы мæт. Æмæ йæм фыццаг хатт хардзау æркаст, мобильник æм кæй нæй, уый: хæдзармæ адзурын цы хорз уаид ныр!

Æрымысыд йæхицæн цыдæр бæрæгбонтæ дæр адæймаг. Уæдæ куыд? Дунесконды паддзах æмæ бæсты бикъ куы у адæймаг!

Æмæ хуыссы Доме æцæгæлон уаты æцæгæлон сынтæгыл, æмæ тары йæ цæстытæ рудзынгмæ сарæзта, афтæмæй мидбылхудтимæ ног бæрæгбон æрымысыд адæмæн: Æхцаты Мæлæты Бон. И?.. Замманай бæрæгбон!..

Куадзæны фембæлынц адæм, æмæ сæ иу иннæмæн фæзæгъы: «Чырысти райгас!» Æмæ йæм уый дæр фæцырд вæййы: «Æцæгæй дæр райгас!»

Амæй фæстæмæ та фембæлд иу иннæйыл æмæ йын зæгъы: «Æхцатæ нал и!» Æмæ йын уый дæр: «Нал ис, уæллæй, амардысты!» Стæй ма сыл дзæбæх тутæ дæр фæкæн, сæ кой авд дæлдзæхы, зæгъгæ.

Йæ тæккæ афоныл бахæццæ райсомæй раджы автостанцæмæ. Фæлæ дзы цы автобус æмæ маршруткæ баййæфта, уыдонæй

Курскоймæ никæцы цыд. Уæд æртæ лæгимæ иумæ баххуырста «Волгæ» Мæздæгмæ.

Ардыгæй, Мæздæгæй сæхимæ фæдзырдта Доме.

— Уыдтæ Руслантæм? — бафарста Азæйы.

— Уыдтæн, — бынтон саст дæр нæ уыд уымæн йæ хъæлæс.

— Æмæ?

— Кæцæй, дам, æрхæссон æз къуырисæрмæ уыйбæрц?! Фæлæ... Кæд та йæ зæрдæ нæ фæлæууид.

— Мæхи бар æй уадз ныр... Æмæ Геор та цы зæгъы?

— Агуры уый дæр. Æмæ чызджытæ дæр архайынц. Фæлæ кæм дæ?.. Дысон дæм кæдмæ фенхъæлмæ кастыстæм.

— Зындзынæн абон æз дæр. Фæлæ архайут. Мурат куы фæзына, уæд ын зæгъ, æмæ мын ме 'хцатæ 'рцæттæ кæна. Кæд гæнæн ис, уæд сæ иу дæс æмæ ссæдз бакæнæд, иу рейс, зæгъ, дæ дардзæни. Ма дзы 'фсæрмы кæн!

Дард фæндаджы размæ аходæн скæнон, зæгъгæ, хæрæндон бацагуырдта.

Кафе «Бæлццон». Иу цалдæр азы размæ йæ бакодтой, чингуытæ кæм уæй кодтой, уыцы дуканийы бынаты. Æмæ йæм куы бахызт Доме, уæд дзы иу адæймаг дæр нæ баййæфта. Æрмæст дзы цыдæр хъæддаг музыкæ бæстæ йæ сæрыл систа.

Бахызт æм Доме, æмæ йæм иу афон иу тымбылтæ æмæ ныллæджытæ чызг куы рауад, уæд ын афтæ:

— Зоныс, цы ахъуыды кодтон?.. Зæгъын, дзæбæх чызг дзы куынæ баййафон, уæд фæстæмæ здæхын. Ныр мæ фæнд аивтон. Иу тæвд цай мын, дæ хорзæхæй.

— Лимонимæ? — бафарста йæ уый æнæ мидбылхудт, æнæ 'ндæрæй.

— Нæ хъæуы. Æцæг карз æмæ иунæг сæкæры уидыгимæ, — загъта Доме. — Стæй дæм хъыг ма фæкæсæд, фæлæ дын мæнæ фондз сомы уæлдай, æмæ уыцы музыкæ ныссабыр кæн.

Кафейæ æххæст æддæмæ нæма рахызт Доме, афтæ та бæстæ ныццарыдта дзолгъо-молгъо цагъд.

Доме Дзæуджыхъæумæ цæуæг автобусы сбадт. Æмæ йæ афтæмæй ныууадзæм йæ мæгуырыл. Йæ фырты хъысмæтыл мæт кæнгæйæ. Æнамонд боны гуырд дæ, адæймаг, æнамонд.

2004 аз

ХÆМЫЦАТЫ Албег

АМАЙЫН МÆ МÆСЫГ

* * *

Цард хъазгæ-худгæ афардæг мæ рæзты,
Æппындæр ын нæ банкъардтон йæ цин.
Кæсын ма ныр æз хъахъдзыхæй йæ фæстæ.
Мæ амонд дæр ныккуыддæртæ, фæци.

Хæлæдздзаг къæс, æнкъард зарæг — мæ бынтæ,
Æндæр мæм мулкæй ницы и зæххыл.
Дæллаг галау ныффæрæзтон мæ зынтæн,
Фæхæцæг сау дуг никуы уыд мæныл.

Уæддæр фыртыхстæй зарыдтæн зынг хурыл,
Уыдис йæ хъарм мæ рыст удæн æхцон.
Мæ тарф фыны-иу февзæрдтæн йæ цуры,
Фæлæ-иу уайтагъд айсæфти бынтон.

Мæ сæрмæ ныр — къæвдамигъты ныгъуылы,
Ныкъулы мæм, мæстæймарæгау, цæст.
Мæныл æнусмæ сабыргай ныгуылы,
Кæны цыма фыдгулы фæнд æххæст...

* * *

Рынчын у Зæхх... Ысфæлмæцыд нæ мастæй,
Ыссудзы йыл, хъæуа-нæхъæуа, хæст.
Уый нал райы зæххон лæгæн йæ уарзтæй,
Кæны тыхулæфт, удисгæ, æрмæст.

Рынчын у Зæхх... Ныффæсус и хъæрзынæй,
Зыны хæстæг йæ бæркæдты кæрон.
Уый бафæллад нæ сау митæм кæсынæй,
Æрвдзæф бæласау ницуал у йæ бон.

Рынчын у Зæхх... Ыстыр арты йæ судзæм,
Тæригъæд махæй ферох и кæмдæр.
Фыдызнæгтау ыл бомбæтæ рæмудзæм,
Нæ нæм хъуысы йæ уды фæдис, хъæр.

Рынчын у Зæхх... Уæддæр æй къахæм, къахæм!
Хъæуы нæ нефть, сызгъæринтæ, æрзæт.
Йæ хъару нал у хорз ракæнын махæн,
Цæуы йæ фæстæ удхæссæг — мæлæт.

Рынчын у Зæхх... Æлхъивæм ын йæ «рохтæ»,
Йæ ныхмæ скодтам, цъулбертау, нæ куыст.
О Стыр Хуыцау! Кæд фæзындзæн йæ дохтыр,
Кæд банцайдзæн йæ хъæдгæмттæн сæ рыст?..

ФÆЗЗЫГОН СЫФТÆР

Фæхуды къалиуæй дзæбæх,
Вæййы зæрдæйы æнгæс, цъæх.

Фæлæ нæ фембары йæ цин,
Кæй у сыфтæры сомбон хин.

Уый фесты мигъфæззæджы бур,
Рæстмæ йæм нал фæкæсы хур.

Æрцæуы хъал митæн кæрон,
Рынчынау батайы бынтон.

Фæхæцы-ма æрдуйыл цард,
Вæййы, рыст сидзæрау, æнкъард.

Ыстæй æрхауы... Дымгæ ’васт
Ыскæны сыфтæрмæ йæ каст,

Фæхъазы дзы — æхсæв уа, бон,
Хъысмæт ын басгуыхы зындон.

Фæлæ цы бакæна? Мæнау,
Нæ уыны уый дæр, нæ, Хуыцау...

* * *

Нæ хъæуы ныхас баззади дзæгъæлæй,
Йæ дуртыл уары пух тъыфылтæй мит.
Зынæг æм нал ис иу хохаг дæр хъæуæй,
Кæны йыл рагъæй сонт дымгæ æхситт.

Ам нал рабадынц ирæттæ æмбырдæй,
Изæр нæ вæййы сомбоныл сæ мæт:
Фæлыгъдысты сæ райгуырæн къуылдымтæй,
Фæсайдта сæ дæлимон хин — хъысмæт.

Ысси сæ бынат хаст ривæддон комы,
Кæддæры цинæй, амондæй фæцух.
Уæддæр мæлын хъæууон ныхас нæ комы, —
Кæсы æнхъæлмæ хохæгтæм æдзух.

Лæууынц йæ дуртæ урс худты æнкъардæй,
Ныдджих сæм и бæрзонд æфцæгæй рындз.
Никъкъæдзтæ сты тъæпæнсæр къæстæ салдæй,
Зæронд уæлмæрдтау, ныхасмæ кæсынц.

Нæ хъæуы ныхас баззади дзæгъæлæй,
Йæ дуртыл уары пух тъыфылтæй мит.
Зынæг æм нал ис иу хохаг дæр хъæуæй,
Кæны йыл рагъæй сонт дымгæ æхситт.

* * *

Рæнхъытæ... Рæнхъытæ... Рæнхъытæ...
Мæ цард та — къуыппытæ, дзыхъхъытæ.

Уæддæр сыл нæ ивын мæ зæрдæ,
Фæтæхынц, бæлæттау, мæ сæрты.

Кæдæм тæхынц — цу ’мæ сæ базон.
Мæ хъару сæ хъал митæй бадон.

Мæн баппарынц сагъæсы, масты,
Мæ ныхмæ тызмæг рæстæг расты.

Фæдары мын цъутта мæ дзыхыл,
Былысчъилæй худы мæ тыхыл.

Фæлæ йæм нæй рæнхъытæй хъусæг.
Нæ кæнынц сæ рухс фæндтæ сусæг.

Сæ бæллиц — уæлæрвтæм ыстæхын,
Ирыстон Хуыцауыл фæдзæхсын.

Сæ бонæй уой, уастæн, сæ бонæй!
Нæ тæрсынц ызнагæй, тæрхонæй.

Нæ кæсынц мæхицæн дæр коммæ,
Тæрынц мæ фыддæрагæн донмæ.

Уæддæр сыл нæ ивын мæ зæрдæ,
Фæтæхынц, бæлæттау, мæ сæрты.

Рæнхъытæ... Рæнхъытæ... Рæнхъытæ...
Мæ цард та — къуыппытæ, дзыхъхъытæ.

ХÆТАГ СЫЛГОЙМАГ

Ныгæнынц æй... Уый ахицæн и циардæй,
Кæйдæр амондæн нал хæсдзæни маст.
Ныффæлурс и мæрдон чырыны 'нкъардæй,
Фæхæссы йемæ хъал æхсæвтæ, уарзт.

Ныр нал тæхы йæ рæсугъдæй уæлæрвты,
Ныттар ыл ис, мæйдар зæппадзау, бон.
Нæ йæм хъардта: лæг уарзынæй дæр рафты,
Фыцгæ 'нкъарæнтæн ралæууы кæрон.

Уый сылгоймæгтæн «масты дзæкъул» хаста;
Уыдис æдзух рæузонд лæгтæн сæ цин.
Тыччытау хъазыд хъæлдзæг бонтæй, уарзта,
Фæлæ йæ цард, тæрккъæвдайау, фæци.

Нæ федта амонд, уарзты хæрзтæй мур дæр,
Уыдис кæмæндæр хъазæнхъул æрмæст.
Ныгæнынц æй... Йæ раздæры хæзгултæ
Æндæр устытыл ахæссынц сæ цæст...

* * *

Тæрккъæвда та æрбацæуы... Йæ хъæрмæ,
Мæйдар æхсæвау, арвы цъæх ныттар.
Ысхæйрæг дымгæ урс хæхтæн сæ сæрмæ,
Лæбыры коммæ дурлæсæн — лæгмар.

Тæрккъæвда та æрбацæуы... Фырмæстæй
Нымбæхсти хурдзалх сау мигъты кæмдæр.
Ныллæг хъæд, худгæ, нал кæсы йæ цæстæй,
Ныттилы фахсыл, сагъæсгæнгæ, сæр.

Тæрккъæвда та æрбацæуы... Йæ роны
Æрбахæссы тæппал æртæхтæ — дон.
Хатыр фыдгулау иуæн дæр нæ зоны,
Ныссæнды ихæй зад хуымтæ бынтон.

Тæрккъæвда та æрбацæуы... Йæ тасæй
Æмбæхсынц сырдтæ хуыккæмтты æваст.
Уый рарвиты æвзист æрттывд йæ разæй,
Хæссы æрмæст ыстыр фыдбылыз, маст.

Тæрккъæвда та æрбацæуы...

ХÆЛД МÆСЫДЖЫ САГЪÆС

Ныззылд мæ бындур, анызуылд мыл хур,
Мæ къултæ зæххыл фестадысты дур.

Æрцыд мæ царды рухс дугæн кæрон,
Мæныл ныттар, мæйдар æхсæвау, бон.

Мæ сæрмæ мигъты анызъуылди мæй,
Кæуынц мæныл мæ хæлддзæгтæ хъæрæй.

Мæ бындзæфхад дæр нал зыны дзæбæх,
Нæ йæм худы ыстъалыбыдыр — цъæх.

Æз ферох дæн Хуыцауæй дæр бынтон,
Æгас дуне мын басгуыхти зындон.

Ӕрмæст ма хъусын хъаматы дзæхст-дзæхст,
Куыд сыгъд мæ цуры дард ивгъуыды хæст.

Ныр нал хъæуын... мæ æцæг цард фæци,
Мæ фарн дзæнхъайау дурты бын ныцци.

Фыдызнæгтæй кæй хъахъхъæдтон æдзух,
Гъе уыдон дæр мыл ауыгътой сæ къух...

*** * ***

Цæуы, цæуы, фæлæ никуыдæм хæццæ кæны.

Уыци-уыци

Цæуын æз дæр, уæдæ, цы кæнон?
Нысанмæ нал кæнын хæццæ.
Мæ балцæн фесæфти йæ кæрон,
Дзæгъæлдзу, хауæггаг ысдæн.

Куы рындзæй рацæйтулын коммæ,
Куы мæ ыстæрсын кæны зæй.
Мæ къæхтæ нал фæкæсынц коммæ,
Ӕппын мыл иу аудæг нæй.

Цæуын тыххæй, лæгæрдын миты,
Мæ размæ стыр хæхтæ — цæлхдур.
Нæй хин, мæнгарддзинад мæ миты,
Уæддæр мыл никуы скæсы хур.

Мæ балц ныссуйтæ вæййы кæмтты,
Мæн дымгæ сцъил кæны æваст.
Хъысмæт мын удæнцой нæ дæтты,
Ӕдзух мыл акалы йæ маст.

Ӕрбадын урс дурыл фæлладæй,
Ыстæй та дард балцмæ — цæттæ!
Фæлæ, гыццыл авдæнау, дардæй
Нæ кæнын м' амондмæ хæццæ...

* * *

Ис рухс дуне — дзæнæт,
Уым цин кæнынц лæгыл.
Фæлæ мын ратт, хъысмæт,
Уæлæон цард зæххыл.

Дзæнæтæй дард у мæт,
Уым уарзтæн нæй кæрон.
Фæлæ мын ратт, хъысмæт,
Уæлæон амонд, бон.

Дзæнæты нæй мæлæт,
Уым уды фарн — фæндыр.
Фæлæ мын ратт, хъысмæт,
Уæлæон цард — цыбыр.

Дзæнæт, уадз, диссаг уæд,
Зæрин бæстæ — лæгæн.
Фæлæ йæ зон, хъысмæт,
Дзæнæт нæ хъæуы мæн...

* * *

Цы схъауын фæнык? Не ссудздзæни арт.
Мæ митыл худы хохаг дымгæ комы.
Мæнæй нымбæхсти хуры тæлы дард,
Сæнтдзæф тымыгъ мæ бакодта йæ роны.

Кæддæры фæндтæ фестадысты рыг,
Фæих кæны хуыст арты фарсмæ зæрдæ.
Нæй, зонын, уазал рох фæнычы зынг,
Уæддæр дзы ’ррайау агурын цæхæртæ...

* * *

Топпы нæмыг — удхæссæг, æгъатыр,
Й’ азарæй нæ кæны дуне сабыр.

Уый мæ риуы карз тохы ныссагъди,
Къорд азы æнцад йæхицæн «царди».

Иуафон æй дохтыртæ ыссардтой,
Худгæ йæ мæнæн лæварæн радтой.

Хæст та ногæй ауади мæ цæстыл,
Сыгъд цъæх арты, тугкалгæ, нæ бæстæ.

Æмæ сонтæй фестъæлфыд мæ зæрдæ!
М’ алыварс ысси хъæрахст, гæрæхтæ.

Зæлыд хъусты дудгæ марой, хъарæг,
’Рхаудта къухæй сау нæмыг — мæ марæг...

ДЫЗÆРДЫГ

Амайын мæ мæсыг
Урс дзæнхъатæй, дурæй.
Ме ’мбæлццон — дызæрдыг,
Нал цæуы мæ цурæй.

Батæры мæ къуыммæ,
Судзы мæ йæ азар.
Скæны зонд зыгъуыммæ, —
Цу æмæ йæ бамбар!

Хатт та мын хæрзгæнæг
Басгуыхы фырцинæй.
Нал вæййын æз иунæг,
Хъахъхъæны мæ хинæй.

Амайын мæ мæсыг,
Хохы уæхскыл царды.
Зон, æнæ дызæрдыг
Басудзин цъæх арты...

* * *

Поэзи у мæ хуры тын,
Мæ уды рухс цин, рис.
Мæнæн æрмæстдæр арвы бын
Æмдзæвгæтæ — мæ ис.

Мæхи сыл ’нæвгъау бахордтон,
Ӕдзух сын кодтон аргъ.
Мæ цард сæ бæрны бакодтон,
Уыдысты мын зынаргъ.

Ныфсы мæсгуытау кастысты
Мæ уды рындзæй дард.
Ӕнхъæлдтон, диссаг, хорз ысты,
Нæ ахуысдзæн сæ арт.

Фæлæ мæ къуыммæ батардтой,
Цыма сын дæн ызнаг.
Цæргæ-цæрæнбон не ссардтой
Дæ зæрдæмæ фæндаг...

* * *

М’ арт нæ судзы, ахуыссы,
Суазал и мæ къуым.
Сугты цъыс-цъыс райхъуысы,
Къона у æрхуым.

Йе ссудзыныл архайын, —
Нæй æппын цæхæр.
Зестын пецы бакалын
Къæцæлтæ уæддæр.

Арт нæ судзы, ахуыссы,
Счынди йын кæлæн.
Уый мæ ныллæг агъуысты
Нал хъарм кæны мæн...

* * *

Х. М.

Нæ бæллицтæ ысфæнык ысты арты,
Тыххæйты ма тыхамæлттæ кæнæм.
Ды та мæ домыс хъæлдзæг зарæг царды,
Нæ уадзыс бадын уды ныфсыл къæм.

Ævzidync maxmæ ne ’mkъul adæm kardæj,
Tyxtona nyn næ gyccyl zæxx kænync.
Dy ta mæ domys: maual cu ænkъardæj,
Cy ’ruagъtaj, ’naxъom sabijjau, dæ fyndz?

Yznag fydænæn Iry farnyl xudy.
Læuuy næ mæsyg ’næ xæstontæ xъen.
Dy ta mæ domys: exx æmæ, tæxudy,
Dæu iskuy xudgæ, amonddzhynæj fen!

Kædæmdær lidzæm cardagur næ kъuymæj, —
Fydælty uæzæg zajdzæni dzægъæl.

Dy ta mæ domys: maual cu ærxuymæj,
Bærzonddær sis dæ zarægæn jæ zæl!

* * *

Fydroxgænæn dur*, nyr cymæ kæm dæ?
Kæm fesæftæ, mæ amondau, kæmdær?

Cæst dyl fændagyl ne ’rxæcyd æppyn,
Næ dæm xъary fællad udy ryst, zyn.

Mænæn mæ xъaru batadi, fæci,
Fædældzæx i, cæstnykъuyldau, mæ cin.

Kæm ærbadon, kæm aulæfon — næj,
Mæ cury dune — ixzærdæ, fynæj.

Ysdæn zyn balcy sagъæstæj xъuyrmæ,
Zærin xur arvæj nal xudy mænmæ.

Mæ fyrtyxstæj bærgæ ’rbadin dæuyl,
Fælæ dæ koj dær nikual i zæxxyl.

Læuuys dæxicæn auuony kæmdær,
Mænyl ta xinæj racydtæ dy dær...

* Narty kaddzhytæm gæsgæ — chi jyl ærbady, uymæn jæ fællad ajsæfy.

ХОХАГ КЪАХВÆНДАГ

Вæййын æдзух æцæг бæлццон дæ цуры,
Бæллиц мæ сисы къæдзæхтæй уæлдæр.
Дæ фæрцы фенын мигъты сæрмæ хуры,
Вæййы дæлиау сонт зæйтæн сæ хъæр.

Фæзынынц мæм бæрзонд цъуппытæ дардæй,
Мæ уд тæхынмæ — уарийау цæттæ!
Ды та кæныс зылын-мылынтæ ’нкъардæй,
Цыма бæндæнау дурты бын фæдæ.

Фæтæн фæндагмæ баджих вæййыс арæх,
Кæныс æм уазал къулвахсæй хæлæг.
Фæлæ йæ зон, дæуæй фидауы а зæхх,
Ды дарыс хæхты, рухс тынау, бæрæг.

Æмæ ныууадз сæрниз кæнын дæхицæн,
Дæумæ бæлццон лæг никуы уыд хæрам:
Ис къахвæндагыл урс хохмæ ысхизæн,
Фæтæн фæндæгтæ ницы марынц ам...

ГИБИЗТЫ Руслан

МЕРЕТ

Радзырд

Сабыр зымæгон æхсæв. Мерет йæ мæллæг зæнгтæ йæ быны æрбакодта, бæзджын даргъ халатæй сæ æрбатыхта, афтæмæй бады къæлæтджыны. Уыцы халат йæ зæрдæйæн зынаргъ у, йæ мæгуыр мойы номыл æй дары.

Рæхджы боны рухс æрбакæлдзæн, зымæгон уазалы хæрдгæбыд нывтæ конд рудзгуыты æвгтæй, горæты уынгтæ æмызмæлд суыдзысты, хæлцагур рауай-бауай сисдзысты сырддонцъиутæ, бæлæттæн райхъуысдзæн се 'знæт хъуыр-хъуыр. Фæлæ нырма æгуыппæг, æнкъард æхсæв бонмæ йæ бартæ нæма радта.

Уæззау у иунæг сылыстæджы хъысмæт. Меретæн дæр царды уæз йæ бæллицтæ зæххæмвæз скодта æмæ ма йæ æрмæст уый мæт æвдæрзы: дукани кæд байгом уыдзæн æмæ та «цъæхæй» кæд фæцардхуыз уыдзæн... Баргъæвсти йæ уд, нал комы æртæфсын. «Ехх, тæхуды, — хъуыды кæны Мерет, — ныр сыст æмæ ацу уæлмæрдмæ, æмæ дын байгом уæнт дуæрттæ — уæлмæрды дуæрттæ нæ, фæлæ, иунæг хатт чи байгом вæййы, уыдон, æмæ бацу... Нæ фæтæрсин! — Йæ удæн ныфс æвæры сылгоймаг. — Бацæуин, æмæ уым та мæ мæгуыр цардæмбал — фараст азы размæ фæзынгхуыст...

«Дæ бон хорз, Тембол, — зæгъин ын, — æмæ нæ бæдул та кæм ис, Гизæ-Маркизæ?»

Мерет йæ сæнтты афтæ арф аныгъуылы, æмæ йæм афтæ фæкæсы, цыма йæ мой æмæ йæ чызгимæ йæ фембæлд æцæг свæййы. Йæ цæсгомыл рухсы тын ахъазы, йæ царды уæз æм, цы у, уымæй рогдæр фæкæсы.

Цæвиттон, йæ чызг дæр ма йæ фыды фæстæ ацарди фондз азы. Мереты фыццаг рæстæджыты хиуæттæ иунæг бæргæ нæ уагътой, фæлæ, зианæн йæ афæдз куы ахицæн, уæд сæ уымæ никæйуал æвдæлд. Алчи сæ йæхи царды кой кодта. Афтæмæй иунæгæй аззади Мерет. Уæд ма хуыйæгæй куыста. Бæргæ, æнæрынцой куысты руаджы йæ бирæ сагъæстæй куы ирвæзид, фæлæ — кæм... Науæд та, цардимæ æмдзу кæнгæйæ, зæрдæйы какон сындзау чи бауад, æмæ йын судзгæ рысты хос чи уыд, уыцы схъис сласын, фæлæ уымæй дæр — фыдæнхъæл. Уый афтæ нынныхсти йæ уды мидæг, æмæ йын стонын амал нал ардта; уыйбæрц йæ уацары бакодта сылгоймаджы, æмæ карз ноззтæй дарддæр йæ сæрæн æндæр хос нал зыдта.

Куыст цардæн фæрæз у, фæлæ, Меретæн йæ къухтæ ризын куы райдыдтой, уæд ма йын цæй хуыйæгæй кусæн уыдис, æмæ райдыдта æфснайæгæй кусын скъолайы. Уæддæр уыцы уды хъизæмар... «О Хуыцау, — йæхинымæр дзырдта Мерет, — цы ракодтон, цы тæригъæдджын фæдæн?»

Ныр йæ дæс æмæ ссæдз азы йæхи фесты. Цал азы цæрæнбон ма йын баззад — дæс æмæ дыууиссæдз? Æртиссæдз? Æмæ Мереты бæллиц уыд, цæмæй йын, цы цæрæнбонтæ лæвæрд уыд, уыдон иу бонау аивгъуыйой, бамынæг уа сæ хъæр, мауал уа сæ уынæр. Уæд æрлæууид Мерет уыцы кулдуары раз... Уымæн æмæ амард Мерет, раджы амард. Амард уый дæр йæ чызджы амæлæн бон. Не ссардта æнцой æмгæртты æхсæн дæр — не ссардта æнцой уыдонимæ киноты йæ рæстæг æрвитгæйæ.

Рæстæг цыд. Дуг йæхонтæ кодта. Æгæрон, фæрныг æмæ хъаруджын бæстæ ракетæтæй йæхицæн агъуд сараз, афтæмæй йын, æгæр дзаг цы нау бавæййы, æмæ йæ сæрты дон æнхъæвзын кæмæн райдайы, уыйау фæдæлдонæй тас уыди. Æппынфæстаг бæстæ байуæрстой, æмæ Зæххы къорийы æхсæзæм хайæ Меретмæ дæр лæвар æрхауди — ваучер. Уый та дын нæ фыдæлты æмæ уыдоны фыдæлты фыдæбон — ваучер.

«Йæ ном дæр кæуылты у, — кæдæмдæр джихæй кæсгæйæ, хъуыды кодта Мерет. — Бæстæ байдзаг сникерстæ, чъиутæ æмæ,

сæ ном дзурынæн дæр кæмæн нæ бæззы, ахæм дзаумæтты койæ... Президент бацард хæдтæхæджы, йæ рæстæг æрвиты фæндырдзæгъдджытимæ, шахты фæллойгæнджытæ та алы рæтты къæбæрыл кæуынц... Йæ уæззау улæфт-иу райхъуыст Меретæн.

Скъолайы куыст дæр цас батавтаид Мереты æфхæрд уд. Сабитыл цыма къухты бæсты халамæрзæнтæ разади: «Мæн у-у-у!»

Иухатт Мереты раз дыккаг къласы ахуырдзау, къулырдæм здæхтæй, зыд хæрд кодта адджын гуыл. Йе 'мбал та, æви йæ хæлар — цы хъауджыдæр у? — дзагъырдзастæй касти, лæппуйы къухы хæрзад кæрдих куыд тади, уымæ. Уæд Мерет дæр балхæдта дыууæ ахæм гуылы, уыцы лæппуты къухы дзы фæйнæ фæсагъта æмæ æнхъæлмæ касти, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Æваст, æрдæбон йе 'мбалы дзыхмæ кæсгæйæ йæ комыдæттæ кæмæн уадысты, уый сдзырдта:

— Мерет, амæй Игорæн дæр радтон?

— Ратт, ратт!

Лæппу йе 'мбалмæ атындзыдта. Иннæ дæр адджын гуылы йæ дæндæгтæ куыд фæсагъта, афтæ йæ цæст схæцыд кæйдæр æххормаг цæстæнгасыл, æмæ уæд нал фæлæууыд, йæ гуылæй иу комдзаг расаста: «Гъа!»

«Ай дæр бынтон куыдз нæ уыдзæн», — ахъуыды кодта Мерет.

Уыд рагуалдзæг. Мерет фæцæйцыд базармæ картоф æлхæнынмæ. Кæсы, æмæ бырондоны цур бедрæ æмæ æрдæджы бæрц картæфтæ, зæхх хусдæр кæм уыди, ахæм ран калд. Мерет сæ цуры æрлæууыди: «Сæвгæнин дзы?» Фæлæ йæ мæгуырæй йе 'фсарм тыхджындæр разынд. Фæстæмæ куы раздæхт, уæд уым сæ кой дæр нал уыди...

* * *

Мæгуырæй адæм дардмæ лидзынц, æмæ Меретмæ дæр уазæг стæм цыдис. Афтæмæй йæ уат бафснайыныл дæр æдыхст уыдис. Бирæ хатт-иу йæ хуыссæн дæр æнæистæй баззад, æфснайгæ æмæ мæрзгæ дæр арæх нæ кодта.

Ахуыргæнджытæ йын райсомæй салам лæвæрдтой, чи йæм-иу йæ къух фæтылдтаид, чи та йæ сæр банкъуыстаид. Сывæллæттæ дæр-иу «Здрасть», зæгъгæ, фæкодтой, стæй-иу атындзыдтой алчи йæ къласмæ. Фæлæ ахуыргæнджытæй иу куыддæр хицæн кодта йæ хъарм зæрдæйы ахастæй, йæ фæлмæн ныхасæй. Иннæтæй уæлдай-иу уый йæ цуры æнæрлæугæ нæ фæуыдаид, хъуамæ-иу æй афарстаид истæмæйты. Æмæ та мæнæ

абон дæр Ларисæ æрлæууыд Мереты цур, куыд дæ, цы дæ, зæгъгæ, æмæ йын стæй афтæ зæгъы:

— Мерет, иннæбон æртæ ахуырдзауæн бæрæг кæнæм сæ гуырæнбонтæ, къласимæ иумæйагæй аныхас кодтам, æмæ дæ хонæм цай цымынмæ.

Мерет фæуыргъуыйау, ныхас æххæст нæ бамбæрста.

— Ма дæ ферох уæд, — Ларисæ ма йын йæ цонг бауыгъта æмæ ацыд къласмæ. Урочы фæстæ йæм Мерет, йæхи ныхъхъæддых кодта, афтæмæй æрхатыд:

— Æрдæбон мын цытæ дзырдтай, уыдон ма мын бæстондæр бамбарын кæн.

Ларисæ йæ æрбахъæбыс кодта:

— Куыддæр æнкъард кæныс, æмæ немæ дæхи куы аирхæфсис, уый мæ фæнды.

Мерет цæхгæр фæзылди æмæ, йæ кæуындзæг тыххæй уромгæйæ, цæуынмæ фæци.

Дыккаг бон диссаджы ирд бон скодта. Мерет куыстмæ дæр нал ацыд. Йæ фатеры рудзынг байтыгъта, æмæ зымæгон уддзæф зынанæзына фæйлыдта ногæхсад рудзынгæмбæрзæнтæ. Кæдæй-уæдæй йæ уат ныммарзта, ныхсадта пъолтæ, йæхи цынадта. Йæ дзыккутыл урс хисæрфæн тыхт, афтæмæй ивта йæ хуыссæнгæрзты цъæрттæ. Йæ архайдыл цæст нæ хæцыд — тагъд кодта парикмахермæ. Ныр цалдæр азы уыдоны къæсæрæй хизгæ дæр нал бакодта. Афтæ ныр цалдæр азы йæ цонг дæр нæ атъыста, чырынæй цы къаба систа, уым. Йæ уæлæ йæ абарста, æмæ кæсæны йæхимæ æнцад йæ мидбылты бахудти. Раст цыма зноны хуыд у, фæлæ ма ахæм къабатæ чи дары... Мерет-иу кæсæнмæ куы хæстæг бацыд, куы та-иу фæстæмæ алæууыд. Афтæ иу дзæвгар йæхимæ фæкасти, фæравзар-бавзар кодта. Куы йыл фæхудой, уымæй тарст, фæлæ йын æндæр райст-бавæрды дарæс нæ уыд, æмæ хъуыддаг ууыл ахицæн.

Уыцы бон дæр та хурбон скодта. Хырыз миты æнæнымæц стъæлфæнты хур йæхи уыдта, æмæ уыдон дæр раст йæхийау æрттывтой. Сырддонцъиуты хъæлдзæг хъæлæба хъуыст. Бæлæттæ сæ хъуыр-хъуырæй нал æнцадысты.

— Куыд дæ? — афарста Ларисæ Мереты. — Фæндзæм урочы фæстæ дæм æнхъæлмæ кæсæм.

Фондз сахаты фыдæвзарæнау уыдысты Меретæн. Æвæндонхуызæй раласта йæ уæлæфтау, систа йæ сæрбæттæн, æмæ æваст йæ хуыз фендæр. Йæ дзыккутæ аив æфснайд уыдысты йæ фæскъæбут. Йæ æдгуыр къаба æнгом бадти йæ аив уæнгтыл,

æмæ йын уыд цавæрдæр хъуыддагхуыз. «Кæсæнцæстытæ ма, æмæ цæттæ ахуыргæнæг, — бахудти йæ мидбылты. — О, фæлæ иуæндæсæм кълас... Цы цæстæй мæм ракæсдзысты?» Йæ былтæ зына-нæзына ацахуырста, æмæ къласмæ фæцæуæг.

— Ларисæ Константиновнæ, мæнæ дæм уазæг, — загъта чызджытæй иу æмæ дарддæр фынджы куыст кодта. Ахуыргæнæг йе 'ргом раздæхта Меретмæ:

— Мæн агурыс? — афарста йæ раздæр, стæй дисхуызæй фæкодта:

— Сывæллæттæ, мæнæ нæм чи æрбацыд! — æмæ Мереты йæ хъæбысы батыхта. — Ай нын диссаджы рæсугъд куы дæ!

* * *

Хæдзары Мерет уазалгæнæнæй райста арахъхъы æрдæг авг, æмæ йæ æхсæндæттимæ ауагъта.

Стæй йæ хъарм халат æрбакодта, æмæ йæ къухы цайы агуывзæ, афтæмæй йæхи æруагъта къæлæтджыныл.

Цай раджы ныууазал. Мереты цæсгомыл хъазыд сабыр мидбылхудт. Æнæзмæлгæйæ бады æмæ æдзынæг кæсы телевизормæ. Абон ын цы 'вдисы, уый феныны æрмæстдæр Меретæн у йæ бон. Уартæ сæ бæрæг изæры нывтæ. Мæнæ Мерет бады фæсивæды 'хсæн, арфæтæ сын кæны, дзуры сын йæ хабæрттæ, æмæ йæм уыдон хъусынц, хъусынц!.. Дзуры сын йе скъолайы бонты хабæрттæ, æмæ йæ иунæджы хъузгæй куыд фервæзт, афтæ йæ зæрдæмæ дæр æнæнхъæлæджы рухсы цъыртт бакалди. Ныры дуджы ахуырдзаутæ сæ ныййарджытæй сæхи дард фæласынц, ахуыргæнджытæн та аргъуыц фæкæнынц, фæлæ Меретмæ та уæндон уыдысты, æмсæр-æмбар адæймагмæ куыд уæндай, афтæ. Иу дзырдæй, тынг фæхæлар сты иуæндæсæм кълас йемæ.

— Мерет, — загъта чызджытæй сæ иу, — дыууæ къуырийы фæстæ мæ гуырæнбон у, æмæ дæ æз дæр хоны н, — æмæ ма кæд Мереты зæрдæйы рæбын исты сусæг дызæрдыгдзинад уыди, уæд уыцы ныхæстæй йæ фæд дæр айсæфти.

— Хорз уаид, — загъта ахуыргæнæг. Æхсызгон ын уыд, чызгмæ ахæм æрхъуыды кæй разынд, уый.

«Нæ, бынтон сæфт нæ нæ фæкодтой мæнг демократтæ!» — хъуыды кодта Мерет.

* * *

Абон Мерет æрдæгвæндагæй раздæхти хæдзармæ. Куыстмæ цæугæйæ йæ зæрдыл æрлæууыд, Ларисæ йын гуырæнбон изæры

цы фæдзæхста, уый: «Дæ былтæ-иу ацахор, хорз дыл фидауы». Мерет ссардта былахорæн æмæ фæлтæрд къухæй тæлм авæрдта йæ былтыл.

Скъолайы Меретмæ фæрсæгау каст сæ директор, бафарста йæ:

— Мæн агурыс?

Стæй йæм æдзынæгдæр куы бакаст, уæд дисхуызæй загъта:

— Ай нæхи Мерет куы дæ! Æз та... Афтæ, афтæ, дæ бакастæй зæрдæ рухс кæны.

Куыд хорз у, адæм дыл куы цин кæной, уæд уый, — хъуыды кодта Мерет.

* * *

Ныр иуæндæсæм къласонтæ Меретæн «Здрасть», зæгъгæ, нал дзырдтой, фæлæ йын зæрдиаг салам лæвæрдтой. Мерет дæр-иу сæм арæхдæр бауади, чысылгай сын сæ нæмттæ æмæ сæ мыггæгтæ дæр базыдта. Мерет фæсурокты уынджы лæууыд æмæ æнхъæлмæ каст Ларисæмæ. Мæнæ рацыд.

Дыууæ сылгоймаджы фæтчыгъæды ныхæстæ акодтой, стæй Ларисæ Мереты æваст афарста:

— Мерет, кæддæр цыма хуыйæгæй куыстай, æмæ ахуыргæнинæгты къорд куы райсис?

— Цытæ дзурыс, уый уартæ кæд уыди!

Хæдзары чырынæй systa сгæлладæй къабайаг æмæ стыр хæсгард, хъуымац стъолыл айтыгъта, æриста зæгæлыл ауыгъд нывтæ. Стæй æваст хъуымац атымбылтæ кодта æмæ йæ сынтæгмæ фехста, æрбадт æмæ иудзæвгар хъуымацмæ бавналын йæ ныфс нал бахаста. «Ницы дзы рауайдзæн, — уæззау ныуулæфыд Мерет, — ныр цал азы рацыд!». Рæвдзгомау фестад, иту стæвд кодта æмæ йæ хъуымацыл ауагъта, итувæрд хъуымацыл нывтæ æрæвæрдта æмæ æргуыбыр ис йæ куыстмæ. Мелæй ныввты кæрæтты æрхахх кодта. Цасдæр ма æндзыгæй алæууыд, стæй хæсгардæй нывгарст кæнын райдыдта къабайаг. Стæй, бантыст мын, фæрæстмæ дæн, зæгъгæ, Мерет кафгæзаргæйæ уаты къуымты æрзылд.

* * *

Ахуырдзутæн амыдта, хъуымæцтæ цавæртæ вæййынц, хъуымац кæрдгæйæ сæйрагдæр цы у, йæ хуыз чердæм у, уый куыд хъуамæ равзарай.

— Мерет, æмæ мæ дæлгуырæн цас хъæуы хъуымац, уый куыд хъуамæ банымайон? — бафарста йæ чызджытæй иу.

— Сантиметрæй гуырыконд абар рагацау æмæ уымæ гæсгæ скæрд хъуымац, ныв куы стырдæргæнгæйæ, куы та къаддæр.

Ралæууыд фæстаг фæлварæн. Уымæй къуыри раздæр Мерет йæ къордимæ фæцис йæ ахуыртæ, æмæ ныр йæ зæрдæ цинæй ради, уый дæр æнæхъуаджы кæй нæ цæры зæххыл, уый æмбаргæйæ. Скъоладзаутæ йын йæ зæрдæ барæвдыдтой дидинджыты стыр букет æмæ зæрдиаг арфæтæй.

— Куыд сты сæ хабæрттæ нæ къласæн? — бафарста Ларисæйы.

— Дзæбæх, фæлæ, — æнкъардæй загъта уый.

— Æмæ æнкъард та цæмæн дæ?

— Куыд нæ уон æнкъард, кæд æмæ фæндзæм къласæй фæстæмæ семæ дæн, кæд æмæ сæ цинæй дæр хайджын уыдтæн æмæ сæ хъыгæй дæр? Мæ цæстыты раз схъомыл сты, мæхи хъæбултæй хъауджыдæр мын не сты, æмæ мæ зæрдæ æрбауынгæг вæййы. Бæстæ æмтъеры, æфсарм бынтон нал ис. Мах дæр нæхæдæг уæлхъæдæй мард стæм, æндæр куыд быхсæм ахæм цардæн?..

— О Хуыцау! Ларæ, æз дæр стыр тасы дæн. Раст цыма зæхх ризы мæ къæхты бын. Æнæуый дæр састбазыр маргъау дæн, æмæ ма нoджы æнæрай царды бæллæхтæ... Раст стæрсын, ногæй та мæ цонг нозтырдæм куы фæтаса, уымæй. Иунæг зæрдæфæлæууæн ма мын у, мæ ног къордимæ кæй кусын, уый, — Мерет йæ сæр æруагъта Ларисæйы уæхскыл. — Æмæ нoджы нæхи иуæндæсæм!.. Нæхи, зæгъгæ, кæй зæгъын, уый дæм аипп ма фæкæсæд...

— Ис ма дын, ис, хуыйджыты хуыздæр, нoджы дæр ма иу зæрдæфæлæууæн, — хъæлдзæгæй загъта Ларисæ, æмæ йæм хъазгæмхасæнты йе ’нгуылдзæй бавзыста. — Физкультурæйы ахуыргæнæг дæ фæстæ тынг зæрдиагæй зилы. Уымæн йæ ус фæзиан, иунæгæй йæ чызджы хæссы. Æвæдза, куыд рæвдыдхъуаг у уыцы чысыл уд, нæ, Мерет?

— О Хуыцау, — стыхсти Мерет, — мæ кары ма... Стæй уый мæнæй кæстæр куы у... Æнахуыр æнкъарæн сæмбæлди йæ удыл. Йæ цардæн цыма ногæй аргъ кодта; аргъ дæр нæ, фæлæ йæ царды цаутæн цыма ног бынæттæ агуырдта. Æмæ йын уый æцæг куы у зæрдæфæлæууæн: чызг — хъæбул! Йæ мæгуыр чызг æнæхай кæмæй баззади, уыцы æнæхардз уарзтæй ныр тавдзæн æндæры, сидзæр хъæбулы.

Дыууæ сылгоймаджы ма цасдæр фæныхас кодтой, стæй Мерет сындæггай араст йæ фæндагыл, йæ сæр йæ риуыл æркъулгæнгæйæ, цæмæй, йæ цæсгомыл цы сусæг мидбылхудт хъазы, уый йын ма феной адæм.

ГАФЕЗ: 95 АЗЫ

Рахизырдыгæй галиуырдæм:
Гафез, йæ фырт Вилен æмæ йæ бинойнаг Цхуырбиан Надя.

Сценæ спектакль «Бæсты фарн»-æй.

ХЪАЗИТЫ Мелитон

ГАФЕЗЫ ДРАМАТУРГИЙЫ ТЫХХÆЙ

Стыр фыссæг литературæйы цыфæнды жанрмæ æрæвналæд, уæддæр дзы ныууадзы зынгæ фæд. Ахæм уацмыстæ ныууагъта Гафез ирон драматургийы. Æцæг дзы сценæйыл сæвæрдтой бæрцæй æртæ спектаклы — «Бæсты фарн», «Хуцайы таурæгъ» æмæ «Æз уарзтон дæу». Фæлæ «Бæсты фарн» йæхæдæг цахæм пьесæ у! Æнхъизы, фыцы, пæлхъ-пæлхъ кæны Фыдызæхх æмæ раттæг адæмыл æнувыд уæвыны æнкъарæнтæ æмæ сыгъдæг уарзтæй; сæ ивгъуыд, сæ абон, сæ фидæныл сагъæсæй.

Пьесæйы автор спайда кодта Беджызаты Чермены новеллæ «Æлбегаты Батай æмæ Барсæгаты чындз»-ы мотивтæй.

Чермены хъайтар Батай æмæ Гафезы хъайтар Джетæ æцæг хъæбатыртæ сты. Тыхæй, зондæй, фердæхтæй — æххæст, фæлæ сæ цард фыры сыкъайы здухы. Хъаруйæ никæмæн ницы ауадздзысты, фæлæ царды фæтк галиу лæгтæ зыгъуыммæ куы азилынц, уæд сæ уый хурхæй мары. Фыдгæнд хъуыддæгты æмæ æгъдæутты аххосæй сæ дыууæ дæр се стыр уарзтæй сæ къухтæ сæ дзыхы акæнынц. Ноджы ма сæ мыггæгтæй низ æмæ зæйы аххосæй æнæмыггаг куы фæвæййынц, уæд хъæды халонау иунæгæй

хитыны бæсты хуыздæрыл банымайынц зæппадзы дуæрттæ сæхиуыл цæрдудæй бафæлдахын.

Æрмæстдæр сын уыцы цау — аивадон амал у иумæйаг. Фæлæ йæ Гафез нывæрдта йæхи джиппы, уд дзы бауагъта нæ дуг æмæ не 'нусы проблемæты комулæфтæй. Уынæм æмæ дзы хъусæм æрмæст мыггаджы сæфтыл катай æмæ марой нæ, фæлæ нæ фыдызæххы æнуд цъæхахст.

Зындгонд у — драматургийы жанр литературæйы иннæ жанртæй бæрæг зындæр у. Иннæтимæ абаргæйæ, уымæн йæ аивадон фæзилæнтæ дæр, йæ уацмысты композицион арæзт дæр, йæ рæзт дæр цæхгæр хицæн кæнынц. Уацмыс кæсын æмæ сценæмæ кæсын иу не сты. Сценæйыл иу ныв иннæ нывæй куы нæ цæуа, иу ныв иннæ нывæй уæлдæр куы нæ лæууа, уацмысы хъуыды æмæ зæрдæйы змæлд тыхджындæр куы нæ кæна, уæд сценæмæкæсæджы нæ ахсы.

Фæлæ Гафезæн фæстæмæ алæууæн никуы уыдис. Йæ царды нысан æвзонгæй сбæлвырд кодта:

О уарзон Ир,
Кæд тохы дæн фæразон,
Кæд искуы сарæхсын,
Ныккалын туг,
Уæд уымæн афтæ у,
Кæй дæ уарзын æгæрон,
Кæй хъахъхъæнын
æз дæу
æмæ
нæ дуг!

Уый поэт хæсты тæккæ тæмæны загъта — 1942-æм азы, æмæ йæ равзæрст фæндагæй иуварс никуы алæууыд. Йæ уарзон Иры уарзтыл сайдæй никуы рацыд. Цы арæзта, уый æрмæстдæр Ирыстоны тыххæй, ирон адæмы сæрвæлтау. Уымæ гæсгæ йæхицæн уый бар никуы радта, уыдон тыххæй фыстаид былалгъæй.

Уацмыс куы райдайы рагон царды нывæй — бæрæгбонæй, стæй куы ахизы дыууæ æвзонг уды, лæппу æмæ чызджы уарзтмæ, уæд нæм афтæ фæкæсы, уыцы-иу фæдыл ацæудзæни. Фæлæ нын фыссæг цы уарзты æнæлаз, уæлеисгæ, бынæйахадгæ суадон фенын кодта, уый ахызт æгъатыр царды мыггагон тохы ивылд фурдмæ.

Ӕгъатыр адæймæгтæ уыцы змæст фурды ныххуыдуг кæнынмæ хъавынц Гатайты Джетæ æмæ Бураты Уардисы уарзт. Сæ сусæг тохæй, æрмæстдæр сæхи удтæн хорз аразыныл кæй скъуыныныц сæ быцъынæг, уый тыххæй пьесæйы «мыггагон æгъдæуттæ хъахъхъæнын» ахизы тугныккалдмæ, стæй — тугисынмæ. Тода æмæ Гисойы хуызæттæм ныммады дæр нæу стыр францаг поэт Пьер-Жан Беранжейы хурæргом хъуыды:

Распри, о смертные, вас утомили...
Отдых ваш краток, и сон ваш тяжел.
Землю по-братски бы вы разделили:
Место бы каждый под солнцем нашел!

(«Священный союз народов», В. Дмитриевы тæлмац).

Искæй тугкалдæй удæнцой арынц. Ӕндæра, Джетæ æмæ Гисо, стæй Тодайæн сæ зæххытæ дæр, сæ мыггæгты зæххытæ дæр уæрст сты, уæддæр фыдных æмæ тугкъоппа æрвадæлтæ разы не сты, Джетæ æмæ Уардис хуры бын сæхицæн цы рæсугъд бынат — зæрдæты уарзт — равзæрстой, уым сæ æнцойæ ныууадзыныл.

Пьесæйы конфликттæ цæуынц уырдыгæй æмæ аразынц сæйраг, гуылф-гуылфгæнæг цæугæдон. Уыцы донæн ласын кæнынц, сæ фæндагыл цы ныхдур ис, уый. Фæлæ зæххы цъарыл æнæхин уарзтæй рæсугъддæр ницы ис: рыг ыл нæ хæцы, арты нæ судзы. Гисо æмæ Тода цы дон змæнтынц, Джетæ æмæ Уардисы уарзт уырдыгæй ирддæрæй уый тыххæй разыны.

Джетæ æмæ Уардис дыууæ бонзонгæ, уарзæгой, æвзонг адæймаджы. Удыхъæдæй — сыгъдæг, хъаруйæ — бафæзминаг. Сæ кæрæдзийы уарзтæй цъæх арт уадзынц, фæлæ йæ сæ фыр сæрыстырæй раргом кæнын нæу сæ бон:

Уардис. Онай, ныууадз мæ, рагæй зонын м 'амонд.
Цæмæн цыдтæн? Мæ зæрдæ мæм куы дзырдта,
Кæй не ссæудзæн. Цæмæн уыдтæн тызмæг...
Онай. Цынæ фехъусдзæн а дунейыл лæг!
Уардис тызмæг уыд? Радзур æй æндæрæн!
Ӕмæ кæмæ? Джетæмæ? Нæ, мæнг зæгъыс!
Уардис. Уыдтæн, уыдтæн... Уадз, бахус уæд, цы 'взаг уыд!..
Онай. Оммен! Ӕрмæст куы феныс ды Джетæйы,
Кæсын дæр æм нæ бауæндыс. Ныууадз!
Уардис. Ӕз иу изæр куы фæцæйхастон дон,
Ӕргæпп кодта, мæлæты лæгау, бæхæй.

Цæхгæр ныллæууыд бæрзы бын мæ разы:
«Æргом мын зæгъ дæ фæндон, Уардис, науæд
Мæ цард фæуыдзæн д 'амæддаг ныртæккæ!»

Мæн та фæндыдис ахъазын. Ысдзырдтон:
«Куыд тæригъæд дæ, ацы хорз бæх, уаргъæн
Зыгуымы голлаг чи хæссы дыууæрдæм».

Цыма æрвнæрдæй фесхъиудта, йæ бæхыл
Цæргæсау абадт, фаты фехстау атахт.
Уæд ын йæ фæдыл ахъæр кодтон ноджы:
«Тæргæйттæ-иу дæ фæлмас мадæн кæн!..»
Æй, бахус уай, цы 'взаг уыдтæ...

О н а й . Оммен!

Ам æвæлтæрд чиныгкæсæг дæр фæхатдзæнис Онай Уардисы æлгъыстытыл æрмæст ахудыны тыххæй кæй нæ кæны зæрдæбын «Оммен!».

Чызджы фæнды æви нæ, уæддæр йæ зæрдæ тоны Джетæмæ. Уардисы карз æлгъыстытыл æй уый схойы «Оммен!» кæнынмæ. Æмæ уымæй авторы къухы æфты конфликт арæхстгай цырендæр кæнын.

Стæй дарддæр:

У а р д и с. Йæ цæрæнбонмæ 'рвылæхсæв фæкувын,
Йæ фенынмæ мæ былтæ 'хсынын бон...

О н а й . Ыстæ-ма, рауай, фенон дын дæ былтæ,
Нæма дын фесты хæрд æмæ æхсыд?
Æрра нæ дæ... рæвдыд æмæ тæвд батæ
Дæуы йеддæмæ никæй хъæуы?

У а р д и с . Банцай!..
Фæтæргай ис. Уый нал ыссæудзæн ардæм.

Сæ кæрæдзийыл сæ ныхас куы 'рбадт, афтæ куы загътой, ныр нæм амонд йæ мидбылты бахудт, уæд хъуыддæгтæ схæлбурцъ кодтой. Маргджын кæлмытау сæм цъаммар адæймæгтæ алырдыгæй раластой се 'взæгтæ.

Диссаг куыд нæу: алы хорзы фæдыл дæр нæм фондзыссæдз æвзæры ис æфтыд. Хъуамæ йын йæ ныхмæ дуртæ тулой, йæ нуæрттæ йын къуымых хырхæй лыг кæной, йæ амондмæ йын лæбурой стонг æмæ тæфгæнаг гиенæтау. Цæмæй уыдонæй хуызддæр ма уа. Цæмæй йын мацы бантыса. Цæмæй йын йæ сæрыстыр æмæ йæ намыс сæ цъыф къæхты бын змæнтой...

Уыдæттæ Гафез хорз зыдта. Нæ адæмы удыхъæдмæ айдæны кæсæгау каст. Уарзтыл фыст уацмыстæ фылдæр цы æртæкъуымоныл нывæст вæййынц, уымæй уæрæхдæр уый тыххæй авнæлдта.

Джетæ æмæ Уардисы сыгъдæг уарзты йæ марг дæндæгтæ ныссагъта, хъæубæсты куырыхон хистæры фырт Гисо. Æндæр амал ын нал и, хъуамæ цыфæнды аргъæй дæр Уардисы байса. Уардисы æмбал, — Гисойы æрвад Онай дæр Джетæйыл æрратæ кæны. Йæ сусæг бæллиц у, Джетæ йæ уарзонæй кæд фæхицæн уыдзæнис, ууыл кæд æрæвæрдзæн йæ цæст.

Бынтон арт æмæ фæнык Гисойы ацæргæ æрвад Тодайæн нал ис. Йæ сау зæрдæ йын, сау калмау, æууилы кæддæры сау маст. Кæддæр ын Гатайтæ йæ хъусы æрдæг ахауын кодтой, æмæ нæ сысы йæ зæрдæйы рис:

Нæ мæ фæндыди, ссыдаин ма ардæм,
Фæлæ мæ рыст... Йæхион домы маст.
Кæддæр ныккалдис ацы ран мæ туг —
Мæ хъусы 'рдæг йæ рæбыныл æрхауд...
Ыскодта фынг мæ туджы калдмæ Сесе.
Фæлæ нæ фесæфт зæрдæйы фыдмаст...
Мæ кæстæртæ хъуымыздзыхтæ уыдысты.
Фæлæ нырта? Æндæр у хъуыддаг ныр.
Æрцыд рæстæг — кæм дæ, мæнæй уый, фезмæл!..
Гисо, Джетæ... дзæбæх фырытæ сты.
Ныхæй-ныхмæ сæ рауадздзынæн дугъы,
Æхсон дурау, куыд акалой цæхæр.

Æвзæрмæ алцæмæ дæр æнхъæлмæ кæс. Джетæ зондæй æххæст кæй уыдис, уый тыххæй нæ бантыст Тодайæн, æргом дугъы йæ рауадзын. Уыйхыгъд йæ мæнгард фæндæй хæлуарæджы хызы æрцахста Гисойы дæр, Уардисы æфсымæр рæуæуæнк Додийы дæр. Йæ маргæвзаг æмæ сæ йæ хин митæй батардта кæрдты бынмæ. Ныккалдта сын сæ туг.

Тодайæн Гисо йе 'рвад у. Фæлæ йын æрвады тæригъæд нæ кæны. Йæ бæллиц æрмæстдæр у йæ зæрдæйы сау маст тугæй ныхсын. Æмæ уый тыххæй фæсте нæ лæууы. Джетæмæ куы нæ баххæссы, уæд йæ маргæвзагæй фæныхæй-ныхмæ кæны дыууæ æвæлтæрд лæппуйы: Джетæйы æрвад, йæ фыды æфсымæры лæппу, сидзæр Бабе æмæ Уардисы æфсымæр Додийы.

Фæлæ йæм уый фаг нæ фæкасти. Фæсивæды сын куы арвыста

сæ цурæй, «Цæугæут тагъддæр! Адон уадзут, хъазæнт», уæд Гисоимæ ныккæнынц фыдвæнд. Æвзонг лæппутæн фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ сæ цæстытæ бабæттынц, хъаматæ сæм раттынц, афтæмæй уæ кæрæдзийæ уæ маст райсут, зæгъгæ. Цыма туджджынтæ уыдысты. Ноджы йæхæдæг хъамайæ бараæхойы Додийы, цыма йæ Бабе амары.

Афтæмæй йæхицæн йæ тугмондаг зæрдæмæ ныккæсы рухс, Джетæ æмæ Уардисæн та сæ уарзтвæндæгтæ æрæхгæнынц æмæ чызг Гисойы хай фæвæййы, цалынмæ хъуыддæгтæ нæ райхæлынц, уæдмæ.

Гафез, пьесæ фысгæйæ, фæлтæрд фыссæг уыдис. Тынг хорз зыдта, драмон уацмысы мид-змæлдæн цы тых ис. Характертæ хъуамæ кæной рæзгæ. Конфликт карзæй-карздæр куы нæ кæна, уæд сценæмæкæсæджы йæхимæ не 'лвасы. Уымæ гæсгæ пьесæ иу мийæ иннæ мимæ цæуы уæлæмæ. Йæ архайд у æндыгъд. Иунæг ран дæр æй не 'руагъта дæлæмæ æрхауын.

Цæмæй Тода Джетæ æмæ Уардисы сыгъдæг уарзтыл цъыф бакала, адæмы цæсты сæ бафтауа æмæ чызджы Гисойырдыгæй фæкæна, уый тыххæй уацмысы хъайтарты къордæй йæ марг æвзагæй æртымбыл кæны, Джетæ Дадийæн, кæм фæмард, уым сусæгæй цы цырт-хъама кæны, уырдæм. Æмæ йæ мæнæ куыд афыста автор:

Д ж е т æ. Куы вæййын иунæг, сагъæстæ мæ сбырсынц.
Цынæ ныфсытæ февæрын мæхицæн.
Куы дæ уæларвмæ, мигъты 'хсæнмæ сисын,
Куы дын æндонæй галуантæ фæкæнын,
Цæмæй дæ мачи атона мæ удæй.
У а р д и с. Цытæ дзурыс! — Сæнттæ æмæ бæллицтæ!
Д ж е т æ. Дæу чидæр хъуамæ ахæсса... æз та?
Æз та цы кæнон, исты ма мын зæгъ?
Æрттæдæлармæй амыты хæтон?
Мæ сæр нæмон æдзæм къæдзæхты тигътыл,
Дæндагæй тонон тулдз бæлæсты зæнгтæ?
Нæ, нæ, фæлтау... Нæ бабыхсдзынæн уый.
Дæ куыдзы дын ныххурх кæндзынæн къухæй!
У а р д и с. Уæд та нæуæгæй — тугкалд æмæ туджджын.
Фæзындысты Зæлон, Заза, Тода.
Д ж е т æ. Уадз, ракæлæнт мыл туджы зæйтæ, хæхтæ —
Дæу ме 'гасæй нæ акæндзæни ничи!
З æ л о н. Æй, саубон мæ куыд баййæфта, цы уынын!
Цы ми кæныс дæ туджджынимæ хъæды?

З а з а. Кæм ыссардтай дзæгъæл чызджы, фæлæуу-ма,
Кæй мыггаг кæныс худинаггаг, чъизи?
Уæд æз кæм дæн? Æ, сау хæрæгæй гуырд!
(Хъама фелвæста.)

Т о д а. Цы сæрра дæ! Æрсабыр у чысыл.
(Хъама сласта.)

З а з а. О, æз æрра дæн! Ауадз мæ, æз ын...
(Тода йæ иргъæвы.)

Ам уацмысы архайд кæны карзæй-карздæр. Фыссæг чиныгкæсæджы, стæй сценæмæкæсæджы дæр цымыдис кæны — цы уыдзæни дарддæр?

Фæлæ хъуыддаг ууыл нæ фæвæййы. Автор нын йæ хъайтарты фезмæлд, сæ архайд, сæ дзыхыдзырдæй æргом кæны сæ характертæ. Чиныгкæсæг, стæй сцæнæмæкæсæгæн дæтты фадат, цæмæй сын лæмбынæгдæр ныккæса сæ зæрдæтæм, цæстуынгæ æрмæджыты фæрцы раиртаса: алæ-ма, цы сæ нæ уадзы, кæдæм цæвы сæ зондахаст?

Кæсут-ма Зазайы хин æртхъирæнмæ: «Кæм ыссардтай дзæгъæл чызджы, фæлæуу-ма, кæй мыггаг кæныс худинаггаг, чъизи?»

Фыццаг фæкастæй алчи дæр фенхъæлдзæнис, æцæг ирон лæг кæй у. Йæ мадызæнæджы сидзæр чызг-бындары, уæлдайдæр, йæ мыггаджы тыххæй йæхи дæр амарын кæндзæни кæнæ ныккалдзæн «аххосджыны» туг. Ахæм æртхъирæн кæны: «Уæд æз кæм дæн? Æ, сау хæрæгæй гуырд»

Стæй йæм сур æртхъирæн фаг нал фæкасти. Хъуамæ адæмы бауырна йе 'фсымæры чызг-бындар, йæ мыггаджы тыххæй туджы лæсæнтæ рауадзынмæ цæттæ кæй у, æмæ «хъама фелвæста». Нал æй фæрсы цыма йæ зонд. Æргом æй зæгъы йæхæдæг дæр: «О, æз æрра дæн! Ауадз мæ, æз ын...»

Бынтон æндæр хæс и Тодайы раз. Уымæн тæвд гæппытæй нæу. Уый хъуамæ уазал зæрдæйæ ныллæг кæна, хæрам кæмæ у, уыдон зæрдæты уидæгтæ. Æмæ кæд Зазайы сабыр кæны: «Цы сæрра дæ! Æрсабыр у чысыл», уæддæр æй нæ фæнды хъуыддаг æруазал кæнын. Цæхæр басхъауынæн «хъама сласта».

Уый йæ Зазайау, æлвасгæ нæ фæкодта, фæлæ йæ «сласта» хинæй. Уымæн æмæ уый тæссагдæр у.

Æниу, лæбургæ кæнынц, фæлæ иргъæвынц сæ кæрæдзи — фыдбылызы сæ мачи бахауа. Æниу, Тода йæ уд хъары хабар карздæр кæныныл. Йæ хъама сласты сæйраг аххосаг дæр уый у.

Фæлæ йæм уый дæр фаг нæ фæкастис. Йæ зæрдæйы цы фыдæх ис, уый тоны æддæмæ. Нал ын дæтты æнцой. Фыдхин, фыдкæлæн удгоймаг йæ уд хъары, цæмæй рауадза туджы лæсæнтæ. Фæласын кæна, йæ алыварс чи ис, рæстаг зондыл хæст чи сты, хъуыддæгтæ йын галиумæ здухын чи нæ уадзы, сабыр, рæстагон цардмæ чи тырны, уыдон иууылдæр. Иууылдæр!

Æмæ Гафезы бон йæ хъайтарты архайдæй бавæййы пьесæйы архайд бæрзондæй-бæрзонддæрмæ исын. Сæ алы фезмæлд дæр уацмысыл цыдæр æфтауы ногæй, кæны йæ хъæздыгдæр, цаутæ сæ кæрæдзиимæ бæтты æнгомдæр. Нoджы сын уыцы хъуыддæгтæн сæ къух аразы хъайтарты æвзаг.

Т о д а. Зæлон, уый циу? Цы ми кæны мæ чындзаг?
Цы хæты хъæды лæппутимæ? Ай,
Кæм дæ, Дотте? Дæ урс сæрæй дын мæнæ
Гатайты куыдз куыд фæкодта хынджылæг!

Д ж е т æ *(сонтау йæ фæрæт фелвæста).*
Æ, бирæгътæ, фæлæуут-ма, æз уæ
Ныртæккæ ам мæ дунейы маст райсон!
(Лæбуры сæм, Уардис æмæ йæ Зæлон иргъæвынц).
Цы уæ хъæуы? Цы ма мæ домут ногæй?
Кæй мыл ныббастат туджы хæс, уый нæу
Æгъгъæд сымахæн? Ц 'агурут ныр та?

З æ л о н. Æнцад, æрлæуу!..

Д ж е т æ. Æз нал лæууын æнцад!
Æгæр дæр ма фæлæууыдтæн. Ныр — нал!
Дæ хатыр сын куы нæ кæнин, уæд сæ...

З а з а. Дæ дзыхыл хæц!..

З æ л о н (*Уардисмæ*). Цæугæ нæхимæ тагъд!

Д ж е т æ. Кæмæ йæ 'рвитыс? Куыйдзыхтæм? Фæлæуу.
(Амоны Заза æмæ Тодамæ.)
Нæ, уый нæ уыдзæн! Ацы зæххыл мах
Æрмæст мæлæт фæхицæн кæндзæн!

З æ л о н. Банцай!
Куы зæгъай мæнг, дæ туг ныккæлæд ам,
Куыд дзы ныккалд мæ хъæбулы туг, афтæ!

У а р д и с. Гыцци, уый раст у. Амарут нæ иумæ!

З æ л о н. Æ, иу ингæны ацы ран ныххауат!
Цæугæ мæ разæй! *(Йæ разæй йæ ссоны.)*
Гъеныр æрцыди мæ сæфт!
Кæс-ма йæм, кæс, цы калмæн дардтон дзидзи!

Тыххæй йæ акодта. Ацыдысты Заза æмæ Тода дæр худгæ. Джетæ сонтау рауай-бауай кæны, нæ зоны, цы акæна, бæлæсты зæнгтыл йæхи ныццæвы, уигъы сæ.

Д ж е т æ. О, Стыр Хуыцау! Цы дын ракодтон уый бæрц?
Кæмæ ма цæуон хъастгæнæг, æххуысмæ?!

Уацмысы архайд ахæм сценæтæй кæм дыз-дыз кæны, уыцы нывтæ ивынц сæ кæрæдзи. Иу сæ цæуы иннæмæй, уымæ гæсгæ се 'хсæн цы бастдзинад ис, уый не скъуыйы. Æмæ кæд уацмысы бирæ хъуыддæгтæ адæймаджы нæ фæуырнынц, — Бабейыл æнæахосæй лæгмары ном æвæрын, Тода Гатайты мыггаджы йæ лæппуйы фæрцы зæйæн куыд фæласын кæны — афтæ æнцон куы уыдаид, уæд æй сарæзтаид уæдмæ дæр, — уæддæр æй йе 'ндыгъд архайд æмæ рæстдзинад, адæймагдзинады сæрыл мæлæтдзаг тох нæ уадзынц дæлæмæ. Адæймаджы цытæ «нæ фæуырнынц», уыдон та фылдæр сты драматургийы аразгæ хъуыддæгтæ, ома условность кæй фæхонынц, уый æмæ сæ нæ цъæх кæны зæрдæ.

Зæрдæ хауы Тода, Гиса, Заза æмæ уыдон хуызætты хин, мæнгард æмæ, адæймаджы уд кæмæй хæлы, йæ ном кæмæй худинаг кæны, сæ уыцы митæй.

Тода йæ зæрдæйы маст, йæ рагон хъæдгом хъавы тугæй ныхсынмæ, афтæмæй йæхи фæласын кæны Додийы æнæазым тугæн. Заза йæхи æддæмæ дары уæздан, йæ мадызæнæджы сидзæр хъæбул Уардисы сæрылхæцæгæй: «Кæм ыссардтай дзæгъæл чызджы, фæлæуу-ма. Кæй мыггаг кæныс худинаггаг, чъизи?» — афтæмæй нæ хаты, йæхæдæг кæй чъизи кæны Уардисы дæр, йæ чындз Зæлоны дæр æмæ йæ мыггаджы дæр. Додийы мæлæт дæр æй не 'ндавы, Уардисы амонд дæр, Зæлон йæ дарæгæй æнæдарæг кæй фæци, уый дæр. Нæдæр æй йæ мыггаг æндавынц. Йæ бæллиц у йе 'фсымæры сылбындур кæронмæ ныззилын, йæ зæххыты йын йæ гутон адарын.

Джетæ, Уардисы диалогтæ æмæ монологтæй адæймаг базырджын, сыгъдæгуд кæны. Тода, Заза, Гисойы алы дзырдæй та сæ чъизи туг анхъизы. Гисо йæ хин æмæ æгъатыр митæй Уардисы йæхи куы бакодта, уæддæр йæ амондæй нæу разы. Уымæн æмæ амонд исгæйæ нæу:

У а р д и с. Фæрныг хæдзар мын ахæстон у, талынг,
Йæ арт — цырын, фæлæ нæ тавы мæн.
Йæ фæллæйттæ — мæ цæстысындз, тæрсын сæ.
Мæ лæг та — калм. Йæ цин, йæ хъазт дæр — калм,
Йæ ныхас — калм, йæ цæстæнгас дæр — калм.

Йæ иу къухæй мæ суры, 'ргæвды, мары,
Йæ иннæмæй — рæвдауы 'мæ уромы.

Æрбацыд Гисо. Йæ хъама сæрфы.

Г и с о. Нæ уазджытæн æрбаргæвстон рæуæд.
Æхсæвæрмæ сын фенын хъæуы исты...
Цыртау цы лæууыс, цавæр у, цы 'рцыд!
Дæ хæдзар у... кæцæй рацыдтæ, уый
Фæуæд æгъæдзар, мардласæн...

У а р д и с. Æдзæсгом!
Лæг куы дæ, уæд æвзæр усау цы 'лгъитыс?

Г и с о *(хъама йын йæ хурхмæ ныддардта).*
Æлгъчитгæ нæ, куыннæ дæ сфыцын кардыл?
Цы дæ, цавæр дæ? — 'Нæзæрдæ, æндзыг!
Сывæллонау кæдмæ сайдзынæ мæн?
Мæрдджыны 'фсон кæдмæ уыдзæни де 'фсон?..

У а р д и с *(хæстæгдæр æм бацыд).*
Цæв! Бафæлвар! Цæмæ ма у дæ каст?
Дзырдтон дын æз...

Г и с о. Æ, гаццайæ гуырд...

(Йæ хъама цæджындзы ныссагъта.)

Æмæ æндæр цы æнхъæл хъуамæ уай, курынмæ кæй хъавы, уыцы чызджы æфсымæрæй æрдхорд чи аразы, стæй йыл йе 'ууæндаг тугæй йæ хомæ йæ развæндаг чи æхсы, уымæй?!

Фæлæ æрмæст Уардисмæ нæу йе 'взаг афтæ. Уыцы ныхасыхъæд нæ сафы Тода, Заза, йе 'рвад, чындздзон чызг Онай, суанг хъæубæсты хистæр йæ фыд Доттоимæ дæр.

Æндæр у Дотто, Джетæ, Уардис, Онай æмæ иннæ æвæрддзаг хъайтарты зондахаст. Стæй æрмæст сæ зондахаст нæ, сæ ныхасыхъæд дæр. Джетæ æнæнхъæлæджы нæ зæгъы: «Æ, бирæгътæ, фæлæуутма, æз уæ ныртæккæ ам мæ дунейы маст райсон!» Адæймаг æрмæст йæхи, йæ мыггаг, йæ хъæубæсты раз нæу хæсджын, фæлæ дунейы раз дæр. Уыцы хæс æххæст кæнын йæ бон у, æрмæстдæр бæсты фарнæй хайджын чи фæвæййы, уыцы адæймагæн.

Дотто хъуамæ йæ фырт Гисойы фарс уаид, фæлæ куы базоны Додийы бабыны тыххæй рæстдзинад, Джетæ æмæ йæ чындз Уардисы сыгъдæг уарзт, Гатайы мыггаджы сæфт, стæй сæ «дунейы маст», уæд йæ куырыхон зондæй ахизы йæ хъæбул Гисо æмæ йе 'рвад Тодайы «мæлæты сæрты». Æрмæст Джетæ æмæ Уарди-

сы сыгъдæг уарзт нæ бахъахъхъæны, фæлæ Гатайы мыггаджы бахизы æвæдсæфтæй. Йæ чындз Уардисы æхxуысæй Джетæйы байсы мæлæты дзæмбытæй. Рахизын æй кæны йæ фыдæлты зæппадзæй. Лæппу æмæ чызгæн йæ арфæ: «Фæдзæхст фæут бæсты фарн æмæ бонæй!» Уымæн хъары адæймаджы зæрдæмæ.

Гафезы пьесæ «Бæсты фарн» адæймагдзинад æмæ бæсты фарны тыххæй у саджы богъы хуызæн. Нæ дуджы уый цырагъы рухсæй агургæ у, фæлæ, хъыгагæн, абон нæй, нæ адæммæ кæцæй фехъуыса, уый.

«Бæсты фарн» 60-æм азты кæрон, 70-æм азты райдианы Ирыстоны хуссар хайы, стæй та Цæгат хайы театрты сценæтыл уæддæр æрцыд æвæрд. Фæцис æй журнал «Фидиуæджы» (1970, № 1 — 2) фæрстыл рухс феныны амонд дæр. Фæлæ диссаг куыд нæу, Гафезæн йæ хуыздæр драмон уацмыстæ «Темырболат» æмæ «Худаны фырт Батрадз» абоны онг нæдæр сценæмæ, нæдæр мыхуырмæ ссардтой фæндаг.

Нæ кæнинаг хъуыддæгтæ, æнæмбаргæйæ чи къæйныхдæр у, йæхицæн кас кæнын чи нæ фæзоны, афтæмæй искæмæн сир кæнын чи фæамоны, уыдон бæрны кæй ныууадзæм, уый тыххæй рагæй фæстæмæ æнæхъæн нацийæ цъус зынтæ не 'взарæм. Фæлæ нын иу сенæй сен нæй. Бонæн фæуынæй нæ тарстыстæм — нæ фыццаг поэт Мамсыраты Темырболаты хо Азизæ æнæмæлæт у, тъымытъыматы нын æфснайдзæнис йе 'фсымæры сфæлдыстадон бынтæ — æнхъæлдтам, æмæ сæ нæ къух акодтам нæ дзыхы. Дыууæ автономийæ сæ рæстæгыл æрцагурыны бæсты зæрдæнцойæ хъуыстам, йе 'мкъайы фæрсты æдæрсгæ, æнæфæкæлгæ ахизын чи нæ уæндыд, афтæмæй дыууæ капеччы гонорар бакусыны тыххæй нæ фыццаг поэтыл цъыф чи калдта, «уæйгæнæг», «Турчы шпион» æмæ йæ æндæр æфхæрæн нæмттæй чи хуыдта, чи йæ ныгæдта, уыдон дзæнгæдамæ. Сæ ныхмæ нæ бон ницы схыпп кæнын уыдис. Лæдзæджы кæрон ныл макуыцæй æрныдзæва — тарстыстæм. Ныр, дымгæйы æрбаскъæфæггаг мыртæ æмæ дзырдтæ сæ кæрæдзийыл ныхасæм — куыд цардаид, куыд фыстаид, кæмæй уыд сæрыстыр, кæмæй æййæфта æфхæрд...

Донласт йæ ауыоны дæр фæхъавы ацахсынмæ. Æппыннæйы бæсты «чи зонытæ» æмæ «æвæццæгæнтæн» дæр ницы у. Фæлæ хъуыддаг уый у, æмæ сæм Гафез, æцæг фыссæгæн куыд æмбæлы, афтæ аивады цæстæй кæй акаст.

Гафез, йæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы удуæлдай хæстон, цард ы дæр, поэзийы дæр, прозæйы дæр, драматургийы дæр йæ сæр нывондæн хаста нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы тыххæй. Ирон адæймаг кæмфæнды ма уыдаид — Ирыстоны хуссары æви цæгаты, Уырысы æви Гуырдзыйы, Турчы æви Сирийы — алы ран дæр æй æндæвта йæ хъысмæт. Йæ цин ын цин уыд, йæ маст маст. «Къордтæ-дихтæ» (Мамсыраты Темырболат) кæй кодтам, уый тыххæй» иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ» (Къоста) æмæ ныл алы рæттæм рыст фыссæджы зæрдæ. Рыст ын уарзгæйæ. Уыцы рыстæй, нæ фæсарæйнаг ирæттæм зæрдæхсайгæйæ райгуырдысты йæ бирæ æмдзæвгæтæ, уацау «Фыдызæххы комулæфт» æмæ пьесæ «Темырболат».

Гафез йæ уацмысы Темырболаты хъысмæтимæ æвдисы, XIX æнусы Уырыс Кавказы æнæхъæнæй куы басастой, ирæттæй, стæй кавказаг пысылмæттæй Туркмæ куыд бирæйæ фæлыгъдысты, Уырыс æмæ Турчы æхсæн æгъатыр хæст Балканы... Темырболат куы базоны, Ирыстоны фæзынд стыр поэт Къоста, æмæ йын тох кæны йæ бартыл, у йæ адæмы сæрылхæцæг, уæд йæ цинæн нал ис кæрон, ома, ныр нын фесæфынæй тас нал у.

Уæд райгуырдаид йæ зындгонд æмдзæвгæ «Кæмæдæр»:

Удæн рæсугъд цы зоны? —
Аргъ ын хъæуы йæ митæн.
Дидинæг дæр йæ боны
Алыхуызон æрттивы.

Фæлæ бирæ н' ахæссы,
Тагъд фехæлы, фесæфы.
Уад æй 'видауцмæ ахæссы,
Аргъ ын æппын нал вæййы.

Уымæн йæ бæлас — æнæфау,
Уый кадджын у нæ цæсты.
Дидинæджы æнæвгъау
Азæй-азмæ куы дæтты.

Ды дæ митæй рæсугъд дæ,
Ноджы ма уындæй хайджын дæ.
Дæ зонд æмæ де 'гъдауæй
Ды мæ цæсты кадджын дæ.

Æз дын дæхи нæ зонын, —
Дæ коймæ дын аргъ кæнын.
Цæрыны бæсты æгадæй
Ыстыр зынтæ куы кæныс.
Ды балхæдтай дæ цардæй,
Сæрæй, мулкæй — дæ намыс.

Æмæ дзы цас уарзт, цас зæрдæйы хъарм бавæрдта! Адæймагыл дзы комкоммæ ныдзæвынц хуры хъарм тынтæ. Хорз хъуыддæгтæ аразынмæ йæ кæнынц цыбæл, садзынц ыл базыртæ. Æмæ уыцы базыртæ Гафезыл дæр кæй басагъта, уый дызæрдыггаг нæу.

Нырма Темырболаты тыххæй уыцы хабæрттыл æрмæстдæр зонадон литературæйы æмбæлæм, кæд Булкъаты Михалы роман-диалог «Теркæй-Туркмæ»-йы кæмдæрты ферттивынц, уæддæр.

Гафезæн бантыст Темырболаты алыварс сæ иу системæмæ иу аивадон уацмысы æркæнын. Сарæзта, историйы сæ фæд чи ныууагътой, ахæм фæлгонцты æнæхъæн галерейæ. Сарæзта йæ аивадон æгъдауæй, поэтиконæй. Адæймаджы уый тыххæй æлвасы йæхимæ.

Афтæ аив, стæй, чи зоны, ноджы аив æмæ цымыдисондæр рауади фыссæджы æндæр пьесæ «Худаны фырт Батрадз». Уый темæйæн дæр автор райста Ирыстоны судзаг æмæ дудагдæр заман æмæ заманты дугтæй иу — аланмæ тæтæры æнæнымæц æфсады ныббырст.

Ирыстоны историзонæг йæхи чи скæны, афтæмæй адджын гуккутæ чи фæхæры, уыдонæй мæм бирæты хатдзæгтæ худæг фæкæсынц. Кæддæр чидæр Ирыстонмæ æрæфтыд, — уадз, стыр ахуыргонд дæр уæд, уадз стыр хæрзты дæр нын бацæуæд, — федта, не сконд, нæ удыхъæд, не 'взаг, нæ фарн, нæ алыварс цы адæмтæ ис, уыдонæй цæхгæр хицæн кæнынц, æмæ загъта, мах уыдон хуызæн кæй не стæм, æвæццæгæн, дам, æрцæуæггаг стæм. О, уый йæ загъта, фæрæдыд, æмæ бæргæ стыр ахуыргонд у, фæлæ йын йæ рæдыд мах дæр æнæрхъуыдыйæ хъуамæ фæлхат кæнæм?

Уæдæ-ма æркæсæм, Чырысти куы райгуырд ссæдз æнусы размæ, уæды нывæцмæ «Библи»-йы æмæ фенæм рæстдзинад. Ныртæккæ нæ алыварс цы адæмтæ цæрынц, уыдонæн дзы нæй сæ кой, сæ хъæр дæр. Нæ фыдæлтæ скифтæ, сарматтæ, алантæн

та нæ эрæйы агъоммæ (149 — 146-æм азты) æртæ паддзахады уыдис Сау денджызы былгæрæттæй Каспы денджызы онг: «Скифтæ», «Сарматтæ», «Алантæ».*

Историк æмæ фыссæг Геронти Кикодзейы кой скодтон, уый афтæ фыста: «Мах чи стæм æмæ кæцæй стæм, уый абон дæр бæлвырдгонд нæу, уымæн æмæ нын зæххы цъарыл нæдæр хæстæг ис, нæдæр хицон, нæдæр æрвад. Нæ дунейы фарн нæ кæдæм кæны, уымæн нæхæдæг дæр ницы зонæм. Æцæг, куыд зæгъынц, афтæмæй, дам, цардыстæм цæугæдæттæ Тигр æмæ Евфраты былгæрæтты, фæлæ нæ уым дæр нæ уарзтой, æмæ нæ цæрын нæ уагътой нæ сыхæгтæ, сæ удхæссæг нæ федтой. Кæдæм ма фæцыдаиккам, уымæн нæ сæрæн ницы зыдтам. Гъе, афтæ нæ бонтæ 'рвыстам иунæгæй, цыма Хуыцауæй нырма уæд æрхаудтам, уый хуызæн. Æцæг, кæй цуры цардыстæм, уыдон нæ нæ зæххытæй ратардтой, ницыуал нын ныууагътой. Алантæ нын фæтæригъæд кодтой æмæ нæ Сау денджызы былтыл, стæй Колхидæйы дæлвæзты æрцæрын кодтой, радтой нын зæхх, барæвдыдтой нæ, амыдтой нын хæстон хъуыддаг, ахуыр нæ кодтой сæ культурæйыл, се 'гъдæуттыл, хъахъхъæдтой нæ æддагон знæгтæй».**

Æмæ нын ныр «фидынц нæ дзæбæхтæ». Æввонг фынгыл хæргæ-хæрын скуыстой сæ ахсæнтæ æмæ нын æрхъавыдысты нæ уæлмæрдтæ исынмæ дæр.

Диссаг мæм цы кæсы: стонг бирæгъты балтæ хъæутæм дæр лæбурынц, адæймагыл куы фæхæст уой, уæддæр ыл æртымбыл вæййынц — йæ алыварс цæг саразынц, æмæ йæм фæлæбурынц. Æмæ ам æрцæуæггаг-лæбурæг чи вæййы, иунæг адæймаг æви бирæгъты бал?

Гафез уыдæттæ æгæр хорз дæр зыдта. Фæлæ йын уый дæр зындгонд уыдис, нæ фыр сæрыстырæй нæ тыхы цæсты кæй кæсæм цæргæ-цæрæнбонты, кæрæдзийыл кæй никуы хæцыдыстæм, не знæгты ныхмæ æмвæндæй кæй никуы стох кæнæм, уым кæй вæййы нæ рæдыд. Нæ алыварс адæмтæ дæр тæтæры æнæнымæц æфсады раз æрхаудтой сæ зонгуытыл, алантæй дарддæр сын иунæг ныхмæлæууæг нæ разынд. Уымæн æмæ, ардæм куыд æрцыдысты, афтæ æндæр искуыдæмты здæхгæ дæр акодтаиккой. Нæ сыхаг адæмтæй зæгъын. Алантæ сæ фыдыбæстæ хъахъхъæдтой.

Гафез йæ пьесæ «Худаны фырт Батрадз»-ы æвдисы, тæтæр

* Атлас истории древнего мира. Главное управление геодезии и картографии при Совете Министров СССР, М., 1976.

** Газет «Сакартвеле», 1917, № 4.

кæд мæтыхтау æнæнымæц уыдысты, уæддæр аланты сæфт кæй уыдис, къæлуайæ кондау сæ кæрæдзийыл кæй нæ хæцыдысты, сæ хотых æрмæст размæ, знагмæ нæ, фæлæ сæхимæ дæр кæй здæхтой, уый. Уæдæй нæм абоны онг дæр, хъыгагæн, нæма баззадис, нацийыл уæлæмæ чи хæцы, паддзахады хъомысджын чи кæны, ахæм иугæнæг хъуыды.

Æвзонгæй зынгхуыст ирон поэт Дзаболаты Хазби, æхсайæм азты аивадыл хъуыдыгæнгæйæ афтæ загъта: «...Азæй-азмæ нæ литературæйы дарддæры рæзты тынгæй-тынгдæр ахадынц, фидар бындур ын чи басгуыхтис, уыцы уацмыстæ», — æмæ нæ классикты куы ранымадта, уæд фидарæй алыг кодта: «Фæстаг рæстæджы цы уацмыстæ фæзындис, уыдонæй мæм тæккæ ахадгæдæр кæсынц Гафезы пьесæ «Бæсты фарн», Цæрукъаты Алыксандры æмдзæвгæты чиныг «Арвырдын», Джусойты Нафийы поэтикон æмбырдгонд «Æнæном чиныг» — æмæ ма ацы номхыгъдмæ бафтауæн уаид».

Кæй ма сæм хъавыд бафтауынмæ, уый кой нæ кæнын. Номхыгъд Гафезы «Бæсты фарн»-æй кæй райдайы, хъуыддаг уый у. Уагæры ма «Темырболат» æмæ «Худаны фырт Батрадз»-имæ зонгæ куы уыдаид.

Æцæгдæр, суанг 30-æм азæй фæстæмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дугыл фыст уацмыстæ куы нæ нымайæм, уæд æнуд дуджы дзыбыр-дзыбыргæнаг уацмысты æхсæн «Бæсты фарн»-ы фæзынд уыдис, æдзæм æрдзы уадтымыгъы февзæрдау. Йе 'ндыгъд динамикæйæ, «Хуцайы таурæгъ»-ы Хуцайы фæндыры тæнтау, зыр-зыр кæнын кодта адæймаджы нуæрттæ.

Нæ мыхуыры фæрæзтæ цæргæ-цæрæнбонты драматургийы жанрмæ фыдыусы цæстæй кæсынц. Сæ дуæрттæ сын тымбыл къухæй тонын хъуыд. Æз та, Гафезы цас зыдтон, уымæй, йæхи тыххæй журнал кæнæ рауагъдады дуарыл æлхынцъæрфыгæй балæууыд, зæгъгæ, уый никуы хъуыды кæнын. Ирыстоны Хуссар хайы цæрæг фысджытæн 1973-æм азы цы «Пьесæтæ» рацыдысты мыхуыры, уырдæм дæр ын ницыуал бахастой — иугæр æй Фысджыты цæдисы хайады бæрнон нымæрдары бынатæй фесхъиуæггаг кодтам, уæд æй алы хуызы дæр хъуамæ ныцъцъист кæнæм, зæгъгæ. Фæлæ фыссæгæн, æцæг аивады кусæгæн ахæм тæрхоны цъисттæнæн нæй. Ахæм ралхъив-балхъивты ноджы йе згæ акæлы, æмæ рарттивы ирддæрæй.

Пьесæты чиныгмæ цы уацмыстæ бахастæуыд, уыдон се 'ппæт, дуры бын кæй акæнай, ахæмтæ не сты, фæлæ «Бæсты фарн»-æй чиныг æцæг кæй рафидыдтаид, уый дызæрдыггаг нæу. Чи

зоны, афтæмæй ногæй сценæйыл дæр фæзындаид. Фæлæ мах диссаджы адæм стæм. Иу æдылы искæуыл цъыф калдзæнис, æфтаудзæнис æй адæмы цæсты, æмæ йæм фондзыссæдз «зонд-джынæй зондджын каст» фæкæнæм.

Уыйхыгъд, Гафез кæд ирон литературæйы классик ссис, уæддæр ын, стыр хъыгагæн, ирон чиныгкæсæг æмæ ирон театры сценæ йæ драмон уацмыстимæ зонгæ нæма сты. Цыма нæм ас-тæуккаг æнустæй æрхаудта æмæ йæ бынтæ нæ къухы не 'фтынц!

Æцæг, 70-æм азты зынгæ ирон поэт, тæлмацгæнæг æмæ æхсæнадон архайæг Бестауты Гиуæрги рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редактор куы уыдис, уæд зæрдиагæй аудыдта ирон ли-тературæ адæммæ цæрдхъомæй рахæссыныл.

Цымыдисон у иу хабар: Бестау-иу кæм уыдис, уырдыгæй лæмæгъ автортæ сæхи хызтой, уыйхыгъд-иу саудыдта, йæ зæрдæ кæуыл дардта, уыцы фысджытæ æмæ уацмыстыл. Куыд дзы хъуамæ байрох уыдаид Гафезы драматурги! Æмæ сæ джиппы рауадзыны тыххæй обкоммæ йæ фыстæджы равдыста йæ хъуы-ды: «Гафезы драмон уацмысты томы сты сценæйыл æвæрд пьесæтæ («Бæсты фарн», «Хуцайы таурæгъ», «Æз уарзтон дæу») æмæ, нырма æвæрд чи нæ уыд, ахæм стихфыст драмæтæ: «Темырболат» æмæ «Худаны фырт Батрадз».

Сценæйыл æвæрд пьесæтæ мыхуыры аккаг кæй сты, уый дызæрдыггаг никæмæн у. Алчи дæр зоны, «Бæсты фарн» нæ драмон уацмысты хуыздæр кæй у (æвæрд æрцыд Цæгат Ирыс-тоны дæр), уый. «Хуцайы таурæгъ» дæр тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ, хауы нæ драматургийы æнтыстытæм.

«Темырболат» фыст у нæ фыццаг поэты хъысмæтыл, Мам-сыраты Темырболатыл. Æвдыст дзы цæуынц Кавказы хæсты фæстаг хабæрттæ, кавказæгты алыгъд Туркмæ, стæй Балканы хæсты цаутæ, фæстаг сценæ та арæзт у Темырболаты поэтикон хъысмæтыл: базыдта, кæй фæзынд ног стыр поэт Ирыстоны (Къоста!) æмæ цин кæны — хъуыддаг æвæстаг нæ фæци, Ирæн ис стыр раздзог, сæрылхæцæг, фæтæг, зарæггæнæг!..

Драмæ у тынг аив æмæ поэтикон фыст. Æнæмæнг æй хъæуы мыхуыр кæнын. Æцæг æм æркæсын хъæудзæн иуцасдæр рæстдзинады цæстæй, редакцийы хуызы. Бирæ историон лæгтæ ис пьесæйы æмæ дзы алкæй характер æмæ историон нысаныл бæлвырддæр ахъуыды хъæуы».

«Худаны фырт Батрадз»-ы Гафез аланты трагеди уыны,

кæрæдзи кæй не 'мбæрстой, кæрæдзийыл кæй нæ хæцыдысты, уый. Ома, феодалон пырхдзинады, национ æмæ паддзахадон иудзинады хъуыдыйæ цух кæй уыдысты, уый. Пьесæйы идейон концепци у иттæг раст, йæ драмон арæзт та тынг аив. Мæ хъуыдыйæ ацы пьесæ у Гафезы драматургийы ахъаззагдæр уацмыс.

Гафезы, алан сæ кæрæдзи кæй не 'мбæрстой, уый базоныны тыххæй «дардмæ цæуын, хъуынаæвæрд архивты къахын нæ хъуыд» — абон дæр нæ сæйраг низ уый у: алкæй дæр нæ фыццаг уæвын фæнды.

Гафез уыцы хъуыддæгтæ йæ дуджы æрмæст цæстæй нæ уыдта, фæлæ сæ йæхиуыл базæрста. Æниу æй йæхи сæрæй адæм тынгдæр æндæвтой:

Фæззыгон хус сыфтæры уад
Куыд фæхæссы дыууæрдæм фæзты,
Раст афтæ царды стыр фыдад
Æрхаста адæмтæн дæр рæстæг:

Кæрæдзи риутæм дардтой арц,
Кæрæдзи хурхмæ дардтой туггарз,
Кæрæдзийыл æфтыдтой арт,
Дзæгъæл фосау, ныйисты дзуггай.

(«Эльбрус»)

Адæм, дзæгъæл фосау, дзуггай кæй ныввæййынц, Бестаупоэты хуызæны ныхас Гафезы драматурги ныммыхуыр кæныны тыххæй уымæн никæмæ фехъуыст. Раст зæгъы Нафи: «Бæргæ хорз фæнд уыди Гафезы драмон уацмысты том рауадзын, фæлæ Гиуæргийæн нал бантыст уый бакæнын, йæ фæстæ чи куыста рауагъдады, уыдон та ацы хъуыддагыл нæ батыхстысты æмæ абон дæр нæй нæ къухы уыцы чиныг*.

Æмæ кæцæй хъуамæ уа чиныг нæ къухы, Нафи уыцы мысинæгты йæхæдæг куы зæгъы: «Гафез йæ куыстæй ист куы 'рцыд, уæд нымудзджытæ ноджы фæныфсджын сты æмæ националисты кæрц кæнын райдыдтой Гафезыл, Бестауты Гиуæргийыл, Дзуццаты Хадзы-Муратыл æмæ мæныл». Ноджы дарддæр зæгъы: «Бантыст сын Гуырдзыстоны ЦК-ы идеологон хайы» сагитаци кæнын» (уыдон æндæр цы хъуыдис) æмæ официалон æгъдауæй тæрхон хаст æрцыд Хуссар Ирыстоны фысджыты 'хсæн национализмы идеяты ныхмæ. Бантыст сын 73 азы ноябры Бестауты Гиуæргийы «Фидиуæджы» редакторы бынатæй сисын дæр. Фæлæ

* Газет «Хурзæрин», 2003, № 90.

сын ныр уый дæр фаг нал уыд. Иу фæндиаг ма сын баззад — Гафезы, Нафийы, Гиуæргийы, Хадзы-Мураты куыстæй æмæ партийы рæнхъытæй фæтæрын, стæй та сæ бынтондæр «фервæзын». Комкоммæ афтæ фыста Цоциты Резо Шеварднадземæ 1974 азы январы 30-æм бон: «Еще в марте 1973 года я сигнализировал Вам относительно... антипартийных, антисоветских элементов в Юго-Осетинском отделении СП Грузии... Мы вели и будем вести непримиримую борьбу против антипартийных, антисоветских элементов... Писатели просили, а затем требовали, чтобы их избавили от Н. Джусоева, Ф. Гаглоева, Бестаева, Дзуццова, но эта просьба до сих пор не выполнена».

Бæрæг у ацы ныхæстæй Резо æмæ йæ къорды фæндон: антипартион æмæ антисоветон элементтæй фервæзын!.. Уый та уæд амыдта хуымæтæджы хабар: хъуамæ ахæм элементтæ æрцæуой ахст кæнæ та Сыбыры хай бауой цæрæнбонтæм», — зæгъы Нафи.

Уæдæ, Гафезы скуынæг кæнын чи домдта, уыдон йе сфæлдыстад мыхуыр кæнын æндæвта?

Фыссæджы драмон уацмысты джиппы рауадзын та нын абон дæр æмæ сом дæр у æнæмæнг хъуыддаг.

Æниу ын йæ амæлæты фæстæ йæ сæрмагонд хæдзар Цхинвалы горæты администраци æнæзакъонæй куы байста, уæд йе стыр сфæлдыстадон бынтæ Чъреба æмæ Дзæуджыхъæуы къуымты ракал-бакайлаг фесты, æмæ сæм рæстæгыл æркаст куы нæ фæуа, уæд Мамсыраты Темырболат, Коцойты Арсен æмæ бирæ æндæр ирон фысджыты бынтау уыдонæй дæр æнæхай фæуыдзыстæм.

«Бæсты фарн» Дзаболаты Хазбийæ Бестауты Гиуæргийы зæрдæмæ къаддæр нæ фæцыди. Спектаклы тыххæй йæ рецензи «Фæндараст»-ы цингæнгæ дзырдта: «Ирон литературæйы, нæ театралон аивады райгуырд ног уацмыс, райгуырд ног удгоймагау, æмæ ныллæууыд царды фæндагыл»*.

Хорз ракæнынæн æрæджы никуы у. Гафезы пьесæты æмбырдгонд куы фенид рухс, уæд уымы бæсты йæ рынчын уд, Азабæласау, дзæнæты цъæх нæууыл æнусон дидин рафтауид.

---

* Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 томæй. Т. 3. 2004, 168 ф.

АЛЕКСАНДР СОЛЖЕНИЦЫН: 90 АЗЫ



Йæ бинойнаг
Наталья Дмитриевнаимæ.



Ахстæй.

Александр СОЛЖЕНИЦЫН

КЪАННÆГ РАДЗЫРДТÆ

ХОХАГ ÆРВНÆРД

Æфцæджы тæккæ рæбын нæ æрцахста æрвнæрд. Бандзыг ыстæм, афтæмæй кастыстæм цатыртæй.

Тæрккъæвда нæм хызти Рындзы сæрты.

Сатæг-сау талынг йæхи бакодта æгас дуне, сæрбæрæг, бынбæрæг, фарсбæрæг нал уыди нæ алфамблай.

Фæлæ-иу арв æнахъинон æрттывд фæкодта, æмæ-иу тар фæхицæн и рухсæй, уæйыг-хæхтæ-иу исдугмæ сæхи равдыстой, хохы æмдæргъæн нæзытæ-иу уырдыг лæугæйæ нæ цæстыты раз фегуырдысты. Æмæиу æрмæст цæстыфæныкъуылдмæ рахатыдтам, нæ быны зæхх кæй ис, уый. Стæй та-иу дуне фестади сатæгсау æнæбын сæрсæфæн.

Æрвæрттывдтытæ æввахсæй-æввахсдæр кодтой, сонт рухс ивта сау тары, сау тар — сонт рухсы. Æрттывд куы урс-урсид уыди, куы гæзæмæ сырхбын, куы та фиолетхуыз, æмæ-иу алы хатт дæр хуызистау разындысты хæхтæ æмæ нæзытæ, арвыл æмбæлдысты, афтæмæй. Куы-иу айсæфтысты, уæд-иу нæ нал уырныдта, сты ма, уый.

Арвы иугæндзон гуыр-гуырæй байдзаг ысты кæмттæ, æмæ дæтты хъæлæба нал хъуысти. Уациллайы фæттæ уæле дæлæмæ ихуарæгау згъæлдысты Рындзы гуыбынмæ æмæ калмæнгæс цыхцырджытæй згъордтой, тæгæлтæ хаудтой къæдзæхтыл. Афтæ зынди, цыма уым цæрдудæй кæй ардтой, уыдоны бындзагъд кодтой.

Махæй тæрсын ферох и, ницæмæуал дардтам арвы æрттывд, йæ нæрын, йæ фæттæ — денджызы æртах зилгæдымгæйæ куыд нал фæтæрсы, афтæ мах дæр систæм ацы стыр дунейы къаннæг æмæ арфæйаг хай. Абон, мæнæ ныр, иу исдугмæ нæ цæстыты раз кæй сфæлдыстæуыд, уыцы стыр дунейы иу хай.

ЕСЕНИНЫ РАЙГУЫРÆН ХЪÆУЫ

Цыппар хъæуы кæрæдзи фæдыл аивæзтысты фæндаджы былты. Рыг. Дыргъдæттæн ам сæ кой, сæ хъæр дæр нæй. Хъæд дæр æввæхсты — никуы. Æрмæст æбæркад, мæлдзой цæхæрадонгæндтæ. Уынджы бæстастæу иу гæбæррагъ хуы йæхи хафы дондзæуæн колонкæйыл. Хъазтæ æфсæддонтау рæнхъæй фæцæуынц ихсыд нæудзарыл. Сæ фæрсты велосипеды аууон куы æрсыффытт ласта, уæд хæрдмæ фæхаудтой æмæ ма йæ фæстæ æмхъæр акодтой, ома, дам, додой дæ къона. Кæрчытæ æйтт кæнынц, ныхбынæй кусынц, фæйлауынц уынг æмæ фæсчъылдымтæ, сæхицæн нæмгуытæ агурынц.

Фæлахс кæркдоны æнгæс у Константиновойы хъæуы дукани-будкæ дæр. Силодкæтæ. Водкæйы æппæт сортытæ дæр. Базæнгæс къафеттæ, кæрæдзиуыл нынныхæстысты. Ахæм тъоссатæ ничиуал æмæ никуыуал хæрынц фæстаг фынддæс азы дæргъы. Самандурыйас сау дзулы цæндтæ, æвæццæгæн, кардæй лыггæнгæ не сты, фæлæ фæрæтæй.

Есенинты хæдзар... Хатæнæй хатæны ’хсæн, — цармæ чи нæ хæццæ кæны, ахæм къултæ, къæбицæнгæс цыдæр къуымтæ, къалатигæндтæ, иуæн дæр дзы уат схонæн нæй. Цæхæрадоны — куырм сара, раздæр дзы хинайæн уыд. Ацы талынг къуыммæ-иу бабырыди Сергей æмæ фыста йæ фыццаг æмдзæвгæтæ. Хъилтæй æхгæд æмбонды æдде — хуымæтæджы быдыр.

Цæуын хъæуы уынгты. Ахæм хъæутæ Уæрæсейы — хæрх, чи дзы цæры, уыдон абон дæр кæнынц хоры куыст, алчи дæр сæ йæ сыхаджы хынцмæ архайы исты æрбапайда кæныныл. Цæуын æмæ тыхсын мæхимидæг: дунейы ацы чысыл гæбазыл иуахæмы æрхауд æрвон зынг æмæ йæ ацарыдта, ныр мæнæн дæр судзы мæ уадултæ. Рахызтæн Окайы былмæ, фахсæй кæсын дардмæ æмæ дисы ныгъуылын: ау, уартæ уыцы пыхсхъæды тагæй загъдæуыд ахæм кæлæнæнгæс, æрдæгсусæг-æрдæгæргом ныхас:

На бору со звонами плачут глухари...?

Стæй сабыр Окайы уыгæрдæнхуыз тъæпæнтæй:

Скирды солнца в водах лонных...?

Уагæр цавæр курдиаты къуыбылой рахста Сфæлдисæг ардæм, ацы къаннæг хæдзармæ, ацы хылæмхиц-хылкъахæг хъæуккаг лæппуйы зæрдæмæ, цæмæй йæ риуы ныггуыпп ластаид цырен арт æмæ уый рухсмæ гуымиры пецы цур, талынг ыскъæты, мусы, хъæугæрæтты ссардтаид, мингай азты дæргъы къæхты бын кæй ссæстæуыд æмæ кæй нæ фиппайдæуыд, уыцы диссæгты-диссаг — Фидыц?..

ХУДИНАГ

Дæ Райгуырæн бæстæйы худинаджы уавæрмæ кæс — цы ма уа уымæй риссагдæр хъизæмар!

Цавæр æнæбайрайгæ, бырынцъаг къухты бахауди, цавæр æнæджелбетт, стырзæрдæ, пъæнæзау хирдæм ссивджытæ йын райстой сæхимæ йæ царды рохтæ? Цавæр схъæл, мæнгард æмæ æгъуыз цæсгæмттæ дзы зыны дунемæ? Цавæр æмбыд хъылматæ йын уагъдæуы йæ хъуыры æнæниз уды хойраджы бæсты? Куыд ныддæрæхсæн, кæуинаг уавæрмæ куыд æрхауд адæмы цард — сæрымагъз æй нæ ахсы.

Адæймагыл ичъийау ныддæвдæг вæййынц ацы удхæрæн сагъæстæ æмæ йæхимæ куыдзæмгад æркæсы, цыма дын дæхи æфхæрдæуы æрвылбон, дæхи дын чындæуы дæлдзиныг. Нæй ирвæзæн ацы уаргъæй, йемæ райхъал вæййыс, демæ йæ хæрхæр кæныс бон-сауизæрмæ, йемæ ныффæлдæхыс дæ хуыссæны, йемæ рафт-бафт байдайыс суанг боныцъæхтæм. Мæлæт дæр дæ нæ фервæзын кæндзæн уыцы Худинагæй: удæгæсты сæрмæ ауыгъдæй лæудзæни, ды та уыдонæн сæ иу хай дæ.

Фæлдахыс, фæлдахыс нæ историйы рагон сыфтæ, агурыс дæхицæн исты ныфсæнцой. Рох дæ нæу æгъатыр, карз рæстдзинад дæр: ахæм замантæ дæр уыд, æмæ-иу зæххон адæм мыггагыскъуыд куы фесты. О, уыдис ахæм хабæрттæ.

Ис æндæр æвдисæнтæ дæр. Иу фондз æмæ ссæдз облæсты уыдтæн, æмæ мæ зæрдæмæ ныфсы муртæ æрбакалд: уым федтон рухс хъуыдытæ, цардфæлварæнтæ, æнæнцой, рæдаузæрдæ, уарзон адæймæгты. Ау, уыдоны бон нæ бауыдзæни царды цалх рæствæндагыл саразын? Бауыдзæни! Ис ма тых...

Фæлæ уæддæр Худинаг нæ сæрмæ ауыгъдæй лæууы, цыма газы маргхъæстæ бурбын-сырх æврагъ у, — æмæ нын нæ рæуджытæ судзы. Æмæ йæ исчердæм куы адде кæнæм, уæддæр æй нæ историйæ аппарын никæйуал бон суыдзæни.

УАСДЖЫТЫ ЗАРÆГ

Нæ хъæутæ федзæрæг ысты, дзæгъæлæй сæ ныууагътам, хъæууæттæ сæ рауади. Æмæ нæ бынтондæр байрох и, бирæ фæлтæртæ та хъусгæ дæр никуы фæкодтой, бон-сихорафон уасджытæ фæйнæ-фæйнæ хъæлæсæй цы зæлланг-уаст фæкæнынц, уый. Кæртæй-кæртмæ, сыхæй-сыхмæ, уынгæй-уынгмæ, хъæуæй-хъæумæ азæлы, ивылы царды уæлахиздзау хъæлæс, хуримæ сиу вæййы, æмæ дзы сæрды дзаджджын уæлдæф æвдадзы хос басгуыхы.

Удмæ ахæм фарн æмæ æнцой æрмæст искуы-иу хатт æрцæуынц. Уыцы цъæхснаг, ирд, ризгæ-нæргæ зарæджы цур æмтъеры дунейы иннæ мыртæ ницыуал фæахадынц, æмæ а бæстæ фесты арфæйаг, райдзаст. Æмæ мæ бауырны: бон йемæ фарн æрхæссы æмæ йæ дарддæр дæр хæсдзæни рæдауæй. Цæрут, кусут, уарзут, райут.

Мæнæ йæхæдæг дæр. Парахатзæрдæйæ, сæрбæрзондæй рацу-бацу кæны, стыр сгуыхты чи фæцис, ахæм гуыппырсарау, йæ сæнтсырх така-къоппа уæлиау сисы.

Маст-æрхæндæг йæ фæсонæрхæджы дæр нæй.

Тæхудидæгæй, ахæм цард...

КУЫВД

Куыд æхцон у дæ дæлбазыр, Хуыцау!
Дæуыл æууæндын — зæрдæйæн ныфсæнцой.
Куы райдайы дзæгъæл кæнын мæ зонд,
йæ базыртæ æнæбонæй куы ’рхауынц,
æвзаргæ лæгтæ, разагъды зæрæдтæ
æрхъуыдыйæ куы смæллæг вæййынц хатт,
«куыд уæм, цы уæм, цы чындæуа?» куы фæрсынц,
æруадзыс уæд мæ зæрдæмæ æууæнк
æмæ та свæййын удвидар: нæ дуне
Ды сфæлдыстай, йæ дарæг дæр Ды Дæ,
мæрдтæм цæуын нæ бауадздзынæ Фарн.
Æз кады рындзæй дисгæнгæ фæкæсын
мæ фæндагмæ: тæссаг уыди, тæссæрттæ,
фæцудыдтон-иу, амард-иу мæ ныфс
æмæ-иу ногæй райгас и. Ныр ам дæн —
Дæ тынты тæмæн адæмæн æрвитын.
Фæрсын мæхи: цы ма суыдзæн мæ бон,

Дæ рухсæй ма цы адæтдзынæн сомбон
нæ дзыллæйæн? Цы нæ бантыса, уый та
Дæ фæндæй хъуамæ бакæной æндæртæ.

СКЪУЫДДЗÆГТÆ ФЫССÆДЖЫ УАЦТÆЙ

* * *

Нæ сæрибары ахсджиагдæр хайæн — нæ мидæг чи ис, уымæн — нæхæдæг стæм хицау. Искæмæ йæ хынджылæг кæнынмæ куы радтæм, уæд нæхи хъуамæ адæймæгтæ мауал хонæм.

1973

* * *

Нæ адæмæй бирæтæ раздæры æнæраст хъуыддæгтыл фæсмон куы 'ркæной, къух сыл куы сисой, æрмæст уæд ссыгъдæг уыдзæн уырыссаг уæлдæф, уырыссаг мæр, æмæ сырæздзæни ног национ цард. Мæнг, чъизи хуымы сыгъдæг исты æрзайынгæнæн нæй.

1973

* * *

...йæхи уды къоппа бахъахъхъæныны ныфс дæр кæмæ нæй, уый-иу ма ныббуц уæд, прогрессивон хъуыдытæ мæм ис, зæгъгæ, ма 'ппæлæд, академик кæнæ адæмон артист, сгуыхт архайæг кæнæ инæлар кæй у, уыдæттæй, — фæлтау басæттæд, йæхицæн зæгъæд: æз дæн быдыло æмæ тæппуд, мæ гуыбын æфсæст уæд, мæ цæрæн — хъарм, æндæр мæ ницы хъæуы.

1974

* * *

Адæмы сабыр цардмæ тыхми куы балæбуры, уæд йæхицæй афтæ буц вæййы, æмæ йæ цæсгом цъæх арт фæуадзы, пиллæттæ фæкалы, хъæр самайы, йæ тырысайыл та фыст: «Æз Тыхми дæн! Иуварс ут, фæйнæрдæм уæхи айсут, науæд уæ мæ быны ацъист кæндзынæн!» Фæлæ тыхми тагъд базæронд вæййы, бирæ рæстæг нæма рацæуы, афтæ йæ ныфс асæтты, æмæ цæмæй йæхиуыл хæцынхъом уа, цæмæй худинаджы уавæрмæ ма 'рхауа, уый тыххæй йæхицæн ссары цæдисонтæ — гæды æмæ мæнгарды. Уымæн æмæ тыхми фæлитой миты ауон йеддæмæ кæм бамбæхса, уый йын нæй, фæлитой та æрмæст тыхмийы руаджы у цæрынхъом. Æмæ алы бон, стæй алкæй уæхс-

кыл не ’вæры йæ уæззау дзæмбы тыхми: æрмæст, дам, мæ цæстфæлдахæн митæн цæлхдуртæ ма ’вæрут, сразы, дам-иу ут мемæ, куы уæ сайон, уæд, æндæр, дам уæ ницы домын.

Ам ис, гъе, мах нæхимæ æмгæрон кæй нæ уадзæм, уыцы æппæты хуымæтæгдæр, æппæты æнцондæрдарæн дæгъæл, сæрибары дæгъæл: гæдыйæн къæссайы комыл хæцæг ма у, мæнгардæй дæхи иуварс лас, йемæ æмдзæхдон ма кæн. Бæстæ цæстфæлдахæгæй, фæлитойæ байдзаг уæд, кæмдæриддæр хицауиуæг кæнæнт, дуне сæхи бакæнæнт — ды сæ дæхи бахиз! (...)

Афтæ, гъе, нæ тæппуддзинады сæрты ахизынæн ис иунæг хос — равзар: зонгæ-зонын гæдыйы цагъарæй баззайдзынæ... æви раст фæндагыл æрлæудзынæ, цæмæй дын дæ цот æмæ де ’мдугонтæ аргъ кæной, нымайой дæ? (...)

Нæ фæндаг: гæдыйæн зонгæ-зонын фарсласæн макуы кæн!

1974

* * *

Дæ хæлары дын цæмæй амарой, йе та йæ ахæстоны бакæной, уый тыххæй газетон цъыфкалæн уацы бын дæ къух æрæвæрыныл куы нæ сразы уыдаис, уæд дын дæхи кæнæ маргæ акодтаиккой, кæнæ та ахæстоны сбадтаис. Уый Сталины рæстæджы уыди. Ныр та цы тас у урсхил номдзыд лæгтæн, фыссæнгарз куы райсынц æмæ цагъайрæгтау сæрныллæгæй, гъа-ма, кæм и, зæгъгæ, Сахаровы ныхмæ, сæхæдæг кæй нæ ныффыстой, ахæм чъизи, æлгъаг гæххæтты сæ къухтæ куы æрфыссынц, уæд? Бынтон ницæййæгтæ кæй сты, уый тыххæй афтæ бакæнынц. (...)

Стыр уырыссаг ахуыргæндтæ дæр-иу ахæм тæригъæддагæгуыдзæг уавæры уыдысты? Афтæ дардтой сæхи стыр уырыссаг нывгæнджытæ дæр? Сæ традици сын фехæлдтам, уымæн æмæ мах образованщинæ стæм.

Æртывæр худинаг уый у, æмæ, бафхæрдзысты нæ, зæгъгæ, уымæй тæрсгæйæ нæ, фæлæ, кадæй, пайдайæ, фæрныг, æнцой цардæй куы фæхауæм, мыййаг, зæгъгæ, уыдæттыл хъуыды кæнгæйæ æрлæууынц сæргуыбыр-уæнтæхъилæй образованщинæйы хъæбултæ — «мæскуыйаг стъалытæ» æмæ, алыхуызон хæрзиуджытæй кæй сбуцчынд, уыдон. Раст у Лидия Чуковская: интеллигенцийы рæнхъытæй кæйдæрты ацух кæнын афон у. Кæмæй загътон, уыдон се ’ппæт дæр куы нæ аппæрстæуа, уæд дзырд «интеллигенци» йе ’цæг нысаниуæгæй фæцух уыдзæн æмæ гомгæрццæй аззайдзæн.

* * *

Махыл зæрдæдарæн нал и, адæймаджы миниуджытæй нæм ницыуал баззад æмæ æрвылбоны къаннæг цæрæнхосты сæрвæлтау нæ къух ауигъæм æппæт принциптыл дæр, æрбауæй кæнæм нæ уд, нæ фыдæлты бирæ фыдæбæттæ, фæстагæттыл нæ хъуыды кæнæм, æрмæст нæ тæссонд цард мачердыгæй фæкъахыр уæд. Уды фарнæй, сæрыстырдзинадæй, зæрдæйы цырен монцтæй бавдæлон стæм. Суанг ма иумæйаг атомон мæлæтæй, дунеон хæстæй дæр нал тæрсæм (чи зоны, искуы мысты хуынкъ самал кæнæм), — тæрсæм æрмæст иу хъуыддагæй: ныфсхастæй барджын ныхас ракæнынæй! Хуыцау бахизæд дзугæй фæиппæрд уæвынæй, иунæгæй аззайынæй — уыцы хъуыды нæ цух нæ уадзы иу уысм дæр. Науæд урс дзулæй, газы колонкæйæ æнæхай кæнæм, Мæскуыйы нæ нал æрфысдзысты!

1974

* * *

Скъолайы ахуыргæнджытæ хъуамæ уой нацийы æвзаргæ хай, сæ ахсджиаг куысты аккаг: сæ бæрны сын нæ фидæн кæнæм. (Нырыонты та цавæр институтты ахуырчынди, стæй цавæр идеологон дзæнгæдайыл? Хъуыддаг рæстырдæм рацаразыны куыст райдайын хъæуы институтты программæтæй, æцæг зонындзинæдтыл афтæмæй фæхæстуæвæн ис.

1990

* * *

...Кавказы хохæгтæм бирæ рæстæг уыд ахæм фæтк: иу хъуыдымæ-иу æрцыдысты æппæтадæмон хъæлæсты руаджы нæ, фæлæ «разагъды лæгты бафæрсыны» фæстæ.

1990

* * *

Алы адæм дæр, бæрцæй бынтон чысыл чи у, уый дæр Хуыцауы фæндæй равзæрд, æмбал кæмæн нæй, ахæм у. Чырыстон фæдзæхст зæрдыл даргæйæ Владимир Соловьев загъта: «Иннæ адæмты уарз, дæхи адæмы куыд уарзыс, афтæ».

1990

ХЪОДЗАТЫ Æхсары *тæлмац*

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Ацы аз октябры фыццаг бонты Цæгат Ирыстоны уазæгуаты уыди номдзыд нывгæнæг, æхсæны кусæг, Уæрæсейы Паддзахадон премийы лауреат, францаг орден «Аивад æмæ литературæйы рыцæр»-ы кавалер Михаил Шемякин. Йæ цыды сæр — нæ республикæимæ сфæлдыстадон бастдзинæдтæ скæнын. Æмæ уыцы хъуыддаг йæ къухы бафтыди. Нæ равдысты фендзыстут Шемякины куыстытæ.

Цыртдзæвæн, Петербург аразын чи райдыдта, уыдонæн.

Цыртдзæвæн Петр Фыццæгæмæн.

Иллюстрацитæ Достоевскийы роман «Фыдракæнд æмæ бафхæрд»-мæ.

Балет «Щелкунчик»-мæ декораци.

Костюм балет «Щелкунчик»-мæ.

Костюмы эскиз И. Стравинскийы балет «Весна священная»-мæ.

Платон æмæ Сократы диалог.

В. Высоцкийы цыртдзæвæн Самарæйы.



Нывты сери «Мид-Париж»-ӕй.

Гуыппырсары тахъа,
згъӕр худ.



И. Стравинскийы сурæт.

Мæ фыды мысгæйæ.



Натюрморт.



Лæгæты конд
нывмæ гæсгæ.

Бюст. Цикл «Санкт-Петербурджы хъазтизæр»-æй.

Чиныджы цъар.

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

МУРАСТЫ Эльбрус

СУР ЗÆХХЫЛ ЛЕНК КÆНÆН НÆЙ...

Лев Толстой йæ удæгасæй нымад æрцыд Хуыцауы æмсæр фыссæгыл. Цы æвæджиауы аивадон хæзнатæ сфæлдыста, уыдон ахиздзысты азты, дугты сæрты. Мæлæт сын нæй.

Генион дзырды дæсныйы æнæбын зонды æвæрæнтæ арф фæд ныууагътой мæ зæрдæйы дæр. Дард сабибонты мæ къухмæ фыццаг цы чиныг райстон, уый уыд Толстойы «Хаджи-Мурат», ирон æвзагмæ Зæнджиаты Бæбуйы тæлмацæй.

Уæдæй фæстæмæ мæ хъысмæт æнгом баст уыд мæ уарзон фыссæгимæ, уæлдайдæр уæлдæр скъолайы куы ахуыр кодтон, уæд.

Фæлæ мын рагæй-æрæгмæ æнцой нæ дæтты иу цымыдисаг фарст: йæ алы ныхасмæ дæр дун-дунетæ кæмæн хъуыстой, уый поэзимæ – аивады тæккæ рæсугъддæр æмæ аивдæр хуызмæ – уазал цæстæй цæмæн каст, аккаг аргъ ын цæуылнæ кодта? Суанг Феты дæр Пушкинæй уæлдæр æвæрдта. Нoджы нудæсæм æнусы кæрон Надсон, Апухтин, Северянин æмæ ма чидæртæ сæхицæй зæххон бардуæгтæ куы ацарæзтой, аив дзырды кад куы æрныллæг кодтой, уæд æмдзæвгæтæй йæ удхæссæг федта: «Писать стихи – это все равно, что пахать и за плугом танцевать. Это прямо неуважение к слову».

Горький æндæр зæрдæ дардта поэзимæ. Уымæн æвдисæн сты йæ фыццаг радзырдтæ: сæ хъæздыг æмæ нывæфтыд æвзаг, сæ ирд романтикон фæлгонцтæй тынг хæстæг лæууынц прозæйæ фыст æмдзæвгæтæм. Йæ трилоги: «Мои университеты»-йы фыста: «Пушкин до того удивил меня простотой и музыкой стиха, что долгое время проза казалась мне неестественной, и читать ее было неловко».

Герценмæ хардзау каст, æмдзæвгæтæ фыссын кæй нæ зыдта, уый: «Речи необходим ритм так, как он необходим морю, которое мерными стопами вовеки нескончаемых гекзаметров плещет в пышный карниз Италии. Стихами легко рассказыва-

ется именно то, чего не уловишь прозой... Едва очерченная и замеченная форма, чуть слышный звук, не совсем пробужденное чувство – еще не мысль. В прозе просто совестно повторять этот лепет сердца и шепот фантазии».

Федтат? Иуæй иннæ стырдæр аивады дæснытæ, фæлæ дзы алкæмæн дæр уыд йæхи бæлвырд цæстæнгас поэзимæ. Сæ хъуыдытæ нæ сусæг кодтой...

Уæдæ цы у поэзи? Цавæр бынат ахсы нæ царды мидæг? Незамантæй ардæм рифмæтæй куы ничи дзырдта æмæ дзуры, цыфæнды арф, вазыгджын хъуыды кæнæ диссаджы хабар хуымæтæг æвзагæй сфæлгъауæн куы ис, уæд стихты сæр цæмæн хъæуы? Æви Нигеры загъдау, хъустæ æмæ зонды æдде ма адæймагæн зæрдæ дæр ис, æмæ уымæ арæзт у йæ хъавд поэзийæн?

О, о, зæрдæмæ!..

«Зæрдæ додойæ-сарæй нæ тæлфы; сонт, тæлтæг хъæртæй нæ тæрсы; зонды стъæлфæнтæй нæ судзы; былалгъы ныхас уымæ нæ хъары; аразгæ худтмæ йæ хъус нæ дары; кæнгæ æууæлтæй йæхи нæ сайы; æмдзæгъды хъæрмæ нæ кафы!

Зæрдæ куы тæрсы сабыр арф дзырдæй,
Зæрдæ куы судзы зæрдæйы зынгæй,
Зæрдæмæ хъары зæрдæйы ныхас,
Зæрдæ ныххуды зæрдæйы худтмæ,
Йæхи рæвдауы аивджын нывтæй.

Кафын æй кæны фæндыры хъæлæс, фæндыры буц цагъд, фæндыры зарæг, фæндыры тарф худт!»

Ацы рæнхъытæ сфидауиккой поэзийы æппæтдунеон гимны дæр. Дзырдтæ афтæ аив, афтæ æхцон æмæ сæрибарæй æвдисынц поэтикон сфæлдыстады æрдзыхъæд, йæ зæрдæсагайыны миниуджытæ, йæ тыбар-тыбургæнаг фидыцтæ æмæ сæм исты бафтауынмæ йæ ныфс ничи бахæсдзæн. Ничи, Нигерæн йæхицæй дарддæр: «Кæд адæймаг судзины бын уыны, уæд поэт хъуамæ мæлдзыджы зæрдæйы тугдадзинтæ дæр уына. Адæймаг кæд адæймаджы ныхас хъусы æмæ æмбары, уæд поэт хъуамæ хъуса æмæ æмбара, адæймагæн йæ ныхбынты тугдадзин куыд цæвы æмæ цытæ дзуры, уый. Поэт хъуамæ хъуса æмæ æмбара адæмы цин, сæ сусæг улæфт, дымгæйы хъазт, йæ тырнындзинад, сыфтæрты сыф-сыф, дидинджыты базмæлд, æртæхы ферттывд, хуры цин, мæйы мидбылты худт, фароны низтæ, абоны домæн, райсомы нывæст».

Цæуыл у мæ дargъ разныхас? Ирон поэзи фæстаг азты

бæлвырд цæмæйдæртæй кæй фæцудыдта, нæ дуджы зыгъуыммæ цардивæнтæ йын йæ хъарутæ кæй сæттынц, ууыл. Ацы карз хатдзæгмæ нæ дзырды дæснытæ сæхæдæг æрцыдысты. Фæци, дам, поэзийы дуг. Рæстæджы уадтымыгътæ фæхастой нæ царды бæллиццагдæр нысантæ. Цæуыл зарæм, цæмæ тырнæм, уый, дам, нал ис. Бæстæ фестад армукъа. Æгас зæххы къори æмризæджы цы домбай паддзахадæй рызти, уый фехæлд. Знон дæр ма хæларæй чи цард, иу хæдон дæр уæрæх кæмæн уыд, уыдон кæрæдзимæ топпы кæсæнтæй кæсынц.

Раст зæгъгæйæ, фæстаг рæстæг чысыл базмæлыдысты, ирон литературæ парахат æмæ пропагандæ кæнын кæмæ хауы, уыцы организацитæ, фыццаджыдæр – чиныгуарзджыты республикон æхсæнад. Ныридæгæн йæ кусджытæ цалдæр хатты сарæзтой фембæлдтытæ ирон фысджытимæ. Уымæй дарддæр сын сæ ног уацмыстимæ базонгæ кæнынц кæсджыты, юбилейон бонтæм, стыр бæрæгбæттæм бацæттæ кæнынц аив фæлгонцгонд стендтæ, чингуыты равдыстытæ. Æхсæнады хъæппæрисæй йæ къахыл слæууыд, кæддæр телеуынæны цы традицион журнал цыдис, «Чингуыты тæрхæгыл», уый. Хорз бастдзинæдтæ ис чиныгуарзджытæн ирон радиоимæ. Ахæм радиобакаст нæ вæййы æмæ Къадзаты Станислав нæ фысджыты сфæлдыстады ахсджиагдæр фарстатыл лæмбынæгæй ма æрдзура æргом эфиры. Ирон чиныджы хъысмæтыл арæхæй-арæхдæр ныхас рауайы газетты æмæ журналты фæрстыл. Уым сæ хъуыдытæ фæзæгъынц куыд аивады кусджытæ, афтæ чиныгкæсджыты алы фæлтæрты минæвæрттæ дæр.

Уыцы хабæрттæ иуцастæр ныфсы хос сты, фæлæ цæмæй ирон чиныг йæ раздæры нæргæ кад раздаха, уымæ нырма дард у. Адæмон ахуырады æмæ культурæйы министрадтæ æхцайы фæрæзтæй куынæ фæкæсой, уæд нæ дзырды дæсныты уацмыстæн хъæууон æмæ скъолаты библиотекæтæм сæ фæндаг æхгæд уыдзæн. Хицæн фысджытæ æмæ сын рауагъдад «Ир» цы иугай лæвæрттæ бакæнынц, уыдон утæппæт кусæндæттыл чердæм аххæсдзысты?

Ахæм æгуыдзæг уавæры нæ поэттæ Нафи, Джыккайты Шамил, Хъодзаты Æхсар, Айларты Измаил æмæ иннæтæ тынгдæр сæ хъус публицистикæмæ кæй адардтой, уым диссагæй ницы ис. Уыцы оперативон жанр сын уæрæхдæр фадæттæ дætты, цæмæй Иры дзыллæтæм фæхæццæ кæной сæ рæбинагдæр зæгъинæгтæ, суадзой сæ зæрдæты тыппыртæ. Сæ уацтæ арæх нымад æрцæуынц зынгæ æхсæнадон цаутыл. Уый тыххæй Шамил афтæ

зæгъы: «Мæ уацы фæдыл мæм æрбадзурынц сæдæ адæймаджы. Ме стихтæ афтæ нæ хъарынц сæ зæрдæтæм. Æмæ фыссын уацтæ. Зонын æй, уац иу бон йеддæмæ нæ цæры, поэзи — æнусты. Фæлæ цы пайда у мæнæн стихтæ кæсын?»

Цалдæрæй, уыдонимæ Джыккайы-фырт дæр, рахызтысты прозæмæ, кæд сæ уд, сæ дзæцц поэзи у, уæддæр. Уыцы дыууæ жанры кæрæдзимæ дард лæууынц. Сæ аивадон мадзæлттæй, сæ иумæйаг нывæстæй, сæ ритмикон зæлынадæй. Фæлæ цы чындæуа? Суг, дам, нæй, уæд æхсныфтæй æндзарæм арт. Цы иугай æмдзæвгæтæ ма сын фæзыны мыхуыры, уыдон сты, æвæццæгæн, къæссайы цæгъдæнтæ. Æмбарын: «Года к суровой прозе клонят». Æмæ цы? Шамилæн йæ фыццаг къахдзæф фæрæстмæ. Йæ радзырдтæ, таурæгътæ, памфлеттæ æмæ эссетæ рацыдысты хицæн чиныгæй. Адæм ын хорз аргъ скодтой...

Фæлæ уæддæр...Уæддæр Иры зæхх нæма скуынæг хъуытазхъæлæс зарæггæнджытæй. Нырма ирон кæлæнгæнæг дзырдты зæлланг булæмаргъы зардæй адджындæр кæмæн у, ахæмтæй нæма равдæлон. Мæн хъæддыхæй уырны, Къостайы мондæгтæ кæмæй уадздзыстæм, «аив дзырдыл цин æмæ дис кæнынæй чи не 'фсæды», уыдон рæхджы фæзындзысты. Фæзындзысты, рагацау сыл æнувыддæрæй куы аудæм, хъыцъыдæттæ сын куынæ нуазын кæнæм, уæд.

Стæй, дæлæ кæной, уæлæ кæной, Хъодзаты Æхсар, Джыккайты Шамил, Малиты Васо, Ходы Камал æмæ иннæтæ сæ уды сконд, сæ зондахаст æмæ темпераментмæ гæсгæ фыццаджыдæр поэттæ сты æмæ сæ фæстаг арфæйы ныхас нæма загътой...

Нæ, цыфæнды куы уа, уæддæр поэзийæн æмбал нæй. Уый райгуыры уæлтæмæн зæрдæйы арфæй. Йæ цин æмæ масты гуырæнтæ дæрдтыл анхъæвзынц. Дзаг сты æрвон тыгъдады æгæрон сусæгтæй. Æмæ йæ уды цæхæр аив ныхасæн кæронмæ чи снывонд кæны, цæрæццаг æй чи скæны, уыдонæн сæрæй ныллæг акувын хъæуы.

Æфстау зондæй афтид рифмæтæ бийæг дæр, йæ бонæй уа, йæхи поэт хоны. Уый æдзухдæр зилы зонгæ ныхæсты «фæлвæрд донмарæнтыл. Пайда кæны ихсыд, æгъуыз фæрæзтæй».

Уæвгæ та диссаг куыд нæ у! Æдзухдæр нæ хурхы уадындзтæ тонæм, карз цъысимы аныгъуылæм, ирон æвзаг сæфы, цы уыдзæн нæ сомбон, зæгъгæ, афтæмæй та графоманты нымæц азæй-азмæ фылдæр кæны. Нæ номдзыд поэттæ сæ уды катайы куы бацыдысты,

уæд уыцы дзырдмондаг «гуыппырсартæ» сæ сæртæ схъил кодтой. Периодикон мыхуыр иууылдæр уыдоны баци. Æхца бафид æмæ дæ цы фæнды, уый сыххуытт кæн мыхуырмæ. Нæдæр фæрсæг, нæдæр сæ уромæг нæй. Бауырнæд уæ, иунæг газет дæр, стæм хаттæй фæстæмæ, æдæрсгæйæ дæ къухтæм нæ райсдзынæ. Кæс æмæ та æнæхъæн цикл кæнæ поэмæ газеты зынгæдæр бынат бацахстой. Уыцы иугæндзон мæлдзой, гуылмызтæ хъуыдытæй, мæнг сагъæстæй, хус, риторикон декларацитæй адæймаджы зæрдæ суынгæг вæййы.

Ахæм заман лæджы æрфæнды æрвнæрæгау ныхъхъæр кæнын: «Æгъгъæд у, гормæттæ, аивады бæрзонд номæй сæудæджер кæнынæн!» Фæлæ... Мæ фæдисхъæр кæмæ фехъуысдзæн?

Цæвиттон, уырыссагау хæрз дзæгъæлы сæхи удхарæй чи мары, газеттæ, телеуынæн æмæ радиомæ чи бырсы, уыдон ноджы фылдæр сты. Суанг журналтæм дæр баирвæзынц.

Раздæр-иу райдайгæ поэттæ Фысджыты цæдисмæ къахихсыд баисты. Уым сын цæстуарзон æхххуыс лæвæрдтой фæлтæрдджын литконсультанттæ Балаты Тембол, Гаджиты Георги, Тетцойты Таймураз, Цæрукъаты Валодя, Хаджеты Таймураз æмæ иннæтæ. Уыдоны æвастæй-иу ничи бахызт йæ фæлвых уацмыстимæ редакцийы къæсæрæй. Ныр уыцы куыстæн фадат нал ис. Уый адыл байтаман поэтгæндтæ республикон æмæ районты газеттæм фæндаг снадтой. Аив дзырдæй хъазæнхъул сарæзтой.

Ай-гъай, исчи мын мæ цæстмæ бадардзæн, бæлвырд дæнцæгтæ кæй нæ амонын, уый. Ома, æнæ уыдонæй мæ ныхас мигъмæ дзурæгау у. Фæлæ сæ нымайыныл куы схæцон, уæд мæ сæр бахъуыд. Стæй, куыд фæзæгъынц, æнæбон, цæстсайæн бибиты автортæ сæхицæй ныббуц уыдзысты, быцæутæ расайдтам, зæгъгæ. Уæдæ газетты æмæ журналты фæрстæн дæр тæригъæд хъæуы...

Æнæбасæттон графоманты рын нæ уæлмæрдтæм кæй балæгæрста, уый бынтон æвидыц æмæ кæуинаг хъуыддаг у. Æнæ зæрдæхалæн æнкъард стихтæй, чи зоны, иунæг ирон цырт дæр нал ссардзынæ. Адæм кæрæдзийы цæстмæ канд зынаргъ цыртытæ æвæрынæй ерыс нæ кæнынц, фæлæ æмдзæвгæтæ фыссынæй дæр. Зианджынтæ тырнынц сæ зæрдæйы хъыг рифмæгонд рæнхъытæй равдисынмæ. Уый тыххæй сæ фæстаг капеччытæ дæр нæ бавгъау кæндзысты. Айнæг къæйдурыл дамгъæтæ къахын туджы аргъ кæй у, уый дæр сæ нæ уромы.

Ацы зæрдæриссæн хъуыддагмæ сæ бар-æнæбары амидин кæнынц национ газеттæ. Хатгай ритуалон бюройы халдих басгуыхынц. Иу

номырӕй иннӕ номырмӕ, ривӕд куыройау, здухынц ӕнӕнымӕц зӕрдӕмӕгуыргӕнӕг фаззон дзырдтӕ, ӕнӕхъӕн хъуыдыйӕдтӕ. Хӕстӕгӕй-хионӕй – иууылдӕр сӕ мысинӕгты сӕ мӕрдтӕй зӕды къалиутӕ ацаразынц, зӕххон ӕмӕ ӕрвон хӕрзтӕй фӕсте ницыуал ныууадзынц. Чи кодта раздӕр ирон адӕмӕй ахӕм уӕлдай митӕ? Хуымӕтӕг буцгӕнӕн, хиуылхӕцгӕ ныхас сӕм фаг куынӕ фӕкӕсы, уӕд ӕххуысмӕ фӕсидынц фӕлтӕрдкъух графомантӕм. Уыдон сӕ фыркӕрӕфӕй чысыл поэмӕ нӕ, фӕлӕ суанг хъӕбатыры зарӕг дӕр ацъапп ласдзысты. Ӕхца цы нӕ кӕны! Зонын: редакциты кусджытӕ уыдӕттӕ сӕ хъалӕй нӕ кӕнынц, фӕлӕ мыхуыры оргӕнтӕн сӕ кадыл кӕй ницы ӕфтауынц, уый бӕлвырд у.

Нӕ, афтӕ нӕ зӕгъын ӕмӕ ӕппындӕр фӕстаг фӕндарасты ныхас макӕйы тыххӕй зӕгъ. Уымӕн уӕвӕн нӕй. Фӕлӕ алкӕй ном уӕлӕрвтӕм куы исай, бӕсты бикъ ӕмӕ дзы комы дӕгъӕл куы аразай, уӕд ма Хъуылаты Бадзи, Дзуццаты Бибо ӕмӕ иннӕ фӕйнӕгфарс бӕгъатыртӕй та цы хъуамӕ зӕгъай? Алцӕмӕн дӕр ис бӕрц ӕмӕ рад.

Малиты Хасан йӕ уарзон ӕмгар Ӕлборты Хетӕджы тыххӕй газет «Рӕстдзинад»-ы цы ӕвӕджиауы зӕрдӕмӕхъаргӕ мысинӕгтӕ ныммыхуыр кодта, уыдон сты реквиемы ӕрхӕндӕг зӕлтау. Уымӕн хаст ӕрцыдысты зындгонд журналисты иумӕйаг номарӕн чиныгмӕ. Науӕд Мамиаты Таймураз йӕ хӕстӕг ӕрвад Валиччы, курдиатджын хихъӕппӕрисадон кафӕджы, тыххӕй цы уӕздан ӕмӕ аив хъуыдытӕ ныффыста, уыдон куыд ис ферох кӕнӕн? Дӕ ацыды фӕстӕ, дам, мӕ хӕстӕ фӕдывӕр сты, дӕ фӕллад уды ӕфсарм мыл йӕ уӕз ӕруагъта ӕмӕ йӕ, мыййаг, хӕссын куынӕ афӕразон. Ахӕм сыгъдӕг, ӕнӕхин ӕнкъарӕнтӕ ӕрмӕст зӕрдӕрыст адӕймаджы риуӕй срӕмудздзысты, ӕмӕ сыл газеткӕсӕг уымӕн бауууӕндыд.

«Ӕрттиваг мрамор дуртӕ кӕрӕдзийыл куы срӕдзӕгъдтӕ кӕнай, уӕд уый архитектурӕ нӕма у, рӕсугъд зӕлланггӕнаг мыртӕ гам-гум куы кӕной, уӕд уый ӕмӕ музыкӕ иу не сты. Афтӕ у рӕсугъд дзырдты ӕмӕ аив литературӕйы хъуыддаг дӕр. Алы дур, алы мыр, алы дзырд – уыдонӕй алцы дӕр хъуамӕ уа йӕ бынаты. Фӕлӕ уыцы ӕнӕбайсгӕ хӕйттӕ цӕмӕй зӕрдӕмӕдзӕугӕ суой, уый тыххӕй сӕ бауадзын хъӕуы уд, науӕд аивдзинад, рӕсугъддзинад никуы ратдзысты» (Нигер).

Сур зӕххыл ленк кӕнын ничи сахуыр уыдзӕн. Хъуамӕ доны гуылфӕнмӕ ӕдӕрсгӕйӕ дӕхи нывзилай. Ӕцӕг поэзийы уавӕр

дæр ахæм у. Æрмæст стыр курдиаты хицау «байтындзы зæрдæйы авд арвы», æрмæст уый æнкъары дзырдтæн сæ бирæвæрсыг нысаниуæгтæ, хаты сын сæ ивгæ тигътæ-фæрстæ, сæ мидрухсы азæлгæ тæмæнтæ. Уымæн æй схонæн ис уацмысы «удуадзæг Хуыцау».

Дæсны, гæрзарм поэт æрдзæй къæрцхъус вæййы. Страдивари йæ алæмæты хъисфæндыртæ аразгæйæ хъæдæрмæджы арф æмбæхст мыртæ куыд хъуыста, афтæ фыссæг дæр хъуамæ хъуса дзырды сусæг мидзæлланг, сæ «тарф сусу-бусутæ», цæмæй уацмысы алы рæнхъ дæр уæгъдибар æмæ сæрыстырæй улæфа, æмдзу кæимæ кæны, уыдоны цинæй. Уæд цыма дзыхъхъыногæй дунейы рухс федтой, уыйау сæ хуыз скалдзысты. Уырысмæ уыцы дзырдарæхстдзинад раджы сбæлвырд кодтой: «умение использовать не только площадку стиха, но, кажется, и самое пространство между строками, насытить его огромным, хотя только подразумеваемым, содержанием и смыслом, то есть, возвращать вкус чуда».

Æхсайæм азты райдианы Дзасохты Музаферы æмдзæвгæ «Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг...» арф ныххызт мæ зæрдæмæ. Цалынмæ газеты гæппæл лыстæг нæ ныббызгъуыртæ, уæдмæ йæ мæ дзыппы фæхастон. Мæ цæстытыл уадысты, мæ рагбонты кæимæ хъомыл кодтон, уыцы хæстарыд сывæллæттæ. Районæй-иу куы фæхабар кодтой, нæ уæлахиздзаутæй чидæртæ фæстæмæ здæхынц, уæд-иу æнæхъæн хъæу, стырæй-чысылæй, сæ размæ агуылф кодтой. Чи бæхуæрдоны, чи фистæгæй.

Мах тæккæ хъæугæрон цардыстæм æмæ-иу нæ сыхы лæппутæ иннæтæй фæраздæр сты. Тохвæллад бæлццæттæ-иу сæ хæстон рифтæгтæ фæуадзгæйæ бæгъæмсар сабиты сæ хъæбысмæ цингæнгæ фелвæстой. Чи дзы кæй у, ууыл нæ хъуыды кодтой. Рафæрс-бафæрсмæ никæйы æвдæлд. Абон дæр мæ рус цы æнæдаст цæсгоммæ нылхъывтон, цы хъарм цæссыг ыл ферттывта, уый нæ рох кæнын. Æвæдза, мæ цахъхъæнтæй уæд цас æмæ цасæй ахордтой сидзæры дудгæ хал!..

О, сидзæр хъæды халонæй мæгуырдæр у. Суинаг поэт уыцы уæззау æнкъарæн йæхи удыл бавзæрста. Йæ фыд Созырыхъо, хæст йæ тæккæ тæмæны куы бацыд, уæд æнæбæрæгæй фесæфт. Æрмæст 1946 азы сусæны мæйы иу фæссихор Красногоры хъæуы Дзасохты кулдуар бахоста постхæссæг. Йæ цæстытæ зæхмæ ныдздзæвгæйæ, хæдзары æфсин Веринкæмæ ризгæ къухæй балæвæрдта сау гæххæтт. Сæ мад йæ уæрджытæ хойгæйæ куы

ныббогъ-богъ кодта, уæд æнахъом сабитæ кæртмæ ракалдысты. Фыртæссæй йыл сæхи баппæрстой. Уыцы бонæй фæстæмæ сыл сидзæры зæххы æмуæз ном кæй ысбадти, сæ хъысмæт иннæрдæм кæй разылд, уый, æвæццæгæн, сæ гыццыл удтæ бамбæрстой:

«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг...»
О, уыцы дзырдтæй ис ыскæнæн хъарæг!
О, уыцы дзырдтæ сты мæ фыды марæг!
О, уыдон фехъусгæйæ 'рхизы бæхæй барæг!
«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг...»
Сымах æрдæгыл аскъуынут мæ зарæг.
Ысты æнустæм уыцы дзырдтæ арæн
Сымах æхсæн, хъæбул æмæ ныййарæг»!

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы уацмыс абон алкæй зæрдæ нал сфæйлаудзæн. Цард йæхионтæ кæны. Ныры фæсивæд ивгъуыд тугкалæн хæсты цаутæм æндæр цæстæй кæсынц. Æмæ сæм азым хæссæн нæй, мах фæлтæры хуызæн сыл сæ зæрдæ кæй нæ риссы, уымæй. Фæлæ мæнæн искæй къæхты хъæрмæ мæ бон кафын нæу. Цыфæнды куы фæуа, уæддæр мæ ивгъуыд æнкъарæнты рухс нæ ахуысдзæн мæ риуы. Музаферы балладæ æнгæс æмдзæвгæ æнустæм баззайдзæн мæ мысæнуаты...

Ирон поэзийæн цæсгом чи скодта, уыцы уацмыстæй цы иунæг æвдисæн æрхастон, уый дзурæг у æрмæстæр иу хъуыддагыл: æцæг поэт дзырдтæй нæ хъазы. Кадаварæй сæ пайда кæны, фæлæ цæмæй сæ уæзыл бафта, уый тыххæй бирæ фыдæбон хъæуы. Джыккайты Шамилы загъдау, йæ зонд — фынæй, йæ буар – æндзыг кæмæн у, аив ныхасы ад чи нæ зоны, уый никуы бамбардзæн дзырдамонды хъизæмар æмæ удæнцой. Уæд, зæгъутма, нæ гæппæввонг фæсивæдæй бирæтæм уæгъд, иумæйаг ныхæстæй халбыд аразын хорз цæмæн кæсы?

Зæххыл чи нæма уыд, ахæм æрттиваг дидитæй куы сфæлында графоман йæ уацмыс, зæдты æмæ дауджытыл удаистæй йæхи куы фæдзæхса, (ныртæккæ иууылдæр мæлгъæвзаг кувджытæй агæпп ластой, дзуарылæг сæ разы рыг дæр нал скалдзæн!), уæддæр йæ фæллæйттæ доны къусы сæфт фæкæндзысты. Искæйы фæзмæг, искæйы фæсарц бадæг рæствæндаг никуы фæуыдзæн.

Раст уыд, бынтон раст уырыссаг поэт С. Гудзенко: «Если не задыхаешься в любви и горе, стихов не пиши». Цымæ кæд бахъардзæн уыцы зонд нæ «хуыскъзæрдæ æмæ дзæдæл эпигонтæм», кæд æрхуддзысты сæхиуыл?..

УИДÆГТÆ

ТМЕНАТЫ Дзерассæ

УЫРНÆНТÆ ÆМÆ МÆНГУЫРНÆНТÆ

* * *

Лæппуйæн хъуыддаг кæнгæйæ минæвæрттæ æрвитынц, куы æризæр вæййы, уæд, цæмæй сыл мачи амбæла, ома фыдæмбæлæгæй хъахъхъæд цæуой.

* * *

Цæмæй минæвæрттæ рæствæндаг фæуой, уый тыххæй сын сæ ахизæны æвæрынц доны къæрта дзагæй.

* * *

Минæвæрттæ усгуры хæдзарæй куы фæцæуынц, уæд сын сæ размæ барвитынц, хæрзæмбæлæг чи вæййы, ахæм адæймаджы, цæмæй хъуыддаг фæрæстмæ уа.

* * *

Чызджы моймæ куы раттынц, уæд уый йæхи арæх адæммæ нал февдисы: исты фыдгæнæг адæймаг ын цæмæй мацы хин скæна, уымæй тæрсгæйæ.

* * *

Чындзхасты бон чындзхæсджытæ куы фæцæуынц, уæд гæрæхтæ кæнынц, цæмæй сæм зианхæссæг тыхтæ хæстæг ма бацæуой.

* * *

Чындзыл разгæмттæ кæныны бар хъуамæ радтой йе 'фсымæртæ, уæд арфæйагдæр уыдзæн.

* * *

Чындзы разгæмттæ кæнынц лæгмæцыдтытæ, амондджын чындзытыл нымад чи у, ома йæ мой йæ фарсмæ кæмæн ис, бирæ зæнæг кæмæн ис, ахæмтæ.

* * *

Чындз йæ разгæмттæ кæнгæйæ йæ къух атъыссы рахиз дысы, йæ дзабыртæй дæр рахиз кæны фыццаг.

* * *

Чындз йæ разгæмттæ куы скæна, уæд ын кæсæнмæ йæхимæ кæсын не ’мбæлы, нæ фæтчы.

* * *

Чындзæн йæ мыдыкъус цæттæ кæнæн ис æрмæст лæгджын, цотджын усæн.

* * *

Чындзы Сæрызæды тырысамæ нæй хæсгардæй, судзинæй æвналæн — нæ фæтчы.

* * *

Чындзыл йæ разгæмттæ куы скæной, уæд фыццагдæр æнæцыд мойгæнæг чызджытæй йæ къухтæ кæуыл æрсæрфа, уый, дам, тагъд смой кæндзæн.

* * *

Чындзы цæсгом хызæй æмбæрзт цалынмæ æртæ чъиригмæ арфæтимæ нæ байгом кæной Сæрызæды тырысайы хъæдæй, уæдмæ йæ гом кæнын нæ фæтчы — фыдгæнæг тыхтæ йæ фендзысты æмæ йын фыдбылыз скæндзысты.

* * *

Чындз йæ хæдзарæй куы цæуа, уæд хъуамæ фыццаг равæра йæ рахиз къах æмæ алы къæсæрыл дæр хиза рахиз къахæй.

* * *

Чындзмæ цы къухмæрзæн вæййы, уый хъуамæ макæмæ ратта.

* * *

Чындзы йæ хæдзарæй куы ракæной, уæд хъуамæ фæстæмæ ма акæса.

* * *

Чындз къулы рæбын куы æрлæууы, уæд ын йæ хъæбысы авæрынц гыццыл лæппу, цæмæй йын райгуыра лæппу.

* * *

Чындзы Сæрызæды тырысамæ искæмæн æвналыны бар нæй — бинонтæн зиан у.

* * *

Чындз йæ ног хæдзары йæ моимæ куы сæмбæлы, уæд сæ раздæр каст чи фæвæййы, сæмбæлы, уый вæййы царды уæлахиз.

* * *

Чындз æмæ æфсин куы сæмбæлынц фыццаг, уæд æфсин чындзы йæ сынтæгыл кæд æрбадын кæна, уæд чындз æфсиныл уыдзæн æнувыд, бирæ йæ уарздзæн; кæд æмæ æфсин чындзы хуыссæныл æрбада, уæд уый йæ чындзы бирæ уарздзæн.

* * *

Ног чындз хъуамæ ацыдаид Мады Майрæмы кувæндонмæ æртæ чъирийы, дзидза æмæ бæгæныйы дурынимæ, балæгъстæ, батабутæ йын кодтаид, цæмæй йын зæнæг уыдаид, æмæ-иу ын Мады Майрæм фæахъаз.

* * *

Цæмæй ног чындз ног хæдзары бинонтыл нымад æрцыдаид, уый тыххæй йæ æвналын кодтой Сафайы рæхысмæ, фæдзæхстой йыл æй, фæдзæхстой йæ Бынатыхицауыл.

* * *

Цæмæй ног чындзыл Бынатыхицау дзæбæх сæмбæлдаид, уый тыххæй-иу æфсинæн йæ дзабыртæ сойæ байсæрста, æфсин та йын-иу уыцы рæстæг йæ сæрыл зад згъæлста.

* * *

Хызисæг вæййы æнæус лæппу, уый сыгъдæгдæр у, æнæтæригъæддæр. Худайстæй æртæ хатты Сæрызæды тырысайы лæдзæгыл рахиз къухæй хæцгæйæ йæ æрзилы чындзы сæрмæ дзургæйæ: «Фарн, фарн, фарн! Фараст (авд) лæппуйы

’мæ иу цъæх чызг». Æмæ сисы хыз, ратты йæ кæнæ æмдзуарджын кæнгæ мадмæ, кæнæ æмдзуарджынмæ. Сæрызæды тырысайы лæдзæг ныффидар кæнынц кæнæ пецы сæрмæ, кæнæ хæдзары Сæрызæды хъæдыл. Уый у чындзыл аудæг. Сæрызæды тырысайæ хыз сисæг нымад æрцæуы æфсымæрыл.

* * *

Чындзæхсæвы хæринæгтæ кæд рæсугъд цæттæ кæнынц — чъиритæ нæ судзынц, нæ хæлынц, дзидза кæд хæрзфых у, адджинæгтæ, бæгæны хорз рауадысты, уæд æрыгæтты цард хорз цæудзæн.

* * *

Чындзы куы æрбаласынц йæ ног хæдзармæ, уæд ын йæ рахизынæй, суанг йæ лæууæн бынаты онг калынц сæкæр, къафеттæ, ссад, цæмæй — адджын, бæркадджын цард кæна.

* * *

Чындзхасты бон ивд куы æрцæуы искæй зианы аххосæй, уæд æрыгæтты цардæн уый хуыздæрырдæм нæ цæуы — кæнæ иумæ бирæ нæ цæрынц, кæнæ æвзæр, хылтæ кæнгæйæ цæрынц.

* * *

Чындзы дзыккутæ гоппы бын хъуамæ уой æмбырд, кæннод фыдгæнæг тыхтæ йæ дзыккуты бамбæхсдзысты.

* * *

Чындзæхсæвы рæстæг хъæуы цырддзаст уæвын, кæннод иуæй-иу хингæнджытæ чындзы, кæнæ сиахсы дзаума амбæхсынц æмæ сыл хинтæ скæнынц.

* * *

Чындзæхсæвы хыл куы æрцæуы, уæд уый æрыгæтты цардыл хуыздæрырдæм æрзилы.

* * *

Чындзæхсæв æгæр хъæздыг арæзт куы вæййы, уæд æрыгæтты иумæйаг цард бирæ нæ хæссы.

* * *

Сиахсæн чындзы хæдзары баззайын не ’мбæлы, Бынатыхицау æм фæхъуыздзæн.

* * *

Цы чындзæхсæвы кафыдысты «Чепена», уым, дам, чындз æнæмæнг цотгæнаг уыд, уымæн æмæ уыцы кафтæн, йæ ныхæсты уыд сæрмагонд магион тых.

* * *

Чындзхасты рæстæг рог сæлфынæг куы вæййы, уæд уый æрыгæтты æнгом цардæн хорзырдæм у.

* * *

Лæппу кæнæ чызгæн сæ сæрты астæу цал зиллаччы уа, уал хъуыддаджы кæндзысты.

* * *

Чызг кæнæ лæппу аджы бынтæ куы хафой æмæ хæрой, уæд сæ чындзæхсæвы бон кæндзæн уаргæ.

* * *

Чызг дзаг мигæнæн (бедра, агуывзæ) куы фæцæйхæсса æмæ йын кæлгæ куы кæна, уæд йæ лæг расыггæнаг уыдзæн.

* * *

Чызг агъуыст, кæрт куы мæрза æмæ йæ æрдæгмæрзтытæ куы кæна, ома йын æнæмарзт бынæттæ куы зайа, уæд йæ фидæны мой дзыгъуыр уыдзæн.

* * *

Лæппуйы æрфгуытæ кæрæдзимæ æввахс куы уой, уæд, дам, ус æввахс ранæй хæсдзæн.

* * *

Чызгæн йе ’рфгуытæ æввахс куы уой, уæд æввахс ранмæ мой кæндзæн.

* * *

Минæвæрттæ усгур æрвиты сабаты изæрæй — уæд ын Хуыцау йæ хъуыддагæн æххуысгæнæг уыдзæн.

* * *

Чындз хъуамæ макæмæн радта абарынмæ йæ разгæмттæ, стæй къахыдарæс.

* * *

Чындз арæх къæсæрыл куы бада, уæд , дам, ын чызджытæ гуыры.

* * *

Чызг (кæнæ лæппу) цæугæ-цæуын йæ къах куы скъуыра, уæд ын йæ уарзоны уындмæ цæуы.

* * *

Чындз йæ хæлын кæрц хъуамæ макæмæн радтаид, фæлæ йæ æвæрд дардтаид йæ гобаны бын, йæ лæг ыл уæд æнувыддæр уыдзæн.

* * *

Чындзæхсæвæй сгуы чи ахæсса, уый хæдзары фидæны уыцы афон уыдзæн чындзæхсæв.

* * *

Чызг чындзхасты фынгæй вилкæ куы ахæсса, (æрмæст æй куыд ничи фена), уæд уый дæр чындзы ацæудзæн.

* * *

Чызгæн фыны исчи бæх куы радта, уæд мой кæндзæн.

* * *

Чындз йæ цæгатмæ куы бацæуа, уæд хъуамæ æнæбахæргæйæ ма раздæха, кæннод йæ Сæрызæд кæудзæн.

* * *

Лæг дыккаг хатт ус куы ракуры, уæд ын къухылхæцæг вæййы, фыццаг усæн чи уыд къухылхæцæг, уыцы адæймаг.

* * *

Джеоргуыбаты куринаг чызджытæ саразынц хæлынгуывд. Уыцы куывдмæ саразынц «амонд æвзарæг гуыдын». Уыцы гуыдын конд вæййы цыхтæй, стæй алы хоры мыггæгтæй фæйнæ гагайы, суджы къæцæлтæ æмæ а.д. Суг амоны арты фарсмæ куысты амонд, кæнæ хъæдæрмæгимæ архайæг. Гуыдын куы адих кæнынц, уæд кæмæ цы æрхауа, уымæй вæййы хайджын царды.

* * *

Фыссæн æхсæвы Ногбоны размæ усгур лæппутæ æмæ мойгæнæг чызджытæ сæ рæттæ сæ дымджытæм бабæттынц, зæгъгæ, чи кæм ус курдзæн, чи кæдæм чындзы цæудзæн, уый фынæйæ фена.

* * *

Фыссæн æхсæв мойгæнæг чызг хуыссæнмæ куы фæцæуы, уæд йæ иу цъында раласы, иннæ ныууадзы йæ къахыл æмæ фæзæгъы:

— Мæ амонды хай, æрбацу æмæ мын мæ цъында ралас.

Йæ фидæны мой йæм фыны æрбацæудзæн йæ цъында ласынмæ.

* * *

Чызджытæ бадæнты фæрсынц мард удты, смой кæндзысты æви нæ, уымæй.

Уый тыххæй кæнынц афтæ. Райсынц чиныг, стæй хæсгард гомæй сæвæрынц чиныджы, цæгтæ дзæбæх куыд зыной. Афтæмæй йæ бабæттынц ронæй. Стæй дыууæйæ сæ амонæн æнгуылдзты зæрдæтæй схæцынц хæсгарды цæгтыл, чиныг куыд ницæуыл андзæва. Уый фæстæ искæцы мард адæймаджы уд бацагурынц æмæ йæм дæттынц фарстытæ. Кæд «уд» дзуапп дæтта, уæд чиныг зилдзæн.

Фарст куы фæуой, уæд удæн хъæуы арфæ ракæнын, цæмæй, чи йæ бафæлмæцын кодта, уыдонæн мацы фыдбылыз скæна, уый тыххæй.

* * *

Иу хæдзармæ дыууæ чындзы куы фæхæссынц, уæд амонджындæр вæййы, раздæр чи бацæуы, уый.

* * *

Чындз йæ ног хæдзар, цалынмæ хур нæ аныгуылд, уæдмæ куы ссары, уæд амондджындæр вæййы, йæ цард хуыздæр ацæуы.

* * *

Чызджыты бадæн æхсæв куринаг чызджытæ æрæмбырд вæййынц искæмæ хибар ран, куыд ничи сæ хъыгдара. Скæнынц хæбизджын, сæвæрынц дзы суджы мур, сæкæр, гæххæтт, æхца, хъуымацы гæппæл. Куы сфыцы, уæд чъири райсынц, ныддихтæ йæ кæнынц æмæ кæмæ цы æрхауа йæ чъирийы карсты, уымæй хайджын уыдзæн йæ фидæны цардæмбал.

* * *

Афойнадыл чи нæ мой кæны, уыцы чызгæн йæ сæр Тутырты ныддасынц, æмæ уæд смой кæны.

ДЗАТТИАТЫ Руслан

ДÆРГЪÆВСЫ СУСÆГТÆ

20-æм азты нæ Ирыстоны зонадон-иртасæн хъуыддаг куы рауæрæх, уæд ахуыргæндтæ райдыдтой цæуын хæхтæм, ома рагон ирон цæрæнуæттæм æмæ фыстой, ныв кодтой, алыхуызон хабæрттæ гæххæтмæ хастой. Уæдæ Дæргъæвсы дæр куыннæ уыдаиккой! Ам нывгæнæг Æлдаттаты Измаил (Игнат дæр æй хуыдтой) диссаджы ныв скодта: фæйнæгыл уыдис хæххытæ, фæлæ æнахуыр хуызы. Иу дзырдæй ацы «фæйнæг» хуыдтой «Сырдоны хæдзар». Стæй йæ газет «Рæстдзинад»-ы дæр рауагътой. Уырыссагау — «Лабиринт Сырдона»(фыццаг ныв).

Фæлæ ма уыцы рæстæджы, æмæ æвæццæгæн, уыцы экспедицийы архайдта Тугъанты Махарбег — нæ генион нывгæнæг. Уый æрмæст нывгæнæг нæ уыди, фæлæ йæ адæмы рагон хъуыддæгты æвдисæн, æмæ ног фæлтæр адæмы рæгъмæ рауадзæг. Иу дзырдæй хуызджын ахорæнтæй сныв кодта диссаджы сылгоймаджы фæлгонц. Баззадис нæ абоны бонмæ Цæгат Ирыстоны бæстæзонæн музейы æвæрæндоны (дыккаг ныв).

Цы уынæм ацы нывы? Хæххон нарæг фæндаг хауæн былтимæ, йæ фæстæ айнæг къæдзæхтæ. Фæндагыл, — иу гал кæм ифтыгъд ис, ахæм уæрдон, егъау цæлхытæ йын. Уæрдоны бадынц ацæргæ ус æмæ æвзонг сылгоймаг. Уæрдоны рæтæнагъдыл бады чысыл лæппу уæлдзарм худы, йæ къухы уис. Уæрдонæн йæ галиу фарс — æртæ сылгоймаджы бæхтыл. Разæй галты сæрбосыл хæцы хотыхджын нæлгоймаг æд хъама æмæ ливор. Уæрдоны фæстæ – хæстон бал бæхтыл, æрцытимæ, сæ иуæн йæ фæсонтæй зыны æрдыны кæрон. Кæдæмдæр тындзынц. Махарбеджы къухæй нывгондыл ис ахæм фыст: «Гадзи Бадтиева едет на военный совет (1930). Прожила около 200 лет, пользовалась авторитетом у населения» — «Бæдтиаты Гадзи цæуы хæстон уынаффæмæ (1930). Фæцарди 200 азы бæрц, дзыллæты ‘хсæн ын уыди стыр кад».

Кæй зæгъын æй хъæуы, «1930» æвдисы нывы сконды рæстæг. Махарбег ацы сылгоймаджы уынгæ дæр нæ фæкодтаид. Ныв та конд у дæргъæвсæгты ныхæстæм гæсгæ. Ома, дæргъæвсæгтæ йын цы дзырдтой, уый йæхимæ гæсгæ сфæлдыста гæххæттыл. Махарбег иттæг хорз зыдта хохаг ирон цард: цы дзаума дардтой, цахæм уыдысты уæрдæттæ, уæлæдарæс, хотыхтæ æмæ а. д.

Композицимæ гæсгæ ацы ацæргæ сылгоймаг уыди тынг кадджын, иугæр æй хæстон уынаффæмæ хуыдтой, уæд.

Цæмæн кæнæм йæ кой? Хъуыддаг афтæ у, æмæ 2003 азы Цæгат Ирыстоны Абайты Уасойы номыл институты археологон къорд йæ радон куыстытæ кодта Дæргъæвсы цур, донæн иннæ фарс цы «Уæлмæрдты къуыбыр» ис, уым. 1993 азæй фæстæмæ уым кусæм. Ссардтам дзы рагон алайнаг уæлмæрд. Йæ æрмæг хауы VI — IX æнустæм.

2003 азы археологон куыстытæ кæнгæйæ сыджыты бынæй разынди къæйдуртæй амад æхгæд ингæн. Ахæм ингæнтæ фæзындисты аланты рæстæгæй бирæ фæстæдæр. Къæйты 'хсæн ссардтам адæймаджы стæгдар. Уæлгоммæ æвæрд нæ уыди, фæлæ йæ рахиз фарсыл. Уæрджытæ къæдз (цыма истæуыл бады, æртыккаг ныв). Къухтæ дæр — афтæ. Сæры кæхцыл бронзæйæ тымбылæгтæ — лыстæг æхцайы йæстæ. Æфсæрыкъæдзы бын – бронзæ хъусцæджытæ. Сæ цуры хъуырæгънæг — уый дæр бронзæйæ. Цæсгомы раз – авгæй рæсугъд агуывзæ нарæг æмæ бæзджын бынимæ, чысыл дæлдæр хъæддаг хуыйы ссыр, йæ цуры кард, мæкъуыстæг æмæ фæрсджыты ‘хсæн — бронзæ мырмырæгтæ æмæ авгæй фæрдгуытæ, цонджы ‘лхуыйтыл — авгæй цонгдарæнтæ, йæ хъæбысы — æрдын æвæрæны æфсæйнагæй конд къæндзы. Дæлдæр — роны æргъæвæг бронзæйæ. Стæгдары дæлфæдтæм — æлыгæй конд дурын æмæ æфсæйнаг æхсаргард (цыппæрæм ныв). Хъусцæджытæ æмæ цонгдарæнтæ сылгоймаджы дзаумæттæ сты. Хъæддаг хуыйы ссыр дæр сылгоймæгтæн æвæрдтой — уымæй иу сынк лæгъз кодтой хуыйгæ-хуыйын. Уæдæ мырмырæгтæ дæр сылгоймаджы къабайыл хуыд уыдысты, стæй хъуырæгънæг дæр. Мард æвæрд уыди — рахиз фарсыл, афтæ æвæрдтой алантæ сылгоймæгты катакомбæты. Дурынтæ æмæ кæрдтæ нæлгоймæгтæн дæр æвæрдтой æмæ сылгоймæгтæн дæр. Фæлæ æхсаргард, æргъæвæг, æрдындон — æрмæст нæлгоймæгтæн. Куыд уынæм, афтæмæй нæ разы ис сылгоймаг нæлгоймаджы дзауматимæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы сылгоймаг уыди лæджы æмсæр, кадджын.

Ноджы ма иу цымыдисаг хабар. Куыд нын бацамыдтой бынæттон цæрджытæ, афтæмæй, нæ къорд цы ран кæны археологон куыст, уым Бæдтиаты зæхх уыди.

Бæлвырд хатдзæг зын скæнæн у, фæлæ цыма Бæдтиаты Гадзийы стæгдар ссардтам.

1. Сырдоны хæдзар.

2. Бæдтиаты Гадзи цæуы хæстон уынаффæмæ.



3. Дæргъæвсы рагон уæлмæрды стæгдар.



4. Уæлмæрды ссаргæ дзаумæттæ.

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Аслæнбег

ФАКУЛЬТАТИВОН АХУЫРТÆ «НАРТЫ КАДДЖЫТÆЙ».[1]

(Кадджытæ Сосланы тыххæй)

1 ахуырдзау. Реферат «Сослан — «кæлæнгæнæджы фырт».

Сослан (Созырыхъо) — Нарты кадджыты зындгонддæр, бирæ вæрсыгдæр, ныхмæвæрддæр фæлгонцтæй иу. Йæ райгуырдæй йæ мæлæтмæ йæ алы ми дæр, йæ удыхъæд, суанг йæ конд æмæ йæ уæлæдарæс дæр диссаг кæмæн сты, ахæм хъæбатыр. Тых, хъару йын кæм нал фæфаг кæны, уым дæр йæ ныфс нæ сæтты. Знагыл фæуæлахизы сæраппонд ссары мадзæлттæ. Никæуыл ауæрды, суанг хионыл дæр (кадæг «Тотрадз æмæ Сослан»). Йæ фыр ныфсхастæй хаттæй-хатт цъысымы дæр бахауы, фæлæ дзы уæддæр уæлахизæй рацæуы.

Нарты кадджыты æрмæст Сосланы хонынц «нæрæмон». Ома, йæхиуыл хæцын, йæхи уромын чи нæ фæразы, æрхъæцмæ чи нæ хъæцы, ахæм адæймаг. Сослан у хæрзконд, æвзыгъд, кафаг (кафгæ-кафын æй иттæг хорз равдыста Тугъанты Махарбег йæ ныв «Нарты куывд»-ы), зараг, тыхæвзарæн ерысы цырв. Уыимæ у тæссарвад æмæ хъоппæгцæст. Йæ дыууæ уæны астæу ис æрдзæй рахæсгæ сау стъæлф. Уымæй йæ базоны Хуры чызг Ацырухс. «Йæ къæхтæ тæссарæвæрд чи кæна, йæ цæстытæ сасиры чъилы йæстæ кæмæн уой, йæ иу цæсты дыууæ гагуыйы кæмæн уа, йæ зачъетæ уызыны сындзы хуызæн кæмæн уой, уымæй-иу дæхи бахъахъхъæн», — афтæ амоны Тотрадзæн йæ мад.

«— Гъæ, кæлæнгæнæджы фырт, кæлæнгæнæджы!» — дзуры йæм Тары фырт Мукара, Сослан ыл сайдæй куы рацæуы æмæ йыл куы фæуæлахиз вæййы, уæд. — Уæлæ хохы сæрмæ куы фæцæйцыдтæ, уæд дыл дæ тæссарвадæй фæгуырысхо дæн æмæ дæм-иу фат фæдардтон: фехсин æй, зæгъгæ, æмæ йæхæдæг куы нæ уа, нæ йæ 'хсин, æмæ уыцы кæлæнгæнæджы фырт йæхæдæг куы уа! Ныр ма дын цы кæнон! Мæнмæ æндæр тых нал ис».

[1] Дарддæр. Райдайæн «Мах дуджы» ацы азы 7-æм номыры.

Сослан у Сатанайы æнæныййаргæ фырт, æмæ йæ Мукара дæр кæлæнгæнæджы фырт уымæн хоны (Сатанамæ уыд ахæм миниуæг).

Сосланы номимæ баст сты бирæ хорз хъуыддæгтæ Нарты царды. Æрмæст ын, Сафайы фынгыл уырдыгыстæг куы уыд, уæд зæдтæ цы лæвæрттæ бакодтой, уыдон дæр кæуылты сты! Уастырджи йын радта фæринк кард, Æфсати йын бахай кодта йæ фосæй, ахæм дзырдтæй: цуанон-иу цуаны куы цæуа, уæд-иу рахæссæд йемæ æртæ чъирийы æмæ æфцæгыл Æфсатийы ном ссарæд, стæй-иу сырд куы амара, уæд ын йæ рахиз сгуы радтæд, фыццаг ыл чи сæмбæла, уымæн æмбæлæггаг; Фæлвæра хъахъхъæдта æмæ фылдæр кодта Нарты фысвос; Уацилла сын радта хоры нæмгуытæ; Куырдалæгон сын йæ куырдадзы сарæзта дзывыр; Галæгон сын Нарты хортæ хъахъхъæдта алы фыдбылызтæй. Донбеттыр дзуры Сосланмæ: «Нæртон гуырд, мæ дæттыл-иу саразут куырæйттæ. æз бафæдзæхсдзынæн мæ чызджытæн, цæмæй сын доны мидæг сæ цæлхытæ æнæрынцайгæйæ рæвдз зилой. Махæй та уый фæуæд Нарты адæмæн лæвар».

2 ахуырдзау. Реферат «Сослан — нæрæмон, æнæбасæттон адæймаг»

Сослан уыд æгъатыр æмæ карз адæймаг æмæ сфæнд кодта Нарты астæу бæрæгдæрæй фæцæрын. Уый тыххæй йæ зæрды æрæфтыд лæджы сæрдзæрмттæ æмæ рихидзæрмттæй кæрц скæнын (кадæг «Сосланы кæрц»). Лæг-иу куы амардта, уæд ын-иу йæ сæры царм æд рихитæ растыгъта, афтæмæй æнæхъæн кæрцхор æрæмбырд кодта. Бахъуыдис ма йæ Куыцыччы фырт Елтагъаны сæрдзарм æмæ уый дæр амардта.

Сослан у: дурæйгуырд, нæрæмон, æнæбасæттон. Цы сфæнд кæны, уый цалынмæ сæххæст уа, уæдмæ æнцой нæ зоны. Уый сæраппонд бамидæг вæййы уæларвы зæдтæм, дæлдзæхы дæлимонтæм, мæрдты бæсты Барастырмæ (кадджытæ «Сослан Мæрдты бæсты», «Сослан Сатанайы зындоны цадæй куыд фервæзын кодта»). Уромæг æй нæ уромы, тыхгæнæг ыл нæ тых кæны. Сослан Барастырæй ракуырдта йæ 'нæныййаргæ мад Сатанайы. Мæрдты бæстæй рахаста, æрмæстдæр уым чи зайы, уыцы Аза-бæласы сыфтæ. Кадæг «Сослан мæрдты бæсты» у Дантейы «æрвон комедийау» стыр цымыдисаг. Ирон адæм дзы бавæрд-

той сæ зондахаст, дунеæмбарынад, сæ уды фарн æмæ цардмæ, адæймаджы хъысмæтмæ цы цæстæй кæсынц, цардæн, рæстдзинадæн куыд аргъ кæнынц, уый. Сæйрагдæр та — сæ куырыхон зонд.

Сослан йæхи байсæрын кодта Куырдалæгонæн бирæгъы æхсыры. Æрмæст æй цы бæлæгъы сæрыдтой, уый Сырдоны фыдвæндæй арæзт æрцыд цыппар æнгуылдзы цыбырдæр æмæ дзы Сосланæн йе 'мбæрц адаргъгæнæн нæ уыд, уæрджытæ бирæгъы æхсыр нæ бамбæрзта. Уый адыл æнæсæрыдæй баззадысты. Балсæджы Цалх дæр ын бахъавыд йæ уæрджытæм. Уый дæр Сырдоны ардыдæй. Сослан æмæ Сырдон сты цыфыддæр знæгтæ.

Диссагæн дзуринаг уыд Сосланы кæрц: хъуырæй заргæ кодта, цæнгтæй — æмдзæгъд, фæдджитæй — кафгæ. Æцæгæлониу æм куы бавнæлдта, уæд та цъæхахст кодта, æмæ йæ адавын никæй къухы æфтыд.

Сосланы ном ирон адæммæ баззад арвыл дæр, фæсуарын хурмæ цы кæркæ-мæркæ æрдынгонд разыны, уый хонынц Арвы рон, Арвæрдын, стæй Сосланы æрдын дæр. Дыгургомы та ис Сосланы зæппадз, йæхи, дам, удæгасæй кæм бавæрын кодта, уый.

Ирон фысджытæ æмæ поэттæ ныффыстой Нарты кадджыты мотивтыл бирæ æмдзæвгæтæ. Факультативон ахуырты цы лирикон уацмыстæ фæкæсынц, уыдон ахуыргæнæг æмæ скъоладзаутæ рагацау бацæттæ кæнынц. Цæмæй лирикон æмдзæвгæ скъоладзаутæ аив кæсын базоной, уый тыххæй сæ иудадзыг хъæуы фæлтæрын. Алы æмдзæвгæйæн дæр фæхъæуы ссарын йæхи дæгъæл, йæ иумæйаг ахаст æмæ ритмикон арæзтыл чи фидауы, ахæм интонаци. Кæм хъæуы тексты, уым хъуамæ фæлæууой, хъæлæсы уаг кæм фæбæрзонддæр, кæнæ фæныллæгдæр кæнын æмбæлы, уый дæр хъуамæ зоной, хицæн дзырдтæ логикон цавдæй хъуамæ рахицæн кæной. Ахæм бæрнон æмæ ахсджиаг куыст хъуамæ цæуа нывыл, скъоладзаутæ хъуамæ раст æмбарой, алы дзырд дæр, алы æрхæцæн нысан дæр цы ахады, цы эстетикон функцитæ æххæст кæны, уыдон. Уæд аив кæсдзысты лирикон уацмыстæ.

НАРТЫ КАДДЖЫТӔ ИРОН ПОЭЗИЙЫ

3 ахуырдзау.

ХОДЫ Камал

СОСЛАН

Дзырддзæугæ Нарт, фод сауæлгъыст уæ даргъ мыггаг!
Уæ байзæддаг мын не сбæззыд æмбалæн...
«Нæрæмонæй», «фæйнæгфарсæй» мæ батыдтат —
Æрра барæг, дам, донысгарæг балæн!..

Уыдтæн æдзух йæ хосгæнæг уæ фыртыхстæн,
уæ сау фыдгул мæ цонгдыхæн нæ лæууыд...
Ныр Зилахары — сынтытæ 'мæ сырдты 'хсæн —
мæ зындоны хай бафыстон уæлæуыл.

Дзæгъæл у ныр мæ уæззау арц — æндонæрттигъ,
сæ хъару тайы цадæггай мæ къухтæн...
Сæрддон хурмæ зынг фестади мæ болат риу —
хæрзаудæн мыл нал кæны Бедуха.[1]

Фæлæ нæ тæрсын! Рацардтæн нæртон лæгау.
Мæрдтыбæстæ дæр басгæрстон тыхагур...
æвæрдтон æз уæлæрвты дæр зæххон æгъдау —
ныр мын цæрынæн сау дзæппаз дæр фаг у.

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Хъодзаты Æ., Малиты В., Ходы К. Æрттигъ. Æмдзæвгæтæ. Орджоникидзе, Ир, 1983, 240 ф.).

Дзырдуат æмдзæвгæмæ:

Нæрæмон — йæхиуыл хæцын, йæхи уромын чи нæ фæразы, æрхъæцмæ чи нæ хъæцы, ахæм адæймаг.

Зилахар — Нарты хъазæн фæз, ерыс-иу кæм кодтой, уыцы бынат.

Сынтытæ — халæттæ.

Арц — рагон рæхойæн хæцæнгарз; йæ даргь хъæды кæроныл сагъд уыдис æрхуыйæ кæнæ та æфсæйнагæй конд цыргъ фындз.

---

[1] «Ды дард балцы куы вæййыс æмæ дæ сæрмæ асæст куы цæуы, уæд дын уый дæр æз вæййын, цæмæй ма фæлмæцай хурæй...» (Сослан мæрдты бæстæм куы бафтыд, уæд ын ацы ныхæстæ загьта йæ мард ус Бедуха).

Болат — рагон æндоны мыггаг.
Байзæддаг — бындар.
Фыдгул — знаг.
Дзырддзæугæ — кадджын, нымад.
Цадæггай — сындæггай, сабыргай.

Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ уæм сæвзæрди Камалы æмдзæвгæ бакæсыны фæстæ?

2. Кæимæ у йæ ныхас Нарты Сосланæн? Цæуыл сты йæ сагъæстæ?

3. Цы 'рцыдис Сосланыл? Цæмæн зæгъы:
«Ныр Зилахары — сынтытæ 'мæ сырдты 'хсæн
Мæ зындоны хай бафыстон уæлæуыл»?

4. Цавæр нæртон кадæджы мидисимæ баст у Камалы æмдзæвгæ? Радзурут-ма, цы 'рцыдис Сосланыл Зилахары быдыры? Чи уыд йæ марæг Сосланæн?

5. Æмдзæвгæ фыст у Сосланы монолоджы хуызы. Цæмæн равзæрста Камал ахæм поэтикон фæрæз?

6. Бакæсут æмдзæвгæйы текст æмæ дзы ссарут ахæм ныхæстæ æмæ дзырдбæстытæ, Камал кадæджы ныхæстæй Сосланæн героикон характеристикæ кæм дæтты.

7. Куыд æмбарут мæнæ ацы рæнхъыты мидис:
«Фæлæ нæ тæрсын! Рацардтæн нæртон лæгау.
Мæрдты бæстæ дæр басгæрстон тыхагур»?

8. Дæумæ гæсгæ, цы у «нæртон лæгау цæрын»? Куыд æмбаргæ у ацы ныхас? Ис ма абон дæр, «нæртон лæгау» чи цæры, ахæм ирæттæ?

9. «Фæлæ нæ тæрсын!» — ацы ныхæстæй байдайы æмдзæвгæйы фæстаг цыппаррæнхъон. Цæуылнæ тæрсы Сослан мæлæтæй? Уæдæ цæуыл у йæ сагъæс? Мæлæтæй тынгдæр цæмæй тæрсы Сослан?

10. Æмдзæвгæйы тексты ссарут синонимтæ дзырд «нæрæмон»-мæ. Цавæр нысаниуæг ын ис ацы тексты — иунысанон у æви бирæнысанон? Цы хуызы цæуы æвдыст тексты? Ахæм куыст-ма бакæнут æндæр ныхæстимæ дæр: «хъару», «болат», «тых агур», «æгъдау».

11. Фиппаинаджы амынд цæуынц Бедухайы ныхæстæ. Цавæр нæртон кадæджы фембæлы кæсæг Бедухайыл? Бацæттæ

кæнут радзырд кадæг «Сослан Бедухайы куыд æрхаста»-мæ гæсгæ. Пайда кæнут, уæлдæр цы фарстытæ радта ахуыргæнæг кадджытæм, уыдонæй.

12. Цавæр æндæр поэтикон мадзæлттæй ма пайда кæны Камал йæ æмдзæвгæйы? Бацамонут сæ.

4 ахуырдзау. Реферат «Уæд дын уый дæр æз вæййын...» (Бедуха).

Бедуха — Хызы фырт Челæхсæртæджы чызг. Сослан æй куырдта, фæлæ йын æй йæ фыд нæ лæвæрдта. Уæд ын æй уый Алæгаты стыр куывды сæ быцæу, чи хуыздæр акафдзæнис, зæгъгæ, уый фæстæ амбылдта. Хызы фырт мæстæйдзагæй фестад, абадтис йæ бæхыл æмæ афардæг йæ хæдзармæ — Хызы фидармæ. Фæсайдта Челæхсæртæг йæ дзырд. Сослан сфæнд кодта Хызы фидар басæттын, Бедухайы тыххæй байсын. Æмæ уый йæ къухы бафтыд. «Байдыдтой цæрын иумæ ус æмæ лæгæй Сослан æмæ Бедуха æмæ цардысты хъæлдзæгæй, кæрæдзи уарзгæйæ», — зæгъы кадæг «Сослан Бедухайы куыд æрхаста».

Кадджыты Бедуха æмбæлы дыккаг хатт кадæг «Сослан мæрдты бæсты»-йы. Ам Сослан куры Хуры чызг Ацырухсы, фæлæ дзы уый æрцагуырдта зын бафидæн ирæд. Сослан Сатанайæн ирæды хабар æнкъардæй ракодта. Уый йын радзырдта, куыд ссаргæ у Ацырухсы ирæд: — «Фæлæ Аза-бæласы сыфтæ ацы дунейыл никуы ссардзынæ, — уыдон ракурын хъæуы мæрдты бæсты хицау Барастырæй, æмæ дын сæ дæ мард ус Бедуха куы нæ ракура, уæд дæ къухы нæ бафтдзысты».

Сослан мæрдты бæстæм фæцыд Бедухайы агурæг. Фæндагыл бирæ диссæгтæ федта. Бахæццæ ис уалынмæ йæ ус Бедухайы бынатмæ. Бирæ фæцин кодтой кæрæдзийыл. Бедуха йын йæ мой Барастырæй ракуырдта Аза-бæласы сыфтæ дæр.

Дзанайты Иван (Нигер) Бедухайы тыххæй фыста: «Бедуха — Сосланы ус. Дуне-дзыллæйы эпосты бирæ ис, йæ лæгыл иузæрдион чи уыд, ахæм сылгоймæгты фæлгонцтæ. Уыдон æхсæн Бедухайы фæлгонц йæхимæ æркæсын кæндзæн, Беатричейы фæлгонцау. Сослан мæрдты бæстæм куы бафтыд Азабæласы сыфтæ агурæг, уæд уым фембæлд йæ мард ус Бедухайыл. Сослан æй фæфæрстытæ кодта, мæрдты бæсты цы

диссæгтæ федта, уыдонæй. Бедуха йын дзуаппытæ фæлæвæрдта. Уæд æй Сослан фæстагмæ фæрсы:

— Ардæм куы 'рбацыдтæн, уæд дæ сæр дæ гуырыл цæуылнæ уыд? Уый та цы диссаг у?

— Æмæ уый та куыннæ зоныс? — загъта Бедуха. — Мæ сæр æдзухдæр демæ вæййы. Æз дын ардыгæй бирæ æxxуыс кæнын. Ардæм куы сфæнд кодтай, уæддæр дын фæндæгтæ мæ руаджы суæгъд сты. Ды дард балцы куы вæййыс æмæ дæ сæрмæ сау асæст куы фæцæуы, уæд дын уый дæр æз вæййын, цæмæй хурæй ма фæлмæцай. Хæсты куы вæййыс, уæд демæ чи фæхæцы, уыдонæн сæ сæрмæ тыгъдызæй куы ныллæууы, уæд уый дæр æз вæййын, де 'фсæдтæ кæд фæтыхджын уаиккой, зæгъгæ».

Бедухайы уарзондзинад йæ фыдмæ дæр у диссагæн дзуринаг. Йæ мард уынынмæ йæ Сослан куы бакодта, уæд сылгоймаг хæсгардæй йæ зæрдæсæр фæрæхуыста æмæ мардæй йæ фыд Челæхсæртæгыл ныххауд. Йæхицæн йæ фыды фæстæ цæрæнбон йæ цæст нал уарзта. Фæлæ йæ Сослан фервæзын кодта.

5 ахуырдзау

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

СОСЛАНЫ НЫХАС МÆРДТЫ БÆСТЫ ДУАРГÆС АМИНОНИМÆ

— Кæдæм ивылынц утæппæт дзыллæтæ?
— Зындонмæ — иутæ, иннæтæ — дзæнæтмæ.
— Цы у зындон та?
— Рохуаты зæхх — Ивгъуыд.
— Дзæнæт та уæд?
— Цæрæццаг дуне — Фидæн.
Тæппуд, æгуыдзæг чи уыд,
йæ бынат уымæн — Ивгъуыд.
Æхсарджыны та Фидæн
йæ рухс дыргъдонмæ 'рвитдзæн.

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Ходы Камал. Æрттигъ. Æмдзæвгæтæ. Орджоникидзе, Ир, 1983, 10ф.).

Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Цавæр Нарты кадæгимæ баст у Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæ?

2. Æмдзæвгæйы сæргонд æнæ бакæсгæйæ нæй базонæн, чи сты æмдзæвгæйы хъайтартæ, кæм сты æмæ цæуыл дзурынц. Зæгъут-ма, кæм ныхас кæнынц Нарты Сослан æмæ мæрдты бæсты дуаргæс Аминон?

3. Цæуыл у сæ ныхас Сослан æмæ Аминонæн?

4. Куыд уæм кæсы, цæмæн равзæрста Æхсар йæ æмдзæвгæйæн ахæм поэтикон мадзал — диалог (дыууæ дзурæджы ныхас)?

5. Куыд æмбарут ацы рæнхъыты мидис:
«Рохуаты зæхх — Ивгъуыд»
«Цæрæццаг дуне — Фидæн»?

6. Цæмæн фыссы поэт дзырдтæ «Ивгъуыд» æмæ «Фидæн» стыр дамгъæйæ? Куыд сæ æмбарут? Ссарут ирон-уырыссаг дзырдуаты ацы ныхæстæ æмæ сын рабæрæг кæнут сæ нысаниуæгтæ. Иунысанон æви бирæнысанон дзырдтæ сты? Цавæр у сæ нысаниуæг ацы æмдзæвгæйы?

7. Фыццаг бакастæй ис зæгъæн, ома, Æхсары æмдзæвгæ у зындон æмæ дзæнæты тыххæй. Фæлæ уый фыццаг бакастæй... Арфдæр æркæсгæйæ та... Цавæр философон мидис ис ацы æмдзæвгæйæн? Рапарахат кæнут æмдзæвгæйæн йæ фæстаг цыппар рæнхъы философон мидис?

8. Цы уыдысты Нартæн сæ царды «Дзæнæт» æмæ «Зындон»? Кæцы нæртон кадæджы фембæлы кæсæг зындон æмæ дзæнæтимæ?

9. Куыд кæсын хъæуы ацы æмдзæвгæ? Цавæр хъæлæсы уагæй?

10. Ссарут-ма æмдзæвгæйы хатдзæг. Сымахмæ гæсгæ, куыд кæсын хъæуы æмдзæвгæйы фæстаг цыппар рæнхъы?

11. Уæддæр цæй тыххæй у Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæ? Зæгъ-ма дæ хъуыдытæ уый фæдыл.

12. Цавæр аивадон мадзæлттæй спайда кодта автор?

13. Цæмæн? Цæмæ бæллыдысты Нарт сæ мæлæты фæстæ æмæ цæмæн?

14. Хæдзары ныффысс цыбыр нывæц (сочинени): «Мæ ныхас мæрдты бæсты дуаргæс Аминонимæ».

6 ахуырдзау. Радзырд «Чи уыд Аминон?»

Аминон — мæрдты бæсты хицау, Барастыры æххуысгæнæг. Мæрдты бæсты къæсæрыл æмбæлы, чи амæлы, уыдоныл. Ставд æнгуылдз Амултахъ дæр сын мæрдты дуар байгом кæны Аминоны барлæвæрдæй. Стæй сæ уый æвзары æмæ æрвиты: уæлæуыл хорз хъуыддæгтæ, хорз фæд чи ныууагьта, уыдоны — Дзæнæтмæ, æвзæрты, тæригъæдджынты та — Зындонмæ. Аминоны тæрхон карз у чырыстон дины уаз Михаилы тæрхонау. Барастыр ыл æууæнды æмæ уый дæр у йе ууæнчы аккаг. Мæрдты бæсты къæсæрыл мидæмæ чи бахизы, уымæн фæстæмæ рацæуæн нал ис, тынг сæ куы бафæнда, уæд дæр. Æрмæст Сосланæн баци йæ бон мæрдты бæстæй раздæхын. Уый дæр йæ мард ус Бедухайы фæрцы.

— Кæд мæрдтæм цæугæ 'рбакодтай, уæд уый — дæ хъаруйы фæрцы, — зæгъы йын Бедуха. — Æндæр Хуыцауы 'вастæй мæрдтæм фæндаг никæмæн ис, нæдæр фæстæмæ мæрдты бæстæй уæлæуыл дунемæ ис цæуæн. Ды дæр иугæр мæрдтæм æрбацыдтæ, уæд дын фæстæмæ фæндаг нал ис. Фæлæ æз мæ цæстытæ куы æрныкъулон, уæд дæ бæхы цæфхæдтæ фæстæрдæм сагъд фестдзысты, æмæ-иу уæд цæугæ. Мæрдты адæм дæ фæсте сурдзысты, чидæр фæлидзы, æмæ мах дæр лидзæм, зæгъгæ, фæлæ фæдмæ 'ркæсдзысты, æмæ мидæмæ разындзæн; мæрдтæ раздæхдзысты фæстæмæ, алчи йæ бынатмæ.

Бедуха куыд загъта, афтæ бакодта, æмæ Сосланæн йæ бæхы цæфхæдтæ фæстæрдæм сагъд фестадысты...

Цас та фæцыдис Сослан, чи зоны, фæлæ та иу афоны æрбахæццæ ис мæрдты дуармæ.

— Дуар бакæн! — дзуры Сослан Аминонмæ.

— Сослан, иугæр мæрдты бæстæм æрбацыдтæ, уæд ардыгæй фæстæмæ здæхæн нал ис, — дзуапп ын радта Аминон.

«Куы нæ йын кодта Аминон дуар, уæд Сослан (нæрæмон куыд нæ уыд!) æрцæфтæ кодта ехсæй йæ хъандзалсæфтæг бæхы, рарæмыгъта дуар, афтæмæй тыххæй рацыд мæрдты бæстæй».

Аминон тынг зæрдæдаргæ хъахъхъæнæг у. Мидæмæ дæр, чи амæлы, уыдоны уадзы æрмæст боны рухсæй. Мæрдты бæсты хур — Дыдзы хур ма куыд кæса, афтæ.

7 ахуырдзау.

МАЛИТЫ Васо

ТУГЪАНТЫ МАХАРБЕДЖЫ НЫВТÆМ КÆСГÆЙÆ

(Скъуыддзæгтæ æмдзæвгæйæ)

VII
Цагъайраг дуг æмæ цагъартæ!
Æфсæн хъадамантæ... Хæрам...
Тых адæймаг уæвыны бартæ
Куы байста адæймагæй ам.
Ныр дæр ма се стæгдартæ мæрдты
Кæнынц сæ фырмæстæй къæс-къæс,
Фæлæ ма цы?
Мæлæты сæрты
Нæй ногæй цард ссарæн фæрæз.

VIII
Æндæр Тотрадз йæ бæхыл мæрдтæй
Æрыздæхид.
Æмæ та зæхх
Нынкъуысид. Стыр тохы фыдæх
Кæлид цъæх цыренкалгæ кæрдтæй,
Фат калмы 'взагæй 'хситт кæнид,
Сæ хъабахътæй кæсиккой мæрдтæ,
Æгæстæ 'мбæхсиккой сæ сæртæ.
Сослан!
Дæ сау тæригъæд фид!
Тотрадзыл рацыдтæ мæнгардæй:
Дæ тых æмæ дæ ныфсæй нæ, —
Дæ хинæй аскъуыдтай йæ цардæй
Тотрадзы саби уд æмæ
Лæджы æууæнк зæххон рæстадыл...
Дæ хин дын батайдзæни, ау?
Æви Хуыцауы фæндæй цардыл
Хæссы фыдæх æдзух йæ тау?

IX
Ойноны цалх дæр хинæй рацыд, —
Мæлы Сослан... Йæ зæнгтæ хауд...
Кæм вæййыс, кæ, Рæстдзинад?
Фыдæхы цур цæмæн дæ цауд?

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Ходы Камал. Æрттигъ. Æмдзæвгæтæ. Орджоникидзе, Ир, 1983, 164-165ф.).

Дзырдуат æмдзæвгæмæ:

Хъадамантæ — путы, кандалы.
Хæрам— галиу, мæнгард ми.
Хъабахъ — даргъ хъил, йæ уæлæ нымæты кæнæ фæйнæджы гæбаз фидаргонд, марды номыл мысан æхсынæн.
Мæнгардæй — сайдæй.
Ойноны Цалх — Балсæджы Цалх (Малсæджы Цалх) — тыхджын удгоймаг цалхы хуызы, цардис уæлæрвты.

Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Цæмæн схуыдта йæ æмдзæвгæ Васо «Тугъанты Махарбеджы нывтæм кæсгæйæ»?

2. Цавæр нывтæ ауадысты уæ цæстытыл, æмдзæвгæ куы бакастыстут уæд?

3. Куыд æмбарут ацы рæнхъытæ:
«Мæлæты сæрты
Нæй ногæй цард ссарæн фæрæз»?

4. Цавæр нæртон кадджытимæ баст сты æмдзæвгæйы VIII æмæ IX хæйттæ?

5. Цæмæн рацыд Сослан мæнгардæй Алæгаты Тотрадзыл? У тæригъæдджын Сослан? Цæмæй?

6. Радзурут уæхи ныхæстæй, куыд амардта Сослан Алæгаты Тотрадзы, уый тыххæй.

7. Æмдзæвгæйы сæйраг герой у Нарты Сослан: раттут ын характеристикæ, æрдзурут ын йæ фæлгонцыл, йæ адæймаджы миниуджытыл.

8. Æмдзæвгæйы æртæ хайы дæр автор дætты риторикон фарстытæ. Цæмæн пайда кæны поэт ахæм поэтикон мадзалæй? Цавæр дзуаппытæ радтис ды ацы риторикон фарстытæн?

9. Дзырдтæ «Рæстдзинад» æмæ «Фыдæх» фæстаг дыууæ рæнхъы фыст сты стыр дамгъæйæ. Цæмæн? Ратт дзуапп æмдзæвгæйы фæстаг риторикон фарстæн: «Ацы Фыдæхы цур цæмæн у цауд Рæстдзинад»?

10. Цавæр философон хъуыды æвæрд ис IX хайы? Радзурут ын йæ мидис.

11. Цæуыл дзурæг сты æмдзæвгæйы ацы ныхæстæ:

«Тых адæймаг уæвыны бартæ
Куы байста адæймагæй ам».

Разы стут поэтимæ? Цавæр рæстæджы кой кæны автор?

12. Ссарут æмдзæвгæйы тексты поэтикон фæрæзтæ.

13. Æрдзурут Тугъанты Махарбеджы ныв «Тотрадзы мæлæт»-ыл. Цавæр адæймагæй æвдисы Сосланы зындгонд ирон нывгæнæг? Куыд æвдыст цæуынц ацы нывы хæстонты бæхтæ? Цæмæй фæцыдис уæ зæрдæмæ Махарбеджы ныв?

ИРОН
ПОЭЗИЙЫ
АНТОЛОГИ

БЕТОЙТИ ВИКТОР

(1957)

Бетойты Мухарбеджы фырт Виктор райгуырди Сырх Дыгуры хъæуы. Каст фæци Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультеты ирон хайад. Куыста Сырх Дыгуры скъолайы ахуыргæнæгæй, Дыгуры районы газеты редакцийы, республикæйы Мидхъуыддæгты министрады. Цы æмдзæвгæтæ йын уадзæм, уыдон ист сты журнал «Ирæф»-ы 1997 азы дыккæгæм номырæй.

ТÆНÆГ ЕХ

Тæнæг ех, тæнæг ех,
Тæнæг ех ес мах æхсæн.
Кæнæн дех, кæнæн къех,
Дони хаунæй тæрсæн.

Кæнæн къех, кæнæн дех,
Нæ амондæй æртæсæн.
Ци фудгин æй тæнæг ех, –
Нæ дууæ дæр нæ бæззæн...

САУÆДОНÆ

Сауæдонæ, сауæдонæ!
Нарæг астæу, сатæг ронæ.
Сауæдонæ, сауæдонæ!
Ду мæ уарзтæн æ ирд уолæн.

Сауæдонæ, сауæдонæ!
Æхсæвæ уа, фæнди бонæ
Дæ цæстæ дæр нæ никъоли,
Заргæ уаис бунмæ къоли.

Сауæдонæ, сауæдонæ!
Рацæудзæй кизгæ дæ цормæ,
Куд ма кæсдзæй зæрдæ коммæ,
Фемдзаст уогæй уой цæсгоммæ?!

Сауæдонæ, сæумон хори
Баримæхсæ мæн дæ рони,
Рамæуадзæ и дондзауæн
Æ къибилай дон рæуони.

Сауæдонæ, сауæдонæ!
Зæнхи адгиндæр бæдолæ!
Сауæдонæ, сауæдонæ,
Ду мæн уарзтмæ размæ хонæг...

ДЫГЪУЫЗТЫ ТЕНГИЗ

(1959)

Дыгъуызты Никъалайы фырт Тенгиз райгуырди Хуссар Ирыстоны Сатихъары хъæуы. Астæуккаг скъолайы фæстæ ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультеты ирон-уырыссаг хайады. 1983 — 2004 азты куыста газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы. Ныртæккæ та кусы нæ республикæйы Фæллойы æмæ социалон рæзты министрады.

Тенгизы æмдзæвгæтæ бакæсæн ис иумæйаг поэтикон æмбырдгæндты («Судз, ме стъалы», Орджоникидзе, 1979, «Кæстæрарæх», Цхинвал, 1981, «Æмзæл зарæг», Орджоникидзе, 1986). Хицæн чиныгæй та йын рацыдысты 2000 азы Дзæуджыхъæуы, «Къонайы хъарм», зæгъгæ, ахæм номимæ.

* * *

Уалдзæг. Хъæды тары
Иунæгæй хæтын.
Хъæлдзæг хур та луары
Сау зæххыл йæ тын.

Ног дарæсы урс бон
Рацæуы чындзы.
Амонды æлутон
Зæрдæмæ тæдзы.

ÆВДУДОН БÆРЗ

Быгъдæг ран, уæлæуæз, йæ дзыккутæ æрхмæ æруагъта,
Зæдæнгæс бæрз бæлас йæхимæ ныхъхъуыста, нынкъард.
Æгъатыр дымгæ йын тызмæгæй йæ сыфтæртæ цагъта,
Лæууыд-иу æрдуйыл фыдтымыгъты рæстæг йæ цард.

Фæлæ сын фæрæзта, æвдудон-иу разынди хъызты.
Йæ сау цæсгом арвæн уый, хъодыгонд удау, уыдта,
Æмæ-иу изæры фæлмæстæй йæ сусæггаг рысты,
Цъæх уалдзæджы мысгæ, æгуыппæг-æдзæмæй куыдта...

ÆЛБЕГАТЫ ИСАМ

(1961)

Сахар Хъуынетрæ ис Сирийы, Джоланы бæрзæндтæ кæй хонынц, уым. Æлбегаты Фералдины фырт Исам ацы сахары райгуырди. 1967 азы Израилы æфсæдтæ æрбабырстой Джоланы бæрзæндтæм, æмæ Исамы бинонтæ ралыгъдысты Дамаскмæ. Лæппу каст фæцис иуæндæс къласы, стæй йæм фæсидтысты æфсадмæ. Хæцыд израилаг лæбурджыты ныхмæ, йæхи равдыста хъæбатырæй. Æфсады фæстæ ахуыр кодта Дамаскы университеты фæсаууонмæ. Куыста уæзласæн машинæты ивæн хæйттæ æфтауцгæнæг агентады. Зоны цалдæр æвзаджы: арабаг, ирон, англисаг, кæсгон, немыцаг. Йæ уацмыстæ джиппы уагъд цыдысты газет «Рæстдзинад»-ы.

КУРДИАТ УАСТЫРДЖИМÆ

Мæ буц ныййарæг.
Мæ уарзон Ирыстон!
Мæ цин, мæ зарæг
Куыд дын зæгъон?

Мæ маст, мæ сагъæстæ
Мæ мæт, мæ фæсмон,
Мæ хъуыдытæ, ме 'мдзæвгæтæ
Куыд дын зæгъон?

Æнæ уæлдæф — куыд улæфон?
Æнæ къæхтæ —куыд цæуон?
Æнæ цæстытæ — куыд уынон?
Æнæ дæу куыд цæрон?

Сидынц дæм мæ цæстысыгтæ
Кæуынхъæлæсæй.
Дæ рæсугъд ныв мæ хъæлдзæг фыны
Æдзухдæр куы вæййы.

О Уастырджи, куы фенис,
Мæ цæстысыг куыд æруад!
Æй-джиди, куы зонис
Фыруарзтæй мæ фæллад,

Уæд мæ дæ хорзæх уаид
(Табуафси, хатыр бакæн,
Дæ зæрдæ мыл ма фæхудæд).
Уæд мын райсис мæ иу курдиат:

Зæгъ-ма дыккаг хатт,
Хетæгæн куыд загътай сау боны
«Хетæг — хъæдмæ!» —
Мæн тыххæй дæр ацы хатт:

Зæгъ-ма хъæрæй:
«Рухсмæ — талынгæй!
Зæххæй — арвмæ!
Фæсарæнæй — Ирыстонмæ!»

15.09.1987. Дамаск

ГОДЖЫЦАТЫ НЕЛЛИ

(1968)

Годжыцаты Симоны чызг Нелли райгуырди Хуссар Ирыстоны Хъларсы хъæуы зæхкусæджы хæдзары. Ахуыр кодта Цхинвалы иуæндæсæм скъолайы, стæй та хъæууонхæдзарадон техникумы. Иуцасдæр акуыста Хуссар Ирыстоны чиныгуадзæны. 1995 азы каст фæци Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон филологи æмæ журналистикæйы факультет.

Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта дæсаздзыдæй. Йæ фыццаг чиныг «Ирон зæрдæ» рацыди 1991 азы Цхинвалы. Йæ уацмыстæ ма йын бакæсæн вæййы журнал «Мах дуджы».

НАЛ ДÆ УЫНЫН ФЫНЫ

Алы 'хсæв мæ зæрдыл иу цæссыг æруайы.
Нал дæ уынын фыны, нал, дæ сурæт руайы.
Хурæй ферох дидин, баззади дзæгъæлæй.
Сæхгæдтон мæ зæрдæ авдхуызон дæгъæлæй.

Иу каст сæм æркодтон, асæрфтон мæ рустæ,
Æвдæмы дæ номыл сауыгъътон æнустæм.
Мæй уыдзæн йæ раны, хур æнустæм тавдзæн.
Мады кæлæн — зарæг — сабийы рæвдаудзæн.

Ацы азы митзæй фидæнмæ æртайдзæн.
Бур зæххыл цъæхдзыкку дидинтæ æрзайдзæн.
Нал раздæхдзæн абон, ног ызнон нæ уыдзæн.
Нал разындзæн дæгъæл, никуыдæр дæ хуызæн.

1988

ÆЗ ЦАРДÆЙ АЦÆУИН...

Æз цардæй ацæуин —
Мæ риуы марæн кард ныссадзин.
Уæд сын æфхæрæгæй, æлдарæй
Зæххыл мæ тæригъæд ныууадзин.
Бæттын фыдызæххæй мæ сомы,
Мæ цард æндæры цардæн хъарын,
Уæддæр мæ абоны, мæ сомы
Мæхицæн удлæууæн нæ арын...

Хуыцау, нæ дæм хъуысы мæ бæллын.
Уынгæг, уæззау мын у мæ къæлæт...
Мæ цард — фыддзард. Мæлгæ?! Нæ мæлын!
Æниу, кæй бахъуыди мæ мæлæт.

О мæт! Ызноны фынау атай!
Мæ цæстæй ратулдзæни иу сыг,
Æмæ ныффысдзæни мæ катай
Мæ уд-сыфыл мæ зæрдæ — сисыг.

Мæ сомбон айнæгæй нæ зыны.
Хæрдмæ йыл хилдзынæн фыдбонæй.
Кæд искуы иу мæгуыр йæ зыны
Мæ зарæг акæнид фæндонæй.

1989

* * *

Хуыцау мæнæн æнæмæлгæ уд радта,
Æз та Дзы домдтон ацы зæххыл кад.
Бæллыдтæн уарзтмæ, кодтон ыл æнкъард, —
Куы мæм æрцыд, уæд мæ фыдудæй мардта.

Æз æм цыдтæн, мæ зæрдæ мæм дзырдта:
Æвгъау у цард мæлæтон цинтыл хардзæн!
Лыгъдтæн дзы æз, фæлæ мæ уый сырдта,
Уыдтæн дзырддаг мæнг æвдисæнты бардзæн.

Уæдæ кæм и ныр йе ’рдхæрæн лæвар,
Кæм и — мæ цард кæмæн хастон нывондæн,
Кæм и мæн уарзæг, чи ныббарид сонтæн
Æмæ йæ зæрдæ чи скæнид мæ бар?

Фæлæ, мыййаг, æндæрмæ кæд бæллы:
Мæ уаргъ ын разынд, чи зоны, зын хæссæн.
Æз та кæсын — зæрдæсайæн ныхæстæн,
Зæгъын, сæ мæсыг кæд кæлы...

НÆКУЫСАТЫ НАИРÆ

(1978)

Нæкуысаты Таймуразы чызг Наирæ райгуырди Джызæлы. Астæуккаг скъолайы фæстæ бацыди Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон филологи æмæ журналистикæйы факультетмæ æмæ йæ каст фæци сырх дипломимæ. Куыста Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты. Ныртæккæ та кусы Библи ирон æвзагмæ тæлмацгæнджыты къордимæ.

«Уадындз» — афтæ хуыйны йе'мдзæвгæты фыццаг чиныг, рацыди 2007 азы Дзæуджыхъæуы.

ÆРРА РОМАНТИК

Ныккалдта уарын, бафсæст донæй зæхх,
Ыссыгъдæг уæлдæф, раирд ногæй бон,
Фæлæ нæ бахус цæстыты æртæх,
Фæлæ нæ уыди зæрдæйæн æнцон.

Мæн размæ схойы рог дымгæ, йæ тых
Нæ уадзы здæхын мастардыдæй хинмæ.
Нæ мæм хъары фæлмæн ысхуыст, ныппырх
Зæрин къухдарæн, нал мæ сайы цинмæ.

Ыскастæн арвмæ, агурын дзы фæд...
Æрра романтик! Уæд, цымæ, цы монцæн?
Фæвæййы та, фæлидзы та мæ сæрд, —
Уыдтæн ныфсджын, ныр та мæ зæрдæ тондзæн.

11.08.98

ÆНКЪАРД ФЫН

Мæйрухс æхсæв цъæх кæрдæгæн йæ астæу
Æнкъардæй ды ыстъалытæм кæсыс,
Нылхъывтай къухтæ риумæ æмæ бастау
Лæууыс æнцад, зæрдæбынæй кæуыс.

Бæрзонд кæрдæг дæ цингæнгæ рæвдауы,
Йæ узæлд дын æхсызгон рис хæссы,
Уæддæр дæ цæссыг талынг зæхмæ хауы,
Æрттиваг дур дæм рухс амонд кæсы.

Уый тынг дард у, йæ артæй дæ нæ тавы,
Фæлæ йæм ды сывæллонау бæллыс,
Цъæх кæрдæг дын дæ зæрдæйы рыст сафы,
Ды та æдзух бæрзонд арвмæ тæхыс.

Æрхау, цæссыгау, кæрдæджы зæлдагыл,
Дæ риуæй банкъар хъарм зæххы рæвдыд, —
Нæ дзуры стъалы уарзоны æвзагыл,
Йæ бæллицты дæу бауарзын нæ уыд.

Уый уарздзæни æндзыг мæй кæнæ хуры,
Тæхдзæн æнус ыстъалыты æхсæн,
Дæумæ та кæрдæг, уарзын, зæгъгæ, дзуры,
Æркæс-ма йæм, уый райгуырди дæуæн.

08.06.01

СТЪАЛЫЙЫ КÆУЫН

Рог дымгæ дæ бецыккæй куы хъаза,
Науæд æй рæвдаугæйæ куы фаса,
Ма смæсты у, бахуд-иу фæлмæн, —
Уый æз дымгæ фестадтæн дæуæн.

Ирд хур дæ куы асудза йæ артæй,
Фыртæвдæй куы кæна зæрдæ катай,
Ма-иу алидз аууонмæ тæргай, —
Уый йæ уарзтæй судзы дæу чызгай.

Сау æхсæв ды райдзаст фын куы уынай,
Ма-иу фæтæрс стъалыйы кæуынæй, —
Зон, æвдадз у уарзоны цæссыг,
Уый дæ риуæй асурдзæни хъыг.

19.05.01

ÆРТÆ БУЗНЫДЖЫ

Куы мæм æрдзурид тар æхсæвы зæд:
«Æрцыд дæ адзал, ферох кæ дæ хæстæ,
Æппындæр ма тæрс, мацæуыл кæ мæт,
Æрмæст-ма зæгъ зæрдылдарæн ныхæстæ»,

Уæд æз зæгъин: «Ыстыр бузныг, Хуыцау,
Æз райгуырдтæн дæ арфæйаг фæндонæй.
Мæ цардыл ничи батыхсти дæуау,
Ысхастай мæ дæ хойрагæй, дæ донæй».

Зæгъин ма æз: «Ыстыр бузныг, мæ Мад,
Дæ уаз æхсыр мын царды тыхтæ радта.
Табуйаг уæд дæ ном æмæ дæ кад,
Дæ хъæлæс мæн мæ райгуырдæй рæвдыдта».

Зæгъдзынæн ма ыстыр бузныг Дæуæн, —
Мæ дуне афтид никуы уыди демæ.
Ды ацы зæххыл нал фендзынæ мæн,
Фæлæ нæ уарзт æз ахæсдзынæн мемæ.

14.08.02

2008 АЗЫ «МАХ ДУГ» НЫММЫХУЫР КОДТА:

ИЛАС ÆРНИГОН: 120 АЗЫ

Поэты тыххæй дзурынц *ТЫБЫЛТЫ Алыксандр, НАФИ, МАЛИТЫ Васо, ДЖЫККАЙТЫ Шамил, ДЗЕСТЫ Куыдзæг, ТЕБИАТЫ Юри, ХАДЖЕТЫ Таймураз, МАМЫКЪАТЫ Хъазбег, ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* XII, 6.

БАГЪÆРАТЫ СОЗЫР: 120 АЗЫ

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Поэты хъысмæт. VIII, 87.

БЕДЖЫЗАТЫ ЧЕРМЕН: 110 АЗЫ

БЕДЖЫЗАТЫ Чермен. Æмдзæвгæтæ, таурæгъ, XII, 16.

БЗАРТЫ РУСЛАН: 50 АЗЫ

БЗАРТЫ Руслан. Хъуыдытæ Ирыстон æмæ ирон æвзаджы тыххæй. IX, 121.

БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ: 70 АЗЫ

БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег. Агуырдтон дæу. Æмдзæвгæтæ. V, 58.

БУЛКЪАТЫ МИХАЛ: 80 АЗЫ

БУЛКЪАТЫ Михал. Сырх хъаймæт. Романæй хицæн хæйттæ. VII, 32; VIII, 38.

ГАФЕЗ: 95 АЗЫ

ХЪАЗИТЫ Мелитон. Гафезы драматургийы тыххæй, XII, 86.

ИРОН ЧИНЫГ: 210 АЗЫ

V, 144.

МАЛИТЫ ВАСО: 70 АЗЫ

II, 102

ПЛИТЫ ГРИС: 95 АЗЫ

ГРИС. Æмдзæвгæтæ. XI, 9.

ПЛИТЫ ХАРИТОН: 100 АЗЫ

Поэттæ поэты тыххæй. VII, 20.
ПЛИТЫ Харитон. Сæлимæт. Скъуыддзаг поэмæйæ. VII, 23.

АЛЕКСАНДР СОЛЖЕНИЦЫН: 90 АЗЫ

Александр СОЛЖЕНИЦЫН. Къаннæг радзырдтæ, XII, 106.

СКИФИРОН: 70 АЗЫ

СКИФИРОН. Цæрдзынæн. Æмдзæвгæтæ. IX, 93.

ТЕДЕТЫ ГЕОРГИ: 70 АЗЫ

ТЕДЕТЫ Георги. Дыууæ радзырды.VI, 5.

ТОКАТЫ АЛИХАН: 115 АЗЫ

ХЪОДЗАТЫ Æхсар. Цалдæр этюды. V, 118.

ФÆРНИОН: 100 АЗЫ

ФÆРНИОН. Уады уынæр. Роман. IX, 6; X, 25.

ХÆБЛИАТЫ САФАР: 75 АЗЫ

ГУСАЛТЫ Барис. Хорфыцæн хурбоны сатæг изæр. Номарæн. III, 47.

ХУЫГАТЫ СЕРГЕЙ: 75 АЗЫ

ХУЫГАТЫ Сергей. Уды фæзилæнтæ. Радзырд. V, 5.

ХЪАЙТЫХЪТЫ АЗÆМÆТ: 85 АЗЫ

ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт. Таурæгътæ, æцæг цаутæ. VIII, 6.

ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН: 70 АЗЫ

ХЪОДАЛАТЫ Герсан. Ос-Бæгъатыр. Фрагменттæ кадæгæй. I, 19.

ЦÆРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДР: 90 АЗЫ

ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр. Фыссæн чингуытæ. XI, 18.

ПОЭЗИ

АБАЙТЫ Эдуард. Сойкъæвда. Æмдзæвгæтæ. VIII, 30.
АЛАМИЯ Геннади. Рæстæг æмæ фидауц. Æмдзæвгæтæ. IV, 42.
АМАРШАН Витали, Владимир ДЖИНДЖОЛИЯ, Гунда САКАЛИЯ, Сергей АГЫНДИА. Æмдзæвгæтæ. IV, 88.
БАБОЧИТЫ Руслан. Адæми гъæр. Æмдзæвгитæ. XI, 37.
БИАЗЫРТЫ Кромвел. Фараст æмдзæвгæйы. IX, 108.
БОЦИТЫ Алыксандр. Хур фæцæуы скæсæнмæ. Æмдзвæгæтæ. IX, 118.
ГАДЖИТЫ Барис. Ныссуйтæ мæ балц. Æмдзæвгæтæ. VIII, 97.
ГОДЖЫЦАТЫ Нелли. Кæд мæм æрхауид амонд. Æмдзæвгæтæ. III, 19.
ГОДЖЫЦИАН-Челдыты Надя. Ныхæстæ. Æмдзæвгæтæ. III, 74.
ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз. Æмдзæвгæтæ.VI, 69.
ДЖИГОТЫ Елбырз. Фыдæлгъыст. Æмдзæвгæ. VII, 119.
ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Æхсæдæнтæ. Æмдзæвгæтæ. VII, 5.
ДЗАБОЛАТЫ Хазби. Ир. Æмдзæвгæ. X, 16.
Фазиль ИСКАНДЕР . Цыппаррæнхъонтæ, сагъæстæ. IV, 5.
КАСАТЫ Батрадз. Цæй, куыд цæрут? Æмдзæвгæтæ. V, 5.
КАСАТЫ Батрадз, СКЪОДТАТИ Эльбрус, ДЖУСОЙТЫ Марат, АБАЙТЫ Эдуард. Æмдзæвгæтæ. X, 116.
КАСЛАНДЗИА Валери, Таиф АДЖБА, Игорь ХВАРЦКИЯ, Римма ХАШБА. Æмдзæвгæтæ. IV, 119.
КОБЕСТЫ Зауырбег, ХÆМЫЦАТЫ Юри. Æмдзæвгæтæ. V, 112.
КОКОЙТЫ Эльзæ. Ды ацыдтæ... Æмдзæвгæтæ. III, 36.
КЪАДЗАТЫ Станислав. Сæрибары уæлдæф. Æмдзæвгæтæ. II, 5.
ЛОМИА Константин, Чичико ДЖОНУА. Æмдзæвгæтæ. IV, 47.
МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег. Дидинвæдис, цъиувæдис. Æмдзæвгæтæ. VII, 93.
НОВИКОВ Иван. Нæй Теркæн уромæн. Æмдзæвгæтæ. II, 104.
РÆМОНТЫ Геор. Цыбыр æмдзæвгæтæ. XI, 122.
ТЕДЕТЫ Ефим. Стыр дуне. Æмдзæвгæтæ. XI, 92.
ФИДАРАТЫ Руслан. Фæлтау сыгъдæг. Æмдзæвгæтæ. II, 38; Æмбæхсы рæстæг гамхуды. Æмдзæвгæтæ. VII, 113.
ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. Фондз æмдзæвгæйы. VIII, 83.
ХÆМЫЦАТЫ Албег. Уды хъуырдухæн. Æмдзæвгæтæ. VI, 33; Амайын мæ мæсыг. XII, 66.
ХÆУЫТАТЫ Къоста. Мæ зæхх — нæртон æфсин. Æмдзæвгæтæ. V, 106.

ХОДЫ Камал, ХÆМЫЦАТЫ Албег, КЪАДЗАТЫ Станислав, Æмдзæвгæтæ. X, 105.
ХОЗИТЫ Макар. Сабитæн. Æмдзæвгæтæ. VI, 98.
ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ, МАЛИТЫ Васо. Æмдзæвгæтæ. X, 90.
ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ. Мæрдтæм дæр ис уарзæн. Æмдзæвгæ. III, 76.
ХЪУЛАТЫ Никъала. Гæмæон. Сонет. IX, 132.
ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр. Сагъæс. Æмдзæвгæ. X, 22.

ПРОЗÆ

АБАЙТЫ Лавренти. Лабæйæгтæ дæр ахудынц. IX, 113.
Æмбал булкъон! Уацхъуыд. V, 110.
Бæсты фидауц — сылгоймаг. III, 6.
ГÆБÆРАТЫ Феликс. Сабибонты тавс. VII, 97.
ГИБИЗТЫ Руслан. Мерет. Радзырд, XII, 77.
ГОГУА Алыкса. Цалынмæ хур нæма аныгуылд... Уацау цыбыргондæй. IV, 12.
ГУСАЛТЫ Барис. Дур. Новеллæ. VI, 73; Дыууæ чысыл хабары. X, 114; Æвдадзы хос. Радзырд. XI, 45.
ДАУЫРАТЫ Дамир. Цуанон та ахæм уыдысты... II, 14.
ДЗАБАЙТЫ-КЪЕСАОНТЫ Таисæ. Хо æмæ æфсымæры аргъау. III, 25.
ДЗЕСТЫ Куыдзæг. Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы. Радзырд. X, 96.
ДУЛАТЫ Симæ. Дыууæ нывы, III, 33; Мæ фыды лымæн — арс. Миниатюрæ. XI, 125.
Ерысдзаутæ. I, 35.
КОЦОЙТЫ Арсен. Саломи. Радзырд. X, 18.
КВИЦИНИА Никъала. Фыдæлты уæзæг. Уацауæй скъуыддзаг. IV, 131.
КЪОДОТЫ Олег. Шофыр. Уацау. XI, 98; XII, 22.
ЛАГУЛАА Анатоли. Урс быдырыл сырх тæппытæ. Новеллæ. IV, 52.
ЛАКЕРБАЙ Юри. Къуыбыры фидауц — сывылдз. Радзырд. IV, 94.
МАМИАТЫ Таймураз. Сабидуг. IX, 98.
МУКБА Анзор. Цардау дæргъвæтин фæндаг. Радзырд. IV, 61.
НАЧКЕБИА Даур. Минаш. Новеллæ. IV, 124.
РУБАЙТЫ Барис. Хъæуккаг хабæрттæ. VII, 115.
СИТОХАТЫ Саламджери. Сатирикон радзырдтæ. III, 78.
ТЛАТТАТЫ Бексолтан. Хъæлдзæг хабæрттæ. II, 41.
ХАШИГ Никъала. Царды фале. Радзырд. IV, 143.

ХОЗИТЫ Макар. Цыбыр хъуыдытæ. III, 98.
ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт. Æцæг цаутæ. I, 5.
ХЪАУЫРАТЫ Дауыр. Заманхъул худынц. I, 26; Мухтары нæмгуытæ. V, 65.
ЦОКОЛАТЫ Насырбег. Тохæмбæлттæ. V, 114.
ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. Балбирæгътæ. Документалон радзырд. III, 91.
ЧКАДУА Шота. Мæ фыдыфыды буц уазджытæ. Радзырд. IV, 110.

ТÆЛМАЦТÆ

Уильям ШЕКСПИР. Гамлет, Даниаг принц. Пьесæ. Малиты Васойы тæлмац. I, 57; II, 43.

ПЬЕСÆТÆ

ХЪАЙТТАТЫ Сергей. Мад æнхъæлмæ каст... Пьесæ-хроникæ. VI, 43.

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

Абхазты царды фæтк. Таурæгъ. IV, 8.
Абхазаг æмбисæндтæ. IV, 10.
Аргъæуттæ, зарджытæ, таурæгъ. VI, 100.
Таурæгътæ. IV, 168.

МЫСИНÆГТÆ

ХЪОДЗАТЫ Æхсар. Нæ хуыздæр. VIII, 104.

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

ÆЛБОРТЫ Тамарæ. Æгъдау — поэзийы суадон. Уац. XI, 126.
ГУСАТЫ Беллæ. Дзаболаты Хазбийы лирикæйы аивадон æууæлтæ. VI, 134.
МАМИАТЫ Изетæ. Фæндаджы архетип нырыккон ирон уацауы. IX, 141.
МУРАСТЫ Эльбрус. Мæ зæрдæйæн йæ цавд ирон у... VI, 120; Йæ уды фарн. VII, 137; Сур зæххыл ленк кæнæн нæй... XII, 123.
САБАЙТЫ Сулейман. «Нарты Фарнæг». II, 134.
ХЪАЗИТЫ Мелитон. Поэты дуне. Монографийæ скъуыддзаг. II, 119; III, 108.

ПУБЛИЦИСТИКÆ

АБАЙТЫ Арбилянæ. Кæд уарзыс, уæд — хъуыддагæй. Интервью Гусалты Мæдинæимæ. III, 101.

ГРИТЧИН Николай. Кæй нæ балхæнæм, уыдон амардзыстæм. Уац. XI, 137.
Редакцийæ. X, 5.
ХЪОДЗАТЫ Æхсар. Æмæ та — геноцид. X, 8; Ныстуан журнал «Мах дуг» кæсджытæм. XI, 5.
Сидтытæ, фыстæджытæ. IV, 184.

НЕ 'ВЗАГ — НÆ ФАРН

ÆЛДАТТАТЫ Виктор. Цыбыр фиппаинæгтæ. V, 157.
Хъуыдытæ æвзаджы тыххæй. V, 160.

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

АЙЛАРТЫ Зарæ. Æмдзæвгæтæ ахуыр кæныны методикæ. III, 132; VI, 138; IX, 150.
МЗОКТЫ Аслæнбег. Факультативон ахуыртæ «Нарты каджытæй». I, 140; II, 159; V, 166; VII, 146; XII, 145.
МУРАСТЫ Эльбрус. Нæ бафсæст Иры зæхх йæ уындæй. III, 138.
ЦОПАНАТЫ Ритæ, Гаппуаты Маринæ. Эпитет: йæ мидис æмæ хæстæ. VI, 143.

УИДÆГТÆ

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Алæмæт дзауматæ. X, 121.
ДЗАТТИАТЫ Руслан. Дæргъæвсы сусæгтæ. XII, 139.
ДЗАТТИАТЫ Уакка. Нæ фыдæлты цардæй. II, 153.
МÆРГЪИТЫ Ирбег. Джемургъы бæрæгбон. VIII, 168.
РУБАЙТЫ Барис. Иу æмбисонды фæдыл. V, 162.
ТМЕНАТЫ Дзерассæ. Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ. II, 144; III, 121, XII, 131.

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

I, 130; II, 104; IV, 158; VI, 108; VII, 120; VIII, 156; IX, 133; XI, 142, XII, 113.

АРВИСТОН

I, 151; VI, 149.

ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ

I, 161; II, 171; III, 157; V, 177; VI, 160; VII, 156; VIII, 177; IX, 159; X, 135; XI, 148; XII, 157.

УÆЛÆМХАСÆН

X, 145.

ТÆФÆРФÆС

Мæрзойты Сергей. XII, 174.

ТÆФÆРФÆС



МÆРЗОЙТЫ СЕРГЕЙ

Цардæй ахицæн хæсты фæстæйы азты ирон литературæйы зындгонддæр минæвæрттæй иу, Ирыстоны адæмон фыссæг, Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, зындгонд прозаик, литературæиртасæг, тæлмацгæнæг æмæ публицист Мæрзойты Тимофейы фырт Сергей.

Мæрзойты Сергей райгуырд 1927 азы 10 апрелы Хъарман-Сындзыхъæуы зæхкусæг бинонты хæдзары. 1944 азы каст фæцис Ирон педагогон училище, 1948 азы Ирон паддзахадон педагогон институт, 1951 азы — Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты аспирантурæ. Уыцы рæстæгæй пенсийы ацæуыны онг кодта алыхуызон куыстытæ. Уыди чингуыты рауагъдады аивадон литературæйы хайады хистæр редактор, газет «Социалистическая Осетия»-йы редакцийы культурæйы хайады сæргълæууæг, журнал «Мах дуджы» сæйраг редактор, альманах «Советон Ирыстон»-ы бæрнон секретарь, наукон-иртасæн институты хистæр наукон кусæг. 1966 — 1970 азты Мæрзойты Сергей куыста Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы правленийы бæрнон секретарæй, 1970 — 1976 азты — Фысджыты цæдисы сæрдарæй.

1951 азæй уыд Коммунистон партийы уæнг. 1967 азы йын йæ чиныг «Бон цæуы æмæ фарн хæссы»-йы тыххæй лæвæрд æрцыд Къостайы номыл паддзахадон премi.

Ирон литературæмæ Мæрзойты Сергей æрбацыд 50-æм азты,

куыд критик æмæ литературæиртасæг, Мæрзойы-фырты литературæзонæджы курдиат рабæрæг йæ фыццаг монографион куысты — «Æвæрццæг хъайтары проблемæ Нигеры поэзийы» (1956 аз). Уый фæстæ фæзындысты йæ иннæ куыстытæ ирон литературæйы ахсджиаг фарстаты фæдыл, стæй уацтæ къорд ирон фыссæджы цард æмæ сфæлдыстады: Коцойты Арсены, Хъамбердиаты Мысосты, Гулуты Андрейы, Мамсыраты Дæбейы, Епхиты Тæтæрийы, Цæгæраты Максимы æмæ иннæты тыххæй.

Фæлæ Мæрзойты Сергейы сфæлдыстады сæйрагдæр бынат ахсы аивадон прозæ — радзырдтæ, уацаутæ æмæ романтæ. Йæ фыццаг радзырдтæ мыхуыры фæзындысты 1958 азы, 1962 азы та рацыдысты хицæн чиныгæй — «Мæ сæфт хуры хай».

Фæстæдæр кæрæдзи фæстæ рухс федтой йæ уацауты æмæ романты чингуытæ. Роман «Дзæбуг æмæ хъæсдарæджы»дзырдæуы, йæ мæгуыр адæмы амондыл æмæ рухсмæ тырнындзинадыл чи тыхсы, уыцы æрыгон курдиатджын хохаджы тыххæй.

Роман «Къæхтысæр»-ы æвдыст æрцыдысты Джызæлдоны ГЭС аразджыты фæлгонцтæ. Электростанцæ арæзт æрцыд Ленины электрификаци кæныны пъланмæ гæсгæ.

Мæрзойты Сергейы уацмыстæй бирæтæ тæлмацгонд æрцыдысты уырыссаг, гуырдзиаг, чувашаг, кæсгон, Уæрæсейы æмæ раздæры Советон Цæдисы адæмты æндæр æвзæгтæм, стæй болгайраг, словакаг, польшæйаг, немыцаг, англисаг, испайнаг æвзæгтæм.

Курдиатджын фыссæг æмæ фæсивæдыл цæстуарзонæй аудæг, иузæрдион хæлар Мæрзойты Сергейы рухс ном никуы фæхицæн уыдзæн нæ зæрдæтæй.

Журнал «Мах дуджы» кусджытæ

Цъары фæрстыл:

1. Ивгъуыд заман, Абон æмæ фидæн.

2. Автосурæт.

3. Иллюстраци Гоголы уацау «Фындз»-мæ.

4. Цыртдзæвæн политрепресситы амæддæгтæн.

* * *

Технический редактор	*Виктория БОРАЕВА*
Корректор	*Заира КАРАЦЕВА*
Компьютерный набор	*Марина КИРГУЕВА*
Компьютерная верстка	*Ирида КОДЗАТИ*
Дизайн	*Залина ГУРИЕВА*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране культурного наследия по Южному Федеральному Округу.

Свидетельство о регистрации СМИ ПИ №ФС 10-6649 от 20 июня 2007 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Государственное учреждение «Литературно-художественный и обæественно-политический журнал “Мах дуг”

Подписано в печать 28.11.08. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 10,23. Учетно-изд. л. 8,23.
Тираж 1600 экз. Заказ № 1153. Цена свободная.

Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.
Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru

Отпечатано в ОАО Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.

Индекс 73247